

---

Preŋsip Levanjil yo

*Yo pral vin gen konesans konsènan Redanmtè yo a ak pwen egzat ki nan doktrin li a, pou yo konnen kouman pou yo vin jwenn ni, pou yo kapab sove.*

1 Nefi 15:14



# Prensip levanjil yo

Pibliye pa  
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo  
Salt Lake City, Utah

Nou ta byen renmen tande kòmantè ou ak sijesyon ou sou liv sa a. Tanpri voye yo nan Curriculum Development, 50 East North Temple Street, Salt Lake City, Utah 84150-0024. E-mail: [cur-development@ldschurch.org](mailto:cur-development@ldschurch.org). Tanpri ekri non ou, adrès ou, pawas ou, ak pye ou. Pa bliye bay tit liv la. Apresa bay kòmantè ou ak sijesyon ou sou pwenfò liv la ak zòn ou panse ki ta bezwen amelyorasyon.

# Kontni

---

<i>Entwodiksyon</i> .....	1
<i>Chapit 1</i> Papa nou ki nan Syèl la .....	5
<i>Chapit 2</i> Papa Fanmi selès non .....	9
<i>Chapit 3</i> Jezikri dirijan ak Sovè nou an .....	13
<i>Chapit 4</i> Libète pou chwazi .....	19
<i>Chapit 5</i> Kreyasyon an .....	23
<i>Chapit 6</i> Chit Adan ak Èv la .....	27
<i>Chapit 7</i> Sentespri a .....	31
<i>Chapit 8</i> Priye Papa nou ki nan Syèl la .....	35
<i>Chapit 9</i> Pwofèt Bondye yo .....	39
<i>Chapit 10</i> Ekriti yo .....	43
<i>Chapit 11</i> Lavi Kris la .....	49
<i>Chapit 12</i> Ekspyasyon an .....	59
<i>Chapit 13</i> Prètriz la .....	67
<i>Chapit 14</i> Òganizasyon Prètriz la .....	71
<i>Chapit 15</i> Pèp alyans Senyè a .....	79
<i>Chapit 16</i> Legliz Jezikri a nan ansyen tan yo .....	85
<i>Chapit 17</i> Legliz Jezikri a jodi a .....	91
<i>Chapit 18</i> Lafwa nan Jezikri .....	99
<i>Chapit 19</i> Repantans .....	105
<i>Chapit 20</i> Batèm .....	111
<i>Chapit 21</i> Don Sentespri a .....	117
<i>Chapit 22</i> Don Lespri yo .....	121

---

---

<i>Chapit 23</i>	Sentsèn nan .....	129
<i>Chapit 24</i>	Jou Saba a .....	133
<i>Chapit 25</i>	Jèn. ....	139
<i>Chapit 26</i>	Sakrifis. ....	143
<i>Chapit 27</i>	Travay ak responsablite endividyèl .....	149
<i>Chapit 28</i>	Sèvis. ....	155
<i>Chapit 29</i>	Lwa sante Senyè a .....	161
<i>Chapit 30</i>	Charite. ....	167
<i>Chapit 31</i>	Onètete. ....	173
<i>Chapit 32</i>	Dim ak Ofrann .....	177
<i>Chapit 33</i>	Travay misyonè. ....	183
<i>Chapit 34</i>	Devlope talan nou. ....	189
<i>Chapit 35</i>	Obeyisans .....	193
<i>Chapit 36</i>	Fanmi kapab etènèl .....	201
<i>Chapit 37</i>	Responsablite familyal. ....	205
<i>Chapit 38</i>	Maryaj etènèl. ....	211
<i>Chapit 39</i>	Lwa chastete a .....	217
<i>Chapit 40</i>	Travay tanp ak istwa familyal. ....	227
<i>Chapit 41</i>	Mond lespri apre lanmò a .....	233
<i>Chapit 42</i>	Rasanbleman Kay Izrayèl la .....	239
<i>Chapit 43</i>	Siy Dezyèm Vini yo. ....	245
<i>Chapit 44</i>	Dezyèm Vini Jezikri a. ....	249
<i>Chapit 45</i>	Milenyòm nan .....	255
<i>Chapit 46</i>	Jijman Final la .....	261
<i>Chapit 47</i>	Egzaltasyon. ....	267
<i>Lis vizyèl</i> .....		273
<i>Endèks</i> .....		275

---

# Entwodiksyon

---

## **Yon gid pou etid ak yon manyèl pou enstriktè**

*Prensip Levanjil* la te ekri pou l vin alafwa yon gid etid pèsònèl ak yon manyèl pou enstriktè. Pandan w ap etidye li, an chèchan Lespri Senyè a, ou ka ogmante konpreyansyon ou ak temwayaj ou konsènan Bondye Papa a, Jezikri ak Ekspyasyon l la, ak Retablisman levanjil la. Ou ka jwenn repons pou kesyon lavi yo, ou ka akèri yon asirans sou objektif ou ak valè pèsònèl ou, epi ou ka fè fas ak pwoblèm pèsònèl ak familyal yo ak lafwa.

## **Enstriksyon pou anseye nan Legliz la ak lakay**

Responsablite enstriktè se yon gwo responsablite ki enkli anpil opòtinite pou fòtifye lòt moun ak veye ke yo “nouri avèk bon pawòl Bondye a” (Mowoni 6:4). W ap anseye efikasman si ou suiv prensip sa yo:

- Renmen moun w ap anseye yo.
- Anseye pa Lespri.
- Anseye doktrin nan.
- Envite aprantisaj dilijan.

### *Renmen moun w ap anseye yo*

Lè w montre lanmou pou moun w ap anseye yo, yo vin pi pare pou resevwa Lespri Senyè a. Yo vin pi kontan aprann ak pi ouvè avèk ou menm ak lòt moun. Eseye vin konnen moun w ap anseye yo, epi fè yo konnen ou sensèman sousye pou yo. Se pou ou montre sansiblite pou pwoblèm moun ki gen bezwen espesyal yo. Kreye yon anviwonman konfòtab nan klas ou pou patisipan yo kapab santi yo alèz pou mande w èd pou nenpòt kesyon yo genyen sou prensip levanjil yo ak sou fason pou yo aplike yo.

---

---

Lespri Senyè a ap prezan lè lanmou ak inite egziste. Senyè a di: “Men m ap ban nou yon kòmandman nouvo: se pou nou youn renmen lòt. Wi, se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an” (Jan 13:34).

Pou plis bagay sou sijè sa a, gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*, paj 31–39.

### *Anseye pa Lespri*

Bagay ki pi enpòtan w ap janm anseye se doktrin Kris yo jan yo revele atravè ekriti yo epi pa pwofèt modèn yo ak jan yo konfime pa Sentespri a. Pou w ka fè sa efikasman, ou bezwen gen Lespri Senyè a. Senyè a di: “N ap resevwa Lespri a avèk priyè ki fèt avèk lafwa; epi si nou pa resevwa Lespri a nou pa dwe anseye” (D&A 42:14; gade tou D&A 50:13–22). Sentespri a se vrè enstriktè a, konsa li enpòtan pou w kreye yon anviwonman kote Lespri Senyè a kapab prezan.

Pou plis bagay sou sijè sa a, gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*, paj 41–48.

### *Anseye doktrin nan*

Anvan ou anseye yon chapit, etidye l byen etidye pou w kapab asire ke w konprann doktrin nan. Etidye ekriti adisyonèl yo ki nan fen chapit la tou. W ap anseye avèk pi plis senserite ak pouvwa lè ansèyman yo ki nan chapit la enfliyanse ou pèsònèlman. Pa janm fè sipozisyon osijè doktrin Legliz la lè w pa konn repons lan klèman. Anseye sèlman sa ki sipòte pa ekriti yo, pawòl pwofèt ak apot dènye jou yo, ak Sentespri a (gade D&A 42:12–14; 52:9).

Si ou aple pou anseye yon kowòm oswa yon klas k ap itilize liv sa a, pa itilize lòt materyèl pou ranplase l, kèlkeswa jan yo kapab enteresan. Rete nan ekriti yo ak pawòl ki nan liv la. Si sa apwo-priye, itilize eksperyans pèsònèl ak atik nan revy Legliz yo pou kore leson an.

Pou plis bagay sou sijè sa a, gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*, paj 50–59.

---

---

### *Envite aprantisaj dilijan*

Lè w ap anseye, ede lòt moun yo wè kijan prensip levanjil yo aplike nan lavi chak jou. Ankouraje diskisyon sou fason prensip sa yo kapab afekte santiman nou sou Bondye, sou tèt nou, fanmi nou, ak pwochen nou. Ankouraje patisipan yo pou yo viv selon prensip yo.

Eseye angaje pi plid moun posib nan leson yo. Ou ka fè sa nan envite yo pou yo li, reponn kesyon, oubyen pataje eksperyans, men fè sa sèlman lè ou si ke sa pap anbarase yo. Ou gen dwa bay patisipan yo tach espesyal pandan w ap prepare leson yo. Montre sansiblite pou bezwen ak santiman lòt moun yo. Ou kapab pale anprive avèk kèk moun anvan yon leson pou mande kijan yo santi yo sou patisipe nan klas la.

Pou plis bagay sou sijè sa a, gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*, paj 61–74.

### **Èd adisyonèl pou enstriktè yo**

Chak chapit nan liv sa a gen youn oubyen de nòt pou enstriktè yo. Nòt sa yo gen ide ki kapab ede ou nan efò ou pou renmen moun w ap anseye yo, pou anseye pa Lespri a, pou anseye doktrin nan, ak pou envite aprantisaj dilijan pami moun w ap anseye yo.





# Papa nou ki nan Syèl la

## Chapit 1

---

### Gen yon Bondye

- Ki bagay ki temwaye nou ke gen yon Bondye?

Alma, yon pwofèt nan Liv Mòmmon an, te ekri: “Tout bagay demontre egzistans yon Bondye, wi, menm tè a ak tout sa ki sou sifas li; wi, ak mouvman li, wi, epi tou ak tout planèt k ap fè mouvman regilye nan jan pa yo, yo temwaye gen yon Kreyatè ki Siprèm” (Alma 30:44). Lè nou gade syèl la, lannuit, nou pi byen konprann sa Alma te vle di a. Gen dè milyon zetwal ak planèt, nan yon lòd pafè. Yo pa t rive la pa aza. Nou kontanple travay Bondye nan syèl yo ak sou tè a. Pil bèl plant yo, tout kalite bèt yo, montay yo, rivyè yo, nyaj ki pote lapli ak nèj pou nou yo—tout bagay sa yo temwaye ke gen yon Bondye.

Pwofèt yo te anseye nou ke Bondye se Gouvènè Puisan inivè a. Bondye abite nan syèl la (gade D&A 20:17). Palentèmedyè Pitit Gason l lan, Jezikri, li te kreye syèl yo ak tè a ak tout sa ki ladan yo (gade 3 Nefi 9:15; Moyiz 2:1). Li te fè lalin nan, zetwal yo, ak solèy la. Li te òganize mond sa a epi li te ba l fòm, mouvman, ak lavi. Li te ranpli lè a ak dlo yo avèk kreyati vivan. Li te kouvri kolin yo ak plèn yo avèk tout kalite lavi animal. Li te banou lajounen ak lannuit, lete ak livè, sezon pou plante ak sezon pou rekòlte. Li te kreye lòm dapre pwòp imaj li pou l vin gouvènè lòt kreyati l yo (gade Jenèz 1:26–27).

Bondye se sèl Èt Siprèm ak absoli nan ki nou kwè epi ke nou adore. Li se “Gwo Paran inivè a”, epi l ap “veye sou tout kreyen vivan avèk yon atansyon ak yon rega patènèl” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* [200 [2007], 39]).

---

**Pou enstriktè yo:** Itilize kesyon ki nan kòmansman seksyon yo pou kòmanse yon diskisyon epi pou voye manm klas yo oswa manm fanmi yo nan tèks la pou jwenn plis enfòmasyon. Itilize kesyon ki nan fen seksyon yo pou ede manm klas yo oswa manm fanmi yo medite ak diskite sou siyifikasyon sa yo li a ak aplike l nan lavi yo.

## Nati Bondye

- Ki nati Bondye?

Paske nou kreye dapre imaj li (gade Moyiz 2:26; 6:9), nou konnen ke kò nou menmjan ak kò pa li. Espri etènèl li abite nan yon kò chè ak zo moun ka touche menmjan avèk pa lòm (gade D&A 130:22). Men, Bondye gen yon kò pafè ak glorifye, avèk yon glwa ki depase tout deskripsyon.

Bondye pafè. Li se yon Bondye jistis, ki gen karakteristik tankou lanmou, mizèrikòd, charite, verite, puisans, lafwa, konesans, ak jijman. Li gen tout pouvwa. Li konn tout bagay. Li plen bonte.

Tout bon bagay soti nan Bondye. Tout sa li fè se pou ede pitit li yo vin menmjan avèk li. Li di: “Paske, gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen—pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

- Poukisa li enpòtan pou nou konprann nati Bondye?

## Aprann konnen Bondye

- Kijan nou ka vin konnen Bondye?

Konnen Bondye si enpòtan ke Sovè a te di: “Lavi etènèl, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a, Jezikri” (Jan 17:3).

Premye gran kòmandman pi konsekan an se “Se pou ou renmen Senyè a Bondye ou avèk tout kè ou” (Matye 22:37).

Plis nou konnen Bondye, se plis nou renmen li e se plis n ap respekte kòmandman l yo (gade 1 Jan 2:3–5).

Nou kapab konnen Bondye si nou:

1. Kwè ke li egziste epi li renmen nou (gade Mozya 4:9).
2. Etidye ekriti yo (gade 2 Timote 3:14–17).
3. Priye li (gade Jak 1:5).
4. Obeyi tout kòmandman l yo pi byen nou kapab (gade Jan 14:21–23).

Lè nou fè bagay sa yo, n ap vin konnen Bondye epi n ap finalman jwenn lavi etènèl.

- Medite sa nou kapab fè pou nou pwoche pi pre Bondye.

### **Ekriti adisyonèl**

- Travay 7:55–56 (Pitit Gason an adwat Papa a)
- D&A 88:41–44 (karakteristik Bondye)
- Sòm 24:1 (tè a se pou Senyè a)
- Moyiz 1:30–39 (Kreyasyon)
- Alma 7:20 (Bondye paka fè sa k pa bon)
- Joseph Smith—Istwa 1:17 (Papa a ak Pitit Gason an se de moun separe)
- Alma 5:40 (sa ki bon soti nan Bondye)
- Jan 14:6–9 (Papa a ak Pitit Gason an sanble)
- Mòmmon 9:15–20 (Bondye mirak)
- Amòs 3:7 (Bondye revelasyon)
- Jan 3:16 (Bondye lanmou)



# Fanmi selès nou

## Chapit 2

---

### **Nou se pitit Papa nou ki nan Syèl la**

- Kisa ekriti yo ak pwofèt dènye jou yo anseye nou sou relasyon nou avèk Bondye?

Bondye se pa sèlman gouvènè nou ak kreyatè nou, li se Papa nou ki nan Syèl la tou. Tout gason ak tout fi se literalman pitit gason ak pitit fi Bondye. “Lòm, antanke espri, te kreye epi pran nesans apati paran selès, epi te grandi rive jiska matirite nan demè etènèl yo kay Papa a, anvan l te vin sou tè a nan yon kò [fizik] tanporèl” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph F. Smith* [1998], 335).

Chak moun ki fèt sou tè a sete frè oswa sè esprityèl nou. Paske nou se pitit lespri Bondye, nou eritye potansyèl pou devlope kalite divin ni. Atravè Ekspyasyon Jezikri a, nou kapab vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la epi resevwa yon plenitud lajwa.

- Nan ki fason konesans nou sou lefèt ke nou se yon pitit Bondye enfliyansè panse nou, pawòl nou, ak aksyon nou?

### **Nou te devlope pèsonalite ak talan pandan nou t ap viv nan syèl la**

- Panse sou talan ak don nou gen benediksyon resevwa yo.

Ekriti yo anseye nou ke pwofèt yo te prepare yo pou yo vin dirijan sou tè a pandan ke yo te ankò ap viv an espri nan syèl la (gade Alma 13:1–3). Anvan yo te fèt vin nan kò mòtèl yo, Bondye te preòdone (chwazi) yo pou yo vin dirijan sou tè a. Jezi, Adan, ak Abraram sete kèk nan pami dirijan sa yo. (Gade Abraram 3:22–23.) Joseph Smith te anseye ke “chak moun ki gen yon apèl pou dirije lòt moun sou tè a te [preòdone] pou bi sa a menm” (*Enseignements*

---

**Pou enstriktè yo:** Nou pa bezwen anseye tout bagay ki nan chak chapit. Lè n ap prepare nou pou n anseye nan lapriyè, chèche gidans Lespri a pou n konnen ki pòsyon nan chapit la nou dwe kouvri ak ki kesyon nou dwe poze.

*des présidents de l'église: Joseph Smith* [2007], 511). Sepandan, chak moun ki sou tè a gen libète pou aksepte oswa rejte yon opòtinite pou sèvi.

Nou tout pa t menmjan lè nou te nan syèl la. Pa egzanp, nou konnen ke te gen pitit gason ak pitit fi paran selès—gason ak fi (gade “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan,” *Ensign*, Nov. 1995, 102). Nou te posede talan ak kapasite diferan, epi nou te aple pou n fè bagay diferan sou tè a. Nou kapab aprann plis sou “posiblite etènèl nou” lè nou resevwa benediksyon patriyakal nou (gade Thomas S. Monson, nan Conference Report, Okt. 1986, 82; oswa *Ensign*, Nov. 1986, 66).

Yon vwal kouvri memwa nou sou lavi premòtèl nou, men Papa nou ki nan Syèl la konnen kiyès nou ye ak kisa nou te fè anvan nou te vin isit la. Li te chwazi tan ak kote pou nou chak fèt pou nou kapab aprann leson nou bezwen aprann pèsònèlman yo ak kote nou kapab fè plis byen avèk talan ak pèsònalite endividyèl nou.

- Nan ki fason talan lòt beni ou? Nan ki fason talan ou ak don ou kapab beni lòt moun?

### **Papa nou ki nan Syèl la te prezante yon plan pou nou ka vin menmjan avèk li**

- Nan ki fason lavi terès la prepare nou pou n vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la?

Papa nou ki nan Syèl la te konnen nou pa t ap kapab pwogrese odela yon sèten nivo si nou pa t kite li pou yon tan. Li te vle nou devlope kalite diven li genyen yo. Pou fè sa, nou te bezwen kite kay premòtèl nou an pou n vin pase tès ak pou n vin akeri ekspe-ryans. Yo te abiye espri nou avèk kò fizik. Nou t ap bezwen kite kò fizik nou an lè nou mouri epi rejwenn ni ankò nan Rezirèksyon an. Lè sa a nou ap resevwa kò imòtèl menmjan ak pa Papa nou ki nan Syèl la. Si nou te pase tès nou yo, nou t apral resevwa plenitud lajwa Papa nou ki nan syèl la resevwa a. (Gade D&A 93:30–34.)

---

**Pou enstriktè yo:** Manm klas yo oswa manm fanmi yo pi plis kapab bay yon repons reflechi pou yon kesyon si w ba yo tan pou yo medite sou repons y ap bay la. Pa egzanp, apre w fin poze yon kesyon, ou kapab di: “Tanpri pran yon minit pou panse sou repons nou ka bay, epi apres a m ap mande repons yo.” Apresa ba yo tan pou yo medite.

Papa nou ki nan Syèl la te reyini yon Gran Konsèy pou prezante plan li te genyen pou pwogresyon nou an (gade *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith*, 209, 511). Nou te aprann ke si nou te suiv plan l la, nou t ap vin menmjan avèk li. Nou t ap resisite; nou t ap gen tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a; nou t ap vin paran selès epi vin gen pitit espri menmjan avèk li (gade D&A 132:19–20).

Nou te aprann ke li t ap prepare yon tè pou nou chak kote t ap gen pou yo mete nou aleprèv (gade Abraram 3:24–26). Yon vwal t ap kouvri memwa nou, epi nou t ap bliye fwaye selès nou. Sa t ap nesèsè pou nou te kapab egzèsè libète nou pou chwazi ant byen ak mal san nou pa enfliyanse pa souvni lavi nou avèk Papa nou ki nan Syèl la. Konsa nou t ap kapab obeyi li gras ak lafwa nou nan li, non pa akoz konesans nou ni souvni nou gen de li. Li t ap ede nou rekonèt laverite lè nou tande l ankò sou tè a (gade Jan 18:37).

Nan Gran Konsèy la nou te aprann bi pwogresyon nou tou: pou n gen yon plenitud lajwa. Sepandan, nou te aprann ke gen kèk moun ki t ap egare, chwazi lòt chemen, epi pèdi wout yo. Nou te aprann ke nou tout ta pral pase aleprèv nan lavi nou: maladi, desepsyon, doulè, chagren, ak lanmò. Men nou te konprann ke tout bagay sa yo t ap banou eksperyans epi se ap pou byen nou (gade D&A 122:7). Si nou ta pèmèt yo, eprèv sa yo ta pral pirifye nou olye yo febli nou. Yo pral anseye nou pou n gen andirans, pasyans, ak charite (gade *Enseignements des présidents de l'église: Spencer W. Kimball* [2006], 15–16).

Nan konsèy sa a nou te aprann tou ke akoz feblès nou, nou tout t ap fè peche, sof timoun piti yo (gade D&A 29:46–47). Nou te aprann ke yo t ap ba nou yon Sovè pou nou te kapab venk peche nou yo ak konkeri lanmò pa rezirèksyon. Nou te aprann ke si nou plase lafwa nou nan li, obeyi pawòl li ak suiv egzanp li, nou t ap egzalte epi vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la. Nou t ap resevwa yon plenitud lajwa.

- Bay kèk nan karakteristik Papa nou ki nan Syèl la genyen. Nan ki fason plan Sali a ede nou devlope karakteristik sa yo?



**Ekriti adisyonèl**

- Ebre 12:9 (Bondye se Papa espri nou)
- Jòb 38:4–7 (lavi premòtèl)
- Abraram 3:22–28 (vizyon sou lavi premòtèl)
- Jeremi 1:5 (vizyon sou lavi premòtèl)
- D&A 29:31–38 (vizyon sou lavi premòtèl)
- Moyiz 3:4–7 (kreyasyon espirityèl ak tanporèl)
- 1 Korentyen 15:44 (kreyasyon espirityèl ak tanporèl)
- D&A 76:23–24 (ptiti gason ak pitit fi literal)
- D&A 132:11–26 (plan pou pwogresyon)

# Jezikri, dirijan ak Sovè nou an

## Chapit 3

---

### **Yo te bezwen yon Sovè ak yon dirijan**

- Poukisa nou te bezwen kite prezans Papa nou ki nan Syèl la?  
Poukisa nou bezwen yon Sovè?

Lè yo te prezante nou plan sali a nan mond espri premòtèl la, nou te sitèlman kontan ke nou te bat bravo (gade Jòb 38:7).

Nou te konprann ke nou t ap oblije kite kay selès nou an pou yon tan. Nou pa ta pral viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la ankò. Pandan ke nou ta pral byen lwen li a, nou tout t ap peche epi gen kèk nan nou ki t ap pèdi wout yo. Papa nou ki nan Syèl la te konnen nou chak e li te renmen nou chak. Li te konnen nou ta pral bezwen èd, se poutèt sa li te prepare yon mwayen pou ede nou.

Nou te bezwen yon Sovè pou peye pou peche nou yo ak pou anseye nou kijan pou n retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Papa nou te di: “Kiyès m ap voye?” (Abraram 3:27). Jezikri, ki te rele Jewova, te di: “Men mwen, voye m” (Abraram 3:27; gade tou Moyiz 4:1–4).

Jezi te dispoze pou vin sou tè a, pou bay lavi li pou nou, epi pran peche nou yo sou tèt li. Menmjan ak Papa nou ki nan syèl la, li te vle pou nou chwazi si nou t ap obeyi kòmandman Papa nou ki nan syèl yo. Li te konnen nou dwe lib pou chwazi pou nou ka montre ke nou diy pou egzaltasyon. Jezi te di: “Papa, se pou volonte ou fèt, epi se pou ou laglwa a pou tout tan gen tan” (Moyiz 4:2).

Satan, ki te rele Lisifè, te vini tou, li te di: “Gade, men mwen, voye m, m vle tounen pitit gason ou lan, epi m ap rachte tout limanite, konsa pa menm yon sèl nanm p ap pèdi, epi asireman m ap fè

---



sa; se sa ki fè, ban m onè ou la” (Moyiz 4:1). Satan te vle fòse nou tout pou n fè volonte li. Anba plan li a, nou pa t ap gen pèmision pou n chwazi. Li t ap retire libète pou chwazi Papa nou ki nan Syèl la ba nou an. Satan te vle pou l genyen tout merit sali nou an. Anba pwopozisyon l lan, bi k fè nou vini sou tè a t ap kontrarye (gade *Enseignements des présidents de l’église: David O. McKay* [2003], 207).

### **Yo te chwazi Jezikri pou l vin dirijan nou ak Sovè nou**

- Pandan w ap li seksyon sa a, panse sou santiman ou genyen pou Sovè a.

Aprè l te fin tande toulède piti gason yo pale, Papa nou ki nan Syèl la te di: “M ap voye premye a” (Abraram 3:27).

Jezikri te chwazi epi òdone pou vin Sovè nou. Anpil ekriti pale sou sa, (pa egzanp, gade, 1 Pyè 1:19–20; Moyiz 4:1–2). Yon ekriti di nou ke byen lontan anvan Jezi te fèt, li te parèt devan yon pwofèt nan Liv Mòmmon an ke nou rekonèt kòm frè Jarèd epi li te di li: “Se mwen menm ki te pare depi nan fondasyon mond lan pou m rachte pèp mwen an. M se Jezikri. . . . Tout mond lan ap gen lavi nan mwen pou tout tan, menm tout moun ki kwè nan non m” (Etè 3:14).

Lè Jezi t ap viv sou tè a, li te anseye: “Se pa pou fè volonte pa m mwen desann sot nan syèl la, men pou m fè volonte moun ki voye m nan. . . . E sa se volonte moun ki voye m nan, pou tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen lavi ki pap janm fini an: Mwen gen pou m fè yo leve soti vivan ankò nan lanmò nan dènye jou a” (Jan 6:38, 40).

### **Lagè nan syèl la**

Paske Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezikri pou l se Sovè nou, Satan te fache epi li te antre an rebelyon. Te gen lagè nan syèl la. Satan ak disip li yo te goumen kont Jezikri ak disip li yo. Disip Sovè yo te “goumen avèk li [Satan] jouk yo te gen batay la, granmesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t ap pibliye a” (Revelasyon 12:11).

Nan gwo rebelyon sa a, yo te chase Satan ak tout espri ki te suiv li yo soti nan prezans Bondye ak nan syèl la. Yon tyè nan lame syèl yo te pini paske yo te suiv Satan (gade D&A 29:36). Yo pa t gen dwa pou resevwa kò mòtèl.

Paske nou isit la sou tè a epi nou gen kò mòtèl, nou konnen ke nou te chwazi pou suiv Jezikri ak Papa nou ki nan Syèl la. Satan ak disip li yo sou tè a tou, men se espri yo ye. Yo pa bliye kiyès nou ye, e yo antoure nou chak jou, pou tante nou ak pouse nou fè bagay ki pa fè Papa nou ki nan Syèl la plezi. Nan lavi premòtèl nou an, nou te chwazi pou suiv Jezikri ak aksepte plan Bondye a. Nou dwe kontinye suiv Jezikri isit la sou tè a. Se sèlman si nou suiv li n ap kapab retounen al nan fwaye selès nou.

- Nan ki fason lagè ki te fèt nan syèl la ap kontinye jodi a?

### **Nou dwe suiv ansèyman Sovè a bay yo**

- Panse sou ki fason ansèyman Sovè a bay yo konn enfliyanse ou.

Depi nan kòmansman an, Jezikri te revele levanjil la, ki di nou sa nou dwe fè pou n retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Nan moman ki te prevwa a, li te vin sou tè a an pèsòn. Li te anseye plan sali ak egzaltasyon an pa pawòl li ak pa fason li te viv. Li te etabli Legliz li a ak Prètriz li a sou tè a. Li te pran peche nou yo sou tèt li.

Si nou suiv ansèyman l yo, n ap kapab eritye yon plas nan wayòm selès la. Li te fè pati pa l la pou ede nou retounen al nan fwaye selès nou an. Kounyeya, nou chak dwe fè pati pa nou an pou nou vin diy pou egzaltasyon.

### **Ekriti adisyonèl**

- Moyiz 4:1–4; Abraram 3:22–28 (Sovè a te chwazi nan lavi pre-mòtèl la)
- D&A 76:25–29 (Lagè nan syèl la)
- Revelasyon: 12:7–9, 11 (Disip Sovè yo te goumen avèk Satan jouk yo te gen batay la, granmesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t ap pibliye a)
- Ezayi 14:12–15 (poukisa yo te chase Lisifè)

---

**Pou enstriktè yo:** Ou kapab fè manm klas yo oswa manm fanmi yo etidye “Ekriti adisyonèl yo” endividyèlman, ansanm, oubyen an gwoup.



# Libète pou chwazi

## Chapit 4

---

### **Libabit se yon prensip etènèl**

- Si yon moun ta mande ou poukisa li enpòtan pou gen libabit, kisa ou t ap di li?

“Ou kapab chwazi pou tèt pa w, paske ou gen kapasite sa a” (Moyiz 3:17).

Bondye di nou, pa lentèmedyè pwofèt li yo, ke nou lib pou n chwazi ant byen ak mal. Nou gen dwa chwazi libète ak lavi etènèl nan suiv Jezikri. Nou gen dwa chwazi kaptivite ak lanmò tou nan suiv Satan. (Gade 2 Nefi 2:27.) Dwa pou chwazi ant byen ak mal la ak pou aji pou tèt pa nou an rele libabit.

Nan lavi premòtèl nou, nou te gen libète moral. Youn nan bi lavi nou sou tè a se pou montre ki chwa n ap fè (gade 2 Nefi 2:15–16). Si yo fòse nou pou n chwazi bon bagay, nou pap kapab montre ke nou chwazi pou tèt pa nou. Epitou, nou gen plis kontantman pou fè bagay yo lè se nou menm ki fè pwòp chwa pa nou.

Libabit se youn nan pwoblèm prensipal ki te souleve nan Konsèy premòtèl la nan syèl la. Sete youn nan rezon prensipal batay ant disip Kris yo ak disip Satan yo. Satan te di: “Gade, men mwen, voye m, m vle tounen pitit gason ou lan, epi m ap rachte tout limanite, konsa pa menm yon sèl nanm p ap pèdi, epi asireman m ap fè sa; se sa ki fè, ban m onè ou la” (Moyiz 4:1). Lè l te di bagay sa a, li te “revòlte kont [Bondye] epi l te chèche pou detwi lib abit lòm” (Moyiz 4:3). Yo te rejte òf li a, epi yo te chase l soti nan syèl la ansanm ak disip li yo (gade D&A 29:36–37).

### **Libabit se yon pati nesèsè nan Plan Sali a**

Libabit rann lavi nou sou tè a yon peryòd eprèv. Lè l t ap planifye kreyasyon pitit li yo nan eta mòtèl la, Bondye te di: “Nou pral pase

---



yo anba [eprè] sou li, pou nou wè si yo pral fè tout bagay Senyè Bondye yo a pral kòmande yo” (Abraram 3:25). San don libabit la, nou pa t ap kapab montre Papa nou ki nan Syèl la si nou pral fè tout sa li kòmande nou yo. Paske nou gen posiblite pou chwazi, nou responsab pou aksyon nou yo (gade Elaman 14:30–31).

Lè nou chwazi viv selon plan Bondye gen pou nou an, libabit nou ranfòse. Bon chwa yo ogmante kapasite nou pou fè bon chwa.

Lè nou obeyi kòmandman Papa nou yo, n ap devlope sajès ak fòs karaktè. Lafwa nou ap grandi. N ap vin wè l pi fasil pou n fè bon chwa.

Nou te kòmanse fè chwa antanke pitit espri nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Chwa nou yo te rann nou diy pou vini isit la sou tè a. Papa nou ki nan Syèl la vle nou pwogrese nan lafwa, puisans, konesans, sajès, ak tout lòt bon bagay. Si nou respekte kòmandman l yo, epi nou fè bon chwa, n ap aprann epi n ap konprann. N ap vin menmjan avèk li. (Gade D&A 93:28.)

- Nan ki fason fè bon chwa ede nou fè plis bon chwa toujou?

### **Libabit mande pou gen posiblite yon chwa**

- Poukisa opozisyon nesèsè?

Nou pa ka chwazi byen si tandans opoze byen ak mal yo pa plase devan nou. Leyi, yon pwofèt Liv Mòmmon an, te di pitit gason li Jakòb ke pou reyalize objektif etènèl Bondye yo, dwe gen “yon opozisyon nan tout bagay. Si se pa sa, . . . pa t ap gen lajistis, ni lamechanste, ni lasentete ni lamizè, ni byen ni mal” (2 Nefi 2:11).

Bondye pèmèt Satan opoze ak byen. Bondye te di Satan:

“M te fè chase l;

“Epi li te vin tounen Satan, wi, dyab la menm, papa tout manti yo, pou twonpe epi pou vegle je lèzòm, epi pou mennen yo kaptif dapre volonte l, sa vle di tout moun ki pa koute vwa mwen” (Moyiz 4:3–4).

Satan fè tout sa l kapab pou detwi travay Bondye a. L ap chèche “mizè pou tout limanite. . . . Li chèche pou l fè tout moun mizerab tankou tèt pa l” (2 Nefi 2:18, 27). Li pa renmen nou. Li pa vle okenn bon bagay pou nou (gade Mowoni 7:17). Li pa vle nou gen kè kon-tan. Li vle fè nou vin esklav li. Li itilize anpil degizman pou rann nou esklav.

Lè nou suiv tantasyon Satan yo, nou limite chwa nou. Egzanp sa a montre ki fason sa fèt. Imajine ke ou wè yon pano bò lanmè a ki make: “Danje—toubiyon. Entèdiksyon pou benyen la a.” Nou gen dwa panse se yon restriksyon. Men èske se sa? Nou gen anpil lòt chwa. Nou lib pou n al naje yon lòt kote. Nou lib pou mache bò lanmè a ap ranmase kokiyaj. Nou lib pou n gade solèy kouche a. Nou lib pou n ale lakay nou. Nou lib pou inyore pano a tou pou al naje nan kote danjere a tou. Men lè toubiyon an pran nou nan grif li epi antrene nou nan fon, nou pa gen anpil chwa. Nou kapab eseye chape, oubyen nou ka rele mande èd, men nou gen dwa nwaye tou.

Menmsi nou lib pou chwazi kisa nou pral fè, nou pa kapab chwazi konsekans aksyon nou yo. Konsekans yo, keseswa bon ou pa bon, ap otomatikman suiv tout chwa nou fè (gade Galat 6:7; Revelasyon 22:12).

Papa nou ki nan Syèl la te di nou kijan pou n chape anba kaptivite Satan. Nou dwe veye epi priye tout tan, pandan n ap mande Bondye pou l ede nou reziste anba tantasyon Satan yo (gade 3 Nefi 18:15). Papa nou ki nan Syèl la pa p pèmèt ke nou tante plis pase nou kapab sipòte (gade 1 Korentyen 10:13; Alma 13:28).

Kòmandman Bondye yo elwanye nou de danje epi dirije nou vè lavi etènèl. Si nou chwazi avèk sajès, n ap rive nan egzaltasyon, n ap pwogrese etènèlman, epi n ap gen bonè pafè (gade 2 Nefi 2:27–28).

- Ki kèk egzanp aksyon ki limite chwa nou? Ki kèk egzanp aksyon ki ba nou plis libète?

---

**Pou enstriktè yo:** Yon senp foto kapab ede moun yo konsantre atansyon yo. Si w ap pale sou egzanp pano avètisman an jan yo prezante l nan chapit sa a, ou gen dwa fè desen yon kalite pano konsa sou tablo a oubyen sou yon gwo moso papyè.

**Ekriti adisyonèl**

- Moyiz 7:32 (libète pou chwazi)
- Abraram 3:24–25 (lavi sou tè a se yon tè)
- Alma 41:3; Mowoni 7:5–6 (jije selon zèv yo)
- 2 Nefi 2:11–16 (opozisyon nesesè)
- Mowoni 7:12–17 (chwazi ant byen ak mal)
- 2 Pyè 2:19; Jan 8:34 (peche se esklavaj)
- 2 Nefi 2:28–29; Alma 40:12–13 (rekonpanse selon zèv yo)

# Kreyasyon an

## Chapit 5

---

### Plan Bondye pou nou

- Poukisa nou te bezwen vin sou tè a?

Lè nou t ap viv antanke pitit espri avèk paran selès nou yo, Papa nou ki nan Syèl la te pale nou de plan li te gen pou nou pou n te kapab vin menmjan avèk li a. Nou te pouse kri lajwa lè nou te tandè plan l lan (gade Jòb 38:7). Nou te prese pou n vin fè nouvo eksperyans. Pou bagay sa yo te kapab rive, nou te bezwen kite prezans Papa nou pou n vin resevwa yon kò mòtèl. Nou te bezwen yon lòt kote pou n viv kote nou t ap kapab prepare pou n vin menmjan avèk li. Yo te rele nouvo lakay nou an tè.

- Poukisa ou panse nou te pouse kri lajwa lè nou te aprann plan Sali a?

### Jezi te kreye tè a

Jezi te kreye mond sa a ak tout bagay ki ladan li. Li te kreye anpil lòt mond tou. Li te fè sa pa pouvwa Prèttriz la, sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la. Bondye Papa a te di: “Epi m te kreye pakèt mond moun pa kapab konte; . . . epi m te kreye yo pa lantremiz Pitit Gason an, ki se Sèl Pitit Literal mwen an” (Moyiz 1:33). Nou gen lòt temwayaj konsènan verite sa a tou. Joseph Smith ak Sidney Rigdon te wè Jezi nan yon vizyon. Yo temwaye: “pa mwayen li, epi nan li mond yo te egziste epi yo te kreye, epi abitan ki nan mond yo se pitit gason ak pitit fi Bondye” (D&A 76:24).

### Pwosesis kreyasyon an

- Ki bi kreyasyon an?

---

**Pou enstriktè yo:** Kèk manm nan klas la oswa nan fanmi an gen dwa pa santi yo konfòtab pou li awotvwa. Anvan ou mande yo pou yo li awotvwa, ou dwe mande: “Kiyès ki ta renmen li?” Apresa rele moun ki vle fè sa.



Tè a ak tout sa ki ladan te kreye espiyèlman anvan yo te kreye fizikman (gade Moyiz 3:5). Lè l t ap planifye pou kreye tè fizik la, Kris la te di moun ki te avèk li yo: “N ap desann, paske gen espas anba a, . . . epi nou pral fè yon tè pou sila yo [pitit espri Papa nou ki nan syèl yo] abite” (Abraram 3:24).

Sou direksyon Papa a, Kris la te fòme epi òganize tè a. Li te separe limyè avèk fènwa a pou fè jou ak nuit. Li te fòme solèy, lalin, ak zetwal. Li te separe dlo yo avèk tè sèch la pou fè lanmè, rivyè, ak lak. Li te fè tè a bèl ak pwodiktif. Li te fè zèb, pyebwa, flè, ak lòt plant tout kalite. Plant sa yo te gen grenn ki t ap fè nouvo plant kapab grandi. Apresa li te kreye bèt yo—pwason, betay, ensèk, ak zwazo tout kalite. Bèt sa yo te gen kapasite pou repwoduwi pwòp espès pa yo.

Kounyeya tè a te pare pou pi gwo kreyasyon nan pami tout la—lòm. Espri nou ta p resevwa kò lachè ak san pou yo kapab viv sou tè a. “Epi, mwen menm Bondye, m te di Sèl Pitit Literal mwen an, ki te avèk mwen depi nan kòmansman an: Annou fè lòm dapre imaj nou, dapre resanblans nou; epi sa te fèt” (Moyiz 2:26). Epi sete konsa premye gason an, Adan, ak premye fi a, Èv, te fòme epi te resevwa kò ki te sanble avèk pa paran selès nou yo. “Bondye kreye moun, li fè l pòtre avèk li; li te kreye yo gason ak fi” (Jenèz 1:27). Lè Senyè a te fini kreyasyon l yo, li te kontan epi li te konnen ke travay li a te bon, epi li te repoze pandan yon tan.

### **Kreyasyon Bondye yo demontre lanmou li**

- Nan ki fason kreyasyon Bondye yo demontre ke li renmen nou?

N ap viv aktyèlman nan bèl mond sa a. Panse avèk solèy la, ki banou chalè ak limyè. Panse avèk lapli a, ki fè plant yo pouse epi ki netwaye ak rafrechi mond lan. Panse ak kijan sa bon pou n tande yon zwazo k ap chante oswa yon zanmi k ap ri. Panse ak kijan kò nou mèveye—kijan nou ka travay ak jwe ak repoze. Lè nou konsidere tout kreyasyon sa yo, nou kòmansè konprann konbyen Jezikri ak Papa nou ki nan Syèl la se moun saj, puisan, ak eman. Yo montre anpil amou pou nou nan fason yo founi nou tout sa nou bezwen.

Plant yo ak bèt yo te kreye pou pote lajwa pou nou tou. Senyè a te di: “Wi, tout bagay ki soti nan tè a, nan sezon yo, fèt pou benefis ak itilite lòm, pou fè je moun plezi ak pou fè kè moun kontan; wi, pou manje ak rad, pou gou ak lodè, pou fòtifye kò a epi pou bay nanm nan lavi” (D&A 59:18–19). Menmsi kreyasyon Bondye yo anpil, li konnen yo epi li renmen yo tout. Li te di: “Tout bagay konte pou mwen, paske yo pou mwen epi m konnen yo” (Moyiz 1:35).

- Ki kèk bagay ou apresye osijè kreyasyon Bondye yo?

### **Ekriti adisyonèl**

- Jenèz 1; 2:1–7; Abraram 3:22–23; 4–5; Moyiz 1:27–42; 2–3 (resi Kreyasyon an)
- Ebre 1:1–3; Kolosyen 1:12–17; D&A 38:1–3 (Jezi, Kreyatè a)
- D&A 59:18–20; Moyiz 2:26–31; D&A 104:13–17; Matye 6:25–26 (Kreyasyon an montre amou Bondye)

# Chit Adan ak Èv la

## Chapit 6

---

### **Adan ak Èv sete premye moun ki te viv sou tè a**

- Ki prèv ki ede nou konnen ke Adan ak Èv sete espri vyanan?

Bondye te prepare tè sa a kòm kay pou pitit li yo. Adan ak Èv te chwazi pou yo te premye moun ki te viv sou tè a (gade Moyiz 1:34; 4:26). Pati pa yo nan plan Papa nou an sete pou pote mòtalite nan mond lan. Yo te gen pou yo te premye paran nou. (Gade D&A 107:54–56.)

Adan ak Èv te pami pitit ki te pi nòb Papa nou yo. Nan mond les-pri a Adan te rele Michèl, akanj lan (gade D&A 27:11; Jude 1:9). Li te chwazi pa Papa nou ki nan Syèl la pou te dirije moun jis yo nan batay kont Satan an (gade Revelasyon 12:7–9). Adan ak Èv te preòdone pou yo te vin premye paran nou. Senyè a te pwomèt Adan gwo benediksyon: “M tabli ou pou ou alatèt; yon gran kantite nasyon pral soti nan ou, epi ou se yon prens sou tè yo pou tout tan” (D&A 107:55).

Èv sete “manman tout vivan” (Moses 4:26). Bondye te ini Adan ak Èv an maryaj paske “sa pa bon pou lòm pou kont li” (Moyiz 3:18; gade tou 1 Korentyen 11:11). Li te pataje responsablite a avèk Adan epi l ap pran pa nan benediksyon etènèl li yo tou.

- Kisa nou ka aprann apati egzanp Adan ak Èv yo?

### **Jaden Edenn nan**

- Sou ki kondisyon Adan ak Èv te viv nan Jaden Edenn nan?

---

**Pou enstriktè yo:** Itilize kesyon ki nan kòmansman seksyon yo pou kòmanse yon diskisyon epi voye manm klas yo oswa manm fanmi yo nan tèks la pou al chèche plis enfòmasyon. Itilize kesyon ki nan fen seksyon yo pou ede manm klas yo oswa manm fanmi yo medite ak diskite sou siyifikasyon sa yo li a ak pou aplike l nan lavi yo.





Lè yo te mete Adan ak Èv nan Jaden Edenn nan, yo pa t ko mòtèl. Nan eta sa a, “yo pa t ap gen pitit” (2 Nefi 2:23). Pa t gen lanmò. Yo te gen lavi *fizik* paske espri yo te abite nan kò fizik ki te fèt avèk pousyè tè a (gade Moyiz 6:59; Abraram 5:7). Yo te gen lavi *espirityèl* paske yo te nan prezans Bondye. Yo pa t ko fè chwa ant byen ak mal.

Bondye te kòmande yo pou yo fè pitit. Li te di: “Se pou nou bay fwi, epi miltipliye, epi ranpli tè a, epi soumèt li, epi domine sou pwason yo ki nan lanmè a, ak sou vloay yo ki anlè a, ak sou tout bagay vivan k ap fè mouvman sou tè a” (Moyiz 2:28). Bondye te di yo yo te lib pou manje fwi nan tout pyebwa nan jaden an eksepte youn, fwi konesans byen ak mal la. Bondye te di apwopo pyebwa sa a: “Jou ou manje ladan l w ap mouri” (Moyiz 3:17).

Satan, ki pa konnen entansyon Bondye men k ap chèche detwi plan Bondye a, te vin jwenn Èv nan Jaden Edenn nan. Li te tante l pou l manje fwi pyebwa konesans byen ak mal la. Li te asire li ke li menm ak Adan pa t ap mouri, men yo t ap vin “tankou Bondye, paske y ap konnen byen ak mal” (Moyiz 4:11). Èv te sede anba tantasyon an epi li te manje fwi a. Lè Adan te aprann sa k te rive, li te chwazi pou l te manje l tou. Chanjman Adan ak Èv te sibi yo paske yo te manje fwi a rele Chit.

### **Separasyon Adan ak Èv avèk Bondye**

- Ki chanjman fizik ak espirityèl ki te rive Adan ak Èv kòm rezilta transgresyon yo a?

Paske Adan ak Èv te manje fwi pyebwa konesans byen ak mal la, Senyè a te mete yo deyò nan Jaden Edan nan pou ale nan mond lan. Kondisyon fizik yo te chanje paske yo te manje fwi defandi a. Jan Bondye te pwomèt la, yo te vin mòtèl. Yo menm ak pitit yo t ap vin konnen maladi, soufrans, ak lanmò fizik.

Akoz transgresyon yo a, Adan ak Èv te soufri lanmò espirityèl tou. Sa k te vle di ke yo menm ak pitit yo pa t ap kapab mache epi pale fasafas avèk Bondye ankò. Adan ak Èv ak pitit yo te separe avèk Bondye ni fizikman ni espirityèlman.

## Gwo benediksyon ki soti nan transgresyon an

- Nan ki fason Chit la ba nou opòtinite pou n vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la?

Gen moun ki panse ke Adan ak Èv te komèt yon peche grav lè yo te manje fwi pyebwa konesans byen ak mal la. Men, ekriti dènne jou yo ede nou konprann ke Chit yo a sete yon etap nesèsè nan plan lavi a ak yon gwo benediksyon pou nou tout. Gras avèk Chit la, nou resevwa benediksyon kò fizik, dwa pou n chwazi ant byen ak mal, ak opòtinite pou akeri lavi etènèl. Nou pa t ap resevwa okenn nan benediksyon sa yo si Adan ak Èv te rete nan jaden an.

Aprè Chit la, Èv te di: “Si se pa t transgresyon nou an, nou pa t ap janm gen desandan, epi nou pa t ap janm konnen byen ak mal, ak lajwa redanmsyon nou an, ak lavi etènèl Bondye bay tout moun ki obeyisan yo” (Moyiz 5:11).

Pwofèt Leyi te eksplike:

“Epi kounyeya, gade si Adan pa t transgrese li pa t ap tonbe, men li t ap rete nan jaden Edenn nan. Epi tout bagay ki te kreye t ap rete menm jan yo te ye apre yo te fin kreye a. . . .

“Epi yo pa t ap gen pitit; konsa yo t ap rete nan yon kondisyon inosans, yo pa t ap gen lajwa, paske yo pa t konnen lamizè, yo pa t ap fè byen, paske yo pa t konnen peche.

“Men, gade, tout bagay te fèt nan lasajès moun ki konnen tout bagay la.

“Adan te tonbe pou lèzòm te kapab fèt, e lèzòm te fèt pou yo kapab gen lajwa” (2 Nefi 2:22–25).

- Poukisa ou panse li enpòtan pou n konnen tout bagay sou Chit la epi nan ki fason li enfliyanse nou?

## Ekriti adisyonèl

- 1 Nefi 5:11; 2 Nefi 2:20 (Adan ak Èv se premye paran, fanmi)
- 2 Nefi 2:14–21 (opozisyon an ak Chit la, lavi se yon eprèv)
- 2 Nefi 2:22–26 (Chit la fè pati plan sali a)

# Sentespri a

## Chapit 7

---

### Adan ak Èv te resevwa Sentespri a

- Poukisa Adan ak Èv te bezwen gidans Sentespri a?

Aprè Adan ak Èv te fin kite Jaden Edenn nan, yo te kòmanse travay latè epi yo te fè lòt travay pou yo te ka viv. Yo te fè anpil pitit, epi pitit gason yo ak pitit fi yo te marye tou epi yo te vin gen pitit (gade Moyiz 5:1–3). Konsa, pitit espri Papa nou ki nan Syèl la yo te kòmanse kite prezans li pou vini sou tè a jan yo te pwomèt yo a (gade Abraram 3:24–25). Lè yo te vin sou tè a, yo te retire souvni fwaye selès yo a nan tèt yo. Men Papa nou pa t prive yo de enfliyans li. Li te voye Sentespri a pou rekonfòte ak ede ak gide tout pitit espri l yo.

Adan ak Èv te rele Papa nou ki nan Syèl la nan lapriyè. Li te pale avèk yo epi li te ba yo kòmandman, ke yo te obeyi. Epi yon zanj Senyè a te vini epi li te anseye Adan ak Èv plan sali a. Senyè a te voye Sentespri a pou temwaye de Papa a ak Pitit Gason an ak pou anseye Adan ak Èv levanjil la. (Gade Moyiz 5:4–9.)

Pa pouvwa Sentespri a, Adan te “kòmanse pwofetize konsènan tout fanmi sou tè a, li te di konsa: Se pou non Bondye beni, paske poutèt transgresyon m nan, je m louvri, epi m ap gen lajwa nan lavi sa a, epi ankò nan kò fizik la, m pral wè Bondye” (Moyiz 5:10). Akoz temwayaj Sentespri a te rann Èv, li te di: “Si se pa t transgresyon nou an, nou pa t ap janm gen desandan, epi nou pa t ap janm konnen byen ak mal, ak lajwa redanmsyon nou an, ak lavi etènèl Bondye bay tout moun ki obeyisan yo” (Moyiz 5:11).

- Nan ki fason bezwen nou pou gidans nan men Sentespri a sanble avèk pa Adan ak Èv la?

---

**Pou enstriktè yo:** Lè ou rele manm klas yo pa non yo, yo konnen yo enpòtan pou ou epi ou sousye pou yo. Aprann konnen non yo, epi rele yo pa non yo pandan chak leson. Ede youn aprann non lòt.

### **Kalite Sentespri a**

- Nan ki sa Sentespri a diferan avèk Papa a ak Pitit Gason an? Poukisa diferans sa a enpòtan pou nou?

Sentespri a se yon manm Divinite a (gade 1 Jan 5:7; D&A 20:28). Li se yon “pèsonaj lespri” (D&A 130:22). Se nan yon sèl kote li kapab ye alafwa, men, nou kapab santi enfliyans li toutpatou nan menm tan an.

Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri, ak Sentespri a rele Divinite a. Yo gen menm bi. Yo chak gen yon tach enpòtan nan plan Sali a. Papa nou ki nan Syèl la se Papa nou ak gouvènè nou. Jezikri se Sovè nou. Sentespri a se revelatè a ak temwen tout verite.

Sentespri a se mesaj Papa nou ki nan Syèl la, e li se yon don espesyal nou resevwa (gade chapit 21 nan liv sa a).

### **Misyon Sentespri a**

- Ki kèk verite Sentespri a revele nou?

Misyon Sentespri a se pou rann temwayaj de Papa a ak Pitit Gason an ansanm ak verite tout bagay.

Sentespri a ap rann nou temwayaj ke Jezi se Sovè nou ak Redanmtè nou (gade 3 Nefi 28:11; D&A 20:27). L ap revele nou ke Papa nou ki nan Syèl la se Papa espri nou. L ap ede nou konprann ke nou kapab egzalte menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la. (Gade Women 8:16–17.) Pwofèt Senyè yo te pwomèt: “Epi pa pouvwa Sentespri a nou kapab konnen verite nan tout bagay” (Mowoni 10:5).

San Sentespri a, nou pa t ap janm konnen ke Jezi se Kris la. Apot Pòl te ekri: “Okenn moun pa kapab konnen ke Jezi se Senyè a, si se pa pa pouvwa Sentespri a” (1 Korentyen 12:3). Sovè a li menm te di: “Lavi etènèl, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl vrè Bondye a, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri” (Jan 17:3). Se pa pouvwa Sentespri a ke nou rive konprann ak viv levanjil Jezikri a.

Fòs konviksyon Sentespri a sitèlman gran ke nou pa kapab doute ke sa l revele nou an se verite. Prezidan Joseph Fielding Smith te di:

“Lè yon moun resevwa manifestasyon Sentespri a, sa kite yon enpresyon pèmanan nan nanm ni, yon enpresyon ki pa ka efase fasilman. Se Lespri ki pale avèk lespri a, epi mache avèk yon gwo fòs konviksyon. Manifestasyon yon zanj, oswa menm Pitit Bondye a an pèsòn, t ap enpresyone je a ak lespri a, epi li t ap fini pa efase, men enpresyon Sentespri a ankre pwofondeman nan nanm nan epi li pi difisil pou efase” (*Repons pou kesyon levanjil yo*, comp. Joseph Fielding Smith Jr., 5 vols. [1957–66], 2:151).

Prezidan Smith te di tou: “Gras ak Sentespri a, verite a asimile nan tout fib ak nannan kò a pou n pa janm bliye l” (*Doctrines of Salvation*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vols. [1954–56], 1:48).

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, nou dwe rann tèt nou diy pou n resevwa mesaj ak temwen espesyal sa a konsènan Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri a.

- Panse sou kilè Sentespri a te ede ou grandi temwayaj ou. Si sa apwopriye, pataje kèk nan eksperyans sa yo avèk manm klas yo oswa manm fanmi yo.

### **Ekriti adisyonèl**

- Moyiz 5 (istwa fanmi Adan)
- D&A 130:22 (Sentespri a idantifye)
- Jan 14:26; 15:26; 16:13; Lik 12:12; 2 Nefi 31:18; 32:5, 8; 33:1; Alma 14:11; 3 Nefi 27:20; 4 Nefi 1:48; Mowoni 10:6–7; D&A 8:2–3; 11:12–13; 20:26 (wòl Sentespri a)



# Priye Papa nou ki nan Syèl la

## Chapit 8

---

### **Kisa priyè ye?**

Jezi te anseye: “Nou dwe toujou priye Papa a nan non m” (3 Nefi 18:19).

Lapriyè se youn nan pi gwo benediksyon nou genyen pandan n ap viv isit la sou tè a. Atravè lapriyè nou kapab kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la epi mande gidans li chak jou.

Lapriyè se yon konvèsasyon sensè, ki soti nan kè avèk Papa nou ki nan Syèl la. Nou dwe priye Bondye sèlman, e pèsonn lòt. Nou pa priye okenn lòt kreyati ni okenn lòt bagay kreye pa lòm oswa pa Bondye (gae Egzòd 20:3–5).

### **Poukisa nou priye?**

Lapriyè te toujou yon pati enpòtan nan levanjil la depi nan kòmansman mond lan. Epi yon zanj Senyè a te kòmande Adan ak Èv pou yo repanti epi pou yo priye Bondye nan non Pitit la (gade Moyiz 5:8). Kòmandman sa a toujou an vigè. Lapriyè ap ede nou vin pi pre Bondye. Tout panse nou, pawòl nou, ak aksyon nou enfliyanse pa priyè nou yo.

Nou dwe priye pou fòs pou reziste anba tantasyon Satan ak disip li yo (gade 3 Nefi 18:15; D&A 10:5). Nou dwe priye pou konfese peche nou yo bay Bondye epi mande l pou padone nou (gade Alma 38:14).

---

**Pou enstriktè yo:** Chapit sa a òganize an senk antèt seksyon. Chak antèt se yon kesyon osijè lapriyè. Ou gen dwa itilize kesyon sa yo kòm gid pou leson w lan. Si lajè klas la pèmèt ou fè ti gwoup diskisyon, panse pou divize manm klas yo an gwoup de rive kat. Bay chak gwoup youn nan seksyon nan chapit la. Fè chak gwoup li epi pale sou seksyon yo te bayo a epi pataje eksperyans pèsonèl ki anrapò avèk li. Apresa pale sou senk seksyon yo avèk klas la, pandan w ap konsantre sou kesyon ki gen plis enterè pou manm klas yo.



Nou dwe priye pou mande Senyè a pou gide nou ak pou ede nou nan lavi chak jou nou. Nou dwe priye pou fanmi nou ak zanmi nou, vwazen nou, rekòt nou ak bèt nou, travay jounalye nou, ak lòt aktivite nou genyen. Nou dwe priye pou n jwenn pwoteksyon kont enmi nou yo. (Gade Alma 34:17–27.)

Nou dwe priye pou eksprime lanmou nou pou Papa nou ki nan Syèl la ak pou rapwoche nou de li. Nou dwe priye Papa nou ki nan Syèl la pou byennèt nou ak konfò nou ak pou tout sa li banou chak jou (gade 1 Tesalonisyen 5:18). Nou bezwen priye pou mande Papa nou ki nan Syèl la fòs pou n viv levanjil la.

Nou dwe priye pou nou kapab rete sou chemen etwat ak kwense a ki mennen nan lavi etènèl la. Nou dwe priye Bondye, otè tout jistis la, pou nou kapab jis nan panse nou, pawòl nou ak aksyon nou.

- Nan ki fason lapriyè te ede ou rapwoche de Papa nou ki nan Syèl la?

### **Kilè nou dwe priye?**

Nou kapab priye kèlkeswa lè nou santi nou bezwen kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la, keseswa an silans oubyen awotvwa. Pafwa nou bezwen poukont nou pou nou kapab devèse nanm nou ba li (gade Matye 6:6). Epitou, nou kapab priye pandan aktivite chak jou nou yo. Nou ka priye pandan nou nan yon reyinyon Legliz la, lakay nou, pandan n ap mache nan lari, nan travay, pandan n ap prepare manje, oubyen kèlkeswa kote nou kapab ye ak kèlkeswa sa n ap fè. Nou ka priye nenpòt lè nan jounen an oswa nuit la. Nou ka priye lè nou poukont nou oswa lè nou ansanm avèk lòt moun. Nou ka kenbe Papa nou ki nan Syèl la nan panse nou tout tan (gade Alma 34:27). Nou ka “toujou priye” (D&A 10:5).

Pafwa nou gen dwa pa santi nou anvi priye. Nou gen dwa fache oswa dekouraje oswa kontrarye. Nan moman sa yo nou dwe fè yon efò espesyal pou n priye (gade 2 Nefi 32:8–9).

Nou chak dwe priye an prive omwen chak maten ak chak swa. Ekriti yo pale nou de priye maten, midi, ak aswè (gade Alma 34:21).

Yo kòmande nou pou nou fè priyè familyal pou fanmi nou kapab beni (gade 3 Nefi 18:21). Dirijan legliz nou yo konseye nou pou nou priye antanke fanmi chak maten ak chak swa.

Nou gen privilèj pou n priye pou n di mèsì tout ak pou mande yon benediksyon sou manje anvan chak repa.

Nou louvri epi nou fèmen tout reyinyon Legliz yo avèk lapriyè. Nou remèsye Senyè a pou benediksyon l yo epi nou mande l èd pou nou kapab adore li nan fason ki fè l plezi.

### **Kijan nou dwe priye?**

Kèlkeswa kote nou ye, keseswa nou kanpe oubyen ajenou, keseswa nou priye an silans oubyen awotvwa, keseswa an prive oubyen an gwoup, nou dwe toujou priye nan lafwa, “avèk yon kè sensè, avèk yon entansyon reyèl” (Mowoni 10:4).

Lè nou priye Papa nou ki nan Syèl la, nou dwe di li kisa nou reyèlman santi nan kè nou, konfye nou nan li, mande l padon, sipliyè li, remèsye li, ekspriye lanmou nou pou li. Nou pa dwe repete pawòl ak fraz ki pa gen sans (gade Matye 6:7–8). Nou dwe toujou mande pou volonte l fèt, pandan n ap sonje ke sa nou anvi an gen dwa pa pi bon pou nou (gade 3 Nefi 18:20). Lè nou fini priyè nou, nou fini l nan non Jezikri (gade 3 Nefi 18:19).

### **Kòman priyè nou reponn?**

- Poukisa ou panse repons priyè nou yo pa toujou aparann? Poukisa ou panse repons priyè yo pa toujou vini lè nou vle oubyen nan fason nou vle?

Priyè sensè nou toujou jwenn repons. Pafwa repons la kapab negatif, paske sa nou mande a gen dwa pa bon pou nou. Pafwa repons la pozitif, e nou gen yon santiman chalè konfòtab sou sa nou dwe fè (gade D&A 9:8–9). Pafwa repons lan se “fè yon ti tann.” Repons priyè nou yo toujou vini nan moman ak nan fason Senyè a konnen l ap ede nou pi plis.

Pafwa Senyè a reponn priyè nou yo pa lentèmedyè lòt moun. Yon bon zanmi, yon mari oswa yon madanm, yon paran oswa yon lòt manm fanmi, yon dirijan Legliz, yon misyonè—nenpòt nan moun

sa yo kapab enspire pou aji nan fason pou reponn priyè nou yo. Yon egzanp nan sa se eksperyans yon jèn manman ki te gen tibebe li ki te fè yon aksidan nan kay la. Li pa t gen okenn mwayen pou mennen tibebe a kay doktè. Li te fèk vin abite nan zòn nan epi li pa t konn vwazen l yo. Jèn manman an te priye pou jwenn èd. Kèk minit apre, yon vwazen te vin frape nan pòt la, li te di: “Mwen santi enpresyon ke m dwe vini pou wè si w bezwen èd.” Vwazen an te ede jèn manman an mennen tibebe a kay doktè.

Souvan Bondye banou pouvwa pou ede reponn pwòp priyè nou yo. Lè nou priye pou èd, nou dwe fè tout sa nou kapab pou mate-ryalize bagay nou bezwen an.

Si nou viv levanjil Jezikri a epi nou toujou priye, n ap gen lajwa ak bonè. “Rete enb; epi Senyè Bondye w la ap pran men ou pou dirije ou, epi l ap ba ou repons pou priyè ou yo” (D&A 112:10).

- Nan ki fason Papa nou ki nan Syèl la te reponn priyè ou?

### **Ekriti adisyonèl ak lòt sous**

- Jak 1:5 (poukisa pou nou priye)
- 1 Tesalonisyen 5:17; Som 55:17; 2 Nefi 32:9 (kilè pou n priye)
- Alma 34:26 (ki kote pou n priye)
- 3 Nefi 19:6, 24 (kijan pou n priye)
- D&A 88:63–65 (kijan yo reponn priyè nou)
- Mowoni 10:3–5; Alma 37:37 (pwomès pou priyè nou yo)
- Jak 5:16 (pouvwa priyè yon moun ki jis)
- Gid pou ekriti yo, “Priyè,” 753

# Pwofèt Bondye yo

## Chapit 9

---

### **Pwofèt yo se reprezantan Bondye sou tè a**

- Ki pouvwa ak don yon pwofèt genyen?

“Konsa tou, ou mèt sèten, Senyè a pap janm fè anyen san li pa fè pwofèt yo, moun k ap sèvi l yo, konnen” (Amòs 3:7).

Anpil moun ap viv nan fènwa, san yo pa konnen volonte Bondye. Yo kwè ke syèl yo fèmen epi chak moun dwe fè fas ak peril yo poukont yo. Ala chans Sen Dènye Jou yo genyen! Nou konnen ke Bondye kominike avèk Legliz la pa lentèmedyè pwofèt li yo. Avèk kè yo plen rekonesans, Sen yo nan mond lan chante: “Seigneur, merci pour le prophète, qui nous guide en ces derniers jours” (*Cantiques*, no. 19).

Yon pwofèt se yon moun ki aple pa Bondye pou reprezante l sou tè a. Lè yon pwofèt pale pou Bondye, se kòm si se Bondye k ap pale (gade D&A 1:38). Yon pwofèt se yon temwen espesyal Kris la, k ap temwaye sou divinite li ak anseye levanjil li a. Yon pwofèt anseye laverite epi li entèprete pawòl Bondye a.

Li aple moun ki pa jis yo ala repantans. Li resevwa revelasyon ak direksyon nan men Senyè a pou benefis nou. Li kapab wè lavni epi li anonse evenman ki gen pou vini yo pou mete mond la angad.

Yon pwofèt kapab soti nan sitiyasyon varye nan lavi. Li gen dwa jèn oubyen granmoun, trè enstwi oubyen pa save. Li gen dwa se yon fèm, yon avoka, oswa yon enstriktè. Ansyen pwofèt yo te konn abiye avèk rad long epi yo te mache ak baton. Pwofèt modèn yo abiye avèk kostim epi yo pote valiz. Konsa, kisa ki idantifye yon vrè pwofèt? Yon vrè pwofèt toujou chwazi pa Bondye epi aple pa otorite Prètriz apwopriye a (gade Atik lafwa 1:5).

---

Sen Dènnye Jou yo soutni Premye Prezidans lan ak Douz Apot yo kòm pwofèt. Sepandan, lè nou pale de “pwofèt Legliz la”, nou vle di Prezidan Legliz la, ki se Prezidan Prètriz ki pi wo a.

### **Atravè tout epòk yo Bondye te toujou aple pwofèt pou dirije limanite**

- Nan ki fason pwofèt yo te gide pitit Bondye yo nan lefase?

Te toujou gen pwofèt sou tè a depi epòk Adan an. Eksperyans gwo mesye sa yo motive nou epi enspire nou. Moyiz, yon pwofèt Ansyen Testaman an, te dirije dè milye frè li soti an Ejipt ak nan esklavaj pou te ale nan tè pwomiz la. Li te ekri premye senk liv Ansyen Testaman yo epi li te anrejistre Dis Kòmandman yo. Nefi, yon pwofèt Liv Mòmmon an, te vwayaje soti Jerizalèm pou ale jis nan kontinan Ameriken an 600 ane anvan nesans Kris la. Gwo dirijan ak kolonizatè sa a kite anpil ekri enpòtan pou nou nan Liv Mòmmon an. Jan Batis te chwazi pou prepare mond lan pou vini Senyè Jezikri a. Pa lentèmedyè Joseph Smith, yon pwofèt modèn, Senyè a te retabli Legliz la. Joseph Smith te tradui Liv Mòmmon an tou pandan l ke l te yon jèn gason.

- Kisa ou aprann apati lavi ak ansèyman pwofèt yo?

### **Nou gen yon pwofèt vivan sou tè a jodi a**

- Poukisa nou bezwen yon pwofèt vivan jodi a?

Nou gen yon pwofèt vivan sou tè a jodi a. Pwofèt sa a se Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Li gen dwa pou resevwa revelasyon pou tout Legliz la. Li gen “kle wayòm yo,” sa ki vle ke li gen otorite pou dirije Legliz la ak wayòm Bondye a toutantye sou tè a, enkli administrasyon òdonans Prètriz yo (gade Matye 16:19). Pèsonn, apa pwofèt ak Prezidan chwazi a, pa kapab resevwa volonte Bondye pou manm yo nan Legliz la. Senyè a te di: “Pa janm gen plis pase yon sèl moun sou tè a an menm tan ki gen pouvwa sa a ak kle prètriz sa yo konfere sou yo” (D&A 132:7). Prezidan Legliz la asiste pa konseye l yo nan Premye Prezidans lan ak manm Kolèj Douz Apot yo, ki se pwofèt, vwayan, ak revelatè tou.

Nou dwe fè sa pwofèt yo di nou pou nou fè yo. Prezidan Wilford Woodruff te deklare ke Bondye pap janm pèmèt yon pwofèt fè Legliz la pèdi wout li:

“Senyè a p ap janm pèmèt mwen menm oswa nenpòt lòt moun ki Prezidan Legliz sa a egare nou. Sa pa nan pwogram nan. Se pa entansyon Bondye. Si m ta eseye fè sa, Senyè a t ap retire m nan plas mwen an” (*Teachings of Présidents of the Church: Wilford Woodruff* [2004], 199).

- Nan ki fason pwofèt vivan an enfliyanse Legliz la?

### **Nou dwe soutni pwofèt Senyè a**

- Kisa nou ka fè pou suiv ak soutni pwofèt la?

Anpil moun twouve ke l fasil pou kwè nan pwofèt lontan yo. Men li pi bon pou n kwè ak suiv pwofèt vivan an. Nou leve men nou pou n soutni Prezidan Legliz la kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè.

Nan ki fason nou ka soutni pwofèt la? Nou dwe priye pou li. Chay li lou, e li bezwen fòtifye pa priyè Sen yo.

Nou dwe etidye pawòl li yo. Nou ka koute diskou li fè nan konferans yo. Nou ka pran abònman *Ensign* oswa *Lyawona* tou pou nou kapab li diskou l fè nan konferans yo ak lòt mesaj li bay.

Nou dwe suiv ansèyman enspire l yo konplètman. Nou pa dwe chwazi pou n suiv yon pati nan konsèy enspire l yo epi rejte sa ki pa fè nou plezi oswa ki difisil. Senyè a kòmande nou pou nou suiv ansèyman enspire pwofèt li a:

“Ou dwe koute tout pawòl ak kòmandman li ba ou, lè l resevwa yo, lè l mache nan tout sentete devan m;

“Paske, nou pral resevwa pawòl li, tankou l te soti nan pwòp bouch pa m, nan tout pasyans ak lafwa” (D&A 21:4–5).

Senyè a p ap janm kite Prezidan Legliz la fè nou pèdi wout nou.

- Kisa Prezidan Legliz la te anseye oubyen te aksantye resamman?

## Gwo benediksyon soti nan obeyi Pwofèt la

Si nou obeyi, Senyè a pwomèt: “Pòt lanfè yo p ap gen vikwa sou nou; wi, epi Senyè Bondye a ap dispèse pouvwa tenèb yo devan nou, epi l ap fè syèl yo souke pou byen nou, ak pou laglwa non li” (D&A 21:6). Lè nou fè sa pwofèt nou mande nou pou nou fè, benediksyon devèse sot nan syèl la.

Pou l ka kanpe, vrè Legliz la dwe “bati sou fondasyon apot ak pwofèt yo, men se Jezikri li menm ki kenbe kò kay la kanpe byen fèm” (Efezyen 2:20). Nan mond ensèten sa a, nou beni paske nou gen yon pwofèt ke Senyè a revele volonte li.

- Ki eksperyans ou te fè lè w te obeyi konsèy pwofèt la?

## Ekriti adisyonèl

- Nonb 12:6 (Bondye pale pa lentèmedyè pwofèt yo)
- 1 Samyèl 9:9 (pwofèt la rele vwayan)
- Amòs 3:7 (Bondye revele sekre li bay pwofèt yo)
- Mozya 8:16–18 (yon vwayan kapab konnen bagay ki pase ak bagay ki gen pou vini)
- Lik 1:70 (Bondye pale pa lentèmedyè pwofèt yo)
- D&A 45:10, 15 (Bondye pale jodi a menmjan ak nan ansyen tan an)
- 1 Nefi 22:2 (tout bagay revele a pwofèt yo pa Lespri a)
- D&A 68:3–5 (lè sèvitè Senyè a pale sou enspirasyon Sentespri a, se espri Senyè a, volonte Senyè a, ak vwa Senyè a)
- D&A 107:65–67, 91–92 (devwa Prezidan legliz la)
- D&A 43:1–7 (se sèl pwofèt la ki ka resevwa revelasyon pou Legliz la)

---

**Pou enstriktè yo:** Pataje eksperyans ak rann temwayaj envite Lespri a. Lè w ap fini leson sa a, panse pou pataje yon eksperyans ou te fè lè w ou te suiv konsèy Prezidan Legliz la. Pataje temwayaj ou konsènan pwofèt vivan an.

# Ekriti yo

## Chapit 10

---

### Ekriti yo disponib pou nou jodi a

- Ki kèk benediksyon nou resevwa jodi a paske ekriti yo si aksesib konsa?

Lè sèvitè Senyè a pale oubyen ekri sou enfliyans Sentespri a, pawòl yo vin ekriti (gade D&A 68:4). Depi nan kòmansman an, Senyè a te kòmande pwofèt li yo pou yo kenbe yon rejis sou revelasyon li ak rapò li avèk pitit li yo. Li te di: “Paske m kòmande tout moun, ni nan lès ak nan lwès, ni nan nò ak nan sid, e nan zile yo ki sou lanmè, pou yo ekri pawòl m pale ba yo; paske se nan liv ki pral ekri yo m pral jije mond lan, chak moun dapre zèv li, dapre sa ki ekri” (2 Nefi 29:11).

Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo aksepte kat liv kòm ekriti: Bib la, Liv Mòmon an, Doktrin ak Alyans yo, ak Pèl Gran Pri a. Liv sa yo rele liv kanonik Legliz la. Pawòl pwofèt vivan nou yo aksepte kòm ekriti tou.

#### *Bib la*

Bib la se yon koleksyon ekri sakre ki gen revelasyon Bondye bay lòm. Ekri sa yo kouvri plizyè syèk, soti nan tan Adan an rive nan epòk kote Apot Jezikri yo te viv. Yo te ekri pa anpil pwofèt ki te viv nan epòk diferan nan istwa mond lan.

Bib la divize an de seksyon: Ansyen Testaman ak Nouvo Testaman. Anpil pwofesi nan Ansyen Testaman an te predi vini yon Sovè ak Redanmtè. Nouvo Testaman an rakonte lavi Sovè ak Redanmtè sa

---

**Pou enstriktè yo:** Pou ankouraje diskisyon sou kat liv kanonik yo, ou gen dwa bay chak manm klas la oubyen manm fanmi yo yon nimewo ant 1 ak 4. Mande sa ki gen nimewo 1 yo kisa chapit sa a anseye konsènan Bib la, sa ki gen nimewo de yo pou yo li kisa chapit sa a anseye konsènan Liv Mòmon an, sa ki gen nimewo 3 yo pou yo li sa chapit sa a anseye konsènan Doktrin ak Alyans yo, epi sa ki gen nimewo 4 yo pou li sa chapit sa a anseye konsènan Pèl Gran Pri a. Apresa mande yo pou yo pataje sa yo te aprann.





a, ki se Kris la. Li pale de etablisman Legliz li an nan epòk sa a tou.  
 “Nou kwè Bib la se pawòl Bondye toutotan li tradui kòrèkteman”  
 (Atik Lafwa yo 1:8).

Pa lentèmedyè Pwofèt Joseph Smith, Senyè a te elaji konpreyansyon nou sou kèk pasaj nan Bib la. Senyè a te enspire Pwofèt Joseph pou retabli verite nan tèks Bib la ki te pèdi yo oswa ki te chanje yo depi lè yo te ekri pawòl orijinal yo. Koreksyon enspire sa yo rele Joseph Smith-Tradiksyon Bib la. Nan edisyon vèsyon Bib Wa Jak la pou Sen Dènye Jou yo, nou jwenn pasaj seleksyone nan Tradiksyon Joseph Smith la nan paj 797–813 ak nan plizyè referans.

### *Liv Mòmmon an*

Liv Mòmmon an se yon anal sakre konsènan kèk moun ki te viv nan kontinan Ameriken an ant apeprè 2000 A.K. ak A.D. 400. Li gen ple-nitid levanjil Jezikri a (gade D&A 20:9; 42:12; 135:3). Liv Mòmmon an pale sou vizit Jezikri te fè moun ki t ap viv nan kontinan Ameriken yo toutsuit apre Rezirèksyon li.

Joseph Smith te tradui Liv Mòmmon an an Anglè pa don ak pouvwa Bondye. Li te di ke “se liv ki pi kòrèk pase tout lòt liv sou tè a, e li se fondman relijyon nou an, e si yon moun swuiv presèp liv la, l ap vin pi pre Bondye pase si l swuiv presèp nenpòt lòt liv” (entwodiksyon Liv Mòmmon an).

Prezidan Ezra Taft Benson te ede nou konprann kijan Liv Mòmmon an se fondman relijyon nou an. Li te di:

“Gen twa bagay ki montre nan ki fason Liv Mòmmon an se fondman relijyon nou an. Li se fondman temwayaj nou konsènan Kris la. Li se fondman doktrin nou. Li se fondman temwayaj nou.

“Liv Mòmmon an se fondman nan temwayaj nou konsènan Jezikri, ki li menm se wòch fondasyon tout bagay nou fè. Li rann temwayaj konsènan reyalite li avèk puisans ak klète. . . .

“Li elaji konpreyansyon nou sou doktrin sali yo. . . . Liv Mòmmon an . . . te ekri pou epòk pa nou an. . . . Ladan [l] nou jwenn yon modèl pou prepare pou Dezyèm Vini an. . . .

“ . . . Liv Mòmmon an anseye nou la verite [epi] li rann temwayaj konsènan Kris la. . . . Men gen yon bagay anplis. Gen yon pouvwa nan liv la ki ap kòmmanse devèse antre nan lavi ou nan moman ou kòmmanse yon etid serye sou liv la. W ap jwenn pi gwo pouvwa pou reziste anba tantasyon. W ap jwenn pouvwa pou evite twonpri. W ap jwenn pouvwa pou rete sou chemen etwat ak kwense a. Ekriti yo rele ‘pawòl lavi,’ epi pa gen okenn kote sa pi vre pase nan Liv Mòmmon an. . . . ‘Chak Sen Dènye Jou ta dwe fè etid liv sa a vin yon objektif pou tout yon lavi’ ” (nan Conference Report, Okt. 1986, 4–7; oswa *Ensign*, Nov. 1986, 5–7; site Marion G. Romney, nan Conference Report, Avr. 1980, 90; oswa *Ensign*, Me 1980, 67).

### *Doktrin ak Alyans*

Doktrin ak Alyans yo se yon koleksyon revelasyon modèn. Nan seksyon 1 Doktrin ak Alyans yo, Senyè a revele ke liv la bibliye pou moun ki abite latè yo kapab prepare pou vini l la:

“Se poutèt sa, vwa Senyè a ale jisnan bout tè a, pou tout moun ki vle tande kapab tande:

“Pare nou, pare nou pou sa ki pral rive a, paske Senyè a pre” (D&A 1:11–12).

Liv sa a gen revelasyon konsènan Legliz Jezikri a jan li te retabli nan dènye jou yo. Plizyè seksyon liv la eksplike òganizasyon Legliz la epi defini ofis Prèttriz yo ak fonksyon yo. Lòt seksyon, tankou seksyon 76 ak 88, gen verite gloriye ki te pèdi pou mond lan pandan dè santèn ane.

Gen lòt, tankou seksyon 29 ak 93, ki bay limyè sou ansèyman ki nan Bib yo.

Epitou, gen kèk seksyon, tankou seksyon 133, gen pwofesi sou evenman ki gen pou vini. Bondye kòmande nou pou n etidye revelasyon l yo nan liv sa a: “Sonde kòmandman sa yo, paske yo vrè epi yo fidèl, epi pwofesi ki ladan yo pral akonpli nèt” (D&A 1:37).

### *Pèl Gran Pri a*

Pèl Gran Pri a gen liv Moyiz la, liv Abraram nan, ak kèk ekri enspire Joseph Smith. Liv Moyiz la gen yon resi kèk vizyon ak ekri Moyiz

---

yo, ke yo te revele bay Pwofèt Joseph Smith. Li klarifye doktrin ak ansèyman ki te pèdi nan Bib yo epi li bay plis enfòmasyon sou Kreyasyon tè a.

Liv Abraram nan te tradui pa Pwofèt Joseph Smith apati yon woulo papiris ki te soti nan katakonb Ejipsyen yo. Liv sa a gen enfòmasyon enpòtan sou Kreyasyon an, sou levanjil la, nati Bondye, ak Prètriz la.

Ekri Joseph Smith yo gen yon pati nan tradiksyon enspire Bib la pa Joseph Smith la, ekstrè ki soti nan *Istwa Legliz la*, li te ekri a ak nan Atik Lafwa yo.

- Ki istwa nan ekriti yo ki te enspire ou? Ki ansèyman nan liv ekriti sa yo ki te ede ou?

### **Pawòl Pwofèt vivan nou yo**

Anplis kat liv ekriti sa yo, pawòl enspire pwofèt vivan nou yo vin tounen ekriti pou nou tou. Nou resevwa pawòl yo atravè konferans, revè *Liahona* oswa *Ensign*, ak enstriksyon dirijan Prètriz lokal yo. “Nou kwè tout bagay Bondye te revele, ak tout bagay li revele kounyeya, epi nou kwè li pral revele anpil gwo bagay ki enpòtan ankò konsènan Wayòm Bondye a” (Atik Lafwa 1:9).

- Ki kote nou ka jwenn pawòl pwofèt vivan nou yo?

### **Etidye ekriti yo**

- Ki benediksyon nou ka resevwa lè nou etidye ekriti yo?

Nou dwe etidye ekriti yo chak jou. Nou dwe pataje verite sa yo avèk pitit nou yo. Nou dwe li liv kanonik yo avèk pitit nou yo pou yo ka aprann renmen yo ak itilize yo pou yo jwenn verite ki ladan yo.

Si nou vle evite mal mond sa a, nou dwe nouri lespri nou avèk verite ak jistis ki nan ekriti yo. N ap rapwoche pi pre Bondye epi nou youn ap rapwoche pi pre lòt si nou li ak medite ekriti yo ansanm.

Si nou li, medite, ak priye sou ekriti yo epi nou mande Bondye pou nou konprann yo, Sentespri a ap rann nou temwayaj konsènan verasite bagay sa yo. Nou chak ap vin konnen pou tèt pa nou ke bagay sa yo vrè. Moun p ap kapab twonpe nou (gade Joseph

Smith—Matye 1:37). Nou kapab resevwa menm santiman Nefi te ekspriye yo lè l te di: “Gade, nanm mwen pran plezi nan bagay Senyè a yo; e kè m medite tout tan sou bagay m te tande ak wè yo” (2 Nefi 4:16).

- Kijan nou ka kenbe angajman nou pou etidye ekriti yo chak jou? Panse pou n planifye yon tan ak yon espas pou etid ekriti yo chak jou.

### **Ekriti adisyonèl**

- 1 Nefi 14:20–26 (pwofèt yo resevwa lòd pou yo ekri)
- 1 Nefi 19:1–3, 6–7; Alma 37:1–8 (gran valè ekriti yo)
- 2 Nefi 33:10 (ekriti yo temwaye de Kris la)
- Alma 29:8 (Senyè a pale ak tout nasyon atravè ekriti yo)
- Alma 31:5; Elaman 3:29–30 (pawòl Bondye a puisan)
- Elaman 15:7–8 (ekriti yo fè nou vin fèm ak inebranlab nan lafwa)
- 2 Timote 3:16–17; 1 Nefi 19:21–24 (poukisa ak kijan yo banou ekriti yo)
- 2 Pyè 1:20; Alma 13:20; D&A 10:62 (ekriti yo klarifye vrè pwen doktrin yo)
- D&A 128:18; Atik Lafwa 1:9; 1 Nefi 14:25–26 (gen ekriti ki gen pou vini)
- 2 Nefi 29:3–10 (ekriti pou Juif yo ak Janti yo)

# Lavi Kris la

## Chapit 11

---

### **Lavi Kris la te predi lontan anvan nesans li**

Chak moun ki vin sou tè a konte sou Jezikri pou kenbe pwomès li te fè nan syèl la pou l vin Sovè nou an. San li menm, plan Sali a t ap echwe. Paske misyon li te nesèsè, tout pwofèt soti nan Adan rive nan Kris la te temwaye ke l t ap vini (gade Travay 10:43). Tout pwofèt apre Kris yo te temwaye ke li te vini. Nou tout bezwen etidye lavi Sovè a epi suiv li fidèlman pandan tout lavi nou.

Adan te aprann ke non Sovè a se t ap Jezikri (gade Moyiz 6:51–52). Endòs te wè ke Jezi t apral mouri sou kwa a epi resisite apres a (gade Moyiz 7:55–56). Nowe ak Moyiz te temwaye konsènan li tou (gade Moyiz 1:11; 8:23–24). Apeprè 800 ane anvan Sovè a te fèt sou tè a, Ezayi te pwofetize sou lavi li. Lè Ezayi te wè doulè ak soufrans Sovè a ta pral pase pou peye pri pou peche nou yo, li te di:

“Nou pa t gade li menm, tout moun te vire do ba li. Li te soufri anpil, li te tout tan nan gwo lapenn. . . .

“ . . . Men se soufrans nou ta gen pou nou soufri a li t ap soufri pou nou. . . .

“Se pou peche nou kifè yo te mete san l deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze l anba kou konsa. . . .

“Yo te maltrete l, men li menm se bese li te bese tèt li ase. Tankou yon ti mouton y ap mennen nan labatwa” (Ezayi 53:3–5, 7).

Nefi te fè yon vizyon sou nesans Sovè a ak misyon li tou. Li te wè yon bèl fi vyèj, epi yon zanj te eksplike: “Gade, vyèj ou te wè a se manman Pitit Gason Bondye a, dapre kò fizik la” (1 Nefi 11:18).

---

**Pou enstriktè yo:** Chapit sa a pwobabman gen anpil bagay ke ou pap gen tan kouvri nan klas la. Lè w ap etidye li nan preparasyon ou pou anseye, chèche gidans Lespri a pou detèmine ki pati ki ap pi ede moun w ap anseye yo.



Après Nefi te wè vyèj la kenbe yon pitit nan bra li. Zanj lan te deklare: “Men Ti Mouton Bondye a, wi, Pitit Gason Papa Etènèl la menm!” (1 Nefi 11:21).

Apre 124 ane anvan Jezi te fèt, Wa Benjamen, yon lòt pwofèt Nefit, te wè lavi Sovè a tou:

“Paske, gade, tan an ap vini, e li pa lwen, Senyè Toupisan an k ap gouvène a, ki te egziste e ki egziste depi nan letènite jouk nan letènite a, pral desann sòti nan syèl la avèk pouvwa, nan pami pitit lèzòm, e li pral rete nan yon kò fizik, e li pral nan pami lèzòm, pou l fè gwo mirak, tankou geri malad, resisite mò, fè moun paralyze mache, fè moun ki avèg wè ankò, fè moun ki soud tande, epi geri tout kalite maladi.

“Epi li pral chase dyab, oubyen move lespri yo ki rete nan kè pitit lèzòm yo.

“Epi li pral soufri tantasyon, ak doulè fizik, ak grangou, ak swaf, ak fatig plis pase lèzòm kapab soufri san yo pa mouri; san menm sòti nan chak twou swè li yo, tèlman li pral soufri pou mechanste ak abominasyon pèp li a.

“Epi yo pral rele li Jezikri, Pitit Gason Bondye a, Papa syèl la ak tè a, Kreyatè tout bagay depi nan kòmansman; e yo pral rele manman li Mari” (Mozya 3:5–8).

- Ki kèk ansyen pwofesi ou konnen konsènan Jezikri?

### **Li sete Sèl Pitit Literal Papa a**

- Kisa Jezikri te eritye nan men Papa li? Kisa li te eritye nan men manman li?

N ap jwenn istwa nesans ak lavi Sovè a nan Nouvo Testaman an nan liv Matye, Mak, Lik, ak Jan. Apati resi moun sa yo nou aprann ke Jezi te fèt, pitit yon vyèj yo te rele Mari. Li te fiyanse avèk Jozèf pou yo te marye lè yon zanj Senyè a te parèt devan li. Zanj lan te di li ke li ta pral manman Pitit Gason Bondye a. Li te mande li kijan sa te fè posib (gade Lik 1:34). Zanj lan te reponn: “Sentespri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, pitit ki pral fèt la pral viv apa



pou Bondye, ya rele l Pitit Bondye a” (Lik 1:35). Konsa, Bondye Papa a te vin Papa Literal Jezikri.

Jezi se sèl moun sou tè a ki te fèt pa yon manman mòtèl ak yon Papa imòtèl. Se poutèt sa li rele Sèl Pitit Gason Literal la. Li te eritye pouvwa diven Papa l yo. Nan manman li li te eritye mòtalite epi li te sibi grangou, swaf, fatig, doulè, ak lanmò. Okenn moun pa t ap kapab pran lavi Sovè a si l pa t vle. Li te gen pouvwa pou bay lavi li ak pouvwa pou reprann kò li ankò apre lanmò. (Gade Jan 10:17–18.)

### **Li te mennen yon lavi pafè**

- Kisa lavi Sovè a vle di pou nou?

Depi lè l te piti, Jezi te obeyi tout sa Papa nou ki nan Syèl la te mande li. Sou direksyon Mari ak Jozèf, Jezi te grandi menmjan tout lòt timoun grandi. Li te renmen laverite epi li te obeyi. Lik di nou: “Pitit la menm t ap grandi, li t ap devlope. Li te gen kont lespri l, epi favè Bondye te avèk li” (Lik 2:40; gade tou D&A 93:12–14).

Rive nan moman l te gen 12 an, Jezi te rive konprann ke yo te voye li pou l te fè volonte Papa li. Li te ale Jerizalèm avèk paran li. Lè paran l te retounen lakay, yo te dekouvri ke li pa t avèk gwoup yo a.

Yo te retounen Jerizalèm pou yo t al chèche li. “Aprè twa jou yo te jwenn ni nan tanp lan, chita nan mitan doktè lalwa yo, epi yo t ap koute li, epi yo t ap poze l kesyon” (Joseph Smith Tradiksyon, Lik 2:46). “Epi tout moun ki te tandè li te etone pou konpreyansyon li ak repons li” (Lik 2:47).

Jozèf ak Mari te soulaje lè yo te jwenn ni, men “yo te etone: epi manman l te di li, Pitit Gason mwen, poukisa ou fè nou sa? Se pa ti chèche papa ou avè m nou pa chèche ou.” Jezi te reponn ni, li te di: “Nou pa t konnen fò k mwen okipe zafè Papa mwen [ki nan syèl la]?” (Lik 2:48–49).

Pou l te ranpli misyon li, Jezi te oblije fè volonte Papa li ki nan Syèl la. Li te deklare: “Mwen pa fè anyen poukont mwen. Se sèlman sa Papa a montre m mwen di. . . . Mwen toujou fè sa k fè l plezi” (Jan 8:28–29).

Lè Jezi te gen 30 an, li t al jwenn Jan Batis pou l te batize nan Rivyè Jouden an. Jan te ezite pou l batize Jezi paske li te konnen ke Jezi te pi gwo moun pase li. Jezi te mande Jan pou te batize li pou kapab “fè tout sa Bondye mande.” Jan te batize Sovè a, li te plonje l konplètman nan dlo a. Lè Jezi te fin batize, Papa l te pale soti nan syèl la, li te di; “Sa se pitit Gason mwèn renmen anpil la, ki fè kè m kontan anpil.” Sentespri a te desann, jan siy kolonb la endike a. (Gade Matye 3:13–17.)

Tou suit apre Jezi te fin batize, li te jèn pandan 40 jou ak 40 nuit pou l te avèk Bondye. Apresa, Satan te vini pou tante li. Jezi te reziste byen fèm anba tout tantasyon Satan yo epi apre li te kòmande Satan pou l ale. (Gade Matye 4:1–11; gade tou Joseph Smith Tradiksyon, Matye 4:1, 5–6, 8–9, 11.) Jezikri te rete san peche, sèl moun pafè ki te janm mache sou tè a (gade Ebre 4:15; 1 Pyè 2:21–22).

- Ki resi sou lavi Sovè a ki espesyalman siyifikan pou ou?

### **Li te anseye nou kijan pou nou youn renmen ak sèvi lòt**

- Nan ki fason Sovè a anseye nou kijan pou nou youn renmen ak sèvi lòt?

Apre ke l te fin jèn epi tante pa Satan an, Jezi te kòmanse ministè piblik li. Li te vin sou tè a non sèlman pou l te mouri pou nou men tou pou l te anseye nou kijan pou nou viv. Li te anseye ke gen de kòmandman ki pi konsekan: premye a, se pou ou renmen Bondye avèk tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide; epi dezyèm nan, se pou ou renmen pwochen ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou (gade Matye 22:36–39). Lavi li se yon egzanp sou fason nou dwe obeyi de kòmandman sa yo. Si nou renmen Bondye, n ap gen konfyans nan li epi n ap obeyi li, jan Jezi te fè. Si nou renmen pwochen nou, n ap ede yo satisfè bezwen fizik ak espirityèl yo.

Jezi te pase lavi li ap sèvi lòt moun. Li te geri yo anba maladi. Li te fè avèg wè, moun soud tande, kokobe mache. Yon fwa pandan l t ap geri moun malad, li te vin ta epi moun yo te grangou. Olye l te voye yo ale, li te beni senk pen ak de pwason epi li te fè yon mirak pou te nourri yon miltitud 5.000 moun. (Gade Matye 14:14–21.) Li

te anseye ke kèlkeswa lè nou rankontre moun ki grangou, ki frèt, ki toutouni, oubyen ki nan solitud, nou dwe ede yo tout jan nou kapab. Lè nou ede lòt moun, se Senyè a n ap sèvi. (Gade Matye 25:35–46.)

Jezi te renmen lòt moun avèk tout kè li. Souvan kè li te konn sitèlman ranpli ak konpasyon ke l te konn kriye. Li te renmen timoun piti yo, granmoun yo, ak moun senp ak enb yo ki te gen lafwa nan li yo. Li te renmen moun ki te peche yo, epi avèk gwo konpasyon li te anseye yo pou yo repanti epi vin batize. Li te anseye: “Se mwen menm ki chemen an, se mwen menm ki verite a, se mwen men ki lavi a” (Jan 14:6).

Jezi te renmen moun ki te peche kont li yo epi ki pa t repantan yo. Epi nan fen lavi li, pandan ke l te kloure sou kwa a, li te priye Papa a pou sòlda yo ki te krisifye l yo, li te di: “Papa, padone yo; paske yo pa konn sa y ap fè” (Lik 23:34). Li te anseye: “Men kòmmandman m ap ba nou: se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an” (Jan 15:12).

- Nan ki fason nou kapab montre Senyè a nou renmen li?

### **Li te òganize sèl vrè Legliz la**

- Poukisa Sovè a te òganize Legliz li a epi òdone Apot yo?

Jezi te vle yo anseye tout moun sou tout tè a levanjil li a, konsa li te chwazi douz Apot pou temwaye de li. Yo sete premye dirijan Legliz li a. Yo te resevwa otorite pou aji nan non li ak pou fè tout sa yo te wè l fè yo. Moun ki te resevwa otorite nan men yo te kapab anseye, batize, ak akonpli lòt òdonans nan non li tou. Apre lanmò li, yo te kontinye fè travay li jiskaske moun yo te vin sitèlman mechan ke yo te touye Apot yo.

### **Li te rachte nou anba peche epi li te sove nou anba lanmò**

- Pandan w ap etidye seksyon sa a, pran tan pou w medite sou evenman Ekspyasyon yo.

---

**Pou enstriktè yo:** Meditasyon envite Lespri a. Anvizaje pou mande manm klas la oswa manm fanmi yo pou yo li de dènye seksyon yo nan chapit la an silans, pandan y ap panse sou santiman yo pou Sovè a. Apresa envite moun ki santi yo konfòtab pou fè sa yo pataje panse yo avèk klas la.

Prèske nan fen ministè mòtèl li, Jezi te prepare l pou l te fè dènye sakrifis la pou tout peche limanite a. Yo te kondane li pou l te mouri paske li te temwaye bay moun yo ke li sete Pitit Gason Bondye.

Jou swa anvan Krisifiksyon l lan, Jezi te ale nan yon jaden yo te rele Jetsemani. Toutsuit li te anvayi pa yon gwo tristès epi li te kriye pandan l t ap priye. Yon Apot nan dènye jou yo, Orson F. Whitney te jwenn pèmisyon pou l te wè soufrans Sovè a nan yon vizyon. Li te wè Sovè a k t ap kriye, li te di: “Mwen te sitèlman anvayi pa emosyon ke mwen te kriye tou, avèk anpil konpasyon. Kè m te ranpli avèk konpasyon pou li; mwen te renmen li avèk tout nanm mwen, epi mwen te vle rete nan prezans li e m pa t bezwen anyen ankò” (“The Divinity of Jesus Christ,” *Improvement Era*, Jan. 1926, 224–25; gade tou *Ensign*, Des. 2003, 10). Jezi “te ale yon ti kras pi lwen, li te lage kò l fas atè, li te lapriyè konsa: “O Papa mwen. Sis a te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a” (Matye 26:39).

Nan yon revelasyon modèn Sovè a te dekri kijan soufrans li yo te ye, li te di ke yo te lakoz li te “tranble anba doulè, epi senyen nan chak twou swè nan kò mwen, epi te fè m soufri nan ni kò m ni nan lespri m” (D&A 19:18). Li te soufri “dapre kò fizik la” kote l te pran doulè, maladi, enfimite, ak peche pèp li a sou tèt pa l (gade Alma 7:10–13). Okenn moun mòtèl pa ka konprann pwa fado sa a. Okenn lòt moun pa ka andire kalite agoni nan kò ak lespri sa a. “Li te desann pi ba pase tout bagay . . . pou l te kapab nan tout bagay epi pa mwayen tout bagay, limyè verite a” (D&A 88:6).

Men soufrans li pa t ko fini. Nan jou apre a, yo te bat Jezi, yo te imilye li, yo te krache sou li. Yo te oblije l pote pwòp kwa li; epi apresya yo te leve epi yo te kloure li. Yo te tòtire li nan youn nan fason pi kriyèl lòm te janm envante. Apre l te fin soufri sou kwa a, li te kriye nan agoni: “Bondye, Bondye, poukisa ou lage m konsa?” (Mak 15:34). Nan lè k te pi anmè pou Jezi a, Papa a te retire kò li pou Jezi te kapab fini soufri pou peche tout limanite pou Jezi te kapab gen viktwa total sou fòs peche ak lanmò yo (gade James E. Talmage, *Jésus le Christ*, 3rd ed. [1916], 660–61).

Lè Sovè a te konnen ke sakrifis li a te aksepte pa Papa a, li te di avèk yon gwo vwa: “Tout bagay fini” (Jan 19:30). “Papa, mwen remèt lespri mwen nan men ou” (Lik 23:46). Li te bese tèt li epi li te volontèman bay lespri li. Sovè a te mouri. Yon gwo tranblemandtè te sekwe tè a.

Kèk zanmi te pran kò Sovè a pote l nan yon tonm, kote li te rete jiska twazyèm jou a. Pandan tan sa a espri li te ale nan mond lespri a pou l te òganize travay misyonè pou lòt espri yo ki te bezwen resevwa levanjil li a (gade 1 Pyè 3:18–20; D&A 138). Nan twazyèm jou a, yon Dimanch, li te retounen al nan kò li epi li te reprann ni ankò. Li sete premye moun ki te venk lanmò. Pwofesi a te akonpli “li te gen pou l te leve soti vivan nan pami mò yo” (Jan 20:9).

Tout suit apre Rezirèksyon li, Sovè a te parèt devan Nefit yo epi li te tabli Legliz li a nan kontinan Ameriken an. Li te anseye moun yo epi l te beni yo. N ap jwenn resi emouvan sa a nan 3 Nefi 11 rive 28.

### **Sakrifis li a te montre lanmou li pou Papa li ak pou nou**

Jezi te anseye: “Pa gen pi bon jan pou ou montre jan ou renmen zanmi ou pase lè ou bay lavi ou pou yo.

Nou tout se zanmi m nou ye, depi nou fè sa m mande nou fè” (Jan 15:13–14). Li te volontèman epi enbleman pase pa doulè nan Jetsemane a ak soufrans sou kwa a pou nou te kapab resevwa tout benediksyon plan Sali yo. Pou resevwa benediksyon sa yo, nou dwe vin jwenn ni, repanti pou peche nou yo, epi renmen li avèk tout kè nou. Li te di:

“E se levanjil sa a m te ba nou—m te vin nan mond lan pou m fè volonte Papa m, paske Papa m te voye m.

“Epi Papa m te voye m pou yo te kapab leve m sou kwa a, e apre yo fin leve m sou kwa a pou m kapab atire tout moun kote m . . . pou yo jije pou zèv yo. . . .

“Paske nou dwe fè zèv nou te wè m fè yo. . . .

“Se poutèt sa, ki kalite moun nou dwe ye? Anverite, m di nou, *menmjan avèk mwen*” (3 Nefi 27:13–15, 21, 27; italik ajoute).

- Ki sa ou santi lè w ap medite sou sakrifis Sovè a fè pou ou a?

**Ekriti adisyonèl ak lòt sous**

- 2 Nefi 25:12 (Sèl Pitit Literal Papa a nan lachè)
- Moyiz 6:57 (Jezikri rele Sèl Pitit Literal la)
- Matye, Mak, Lik, Jan (lavi ak ansèyman Jezikri)
- Matye 10:1–8; Lik 9:1–2 (Apot yo te òdone avèk pouvwa ak otorite)
- Matye 26–28; Mak 14–16; Lik 22–24; Jan 18–20 (Jezi nan jaden an; trayi, krisifye, epi resisite)
- “Kris vivan an: temwayaj Apot yo,” *Ensign*, Avr. 2000, 2–3



# Ekspyasyon an

## Chapit 12

---

### Ekspyasyon an nesesè pou Sali nou

- Poukisa Ekspyasyon an nesesè pou Sali nou?

Jezikri “te vin nan mond lan . . . pou mond lan te kapab krisifye l, epi pou l pote peche mond lan, epi pou l sanktifye mond lan, epi pou l netwaye l anba tout enjistis” (D&A 76:41–42).

Gwo sakrifis li te fè pou peye pou peche nou yo ak pou simonte lanmò a rele Ekspyasyon. Se evenman ki pi enpòtan ki janm rive nan istwa limanite: “Reyèlman li nesesè pou ekspyasyon an te fèt; paske dapre gwo plan Bondye Etènèl la, yon ekspyasyon dwe fèt; san sa, tout mond lan t ap peri kanmèm; . . . wi, tout moun tonbe epi yo pèdi, epi yo dwe peri si se pa t pou ekspyasyon an ki te dwe fèt” (Alma 34:9).

Chit Adan an te pote de kalite lanmò nan mond lan: lanmò fizik ak lanmò espiritiyèl. Lanmò fizik se separasyon kò a avèk lespri a. Lanmò espiritiyèl se separasyon avèk Bondye. Si de kalite lanmò sa yo pa t simonte pa Ekspyasyon Jezikri a, yo t ap mennen de konsekans sa yo: kò nou ak espri nou t ap separe ajamè, epi nou pa t ap kapab viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò (gade 2 Nefi 9:7–9).

Men, nan sajès li, Papa nou ki nan Syèl la prepare yon plan mèveye ak mizèrikòdye pou sove nou anba lanmò fizik ak espiritiyèl. Li te planifye pou yon Sovè te vini pou peye pou peche nou yo epi rachte nou anba lanmò. Akoz peche nou yo ak feblès kò mòtèl nou yo, nou pa t ap kapab rachte tèt nou (gade Alma 34:10–12). Moun ki te ap vin Sovè nou an t ap bezwen san peche epi li t ap bezwen gen pouvwa pou simonte lanmò.

---

**Pou enstriktè yo:** Senp tablo ak imaj kapab ede manm klas yo oswa manm fanmi yo konprann prensip yo ak doktrin yo. Panse pou fè yon tablo avèk de kolòn, youn ki rele *Rezilta Chit la* ak yon lòt ki rele *Benediksyon Ekspyasyon an*. Itilize enfòmasyon nan chapit sa a pou ranpli tablo a.



### **Jezi ki te ka peye pou peche nou yo**

- Poukisa Jezi ki te ka peye pou peche nou yo?

Gen plizyè rezon ki fè ke Jezi ki te ka vin Sovè nou. Youn nan rezon yo se ke Papa nou ki nan Syèl la te chwazi li pou l te Sovè a. Li sete Sèl Pitit Gason Literal Bondye epi konsa li te gen pouvwa sou lanmò. Jezi te eksplike: “Mwen bay lavi m, pou m ka resevwa l ankò. Pèsonn pa ka wete lavi m, se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m bay li, mwen gen pouvwa pou m resevwa l ankò” (Jan 10:17–18).

Jezi te kalifye pou l te Sovè nou tou paske li se sèl moun ki te janm viv sou tè a san l pa t fè peche. Sa te rann ni diy pou sakrifye pou peye pou peche lòt yo.

### **Kris la te souffri epi li te mouri pou ekspeye peche nou yo**

- Lè w ap li seksyon sa a, imajine ou menm nan Jaden Jetsemane a oubyen sou kwa a antanke yon temwen soufrans Jezi.

Sovè a te peye pou peche nou yo nan souffri nan Jetsemane ak nan bay lavi li sou kwa a. Li enposib pou nou totalman konprann kijan li te souffri pou tout peche nou yo. Nan Jaden Jetsemane a, pwa peche nou yo te lakoz li te santi sitèlman doulè ke l te senyen nan tout two swè kò li (gade D&A 19:18–19). Nan apre, pandan l te sou kwa a, Jezi te souffri yon lanmò atwòs pa youn nan metòd ki pi kriyèl lòm konnen.

Ala renmen Jezi renmen nou, pou l souffri kalite agoni espiyèl ak fizik sa a pou nou! Ala gran amou Papa nou ki nan Syèl la gran pou l rive voye Sèl Pitit Literal li a pou souffri ak mouri pou rès pitit li yo. “Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p ap pèdi lavi yo. Okontrè ya gen lavi ki p ap janm fini an” (Jan 3:16).

### **Ekspeyasyon an ak Rezirèksyon an pote rezirèksyon pou tout moun**

Nan twazyèm jou apre Krisifiksyon l lan, Kris la te reprann kò li ankò epi li te vin premye moun ki te resisite. Lè zanmi l yo t al chèche li, zanj yo ki t ap veye tonm ni an te di yo: “Li pa isit la;

---

paske li leve vivan jan l te di a” (Matye 28:6). Lespri li te reantre nan kò li, pou l pa janm separe avèk li ankò.

Konsa, Kris la te venk lanmò fizik. Gras avèk Ekspyasyon l lan, tout moun ki fèt sou tè a ap resisite (gade 1 Korentyen 15:21–22). Menmjan Jezi te resisite a, espri nou apral reyini avèk kò nou ankò, “pou yo kapab pa janm mouri ankò . . . , pou yo pa janm separe ankò” (Alma 11:45). Kondisyon sa a rele imòtalite. Tout moun ki te viv ap resisite, “ni gran moun ak jèn moun, ni esklav ak lib, ni gason ak fi, ni mechan ak jis” (Alma 11:44).

- Nan ki fason konesans ou sou Rezirèksyon an te ede ou?

### **Ekspyasyon an rann posib pou moun ki gen lafwa nan Kris yo sove anba peche yo**

- Panse sou fason parabol la nan seksyon sa a ede nou konprann Ekspyasyon an. Kiyès moun yo nan parabol la reprezante nan lavi nou?

Ekspyasyon Sovè a rann posib pou nou venk lanmò espiritiyèl. Menmsi tout limanite ap resisite, se sèlman moun ki aksepte Ekspyasyon yo k apral sove anba lanmò espiritiyèl (gade Atik Lafwa 1:3).

Nou aksepte Ekspyasyon Kris la lè nou plase lafwa nou nan li. Atravè lafwa sa a, nou repanti pou peche nou yo, nou batize, nou resevwa Sentespri a, epi nou obeyi kòmandman l yo. Nou vin dispidèl Jezikri. Nou padone epi nou pwòpte soti nan peche epi nou prepare pou n retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la pou tout tan.

Sovè a di nou: “Paske gade, mwen menm Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri . . . tankou m” (D&A 19:16–17). Kris la te fè pati pa l la pou ekspye pou peche nou yo. Pou nou fè Ekspyasyon an totalman efikas nan lavi nou, nou dwe efòse nou pou n obeyi li epi repanti pou peche nou yo.

---

**Pou enstriktè yo:** Leson objè yo kapab ede manm klas yo oswa manm fanmi yo konprann prensip yo ak doktrin yo. Pou eksplike lanmò ak rezirèksyon, panse ak leson objè sa a: mete men ou nan yon gan. Eksplike ke yon men nan yon gan kapab konpare avèk espri yon moun nan kò li. Retire gan an. Eksplike ke se tankou lanmò fizik—espri a (men an) ak kò a (gan an) separe. Apresa mete gan an nan men ou ankò. Eksplike ke se tankou rezirèksyon an—espri a ak kò a reyini.

Prezidan Boyd K. Packer nan Konsèy Douz Apot yo te bay ilistrasyon sa a pou montre kijan Ekspyasyon Kris la rann posib pou nou sove anba peche *si* nou fè pati pa nou an.

“Kite m rakonte nou yon istwa—yon parabòl.

“Yon fwa, te gen yon mesye ki te anvi yon bagay anpil anpil. Sa te parèt pi enpòtan pou li pase tout lòt bagay nan lavi li. Pou l te ka reyalize dezi sa a, li te fè yon gwo dèt.

“Yo te mete l angad kont yon gwo dèt konsa, e patikilyèman kont moun ki t ap prete l kòb la. Men sa te parèt pi enpòtan pou li pou l te fè sa l te vle fè a epi pou l gen sa l te anvi genyen an lamenm. Li te si ke l t ap kapab peye pita.

“Konsa li te siyen kontra a. Li t ap fin peye l nèt yon jou kanmèm. Sa pa t tèlman preyokipe li, paske dat pou l te peye a te sanble l lwen anpil. Li te gen sa l te vle a kounyeya, e se sa k te parèt enpòtan pou li.

“Pretè a te toujou nan tèt li, e li te fè kèk peman senbolik tanzantan, an pansan ke petèt jou règleman kont la pa t ap janm reyèlman rive.

“Men jan sa toujou fèt, jou a te rive, epi kontra a te fini. Dèt la pa t fin peye. Pretè a te parèt epi li te mande pou peye l tout kòb la.

“Se sèlman lè sa a li te reyalize ke pretè a te gen non sèlman pouvwwa pou reprann tout sa li te posede, men li te gen pouvwwa pou te fè mete l nan prizon tou.

Li te di: “Mwen pa ka peye ou, paske mwen pa gen mwayen pou fè sa.’

Pretè a te di: “Enben, nou pral aplike sa ki nan kontra a, n ap pran byen ou, epi ou pral nan prizon. Ou te dakò pou sa. Sete chwa ou. Ou te siyen kontra a, e kounyeya nou dwe aplike li.’

Mesye k te dwe a te sipliyè: “Èske w pa ka ban m yon ti tan ankò oubyen anile dèt la? Chèche yon mwayen pou fè m kenbe sa m genyen yo epi pa al nan prizon. Siman ou kwè nan mizèrikòd? Èske w pap gen mizèrikòd pou mwen?’

“Pretè a te reponn: ‘Mizèrikòd pa toujou ale yon sèl bò. Se ou menm sèlman l ap pwofite. Si m gen mizèrikòd pou ou, m ap rete san touche. Se jistis mwen mande. Èske ou kwè nan jistis?’

“Mesye a te reponn ‘Mwen te kwè nan jistis lè m te siyen kontra a.’ ‘Li te pou mwen lè sa a, paske mwen te panse ke l t ap pwoteje mwen. Mwen pa t bezwen mizèrikòd lè sa a, ni m pa t panse ke m t ap janm bezwen li. Mwen te panse, jistis t ap sèvi nou toulède.’

“Pretè a te reponn ‘Se jistis ki mande pou ou peye kontra a oubyen sibi konsekans la.’ ‘Sa se lalwa. Ou te dakò avèk li e se konsa l dwe ye. Mizèrikòd pa ka depouye jistis.’

“Epi sete konsa: youn t ap mande pou aplike jistis, lòt la t ap mande mizèrikòd. Youn nan yo pa t kapab genyen san l pa t deranje lòt la.

“Pretè a te di: ‘Si w pa anile dèt la pap gen mizèrikòd.’

“Lòt la te reponn ‘Si m fè sa, pap gen jistis.’

“Aparaman, de lwa yo pa t kapab satisfè an menm tan. Sete de idyal etènèl ki te parèt an kontradiksyon youn ak lòt. Èske li enposib pou jistis totalman satisfè, ak mizèrikòd tou?

“Gen yon mwayen! Lwa jistis la *kapab* totalman satisfè epi mizèrikòd *kapab* totalman akòde—men sa mande yon lòt moun. E se konsa sa te fèt fwa sa a.

“Moun ki te fè dèt la te gen yon zanmi. Li te vini pou ede. Li te konnen moun ki te prete a byen. Li te konnen ke l pa t wè lwen. Li te konsidere l ensanse paske l te mete tèt li nan yon sitiyaasyon konsa. Men, li te vle ede li paske l te renmen li. Li te kanpe nan mitan yo, li te afwonte pretè a, epi l te fè l òf sa a.

“M ap peye dèt la si ou libere mesye a anba kontra l la pou l kapab kenbe byen l yo epi pou l pa ale nan prizon.

“Pandan pretè a t ap panse sou òf la, medyatè a te ajoute: ‘Ou te mande jistis. Si l pa ka peye ou, mwen menm m ap fè sa. Ou pral trete avèk jistis e ou pa ka mande plis. Sa pa t ap jis.’

“Epi se konsa pretè a te dakò.

“Medyatè a te vire gade moun ki te prete a. ‘Si m peye dèt ou a, èske w ap akseptè mwen kòm pretè ou?’

“Li te reponn ‘O wi, wi.’ ‘Ou sove m anba prizon e ou montre mizèrikòd pou mwen.’

“Byenfetè a te reponn: ‘Enben, ou pral peye dèt ou gen pou mwen an e mwen pral fikse kondisyon yo. Li pa pral fasil, men li pap enposib. M pral ba w yon mwayen. Ou pap bezwen al nan prizon.’

“Epi sete konsa yo te peye pretè a tout kòb li. Yo te trete l avèk jistis. Okenn kontra pa t kraze.

“Moun ki te gen dèt la, bò kote pa li, te resevwa mizèrikòd. Tou de lwa yo te satisfè. Paske te gen yon medyatè, jistis te reklame pati pa l la totalman, epi mizèrikòd te satisfè totalman” (nan Conference Report, Avr. 1977, 79–80; oubyen *Ensign*, Me 1977, 54–55).

Peche nou yo se dèt espiryèl nou. San Jezikri, ki se Sovè nou ak Medyatè nou, nou tout t ap gen pou peye pou peche nou yo kote nou t ap soufri lanmò espiryèl. Men gras avèk li, si nou respekte kondisyon l yo, ki se repanti ak respekte kòmandman l yo, nou kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Sa mèveye ke Kris la ba nou yon mwayen pou nou kapab geri anba peche nou yo. Li te di:

“Gade, m te vini nan mond lan . . . pou m sove mond lan anba peche. “Se poutèt sa, tout moun ki repanti e ki vin jwenn mwen tankou yon timoun piti, m ap resevwa l; paske se pou moun konsa wayòm Bondye a ye. Gade, se pou moun konsa m te bay lavi m, e m te repran lavi m ankò; se poutèt sa, repanti, vin jwenn mwen, tout kwen tè a, epi vin sove” (3 Nefi 9:21–22).

- Medite sou kijan ou kapab montre gratitud pou don Ekspyasyon an.

### **Ekriti adisyonèl**

- Alma 34:9–16 (Ekspyasyon an nesèsè; sakrifis Bondye)
- 2 Nefi 9:7–12 (Ekspyasyon an sove nou anba lanmò fizik ak espirityèl)
- Women 5:12–17 (pa yon moun lanmò vini, pa yon moun lavi vini)
- Elaman 14:15–18 (bi lanmò Jezi a)
- Atik Lafwa 1:3 (tout moun kapab sove)
- 1 Pyè 1:18–20 (Jezi te preòdone)
- Matye 16:21 (sakrifis Jezi a te nesèsè)
- Lik 22:39–46 (soufrans Jezi nan jaden an)
- 1 Jan 1:7 (Jezi pwòpte nou anba peche)
- 2 Nefi 9:21–22 (Sovè te soufri pou tout moun)
- Mozya 16:6–8 (rezirèksyon an posib sèlman atravè Jezi)
- Alma 11:40–45; Mòmmon 9:12–14 (tout moun ap resisite)
- Ezayi 1:18 (peche yo ap vin blan)
- 1 Korentyen 15:40–44; Alma 40:23 (deskripsyon Rezirèksyon an)



# Prètriz la

## Chapit 13

---

### **Kisa Prètriz la ye?**

Prètriz la se pouvwa etènèl ak otorite Bondye. Atravè Prètriz la li te kreye ak gouvène syèl yo ak tè a. Pa pouvwa sa a inivè a rete nan lòd pafè. Atravè pouvwa sa a li akonpli travay li ak glwa li, ki se “reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

Papa nou ki nan syèl la delege pouvwa Prètriz li a bay manm gason diy yo nan Legliz la. Prètriz la pèmèt yo aji nan non Bondye pou sali fanmi imen an. Atravè li yo kapab otorize pou preche levanjil la, administre òdonans Sali yo, ak gouvène wayòm Bondye a sou tè a.

- Panse ak kisa sa vle di pou Bondye pèmèt gason ak tigason diy yo detni Prètriz li a.

### **Poukisa nou bezwen Prètriz la sou tè a?**

Nou dwe gen otorite Prètriz la pou aji nan non Bondye lè nou akonpli òdonans sakre levanjil yo, tankou batèm, konfimasyon, administrasyon Sentsèn nan, ak maryaj nan tanp. Si yon moun pa gen Prètriz la, menmsi li gen dwa sensè, Senyè a p ap rekonèt òdonans li akonpli (gade Matye 7:21–23; Atik Lafwa 1:5). Òdonans enpòtan sa yo kapab akonpli sou tè a pa moun ki gen Prètriz la.

Mesye yo bezwen Prètriz la pou prezide nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo ak pou dirije travay legliz la kisa sa vle di nan mond lan. Lè Kris la te viv sou tè a, li te chwazi Apot li yo epi li te òdone

---

**Pou enstriktè yo:** Chapit sa a òganize an sis antèt. Chak antèt se yon kesyon sou Prètriz la. Ou ka itilize kesyon sa yo kòm gid pou leson w lan. Si klas la gen ase plas pou pèmèt ti gwoup diskisyon, panse pou divize manm klas yo an gwoup de rive kat. Bay chak gwoup youn nan seksyon yo nan chapit la (nan gwo klas, ou gen dwa asiyen yo a plis pase yon gwoup. Fè chak gwoup fè bagay sa yo: (1) Li epi pale sou seksyon ou te ba yo a. (2) Chèche ekriti ki ede reponn kesyon nan antèt seksyon an. (3) Pataje eksperyans pèsònèl ki anrapò avèk seksyon an. Epi apresya mande manm klas yo pou yo pataje kèk nan eksperyans sa yo avèk tout klas la.



yo pou yo te kapab dirije Legliz li a. Li te ba yo pouvwa ak otorite Prètriz la pou aji nan non li. (Gade Mak 3:13–15; Jan 15:16.)

Yon lòt rezon ki fè nou bezwen Prètriz la sou tè a se pou nou kapab konprann volonte Senyè a ak akonpli objektif li yo. Bondye revele volonte li bay reprezantan otorize nan Prètriz li a sou tè a, pwofèt la. Pwofèt la, ki se Prezidan Legliz la, sèvi kòm pòtpawòl Bondye pou tout manm Legliz yo ak tout moun sou tè a.

- Poukisa li esansyèl pou yon moun gen bon otorite a lè l ap akonpli yon òdonans?

### **Kijan gason yo resevwa Prètriz la?**

Senyè a te prepare yon fason byen detèmine pou yo bay pitit gason l yo Prètriz li a sou tè a. Yon manm gason diy nan Legliz la resevwa Prètriz la “pa enpozisyon men, nan men moun ki gen otorite, pou preche Levanjil la epi pou administre òdonans Levanjil yo” (Atik Lafwa 1:5).

Sa se menm fason gason yo te konn resevwa Prètriz la nan tan lontan, menm nan epòk Moyiz la: “Pèsòn pa ka bay tèt li grad sa a, men se Bondye sèlman ki ka rele yon moun nan plas sa a, jan sa te fèt pou Aawon” (Ebre 5:4). Aawon te resevwa Prètriz la nan men Moyiz, dirijan Prètriz li (gade Egzòd 28:1). Se sèl moun ki detni Prètriz la ki kapab òdone lòt moun, e yo ka fè sa sèlman lè l otorize pa moun ki gen kle pou òdinasyon sa a (gade chapit 14 nan liv sa a).

Gason yo pa ka achte ni vann pouvwa ak otorite Prètriz la. Ni yo pa ka pran otorite sa a sou tè yo. Nan Nouvo Testaman an nou li konsènan yon mesye ki te rele Simon ki t ap viv lè Apot Kris yo t ap prezide sou Legliz la. Simon te vin konvèti epi li te batize nan Legliz la. Paske li te yon majisyen abil, moun yo te kòmanse kwè ke l te gen pouvwa Bondye. Men Simon pa t gen Prètriz la, epi li te konnen sa.

Simon te konnen ke Apot yo ak lòt dirijan Prètriz yo nan Legliz la te gen vrè pouvwa Bondye a. Li te wè yo itilize Prètriz yo a pou fè travay Senyè a, e li te vle gen pouvwa sa a. Li te mande pou l t achte Prètriz la. (Gade Travay 8:9–19.) Men Pyè, chèf Apot yo, te

di: “Al mouri ansanm ak tout lajan ou lan! Sa Bondye fè kado, ou kwè moun ka achte sa ak lajan?” (Travay 8:20).

- Poukisa li enpòtan pou “pèsòn pa ka bay tèt li grad sa a [Prèttriz la]?”

### **Kòman gason yo kòrèkteman itilize Prèttriz la?**

Prèttriz la dwe itilize pou beni lavi pitit Papa nou yo ki nan Syèl la isit la sou tè a. Detantè Prèttriz yo dwe prezide nan lanmou ak jantiyès. Yo pa dwe fòse fanmi yo ak lòt moun obeyi yo. Senyè a di nou ke pouvwa Prèttriz yo pa kapab kontwòle ni manipile san se pa avèk prensip lajistis (gade D&A 121:36). Lè nou eseye itilize Prèttriz la pou pou akeri richès oswa laglwa oubyen pou tout lòt rezon egoyis, “gade, syèl la wete tèt li; Lespri Senyè a atriste; epi lè Bondye wete l, Amèn pou Prèttriz la oubyen otorite nonm sa a” (D&A 121:37).

Lè yon moun itilize Prèttriz la “pou pèsyade, avèk pasyans, avèk jantiyès, dousman, epi avèk amou enfayib” (D&A 121:41), li kapab fè anpil bagay mèveye pou fanmi li ak lòt moun. Li ka batize, konfime, ak administre Sentsèn lè l otorize pa moun ki detni kle pou òdonans sa yo. Li ka beni moun malad. Li ka bay fanmi li benediksyon Prèttriz pou ankouraje yo ak pwoteje yo lè yo gen bezwen espesyal. Li ka ede lòt fanmi avèk òdonans ak benediksyon sa yo tou lè yo mande l pou fè sa.

Gason yo itilize otorite Prèttriz la pou prezide nan Legliz la nan apèl tankou prezidan branch, evèk, prezidan kowòm, prezidan pye, ak prezidan misyon. Gason ak fi ki gen pozisyon nan Legliz la kòm ofisye ak enstriktè yo travay sou direksyon dirijan Prèttriz yo ak sou gidans Sentespri a.

### **Ki benediksyon nou resevwa lè nou itilize Prèttriz la kòrèkteman?**

Senyè a pwomèt gwo benediksyon pou detantè Prèttriz jis ki itilize Prèttriz la pou beni lòt moun:

“Aprè sa konfyans ou ap grandi anpil nan prezans Bondye; epi doktrin Prèttriz la ap koule nan nanm ou tankou lawouze ki soti nan syèl la.

“Sentespri a ap konpayon ou tout tan, pwoteksyon ou san chanje, pwoteksyon lajistis ou ak verite ou; epi dominasyon ou ap yon dominasyon etènèl, epi san presyon l ap koule vin jwenn ou pou toujou ajamè” (D&A 121:45–46).

Prezidan David O. McKay te pwomèt chak moun ki itilize Prèttriz la nan lajistis ke “l ap jwenn plis lajwa nan lavi li, l ap gen plis disènman pou l ka deside rapidman ant sa ki byen ak sa ki mal, l ap gen santiman dousè ak konpasyon, men lespri fò ak vanyan pou defann sa ki byen; l ap jwenn yon sous bonè ki pa p janm fini nan prèttriz la—yon sous dlo lavi ki ap kondi li mennen nan lavi etènèl” (*Teachings of Présidents of the Church: David O. McKay* [2003], 116).

- Ki kèk benediksyon nou resevwa atravè Prèttriz la?

### **Ekriti adisyonèl**

- D&A 84; 107 (revelasyon sou Prèttriz la, enkli sèman ak alyans Prèttriz la nan D&A 84:33–40)
- D&A 20:38–67 (eksplikasyon responsablite prèttriz yo)

# Òganizasyon Prètriz la

## Chapit 14

---

### Prètriz la sou tè a jodi a

Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo gouvène pa Prètriz la. Prètriz la, ki toujou asosye avèk travay Bondye, “te kontinye nan legliz Bondye a nan tout jenerasyon yo, epi li san kòmansman jou ni finisman ane yo” (D&A 84:17). Li sou tè a jodi a. Gason jèn ak granmoun batize antre nan Legliz la, epi lè yo jije yo diy yo òdone yo nan prètriz la. Yo ba yo otorite pou aji pou Senyè a ak pou fè travay li sou tè a.

### De pati nan Prètriz la

- Kijan Prètriz Aawon ak Mèlkisedèk yo jwenn non yo?

Prètriz la divize an de pati: Prètriz Mèlkisedèk ak Prètriz Aawon (gade D&A 107:1). “Yo rele premye a Prètriz Mèlkisedèk . . . paske Mèlkisedèk te tèlman yon gran prèt ekstraòdinè.

“Anvan epòk li a li te rele *Prètriz Sen an, dapre lòd Pitit Gason Bondye a*.

“Men, pa respè oubyen reverans pou non Èt Siprèm nan, pou evite repetisyon non li twò souvan, yo, legliz la ki nan ansyen tan an, te rele prètriz sa a dapre non Mèlkisedèk, oubyen Prètriz Mèlkisedèk la” (D&A 107:2–4; italic nan original la).

Prètriz ki pi piti a depann de Prètriz sa a. Li rele Prètriz Aawon paske yo te konfere li bay Aawon ak pitit gason l yo atravè tout jenerasyon yo. Moun ki detni Prètriz Aawon yo gen otorite pou administre òdonans eksteryè Sentsèn ak batèm yo. (Gade D&A 20:46; 107:13–14, 20.)

---

**Pou enstriktè yo:** Itilize kesyon nan kòmansman seksyon an pou kòmanse yon diskisyon ak pou voye manm klas yo oswa manm fanmi yo nan tèks la pou y al jwenn plis enfòmasyon. Itilize kesyon ki nan fen seksyon an pou ede manm klas yo oswa manm fanmi yo medite ak diskite sou siyifikasyon sa yo te li a ak aplike li nan lavi yo.



Moun ki detni Prèttriz Mèlkisedèk yo gen pouvwa ak otorite pou dirije Legliz la ak dirije predikasyon levanjil la nan tout pati nan mond lan. Yo administre tout travay espiyèl Legliz la (gade D&A 84:19–22; 107:8). Yo dirije travay ki fèt nan tanp yo; yo prezide sou pawas, branch, pye, ak misyon. Pwofèt Senyè a chwazi a, Prezidan Legliz la, se gran prèt k ap prezide sou Prèttriz Mèlkisedèk la (gade D&A 107:65–67).

### **Kle yo nan Prèttriz la**

- Ki diferans ki genyen ant prèttriz la ak kle prèttriz yo? Ki dirijan prèttriz ki resevwa kle?

Gen yon diferans ant òdone nan yon ofis nan Prèttriz la ak resevwa kle Prèttriz yo. Prezidan Joseph F. Smith te anseye:

“Prèttriz la an jeneral se otorite yo bay lòm pou aji pou Bondye. Chak moun ki òdone nan yon degre nan Prèttriz la gen otorite sa a ke yo delege ba li.

“Men li nesèsè pou chak aksyon ki akonpli pa otorite sa a akonpli nan bon moman an ak nan bon kote a, nan bon fason an, ak nan bon bon lòd la. Pouvwa pou dirije tach sa yo konstitye *kle* Prèttriz yo. Gen yon sèl moun ki alafwa kenbe tout kle yo nèt, se pwofèt ak prezidan legliz la. Li gen dwa delege yon pati nan pouvwa sa a bay yon lòt moun, nan ka sa a moun sa a gen kle travay patikilye sa a. Konsa, prezidan yon tanp, prezidan yon pye, evèk yon pawas, prezidan yon misyon, prezidan yon kowòm, yo chak detni kle travay ki akonpli nan kò oswa domèn patikilye sa a. Prèttriz li a pa ogmante pa tach espesyal; . . . pa egzanp, prezidan yon kowòm ansyen pa gen plis Prèttriz pase nenpòt lòt manm yo nan kowòm sa a. Men li gen pouvwa pou dirije travay ofisyèl ki akonpli nan . . . kowòm nan, oubyen nou ka di, li gen *kle* pou pati sa a nan travay sa a” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph F. Smith* [1998], 141; italik nan original la).

- Nan ki fason kle Prèttriz yo pwoteje Legliz la?

## Ofis ak responsablite Prètriz Aawon yo

- Nan ki fason detantè Prètriz Aawon yo sèvi?

Lè yo konfere yon gason oswa yon tigason Prètriz Aawon an, li òdone nan yon ofis nan prètriz sa a. Ofis nan Prètriz Aawon yo se dyak, enstriktè, prèt, ak evèk. Chak ofis gen devwa ak responsablite. Chak kowòm prezide pa yon prezidan kowòm, ki anseye manm yo devwa yo epi mande yo pou ranpli tach yo.

Kèk gason antre nan Legliz la oubyen vin aktif apre yo fin pase laj abityèl pou resevwa ofis yo nan prètriz sa a. Yo abityèlman òdone nan yon ofis nan Prètriz Aawon an epi yo ka byen vit vin òdone nan lòt ofis yo si yo rete diy.

### *Dyak*

Yon jènjan ki batize ak konfime kòm manm Legliz la epi ki diy kapab òdone nan ofis dyak lè l gen 12 an. Dyak yo abityèlman gen tach pou distribye Sentsèn bay manm Legliz yo, kenbe bilding Legliz yo ak depandans yo nan bon eta, aji kòm mesaje dirijan Prètriz yo, ak akonpli tach espesyal tankou ranmase ofrann jèn.

### *Enstriktè*

Yon jènjan ki diy kapab òdone kòm enstriktè lè l gen 14 an oubyen pi gran. Enstriktè yo gen tout devwa, dwa, ak pouvwa ofis dyak yo plis lòt. Enstriktè nan Prètriz Aawon yo dwe ede manm Legliz yo viv kòmandman yo (gade D&A 20:53–59). Pou ede ranpli responsablite sa a, yo abityèlman asiye pou sèvi kòm enstriktè nan fwaye. Yo vizite kay manm Legliz yo epi ankouraje yo pou yo viv prensip levanjil yo. Yo kòmande yo pou yo anseye verite levanjil yo apati ekriti yo (gade D&A 42:12). Enstriktè yo prepare pen an ak dlo a pou sèvis Sentsèn nan tou.

### *Prèt*

Yon jènjan diy kapab òdone kòm prèt lè l gen 16 an oswa pi gran. Prèt yo gen tout devwa, dwa, ak pouvwa ofis dyak ak enstriktè yo plis kèk lòt. (gade D&A 20:46–51). Yon prèt kapab batize. Li ka administre Sentsèn tou. Li ka òdone lòt prèt, enstriktè, ak dyak.

Yon prèt kapab dirije reyinyon yo si pa gen okenn detantè Prètriz Mèlkisedèk ki prezan. Li dwe preche moun bò kote li levanjil la.

### *Evèk*

Yon evèk òdone epi mete apa pou prezide sou Prètriz Aawon an nan yon pawas. Li se prezidan kowòm prèt yo (gade D&A 107:87–88). Lè l ap aji nan ofis Prètriz Aawon an, evèk la okipe l dabò de bagay tanporèl yo, tankou jere finans ak rejis ak direksyon swen pou bay pòv yo ak moun ki nan bezwen yo (gade D&A 107:68).

Yon evèk òdone kòm gran prèt tou pou l kapab prezide sou tout manm yo nan pawas la (gade D&A 107:71–73; 68:15). Yon evèk se yon jij nan Izrayèl (gade D&A 107:74) epi li entèvyouve manm yo pou rekòmandasyon tanp, òdinasyon nan Prètriz, ak lòt bezwen. Li gen dwa a don disèman.

- Èske w konn resevwa benediksyon atravè sèvis detantè Prètriz Aawon yo?

### **Ofis ak responsablite Prètriz Mèlkisedèk la**

- Nan ki fason detantè Prètriz Mèlkisedèk yo sèvi?

Ofis Prètriz Mèlkisedèk yo se ansyen, gran prèt, patriyach, Swasanndis, ak Apot.

### *Ansyen*

Ansyen yo aple pou yo anseye, entèprete, egzòte, batize, ak veye sou Legliz la (gade D&A 20:42). Tout detantè Prètriz Mèlkisedèk yo se ansyen. Yo gen otorite pou konfere don Sentespri a pa enpozisyon men (gade D&A 20:43). Ansyen yo dwe dirije reyinyon Legliz yo selon jan Sentespri a enspire yo (gade D&A 20:45; 46:2). Ansyen yo ka administre malad yo (gade D&A 42:44) ak beni timoun piti yo (gade D&A 20:70). Ansyen yo ka prezide sou reyinyon Legliz yo lè pa gen gran prèt ki prezan (D&A 107:11).

### *Gran Prèt*

Yon gran prèt resevwa otorite pou ofisye nan Legliz la ak administre bagay espirityèl yo (gade D&A 107:10, 12). Li ka ofisye nan tout lòt ofis ki pi piti yo tou (gade D&A 68:19). Prezidan pye, prezidan



mision, manm gran konsèy, evèk, ak lòt dirijan Legliz yo òdone kòm gran prèt.

### *Patriyach*

Patriyach yo òdone pa Otorite Jeneral yo, oubyen pa prezidan pye lè yo otorize pa Konsèy Douz yo, pou bay manm Legliz yo benediksyon patriyakal. Benediksyon sa yo ba nou kèk konpreyansyon sou apèl nou sou tè a. Yo se pawòl Senyè a pou nou pèsonèlman. Patriyach yo òdone kòm gran prèt tou. (Gade D&A 107:39–56.)

### *Swasanndis*

Swasanndis yo se temwen espesyal Jezikri pou mond lan epi yo ede nan bati ak jere Legliz la sou direksyon Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo (gade D&A 107:25, 34, 38, 93–97).

### *Apot*

Yon Apot se yon temwen espesyal non Jezikri nan tout mond lan (gade D&A 107:23). Apot yo administre zafè Legliz yo nan tout mond lan. Moun ki òdone nan ofis Apot yo nan Prètriz Mèlkisedèk la abityèlman mete apa kòm manm Kolèj Douz Apot yo. Yo ba yo chak tout kle wayòm Bondye a sou tè a, men se sèlman Apot ki pi ansyen an, ki se Prezidan Legliz la, ki egzèsè tout kle yo aktivman. Lòt yo aji sou direksyon li.

- Èske ou konn beni atravè sèvis detantè Prètriz Mèlkisedèk yo?

### **Kowòm Prètriz Aawon yo**

Senyè a te bay enstriksyon pou detantè Prètriz yo òganize an kolèj. Yon kolèj oswa kowòm se yon gwoup frè ki detni menm ofis nan Prètriz la.

Gen twa kowòm nan Prètriz Aawon an:

1. Kowòm dyak yo, ki ka atenn jiska 12 dyak (gade D&A 107:85). Prezidans kowòm dyak la aple pa evèk la ki chwazi li pami manm kowòm yo.

2. Kowòm enstriktè yo, ki ka atenn jiska 24 enstriktè (gade D&A 107:86). Prezidans kowòm enstriktè yo aple pa evèk la ki chwazi li pami manm kowòm yo.
3. Kowòm prèt yo, ki ka atenn jiska 48 prèt (gade D&A 107:87–88). Li prezide pa evèk pawas la kote kowòm nan ye a. Evèk la se yon gran prèt epi konsa li menm tou li apatni ak kowòm gran prèt yo.

Lè kantite ki endike pou yon kowòm nan depase, kowòm nan dwe divize.

### **Kolèj Prètriz Mèlkisedèk yo**

Nan nivo jeneral Legliz la, manm Premye Prezidans yo fòme yon kolèj, menmjan ak Douz Apot yo tou. Swasanndis yo òganize an kolèj tou.

Nan nivo lokal Legliz la—nan pawas ak branch ak pye ak distri—detantè prètriz Mèlkisedèk yo òganize an kowòm sa yo:

#### *Kowòm ansyen*

Chak kowòm ansyen “tabli pou ofisye ki sou plas; sepandan, yo kapab vwayaje, malgre yo te òdone kòm ofisye ki sou plas nan legliz mwen an” (D&A 124:137). Yo fè pifò nan travay yo tou pre kote yo abite a. Kowòm nan ka rive jiska 96 ansyen, prezide pa yon prezidans kowòm. Lè kantite sa a depase, kowòm nan dwe divize.

#### *Kolèj Gran Prèt yo*

Chak kolèj konpoze pa tout gran prèt ki abite andedan limit yon pye, enkli patriyach ak evèk. Prezidan pye a ak konseye l yo se prezidans kolèj sa a. Gran prèt nan yon pawas òganize an gwoup avèk yon dirijan gwoup.

### **Enpòtans kolèj Prètriz yo**

- Nan ki fason kolèj Prètriz yo ede fòtifye moun envidiyèlman ak fanmi yo?

Lè l òdone nan prètriz la, yon gason oswa yon tigason otomatikman vin manm yon kowòm prètriz. Pandan tout lavi li, yo atann ke l fè

pati yon kowòm prèttriz selon ofis li (gade Boyd K. Packer, “What Every Elder Should Know—and Every Sister as Well: A Primer on Principles of Priesthood Government,” *Ensign*, Fev. 1993, 9).

Si yon kowòm Prèttriz ap fonksyone kòrèkteman, manm kowòm sa a ap ankouraje, beni, entegre, epi dirijan yo ap anseye yo levanjil la. Menmsi yo releve yon gason nan apèl li nan Legliz la, tankou enstriktè, prezidan kowòm, evèk, manm gran konsèy, oswa prezidan pye, li kontinye apatni a kowòm ni. Lefèt ke w manm nan yon kolèj Prèttriz la dwe konsidere kòm yon privilèj sakre.

### **Oksilyè yo nan Prèttriz la**

- Nan ki fason oksilyè yo nan Prèttriz la ede fòtifye moun yo endividyalman ak fanmi yo?

Tout òganizasyon nan Legliz la travay sou direksyon dirijan Prèttriz yo epi ede yo akonpli travay Senyè a. Pa egzanp, prezidans òganizasyon Sosyete Sekou, Jènfi, Jènjan, Primè, ak Lekòldidimanch nan yon pawas sèvi sou direksyon episkopa a. Òganizasyon sa yo rele oksilyè prèttriz la.

- Ki wòl ou genyen pèsònèlman nan ede kolèj prèttriz yo ak oksilyè yo reyisi?

### **Ekriti adisyonèl**

- Alma 13:1–19 (fason yo òdone gason yo nan prèttriz la)
- Matye 16:19; D&A 68:12 (Apot yo gen kle ak pouvwa prèttriz yo; sa yo sele sou tè a sele nan syèl la)
- D&A 20:38–67 (devwa ansyen, prèt, enstriktè, dyak)
- D&A 84; 107 (revelasyon sou prèttriz la)
- 1 Korentyen 12:14–31 (tout ofis nan prèttriz la enpòtan)

# Pèp alyans Senyè a

## Chapit 15

---

### **Nati alyans yo**

- Kisa yon alyans ye? Poukisa Sen Dènnye Jou yo rele yon pèp alyans?

Depi nan kòmansman, Senyè a te fè alyans avèk pitit li yo sou tè a. Lè pèp li a fè alyans (oswa pwomès) avèk li, yo konn kisa li vle yo akonpli ak ki benediksyon yo ka resevwa nan men li. Yo ka pi byen akonpli travay li a sou tè a. Pèp ki fè alyans avèk Senyè a epi Senyè a fè alyans avèk li rekoni kòm pèp alyans Senyè a. Manm Legliz yo fè pati pèp alyans Senyè a.

Nan tèm levanjil la, yon alyans vle di yon akò sakre oubyen yon pwomès resipwòk ant Bondye ak yon moun oswa yon gwoup moun. Lè l fè yon alyans, Bondye pwomèt yon benediksyon pou obeyisans pou sèten kòmandman. Li fikse kondisyon alyans li yo, epi li revele kondisyon sa yo bay pwofèt li. Si nou chwazi obeyi kondisyon alyans lan, nou resevwa benediksyon ki pwomèt yo. Si nou chwazi pa obeyi, li retire benediksyon yo, e nan kèk ka, li bay yon pinisyon tou.

Pa egzanp, lè nou antre nan Legliz la nou fè plizyè alyans avèk Bondye (gade chapit 20 nan liv sa a). Nan moman batèm nou, nou fè alyans avèk Sovè a pou n pran non li sou tèt nou. Li pwomèt ke “tout moun ki repanti epi ki batize nan non mwen, ki se Jezikri a, epi ki pèsèvere jiska lafen, se moun sa yo k ap sove” (D&A 18:22). Nou fè alyans avèk Senyè a lè nou pran Sentsèn nan (gade chapit 23 nan liv sa a). Nou pwomèt pou n pran non li sou tèt nou, pou nou sonje li, ak obeyi kòmandman l yo. Li pwomèt nou ke Sentespri a ap avèk nou. (Gade D&A 20:77–79.) Lè nou resevwa òdonans tanp yo, nou fè lòt alyans sakre tou epi yo pwomèt nou egzaltasyon pou obeyisans fidèl nou (gade D&A 132; gade chapit 47 nan liv sa a tou).

---



Bondye fè alyans espesyal avèk kèk moun oswa kèk gwoup moun patikilye tou. Li te fè alyans espesyal avèk Adan, Enòk, Nowe, pitit Izrayèl yo, ak Leyi (gade Moyiz 6:31–36, 52; Jenèz 9:9–17; Egzòd 19:5–6; 2 Nefi 1). Li te fè yon alyans espesyal avèk Abraram ak desandan l yo ki pote benediksyon bay tout manm Legliz yo ak tout nasyon sou tè a jodi a.

- Panse sou alyans ou te fè avèk Bondye ak benediksyon li te pwomèt ou paske ou respekte alyans sa yo.

### **Alyans Bondye avèk Abraram ak desandan l yo**

- Kisa alyans Abraramik la ye?

Abraram, yon pwofèt Ansyen Testaman an, sete yon moun trè jis (gade foto nan chapit sa a). Li te refize adore idòl papa l yo. Li te respekte tout kòmandman Senyè a. Akoz ladwati Abraram, Senyè a te fè yon alyans avèk li memn ak desandan l yo.

Senyè a te pwomèt Abraram ke li t ap gen desandan inonbrab. Li te pwomèt li ke yo tout t ap gen posiblite pou resevwa levanjil la, benediksyon prèttriz yo, ak tout òdonans egzaltasyon yo. Atravè pou-vwa Prèttriz la, desandan sa yo t ap gen pou pote levanjil la bay tout nasyon. Pa mwayen yo, tout fanmi sou tè a ap beni (gade Abraram 2:11). Bondye te pwomèt li tou ke si yo te jis, li t ap etabli alyans li avèk tout jenerasyon pitit Abraram yo (gade Jenèz 17:4–8).

- Nan ki fason kòmandman ak pwomès nan alyans Abraramik yo aplike pou nou? (Konsidere kijan kesyon sa yo aplike nan dife-ran kote, tankou lakay, nan travay, nan kominote, oswa antanke misyonè.)

### **Manm Legliz yo se yon pèp alyans**

- Ki benediksyon ak responsablite ki mache avèk pèp alyans Bondye a jodi a?

Desandan dirèk Abraram yo se pa sèl pèp Bondye rele pèp alyans. Pandan l t ap pale avèk Abraram, Bondye te di: “Tout moun ki pral pote Levanjil sa a pral pote non ou, epi yo pral konte kòm

---

**Pou enstriktè yo:** Ou ka ede manm klas yo oswa manm fanmi yo panse pi pwofondeman sou yon kesyon ou ba yo tan pou yo medite. Lè yo fin gen ase tan, mande repons yo.

desandan [linye] ou, epi yo pral leve pou yo beni w kòm papa yo” (Abraram 2:10). Konsa, de gwoup moun enkli nan alyans ki te fèt avèk Abraram nan: (1) desandan dirèk Abraram yo ak (2) moun ki adopte nan linye li lè yo aksepte ak viv levanjil Jezikri a (gade 2 Nefi 30:2).

Lè nou batize nan Legliz la, nou antre nan alyans Senyè a te fè avèk Abraram, Izaak, ak Jakòb la (gade Galat 3:26–29). Si nou obeyisan, nou eritye benediksyon alyans sa a. Nou gen dwa pou n resevwa èd ak gidans nan men Sentespri a. Gason diy yo gen dwa pou detni Prètriz la. Fanmi yo ka resevwa benediksyon Prètriz la. Nou ka gen lavi etènèl nan wayòm selès la. Pa gen pi gwo benediksyon pase sa yo.

Ansanm avèk benediksyon sa yo nou resevwa a antanke pèp alyans Senyè a, nou gen gwo responsablite. Senyè a te pwomèt Abraram ke pa mwayen desandan l yo levanjil la ta pral jwenn tout moun sou tè a. Nou ranpli responsablite sa a atravè pwogram misyonè aplentan nan Legliz la ak travay misyonè ki fèt pa manm yo. Opòtinite sa a pou preche levanjil la bay tout moun nan mond lan apatni sèlman a Legliz Senyè a ak pèp alyans li a.

Antanke pèp alyans Senyè a, nou dwe respekte kòmandman l yo. Senyè a di: “Mwen menm, Senyè a, m anba obligasyon lè nou fè sa m di; men, lè nou pa fè sa m di, nou pa gen pwomès” (D&A 82:10). Si nou rejte alyans nou yo apre nou fin aksepte levanjil la, alyans lan vin anile epi n ap kondane devan Bondye (gade D&A 132:4). Li te di: “Pa fè peche pou jijman kriyèl pa tonbe sou tèt nou. Paske yon moun ki resevwa anpil, y ap mande l anpil; epi yon moun ki peche kont pi gwo limyè a, l ap resevwa pi gwo kondanasyon an” (D&A 82:2–3).

### **Nouvo alyans etènèl la**

- Kisa nou pwomèt pou n fè lè nou aksepte levanjil la? Ki benediksyon Papa nou ki nan Syèl la ba nou lè nou kenbe pwomès sa yo?

Plenitid levanjil la rele nouvo alyans etènèl la. Ladan li gen alyans nou te fè nan batèm yo, pandan Sentsèn nan, nan tanp, ak tout lòt lè. Senyè a rele l etènèl paske li òdone pa yon Bondye etènèl epi

paske li p ap janm chanje. Li te fè menm alyans sa a avèk Adan, Enòk, Nowe, Abraram, ak lòt pwofèt yo. Nan sans sa a li pa nouvo. Men Senyè a rele l nouvo paske chak fwa levanjil la retabli apre li te fin anlve sou tè a, li nouvo pou moun ki resevwa l yo (gade Jeremi 31:31–34; Ezekyèl 37:26)

Lè nou aksepte nouvo alyans etènèl la, nou dakò pou nou repanti, batize, resevwa Sentespri a, resevwa òdonans nou yo, resevwa alyans maryaj nan tanp lan, epi suiv ak obeyi Kris la jiska lafen lavi nou. Si nou kenbe alyans nou yo, Papa nou ki nan Syèl la pwomèt nou ke n ap resevwa egzaltasyon nan wayòm selès la (gade D&A 132:20–24; gade chapit 47 nan liv sa a tou).

Grandè pwomès sa a difisil pou moun mòtèl konprann. Kòmandman li bay yo se pou byen nou, e si nou fidèl nou kapab pataje benediksyon ak bote syèl yo ak tè a pou tout tan. Nou gen dwa viv nan prezans li epi pataje amou li, konpasyon li, puisans li, grandè li, konesans li, sajès li, glwa li, ak wayòm ni.

- Ki rapò lefèt ke nou se pèp alyans Senyè a genyen avèk fason nou abiye, fason nou aji, ak fason nou respekte kòmandman Bondye yo?

### **Ekriti adisyonèl ak lòt sous**

- 1 Pyè 2:9–10 (yon pèp apa)
- D&A 54:4–6 (rezilta alyans ki respekte ak kraze)
- D&A 132:7 (alyans yo fèt pa bon otorite a)
- D&A 133:57–60 (bi alyans yo)
- D&A 35:24 (pwomès ki genyen nan obeyi alyans yo)
- Ebre 8:6 (Jezikri se medyatè yon pi bon alyans)
- Bible Dictionary, “Covenant,” 651





# Legliz Jezikri a nan ansyen tan yo

## Chapit 16

---

### **Kèk karakteristik ki idantifye Legliz Jezikri a**

“Nou kwè nan menm òganizasyon ki te egziste nan epòk Legliz Primitif la, ki vle di, apot, pwofèt, pastè, enstriktè, evanjelis, eksetera” (Atik Lafwa 1:6).

Jezi te etabli Legliz li a lè l te sou tè a. Li te rele Legliz Jezikri a (gade 3 Nefi 27:8), epi manm yo te rele Sen (gade Efèz 2:19–20).

### *Revelasyon*

Lè Jezikri te tabli Legliz li a, li te enstwi ak dirije dirijan l yo pèsònèlman. Li menm, an retou, li te resevwa enstriksyon nan men Papa li ki nan Syèl la. (Gade Ebre 1:1–2.) Konsa Legliz Jezikri a te dirije pa Bondye e non pa pa lèzòm. Jezi te anseye disip li yo ke revelasyon sete “wòch” sou ki li t ap bati Legliz li a (gade Matye 16:16–18).

Anvan Jezi te monte nan syèl la apre rezirèksyon l lan, li te di Apot yo: “Mwen la avèk nou jiska lafen mond lan” (Matye 28:20). Fidèl ak pawòl sa a, li te kontinye gide yo soti nan syèl la. Li te voye Sentespri a kòm rekonfòtè ak revelatè pou yo (gade Lik 12:12; Jan 14:26). Li te pale avèk Pòl nan yon vizyon (gade Travay 9:3–6). Li te revele Pyè ke levanjil la te dwe anseye non sèlman bay Juif yo men bay tout mond lan (gade Travay 10). Li te revele anpil verite gloriye bay Jan, ki ekri yo nan Liv Revelasyon an. Nouvo Testaman an rakonte anpil lòt mwayen kote Jezi te revele volonte li pou gide Legliz li a ak eklere disip li yo.

---

**Pou enstriktè yo:** Panse pou envite chak manm fanmi ou oubyen klas la pou etidye youn nan sis karakteristik ki idantifye Legliz la—antèt an italik yo tankou *Revelasyon* ak *Otorite nan men Bondye*. (Nan gwo klas yo, ou gen dwa bay plizyè manm menm karakteristik la. Nan fanmi yo ak nan ti klas yo, ou gen dwa bay kèk manm plis pase yon karakteristik.) Lè yo gen tan pou yo te etidye, envite yo pou yo pale sou sa yo te aprann.

### *Otorite nan men Bondye*

Òdonans ak prensip yo nan levanjil la pa kapab administre ni anseye san Prètriz la. Papa a te bay Jezikri otorite sa a (gade Ebre 5:4–6), ki an retou te òdone Apot li yo epi li te ba yo pouvwa ak otorite Prètriz la (gade Lik 9:1–2; Mark 3:14). Li te raple yo: “Se pa nou ki chwazi m, se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa” (Jan 15:16).

Pou te ka gen lòd nan Legliz li a, Jezi te bay Douz Apot yo pi gwo responsablite a ak pi gwo otorite a. Li te nonmen Pyè chèf Apot yo epi l te ba li kle pou sele benediksyon ni sou tè a ni nan syèl la (gade Matye 16:19). Jezi te òdone lòt ofisye nan tach espesifik pou yo te akonpli. Apre l te fin monte nan syèl la, modèl afektasyon ak òdinasyon sa a te kontinye. Lòt moun te òdone nan Prètriz la pa moun ki te deja resevwa otorite sa a. Jezi te fè konnen, pa mwayen Sentespri a, ke li te apwouve òdinasyon sa yo (gade Travay 1:24).

### *Òganizasyon Legliz la*

Legliz Jezikri a sete yon inite ki te òganize avèk swen. Li te konpare ak yon bilding ki te “bati sou fondasyon apot yo ak pwofèt yo, se Jezikri ki gwo wòch ki kenbe kay la kanpe a” (Efezyen 2:20).

Jezi te aple lòt dirijan prètriz pou ede Apot yo nan travay ministè a. Li te voye ofisye k te rele Swasanndis de pa de, pou preche levanjil la (gade Lik 10:1). Lòt ofisye yo nan Legliz la sete evanjelis (patri-yach), pastè (dirijan k ap prezide yo), gran prèt, ansyen, evèk, prèt, enstriktè, ak dyak (gade chapit 14 nan liv sa a). Tout ofisye sa yo te nesèsè pou fè travay misyonè a, akonpli òdonans, epi enstwi ak enspire manm Legliz. Ofisye sa yo te ede manm yo vin nan yon “inite lafwa, ak nan konesans Pitit Bondye a” (Efezyen 4:13).

Bib la pa di nou tout bagay sou Prètriz la oubyen òganizasyon ak gouvènman Legliz la. Sepandan, yon kantite sifizan te prezève nan Bib la pou montre bote ak pèfeksyon òganizasyon Legliz la. Apot yo te resevwa kòmandman pou yo te ale nan tout mon lan pou preche (gade Matye 28:19–20). Yo pa t dwe rete nan yon kote patikilye pou dirije nouvo konvèti yo. Se poutèt sa, yo te aple epi òdone dirijan prètriz lokal epi Apot yo te prezide sou yo. Apot yo

ak lòt dirijan Legliz yo te rann plizyè branch vizit epi yo te ekri lèt voye ba yo. Konsa, Nouvo Testaman nou an gen lèt ki te ekri pa Pòl, Pyè, Jak, Jan, ak Jid, ki bay konsèy ak enstriksyon pou dirijan prèttriz lokal yo.

Nouvo Testaman an montre ke òganizasyon legliz sa a te la pou kontinye. Pa egzanp, lanmò Jida a te fè Apot yo vin onz. Tou suit apre Jezi te fin monte nan syèl la, onz Apot yo te reyini ansanm pou yo te chwazi yon moun pou te pran plas Jida a. Atravè revelasyon yo te resevwa nan men Sentespri a, yo te chwazi Matyas. (Gade Travay 1:23–26.) Jezi te fikse yon modèl pou douz Apot te gouvènè Legliz la. Sete klè ke òganizasyon an te dwe kontinye jan l te etabli l la.

### *Premye prensip ak òdonans*

Apot yo te anseye de prensip debaz: lafwa nan Senyè Jezikri ak repantans. Lè nouvo konvèti yo te akéri lafwa nan Jezikri antanke Pitit Gason Bondye ak Redanmtè yo epi yo te repanti pou peche yo, yo te resevwa de òdonans: batèm pa imèsyon ak enpozisyon men pou bay don Sentespri a (gade Travay 19:1–6). Sa yo sete premye prensip ak òdonans levanjil la. Jezi te anseye: “Pèsòn pa ka antre nan wayòm Bondye a si l pa fèt nan dlo ak nan Sentespri a” (Jan 3:5).

### *Òdonans ki akonpli pou mò yo*

Jezi te prevwa pou chak moun tande levanjil la, keseswa sou tè a oubyen apre lanmò. Nan lespas ant lanmò li ak rezirèksyon l lan, Jezi te ale pami espri moun ki te mouri deja yo. Li te òganize travay misyonè pami moun ki te mouri yo. Li te aple mesaje k te jis epi li te ba yo pouvwa pou anseye levanjil la bay tout espri moun ki te deja mouri yo. Sa te ba yo yon opòtinite pou aksepte levanjil la. (Gade 1 Pyè 3:18–20; 4:6; D&A 138.) Nan epòk sa a, manm vivan yo nan Legliz li a te akonpli òdonans yo nan non moun ki te mouri yo (gade 1 Korentyen 15:29). Òdonans tankou batèm ak konfirmasyon yo te bezwen fèt sou tè a.

### *Don espiyite*

Tout manm fidèl Legliz la te gen dwa pou resevwa don Lespri yo. Yo te ba yo don sa yo selon bezwen, kapasite, ak tach endividyèl yo. Kèk nan don sa yo sete lafwa, enkli pouvwa pou geri ak pou jwenn gerizon; pwofesi; ak vizyon. (Yo pale de don Lespri yo pi detaye nan chapit 22 a.) Don espiyite yo toujou egziste nan vrè Legliz Jezikri a (gade 1 Korentyen 12:4–11; Mowoni 10:8–18; D&A 46:8–29). Jezi te di disip li yo ke siy sa yo oswa don espiyite sa yo toujou swiv moun ki kwè yo (gade Mak 16:17–18). Anpil nan disip li yo te akonpli mirak, pwofetize, oswa fè vizyon pa pouvwa Sentespri a.

- Poukisa Legliz Jezikri a bezwen sis karakteristik sa yo?

### **Legliz Jezikri a nan kontinan ameriken an**

Aprè Jezi te resisite, li te vizite pèp nan kontinan ameriken an epi li te òganize Legliz li a pami yo, li te anseye moun yo pandan twa jou epi apres a li te retounen souvan pandan yon sèten tan apres a (gade 3 Nefi 11–28). Apres a li te kite yo epi li te monte nan syèl la. Pandan plis pase 200 ane yo te viv nan lajistis epi yo te pami moun ki te gen plis kè kontan Bondye te kreye (gade 4 Nefi 1:16).

### **Apostazi soti nan vrè legliz la**

- Kisa tèm *apostazi* a vle di?

Toutolon listwa, moun mechan yo te eseye detwi travay Bondye a. Sa te rive pandan Apot yo te ankò vivan epi yo t ap dirije legliz la ki te jèn epi an plèn kwasans. Kèk manm te anseye ide apati ansyen kwayans payen yo oswa Jwif yo olye de verite senp Jezi te anseye yo. Gen kèk ki te kareman antre an rebelyon. Epitou, te gen pèsikasyon ki te soti andeyò Legliz la. Yo te tòtire manm Legliz yo epi yo te touye yo pou kwayans yo. Yo te touye Apot yo youn apre lòt, oswa yo te retire yo sou tè a. Akòz mechanste ak apostazi, yo te retire otorite apostolik la ak kle prètiz yo sou tè a. Òganizasyon Jezikri te etabli a pa t egziste ankò, e sa te mennen dezòd. Plis anlès erè te antre nan doktrin Legliz la, epi byen vit, Legliz la te vin konplètman detwi. Epòk kote vrè Legliz la pa t egziste ankò sou tè a rele Gran Apostazi.

Byen vit kwayans payen yo te domine panse moun ki te rele kretyen yo. Anperè Women an te adopte fo Krisyanis sa a kòm relijyon leta a. Legliz sa a te diferan de legliz Jezi te òganize a. Li te anseye ke Bondye sete yon moun san fòm ni sibstans.

Moun sa yo te pèdi konpreyansyon sou amou Bondye pou nou. Yo pa t konnen ke nou sete pitit li. Yo pa t konprann bi lavi a. Anpil nan òdonans sa yo te chanje paske prèttriz la ak revelasyon pa t sou tè a ankò.

Anperè a te chwazi pwòp dirijan pa li epi pafwa yo te konn ba yo menm tit ki te itilize pa dirijan prèttriz yo nan vrè Legliz Kris la. Pa t gen Apot ankò ni dirijan Prèttriz ki te gen pouvwa Bondye, e pa t gen don espiyèl ankò. Pwofèt Ezayi te predi sityasyon sa a, kote l te pwofetize: “Tè a te pwofane pa moun ki te abite l yo; paske yo te transgrese lwa yo, yo te chanje òdonans yo, kraze alyans etènèl la” (Ezayi 24:5). Se pa t Legliz Jezikri a ankò; sete legliz lèzòm. Menm non an te chanje. Nan kontinan Ameriken an, apostazi te rive tou (gade 4 Nefi).

### **Yo te predi yon retablisman**

- Ki pwofesi nan Ansyen ak Nouvo Testaman an ki te predi Retablisman an?

Bondye te konnen Apostazi a t ap rive e li te prepare pou levanjil la retabli. Apot Pyè te pale sou sa avèk Juif yo: “Pou l ka voye Jezikri, moun li te chwazi davans pou nou an: ki rete nan syèl la pou kounyeya jiska tan retablisman tout bagay la, ke Bondye te fè konnen pa bouch pwofèt li yo depi nan tan lontan an” (Travay 3:20–21).

Jan Revelatè a te wè epòk kote Legliz la t ap retabli a tou. Li te di: “Mwen te wè yon lòt zanj ki t ap vole byen wo nan syèl la. Li te gen yon bòn nouvèl pou l te bay tout moun ki te rete sou latè a, ak tout nasyon, tout ras, tout lang, tout pèp” (Revelasyon 14:6).

- Poukisa Retablisman an te nesèsè?
- Konsidere benediksyon ou resevwa paske Legliz Jezikri a retabli sou tè a.

### **Ekriti adisyonèl**

- Efezyen 2:19 (manm yo rele Sen)
- 1 Korentyen 12:12–31 (Legliz la konpare ak yon kò)
- Lik 10:1; Travay 14:23; Tit 1:7; 1 Timote 2:7 (ofisye Legliz yo aple)
- Jan 8:26–29 (Papa a dirije Jezi)
- Lik 9:1; Jak 1:17; 5:14–15 (don espartyèl)
- Mozya 27:13 (apostazi vini kòm rezilta transgresyon)
- 2 Pyè 2:1; Matye 24:9–12; Jan 16:1–3; Amòs 8:11; 2 Tesalonisyen 2:3–4 (Apostazi a predi)
- Danyèl 2:44–45; Matye 24:14; Travay 3:19–21; Miche 4:1; Ezayi 2:2–4 (Retablisman an te predi)

# Legliz Jezikri a jodi a

## Chapit 17

---

### **Legliz Jezikri a te soti sou tè a**

- Poukisa yo te retire Legliz Jezikri a sou tè a yon ti tan apre lanmò Sovè a ak Rezirèksyon an?

Lè Jezi t ap viv sou tè a, li te etabli legliz li a, sèl vrè Legliz la. Li te òganize Legliz li a pou yo te ka anseye tout moun verite levanjil yo ak pou òdonans levanjil yo te ka administre avèk otorite. Pa mwawen òganizasyon sa a, Kris la te ka pote benediksyon Sali yo bay tout limanite.

Lè Sovè a te monte nan syèl la, lèzòm te chanje òdonans yo ak doktrin yo li menm ak Apot li yo te etabli yo. Poutèt apostazi, Bondye pa t bay revelasyon dirèk ankò. Vrè Legliz la pa t sou tè a ankò. Lèzòm te òganize diferan legliz ki te pretann ke yo te vrè men ki te anseye doktrin ki te an kontradiksyon. Te gen anpil konfizyon ak kontansyon pou relijyon. Senyè a te prevwa sityasyon apostazi sa yo, li te di ta pral gen “yon grangou sou peyi a, se pa grangou pen, ni swaf pou dlo, men grangou ak swaf pou tande pawòl Senyè a. . . . Moun va . . . chèche pawòl Senyè a, men yo pa p jwenn ni” (Amòs 8:11–12).

- Nan ki fason grangou yo pale a nan Amòs 8:11–12 la afekte moun yo?

### **Senyè a te pwomèt pou l retabli vrè Legliz li a**

- Ki kèk kondisyon ki te gen nan mond lan ki te prepare wout pou Retablisman levanjil la?

Sovè a te pwomèt pou retabli legliz li a nan dènnye jou yo. Li te di: “Mwen pral fè yon lòt seri mèvèy ak mirak devan je yo” (Ezayi 29:14).

---





Pandan plizyè ane moun yo te viv nan tenèb espiritiyèl. Apeprè 1.700 ane apre Kris la, moun yo te vin plis an plis enterese pou konnen laverite osijè Bondye ak relijyon. Kèk nan yo te vin pa wè ke levanjil Jezikri te anseye a pa t sou tè a ankò. Genyen ki te rekonèt ke pa t gen revelasyon ni vrè otorite epi legliz Kris la te òganize a pa t egziste ankò sou tè a. Tan an te rive pou Legliz Jezikri a te retabli sou tè a.

- Nan ki fason Retablisman plenitid levanjil la se yon “travay mèveye”?

### **Nouvo revelasyon nan men Bondye**

- Lè Joseph Smith te resevwa Premye Vizyon l lan, kisa li te aprann osijè Bondye?

Nan prentan 1820, youn nan evenman pi enpòtan nan istwa mond lan te rive. Moman pou te fè travay mèveye a Senyè a te pale a te rive. Yon jèn tigason, Joseph Smith, te anvi konnen kiyès nan tout legliz yo ki te vrè Legliz Jezikri a. Li te ale nan yon boskè tou pre lakay li epi li te priye Papa li ki nan Syèl la enbleman ak sensèman, pou te mande li nan ki legliz pou l te antre. Jou maten sa a yon bagay mirakile te rive. Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te parèt devan Joseph Smith. Sovè a te di li pou l pa t antre nan okenn legliz paske vrè legliz la pa t sou tè a. Li te di tou ke kwayans legliz aktyèl yo sete “yon abominasyon devan l” (Joseph Smith—Istwa 1:19; gade tou vèsè 7–18, 20). Apati evenman sa a, te gen revelasyon dirèk ki te soti nan syèl yo ankò. Senyè a te chwazi yon nouvo pwofèt. Depi lè sa a syèl yo pa t fèmen ankò. Revelasyon kontinye jiska jodi a pa lentèmedyè chak nan pwofèt li chwazi yo. Joseph sete moun ki te ede retabli vrè levanjil Jezikri a.

- Poukisa Premye Vizyon an sete youn nan evenman pi enpòtan nan istwa mond lan?

### **Otorite Bondye te retabli**

- Poukisa retablisman Prètriz Aawon ak Mèlkisedèk la te nesèsè?

Lè l te retabli levanjil la, Bondye te bay gason yo prètriz la ankò. Jan Batis te vini an 1829 pou l te bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery Prètriz Aawon an (gade D&A 13; 27:8). Apresa, Pyè, Jak,

ak Jan, prezidans legliz la nan ansyen tan an, te vini epi yo te bay Joseph ak Oliver Prètriz Mèlkisedèk la ak kle wayòm Bondye yo (gade D&A 27:12–13). Nan apre, gen lòt kle prètriz ki te retabli pa mesaje selès tankou Moyiz, Elyas, Eli (gade D&A 110:11–16). Atravè Retablisman an, prètriz la te retounen sou tè a ankò. Moun ki gen kle prètriz sa yo jodi a gen otorite pou akonpli òdonans tankou batèm. Yo gen otorite pou dirije wayòm Senyè a sou tè a tou.

### **Legliz Kris la te òganize ankò**

- Ki evenman ki te mennen nan òganizasyon Legliz la sou tè a ankò?

Jou 6 Avril 1830 la, Sovè a te dirije òganizasyon Legliz li a ankò sou tè a (gade D&A 20:1). Legliz li a rele Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo (gade D&A 115:4). Kris alatèt legliz li a jodi a, menmjan l te alatèt li nan ansyen tan yo. Senyè a di ke li se “sèl legliz vrè epi vivan ki sou tout sifas tè a, legliz sa a ki fè mwen menm Senyè a plezi” (D&A 1:30)

Joseph Smith te soutni kòm pwofèt ak “premye ansyen” Legliz la (gade D&A 20:2–4). Nan apre Premye Prezidans lan te òganize, epi li te soutni kòm Prezidan. Lè Legliz la te òganize premye fwa a, sèlman estrikti yo ki te anplas. Òganizasyon an te devlope amezi legliz la te kontinye ap grandi.

Legliz la te òganize avèk menm ofis ki te la yo nan ansyen Legliz la. Òganizasyon sa a te genyen apot, pwofèt, swasanndis, evanjelis (patriyach), pastè (ofisye k ap dirije), gran prèt, ansyen, evèk, enstriktè, ak dyak. Menm ofis sa yo egziste nan legliz li a jodi a (gade Atik lafwa 1:6).

Yon pwofèt, k ap aji sou direksyon Senyè a, dirije legliz la. Pwofèt sa a se Prezidan Legliz la tou. Li gen tout otorite nesèsè pou dirije travay Senyè a sou tè a (gade D&A 107:65, 91). De konseye asiste Prezidan an. Douz Apot yo, ki se temwen espesyal Jezikri, anseye levanjil la epi regle zafè Legliz yo nan tout pati nan mond lan. Lòt ofisye jeneral Legliz yo ki gen tach espesyal yo, tankou Episkopa

---

**Pou enstriktè yo:** Rann temwayaj envite Lespri a. Kòm pati leson sa a, rann temwayaj ou sou Retablisman an epi bay lòt yo opòtinite pou fè menm bagay la tou.

Prezidan an ak Kolèj Swasanndis yo, sèvi sou direksyon Premye Prezidans lan ak Douz yo.

Ofis nan Prèttriz la se apot, swasanndis, patriyach, gran prèt, evèk, ansyen, prèt, enstriktè, ak dyak. Sa yo se menm ofis ki te egziste nan legliz primitif la.

Legliz la grandi vin pi plis pase jan l te ye nan epòk Jezi a. Akoz l ap grandi a, Senyè a revele lòt inite òganizasyon andedan legliz la. Lè legliz la totalman òganize nan yon zòn, li gen divizyon yo rele pye. Yon prezidan pye ak de konseye li prezide sou chak pye. Pye a gen 12 manm gran konsèy ki ede fè travay Senyè a nan pye a. Yo òganize kolèj Prèttriz Mèlkisedèk yo nan yon pye sou direksyon prezidan pye a (gade chapit 14 nan liv sa a). Chak pye divize an inite pi piti yo rele pawas. Yon evèk ak de konseye prezide sou chak pawas.

Nan reyjon nan mond lan kote legliz la ap devlope, gen distri, ki menmjan ak pye. Distri yo divize an inite pi piti yo rele branch, ki menmjan ak pawas.

### **Verite enpòtan yo te retabli**

- Ki verite enpòtan ki retounen avèk Retablisman legliz la?

Jodia legliz la anseye menm prensip yo e li akonpli menm òdonans yo jan yo te akonpli nan epòk Jezi a. Premye prensip ak òdonans levanjil yo se lafwa nan Senyè Jezikri, repantans, batèm pa imèsyon, ak enpozisyon men pou don Sentespri a (gade Atik Lafwa 1:4). Verite presye sa yo te retounen nan totalite yo lè legliz la te retabli.

Pa don ak pouvwa Bondye, Joseph Smith te tradui Liv Mòmmon an, ki gen verite senp epi presye levanjil yo. Anpil lòt revelasyon te suiv e yo ekri kòm ekriti nan Doktrin ak Alyans yo ak Pèl Gran Pri a (gade chapit 10 nan liv sa a).

Lòt verite enpòtan Senyè a te retabli yo gen ladan yo:

1. Papa nou ki nan syèl la se yon moun reyèl ki gen yon kò lachè ak zo reyèl epi pafè, ni Jezikri tou. Sentespri a se yon pèsonaj espri.
2. Nou te egziste nan lavi premòtèl la antanke pitit Bondye.
3. Prèttriz la nesese pou administre òdonans levanjil yo.
4. Nou pral resevwa pinisyon pou pwòp peche pa nou men pa pou transgresyon Adan an.
5. Timoun yo pa bezwen batize anvan yo gen laj responsablite (uitan).
6. Gen twa wayòm glwa nan syèl la, epi pa lagras Senyè Jezikri, lèzòm apral rekonpanse selon zèv yo sou tè a ak selon dezi kè yo.
7. Relasyon familyal kapab etènèl gras ak pouvwa sèlman Prèttriz la.
8. Nou bezwen òdonans ak alyans pou nou ka jwenn sali e yo disponib pou ni vivan ni mò yo.

• Èske verite sa yo te enflyanse ou menm ak lòt moun?

### **Legliz Jezikri a p ap janm detwi ankò**

• Ki misyon Legliz la?

Depi retablisman li an 1830 la, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo grandi rapidman nan kantite manm. Gen manm nan prèske chak peyi nan mond lan. Legliz la ap kontinye grandi. Jan Kris la te di a: “Levanjil sa a ki nan wayòm sa a pral preche nan tout mond lan, kòm yon temwayaj pou tout nasyon” (Joseph Smith—Matye 1:31). Legliz la pap janm soti sou tè a ankò. Misyon li se pote verite a bay tout moun. Sa gen dè milye ane, Senyè a te di ke l t apral “mete yon wayòm, ki pap janm detwi; e wayòm nan pap pase sou dominasyon lòt moun, . . . e l ap kanpe la pou tout tan” (Danyèl 2:44).

• Èske w te ede nan travay wayòm Bondye a? Kisa w ka fè pou kontinye travay sa a?

**Ekriti adisyonèl**

- Travay 3:19–21; Revelasyon 14:6; Danyèl 2:44–45; Ezayi 2:2–4; 2 Nefi 3:6–15 (Retablisman an te predi)
- D&A 110; 128:19–21; 133:36–39, 57–58 (Retablisman levanjil la)
- Efezyen 2:20 (Jezikri se wòch fondasyon legliz la)
- D&A 20:38–67 (devwa ofisye yo nan Legliz la)
- Matye 24:14 (levanjil la dwe preche nan tout nasyon)



# Lafwa nan Jezkiri

## Chapit 18

---

### **Kisa lafwa ye?**

Lafwa nan Senyè Jezikri se premye prensip levanjil la. Se yon don espiryèl, e li nesesè pou Sali nou. Wa Benjamen te deklare: “Sali pa pou moun konsa . . . eksepte nan repantans ak lafwa nan Senyè a Jezikri” (Mozya 3:12).

Lafwa se “espere pou bagay ou pa wè, men ki vre” (Alma 32:21; gade tou Ebre 11:1). Lafwa se yon prensip aksyon ak pouvwa ki motive aktivite chak jou nou.

Èske nou t ap etidye ak aprann si nou pa t kwè ke nou ka akeri sajès ak konesans? Èske nou t ap travay chak jou si nou pa t espere ke lè nou fè sa nou kapab akonpli yon bagay? Èske yon fèmme t ap plante si l pa t espere l ap rekòlte? Chak jou nou aji selon bagay nou espere pandan ke nou poko kapab wè rezilta a. Sa se lafwa. (Gade Ebre 11:3.)

Anpil istwa nan ekriti yo rakonte kijan gwo bagay akonpli atravè lafwa.

Pa lafwa Nowe te bati yon lach epi li te sove fanmi li anba delij la (gade Ebre 11:7). Moyiz te separe dlo Lanmè Wouj la (gade Ebre 11:29). Eli te fè dife desann soti nan syèl la (gade 1 Wa 18:17–40). Nefi te mande pou grangou leve (gade Elaman 11:3–5). Li te mande Senyè a pou sispann grangou a tou (gade Elaman 11:9–17). Lanmè te kalme, vizyon te fèt, epi priyè te reponn, tout pa pouvwa lafwa.

---

**Pou enstriktè yo:** Chapit sa a òganize an kat seksyon ak antèt. Chak antèt se yon kesyon sou lafwa. Ou ka itilize kesyon sa yo kòm gid pou lesou w lan. Si klas la gran ase pou pèmèt ti gwoup diskisyon, panse pou divize manm klas yo an gwoup kat moun. Mande chak gwoup pou divize seksyon yo nan chapit la antreyo. Apresa envite chak moun pou fè bagay sa yo avèk seksyon li anchaj la: (1) Li li. (2) Chèche ekriti ki ede reponn kesyon an ki nan antèt seksyon an. (3) Panse sou eksperyans pèsonèl anrapò avèk seksyon an. (4) Pataje panse sou seksyon an avèk manm lòt gwoup yo.



Lè nou etidye ekriti yo avèk swen, nou aprann ke lafwa se yon kwayans fèm nan la verite ki plase andedan nanm nou ki pouse nou pou nou fè sa ki byen. Sa pouse nou mande: Nan kisa nou dwe gen lafwa?

- Panse sou aktivite chak jou w yo. Ki bagay ou fè chak jou ke ou pa ka wè ki kote y ap mennen? Nan ki fason lafwa motive ou pou fè aksyon?

### **Poukisa nou dwe gen lafwa nan Jezikri?**

Nou dwe santre lafwa nou nan Senyè a Jezikri.

Gen lafwa nan Jezikri vle di gen sitèlman konfyans nan li ke nou obeyi kèlkeswa sa li kòmande nou pou n fè. Si nou plase lafwa nou nan Jezikri, nou vin disip obeyisan li, Papa nou ki nan Syèl la ap padone peche nou yo e l ap prepare nou pou n retounen al jwenn ni.

Apot Pyè te preche ke “pa gen okenn lòt non ni okenn lòt mwayen ki kapab pote Sali a pou pitit lèzòm” (Travay 4:12; gade tou Mozya 3:17). Jakòb te anseye ke lèzòm dwe gen “yon lafwa pafè nan Sen Izrayèl la [Jezikri], san sa yo pa kapab sove nan wayòm Bondye a” (2 Nefi 9:23). Atravè lafwa nan Sovè a epi atravè repantans, nou fè Ekspyasyon an totalman efikas nan lavi nou. Atravè lafwa nou kapab resevwa fòs pou simonte tantasyon yo (gade Alma 37:33).

Nou pa ka gen lafwa nan Jezikri san nou pa gen lafwa nan Papa nou ki nan Syèl la. Si nou gen lafwa nan yo, n ap gen lafwa ke Sentespri a, ke yo voye, ap anseye nou tout verite epi ap rekonfòte nou tou.

- Kijan lafwa nan Jezikri ka enfliyanse nou nan apèl nou nan legliz la? nan relasyon familyal nou? nan travay nou? Kijan lafwa nan Jezikri enfliyanse esperans nou pou lavi etènèl?

### **Kijan nou ka ogmante lafwa nou nan Jezikri?**

Paske nou konnen pil benediksyon nou ka resevwa nan egzèsè lafwa nan Jezikri, nou dwe chèche pou ogmante lafwa nou nan li. Sovè a te di: “Si nou ta gen lafwa tankou yon ti grenn moutad, . . .

---

anyen pa t ap enposib pou nou” (Matye 17:20). Yon grenn moutad piti anpil, men li grandi vin tounen yon gwo pyebwa.

Kijan nou ka ogmante lafwa nou? Menm fason nou ogmante oswa devlope nenpòt lòt talan. Kijan nou ka devlope talan nou nan eskilte bwa, tise, fè tablo, kwit manje, fè potri, oswa jwe yon ens-triman mizik? Nou dwe etidye epi antrene epi travay sou li. Lè nou fè sa, nou amelyore. Se konsa l ye pou lafwa. Si nou vle ogmante lafwa nou nan Jezikri, nou dwe travay li. Pwofèt Alma te konpare pawòl Bondye a ak yon semans ki dwe nourri pa lafwa:

“Men, reyèlman, si nou reveye nou, epi si nou aktive kapasite nou yo, menm pou nou teste pawòl mwen yo, epi si nou egzèse yon ti kras lafwa, wi, menm si nou sèlman vle kwè, kite santiman sa a travay nan nou, jistan nou vin kwè nan yon fason nou kapab fè plas pou yon pòsyon nan pawòl mwen yo.

“Kounyeya, n ap konpare pawòl la avèk yon semans. Kounyeya, si nou fè plas pou yon semans plante nan kè nou, reyèlman si se yon semans reyèl oubyen yon bon semans, si nou pa chase l avèk enkredilite nou, pou nou pouse Lespri Senyè a, reyèlman, l ap kòmanse grandi nan kè nou; epi lè nou santi devlopman sa yo, n ap kòmanse di tèt nou konsa—se kapab yon bon semans oubyen pawòl la bon, paske li kòmanse eklèsi konpreyansyon m, wi, li kòmanse gen bon gou pou nou. . . .

“Reyèlman, èske sa pa ta grandi lafwa nou?” (Alma 32:27–29).

Konsa nou ka grandi lafwa nou nan Bondye nan aji sou *dezi* nou pou gen lafwa nan li.

Nou ka grandi lafwa nou tou lè nou priye Papa nou ki nan syèl la osijè espwa nou, *dezi* nou, ak bezwen nou (gade Alma 34:17–26). Men nou pa dwe sipoze ke tout sa nou gen pou nou fè se mande. Nan ekriti yo, yo di nou ke “lafwa, si li pa fè zèv, si l rete poukont li, li mouri” (Jak 2:17). Istwa sa a se osijè yon moun ki te montre lafwa pa zèv li.

Mesye sa a te anvi etidye ekriti yo, men li pa t konn li. Li te priye pou Papa nou ki nan Syèl la te aprann ni li. Yon ti tan apre, yon pwofesè te vini nan vilaj li a, epi li te mande pwofesè a pou ede li.

Li te aprann alfabè a. Li te etidye son yo epi li te aprann mete lèt yo ansanm pou fè mo. Byen vit li te ka li mo senp yo.

Plis li te pratike, plis li te aprann. Li te remèsye Senyè a paske li te voye pwofesè a ki te ede li aprann li a. Mesye sa a te grandi lafwa li, imilite, ak konesans li nan sitèlman yon degre ke l te vin sèvi kòm yon prezidan branch nan legliz la.

Prezidan Spencer W. Kimball te eksplike: “Dwe gen zèv avèk lafwa. Sa ensanse pou n mande Senyè a pou *banou* konesans, men li saj pou nou mande èd Senyè a pou n akeri konesans, pou n etidye efikasman, pou n panse klèman, ak pou n kenbe bagay nou aprann yo” (*Faith Precedes the Miracle* [1972], 205; italic yo nan original la).

Lafwa mande pou nou fè tout sa nou kapab pou materyalize sa nou espere a, sa n ap priye pou li a. Prezidan Kimball te di: “Nan zafè lafwa, nou plante, epi rapidman nou wè mirak kwasans lan. Lèzòm souvan mal konprann sa e yo vire pwosesis la.” Li te kontinye eksplike ke anpil nan nou vle gen sante ak fòs san nou pa respekte lwa sante yo. Nou vle zafè nou bon san nou pa peye dim nou. Nou vle rapwoche bò kot Senyè a men nou pa vle jene ak priye. Nou vle gen lapli nan sezon lapli epi nou vle gen lapè nan peyi a san nou pa respekte Saba a antanke yon jou sakre ak san nou pa respekte lòt kòmandman Senyè yo. (Gade *Enseignements des Présidents de l’église: Spencer W. Kimball* [2006], 142.)

Yon fason enpòtan pou grandi lafwa nou se tande ak etidye pawòl Senyè a. Nou tande pawòl Senyè a nan reyinyon Legliz nou yo. Nou ka etidye pawòl li nan ekriti yo. “Epi kòm tout moun pa gen lafwa, chèche avèk dilijans epi ansenye youn lòt pawòl sajès; wi, chèche pawòl sajès nan pi bon liv yo; chèche konesans, menm nan etid epi avèk lafwa” (D&A 88:118).

- Ki relasyon ou wè ant lafwa ou ak aksyon ou?

### **Ki benediksyon ki suiv lafwa?**

Pa lafwa, mirak fèt, zanj parèt, lòt don Lespri bay, priyè jwenn repons, epi lèzòm vin pitit Bondye (gade Mowoni 7:25–26, 36–37).

“Lè lafwa vini, li pote . . . apot, pwofèt, evanjelis, pastè, enstriktè, don, sajès, konesans, mirak, gerizon, lang, entèpretasyon lang, elatriye. Tout bagay sa yo parèt lè lafwa parèt sou tè a, epi yo disparèt lè l disparèt sou tè a; paske bagay sa yo se konsekans lafwa. . . .

Epi moun ki posede li, pa lentèmedyè li, ap jwenn tout konesans ak tout sajès nesèsè, jiskaske l konnen Bondye, ak Senyè a Jezikri, ke li te voye a—ki pote lavi etènèl” (*Lectures on Faith* [1985], 83).

- Ki istwa nan ekriti yo ki gen moun ki te vin pi solid paske yo te gen lafwa nan Jezikri? Nan ki fason ou te wè sa rive nan pwòp lavi pa ou?

### **Ekriti adisyonèl**

- Ebre 11; Alma 32 (yo eksplike nati lafwa)
- Egzòd 14:19–22 (divize dlo Lanmè Wouj yo)
- Jenèz 6–8 (Nowe ak delij la)
- Matye 8:5–33 (malad geri, tanpèt kalme, mirak lafwa)
- Mak 5:25–34 (geri pa lafwa)
- Women 10:17 (lafwa vini nan koute pawòl Bondye)



# Repantans

## Chapit 19

---

### **Nou tout bezwen repanti**

- Kisa peche ye? Ki efè peche nou yo genyen sou nou?

Lafwa nan Jezikri mennen tou natirèlman nan repantans. Depi epòk Adan an rive jodi a, mond lan te toujou bezwen repantans. Senyè a te di Adan: “Se sa ki fè, ansenye pitit ou yo sa, pou yo konnen tout moun ki tout kote dwe repanti, san sa yo p ap kapab eritye wayòm Bondye a nan okenn fason, paske okenn bagay ki pa pwòp pa kapab rete, oubyen rete nan prezans li” (Moyiz 6:57).

Nou vin sou tè a pou nou grandi ak pwogrese. Sa se yon pwosesis tout yon lavi. Pandan tan sa a nou tout peche (gade Women 3:23). Nou tout bezwen repanti. Pafwa nou peche pa inyorans, pafwa pa feblès, e pafwa pa nou dezobeyi an tout konsepsans. Nan Bib la nou li ke “pa gen okenn moun sou tè a, ki fè byen, e ki pa janm peche” (Eklezyas 7:20) epi “si nou di pa gen peche, se tèt nou n ap twonpe, verite a pa nan nou” (1 Jan 1:8).

Kisa peche ye? Jak te di: “Moun ki konnen pou l fè byen an, epi ki pa fè li, li komèt yon peche” (Jak 4:17). Jan te dekri peche kòm “tout inikite” (1 Jan 5:17) ak “dezobeyi lalwa” (1 Jan 3:4).

Se poutèt sa Senyè a te di: “Tout moun ki tout kote dwe repanti” (Moyiz 6:57). Eksepte Jezikri, ki te viv yon lavi pafè, tout moun ki viv isit sou tè a peche. Papa nou ki nan Syèl la, nan gran amou li, ba nou opòtinite pou nou repanti pou peche nou yo.

### **Libere anba peche atravè repantans**

- Kisa repantans ye?

Repantans se mwayen yo ba nou pou nou libere nou anba peche epi pou n resevwa padon pou yo. Peche ralanti pwogresyon

---

espirityèl nou e li ka menm kanpe li. Repantans rann posib pou nou grandi ak devlope espirityèlman ankò.

Privilèj pou repanti a rann posib gras avèk Ekspyasyon Jezikri a. Nan yon sans nou pa totalman konprann, Jezi te peye pou peche nou yo. Prezidan Joseph Fielding Smith te di sou sa:

“Mwen konn soufri, ou konn soufri, epi pafwa se konn doulè grav; men mwen pa kapab konprann soufrans sa a . . . ki te lakoz san soti nan kò li tankou syè a. Sete yon bagay terib, yon bagay terifik. . . .

“. . . Pa janm gen *yon moun ki fèt nan mond sa a ki t ap janm ka sipòte pwa fado sa a ki te peze sou Piti Gason Bondye a, lè l te pote peche m yo ak pa w yo* epi ba nou posiblite pou n chape anba peche nou yo” (*Doctrines of Salvation*, sel. Bruce R. McConkie, 3 vols. [1954–56], 1:130–31; italik yo nan orijinal la).

Repantans pafwa mande gwo kouraj, anpil fòs, anpil kriye, priyè san rete, ak efò kontini pou viv kòmandman Senyè a yo.

### **Prensip repantans yo**

- Ki sa prensip repantans yo ye?

Prezidan Spencer W. Kimball te deklare: “Pa gen *okenn wout wayal ki mennen nan repantans*, okenn chemen privejye ki mennen nan padon. Tout moun dwe suiv menm wout la, keseswa rich ou pòv, save ou inyoran, gran ou piti, prens ou mizerab” (*Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball* [2006], 38; italik nan orijinal la).

*Nou dwe rekonèt peche nou yo*

Pou nou repanti, nou dwe admèt ke nou peche. Si nou pa admèt sa, nou pa ka repanti.

Alma te konseye pitit gason li Koryanton, ki pa t fidèl nan apèl li kòm misyonè epi ki te fè peche grav: “Se pou peche w yo annwiye w, avèk anvi sa a k ap mennen w desann nan repantans lan. . . . Pa

---

**Pou enstriktè yo:** Ekri yon lis kapab sòlve enterè yo epi ede konsantre atansyon yo. Lè w ap pale sou prensip repantans yo avèk manm klas yo oswa manm fanmi yo, ou gen dwa mande yon moun pou ekri prensip yo sou tablo a oubyen sou yon gwo moso pape.

chèche eskize tèt ou menm yon ti kras” (Alma 42:29–30). Ekriti yo konesye nou pou n pa jistifye peche nou yo (gade Lik 16:15–16). Nou pa ka kache okenn zak lavi nou pou tèt nou ni devan Senyè a.

*Nou dwe santi regrè pou peche nou yo*

Akote rekonèt peche nou yo, nou dwe santi regrè sensè pou sa nou fè a. Nou dwe santi ke peche nou yo terib. Nou dwe anvè gen dezi pou abandone yo. Ekriti yo di nou: “Tout moun ki imilye tèt yo devan Bondye, epi ki vle batize, epi ki vini avèk yon kè brize ak yon lespri kontri, epi . . . ki vrèman repanti pou peche yo. . . dwe resevwa padon peche yo . . . yo dwe resevwa yo pa mwayen batèm nan legliz li a” (D&A 20:37).

- Etidye 2 Korentyen 7:9–10 ak Mòmmon 2:10–14. Nan ki fason ou panse “tristès selon Bondye” diferan avèk ekspresyon regrè?

*Nou dwe abandone peche nou yo*

Regrè sensè nou dwe mennen nou nan abandone (sispann) peche nou yo. Si nou te vòlè yon bagay, nou pral sispann vòlè. Si nou te bay manti, nou pral sispann bay manti. Si nou te komèt adiltè, nou bezwen sispann. Senyè a te revele Pwofèt Joseph Smith: “Men jan n ap konnen si yon moun repanti pou peche li yo—gade, l ap konfese yo epi l ap abandone yo” (D&A 58:43).

*Nou dwe konfese peche nou yo*

Konfese peche nou yo trè enpòtan. Senyè a kòmande nou pou nou konfese peche nou yo. Konfèsyon delivre pechè a anba yon gwo fado. Senyè a pwomèt: “Mwen menm, Senyè a, m padone peche yo, epi m gen mizèrikòd pou moun ki konfese peche yo avèk yon kè enb” (D&A 61:2).

Nou dwe konfese tou peche nou bay Senyè a. Epitou, peche grav—tankou adiltè, fònikasyon, relasyon omoseksyèl, abize konjwen oubyen pitit, ak vann oswa itilize dwòg ilegal—ki ka afekte pozisyon nou nan Legliz la, nou dwe konfese yo bay otorite prèttriz ki konsène a. Si nou peche kont yon lòt moun, nou dwe konfese bay moun nou blese a. Gen kèk peche ki mwens



grav ki konsène nou menm avèk Senyè a sèlman. Nou dwe konfese yo dirèkteman bay Senyè a.

*Nou dwe fè reparasyon*

Reparasyon (restitisyon) se yon pati nan repantans lan. Sa vle di ke nou dwe repare mal nou fè a otan sa posib. Pa egzanp, yon vòlè dwe remèt sa l te vòlè a. Yon mantè dwe fè konnen laverite. Moun ki fè yon tripotay ki detwi repitasyon yon moun dwe travay pou repare bon renome moun li detwi a. Si nou fè bagay sa yo, Bondye pa pral mansyone peche nou yo banou lè y ap jije nou (gade Eze-kyèl 33:15–16).

*Nou dwe padone lòt moun*

Yon pati enpòtan nan repantans se padone moun ki peche kont nou. Senyè a pap padone nou si kè nou plen pa totalman pwòpte anba rayisans, amètèm, ak move santiman kont lòt moun (gade 3 Nefi 13:14–15). “Se poutèt sa, m di nou, nou dwe padone youn lòt; paske yon moun ki pa padone peche frè l, li kondane devan Senyè a; paske pi gwo peche a rete nan li” (D&A 64:9).

*Nou dwe respekte kòmandman Bondye yo*

Pou fè repantans nou total nou dwe respekte kòmandman Senyè a yo (gade D&A 1:32). Nou pa totalman repanti si nou pa peye dim nou ni si nou pa sanktifye jou Saba a ni obeyi Pawòl Sajès la. Nou pa totalman repanti si nou pa soutni otorite Legliz yo ak si nou pa renmen Senyè a ak pwochen nou. Si nou pa priye epi nou pa gen konsiderasyon pou lòt moun, nou sètènman pa repanti. Lè nou repanti, lavi nou chanje.

Prezidan Kimball te di: “Premyèman, yon moun repanti. Lè l fin poze fondasyon sa a li dwe viv kòmandman Senyè yo pou l ka kenbe diyite repantan li. Sa nesèsè pou asire padon total” (*Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball*, 43).

- Nan ki fason ansèyman yo ki nan seksyon sa a diferan avèk fos ide ke repantans se akonpli yon lis etap senp oswa aksyon woutinye?

## Nan ki fason repantans ede nou

- Nan ki fason repantans ede nou?

Lè nou repanti, Ekspyasyon Jezikri a vin totalman efikas nan lavi nou, epi Senyè a padone peche nou. Nou vin libere anba esklavaj peche nou yo, epi nou jwenn lajwa.

Alma te rakonte eksparyans li nan repanti pou peche pase l yo:

“Nanm mwen te dechire [twouble] nan dènnye limit, epi tout peche m yo te toumante nanm mwen.

“Wi, m te sonje tout peche ak inikite m yo, yo te fè m toumante anba soufrans lanfè; wi, m te wè m te fè rebèl kont Bondye, epi m pa t respekte kòmandman sen li yo.

“. . . Inikite m yo te tèlman gwo, lè m te sèlman panse pou m ta vin nan prezans Bondye, sa te toumante nanm mwen anba yon doulè m pa kapab eksplike.

“. . . Epi sete konsa m t ap . . . kòde anba touban, pandan rapèl pakèt peche m yo t ap toumante m, reyèlman, m sonje m te tande pwofesi papa m devan pèp la . . . konsènan vini yon Jezikri, yon Pitit Gason Bondye ki gen pou l ekspye peche mond lan.

“Kounyeya, pandan panse m te sou bagay sa a, m te kriye nan kè m: O, Jezi, Pitit Gason Bondye a, gen mizèrikòd pou mwen. . . .

“Kounyeya, reyèlman, lè m te panse bagay sa a, m pa t kapab sonje soufrans mwen yo ankò. . . .

“O, gade yon lajwa, ak yon limyè mèveye m te wè; wi, nanm mwen te chaje avèk anpil lajwa, ki te konparab avèk kantite lapenn m te genyen yo.

“. . . Pa t gen anyen pi dous pase lajwa m te genyen an” (Alma 36:12–14, 17–21).

- Kijan repantans ak padon te pote lajwa pou Alma?

### **Danje nan ranvwaye repantans nou**

- Ki konsekans posib ki genyen nan ranvwaye repantans nou?

Pwofèt yo deklare ke “lavi sa a se lè pou lèzòm prepare yo pou rankontre Bondye” (Alma 34:32). Nou dwe repanti kounyeya, chak jou. Lè nou leve nan maten, nou dwe egzamine tèt nou pou wè si Lespri Bondye a avèk nou. Aswè anvan nou al dòmi, nou dwe repase aksyon nou ak pawòl nou nan jounen an epi mande Senyè a pou ede nou rekonèt bagay nou bezwen repanti pou yo yo. Lè nou repanti chak jou epi Senyè a padone peche nou yo, n ap vin fè eksperyans pwosesis vin pafè a chak jou. Menmjan ak Alma, bonè nou ak lajwa nou kapab mèveye.

### **Ekriti adisyonèl**

- Matye 9:10–13; Lik 13:3; Ezekeyèl 18:30 (repanti oubyen peri)
- Alma 7:21 (okenn bagay ki pa pwòp pa ka rete nan prezans Bondye)
- 2 Korentyen 7:9–10 (tristès selon Bondye)
- Mozya 4:10–12 (etap repantans yo)
- Ezayi 1:18; Mozya 26:28–32 (repantans mennen padon)
- D&A 58:42 (li pa sonje peche yo ankò)
- 2 Nefi 9:23 (repantans nesèsè pou sali)
- 2 Nefi 2:21 (repanti pandan nou nan lachè a)
- D&A 19:15–20 (Senyè a kòmande nou pou nou repanti pou nou pa oblije soufri jan I te soufri a)

# Batèm

## Chapit 20

---

### **Kòmandman pou batize a**

- Poukisa nou dwe batize?

Jodi a, menmjan ak nan tan Jezi a, gen kèk prensip ak òdonans levanjil nou dwe aprann ak obeyi. Yon prensip levanjil se yon vrè kwayans oswa ansèyman. Yon òdonans se yon rit oubyen yon seremoni. De premye prensip levanjil yo se lafwa nan Senyè Jezi-kri ak repantans. Batèm se premye òdonans levanjil la. Youn nan enstriksyon Senyè a te bay Apot li yo sete: “Ale, fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, ak Pitit la ak Sentespri a. Anseye yo pou yo obsève tout sa mwen te ba nou lòd fè” (Matye 28:19–20).

### *Nou dwe batize pou remisyon peche nou*

Lè nou mete lafwa nou nan Jezikri, nou repanti, epi nou batize, peche nou yo padone gras ak Ekspyasyon Jezikri a. Nan ekriti yo nou aprann ke Jan Batis “te batize nan dezè a, li t ap preche batèm repantans pou remisyon peche” (Mak 1:4). Apot Pyè te anseye: “Repanti, epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri pou Bondye padone tou peche nou yo” (Travay 2:38). Apre Pòl te fin konvèti, Ananyas te di li: “Leve, epi resevwa batèm, pou tout peche w yo ka lave” (Travay 22:16).

---

**Pou enstriktè yo:** Itilize kesyon nan kòmansman seksyon an pou kòmanse yon diskisyon epi voye manm klas yo oswa manm fanmi yo nan tèks la pou jwenn plis enfòmasyon. Itilize kesyon nan fen seksyon yo pou ede manm klas yo oswa manm fanmi yo medite ak diskite sou siyifikasyon sa yo te li a epi aplike li nan lavi yo.



*Nou dwe batize pou nou vin manm Legliz Jezikri a*

“Tout moun ki imilye yo devan Bondye, epi ki vle batize . . . ki . . . vrèman repanti pou tout peche yo . . . yo dwe resevwa yo pa batèm nan legliz li a” (D&A 20:37).

*Nou dwe batize anvan nou ka resevwa don Sentespri a*

Senyè a di: “Si w retounen vin jwenn mwen, epi . . . w repanti pou tout transgresyon [peche] ou yo, epi w batize nan dlo menm, nan non Sèl Pitit Gason Literal mwen an, . . . w ap resevwa don Sentespri a” (Moyiz 6:52).

*Nou dwe batize pou montre obeyisans nou*

Jezikri te san peche, men li te batize. Li te di batèm te nesèsè “pou akonpli tout jistis” (Matye 3:15). Pwofèt Nefi te eksplike ke Senyè a te di li: “Swiv mwen, e fè bagay nou te wè m fè yo . . . avèk tout kè nou, san fè ipokrizi, ni foub devan Bondye, men avèk yon entansyon reyèl, si nou repanti nan peche nou yo, si nou temwaye devan Papa a pou fè konnen nou vle pran non Kris la sou tèt nou, pa mwayen batèm” (2 Nefi 31:12–13).

*Nou dwe batize pou n antre nan wayòm selès la*

Jezi te di: “Nenpòt moun ki kwè nan mwen, epi ki batize . . . ap eritye wayòm Bondye a. Epi nenpòt moun ki pa kwè nan mwen, ap kondane” (3 Nefi 11:33–34). Batèm se pòt pou nou antre nan chemen ki mennen nan wayòm selès la (gade 2 Nefi 31:17–18).

**Fason kòrèk pou batèm nan**

- Kijan nou dwe batize?

Gen yon sèl fason kòrèk pou batèm. Jezi te revele Pwofèt Joseph Smith ke yon moun ki gen otorite prètiz nesèsè pou batize a “dwe desann nan dlo a avèk moun ki prezante tèt li pou batèm nan. . . . Apre sa li dwe plonje l anba dlo a, epi soti l nan dlo a” (D&A 20:73–74). Imèsyon (plonje nan dlo) a nesèsè. Apot Pòl te anseye ke plonje anba dlo a epi soti nan dlo a ankò a se senbòl lanmò, antèmman, ak rezirèksyon. Apre batèm nan nou kòmanse yon lavi nouvèl. Pòl te di:

“Èske nou pa konn sa, nou tout ki resevwa batèm pou n te fè youn ak Jezikri, avèk batèm sa a nou te fè youn avè l nan lanmò li?

“Se sa k fè, avèk batèm nou an, nou te antere ansanm avè l, nou te mouri ansanm avè l tou. Men, menmjan Papa a te fè l leve soti nan lanmò avèk gwo fòs pouvwa li, konsa tou nou menm nou ka menen yon lòt lavi.

“Menmjan nou fè youn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri a, konsa tou na fè youn avè li, paske na leve soti vivan nan lanmò tankou l tou” (Women 6:3–5).

Batèm pa imèsyon pa yon moun ki gen otorite nesesè a se sèl fason akseptab pou yon moun batize.

- Poukisa otorite pou akonpli yon batèm enpòtan?
- Nan ki fason batèm pa imèsyon an se menmjan avèk antèman ak Rezirèksyon Sovè a?

### **Batèm nan laj responsablite**

- Kiyès ki dwe batize?

Tout moun ki atenn laj yuitan epi ki responsab aksyon li dwe batize. Gen kèk legliz ki anseye ke timoun piti yo dwe batize. Sa pa konfòm avèk ansèyman Sovè a te bay yo. Lè Jezi te pale de timoun piti yo, li te di: “Wayòm syèl la se pou moun ki tankou yo” (Matye 19:14).

Pwofèt Mòmmon te di ke se yon zak ki grav devan Bondye, pou timoun piti yo ta batize, paske yo pa kapab peche. Menmjan tou, batèm pa nesesè pou moun ki andikape mantal yo paske yo pa kapab disène ant byen ak mal (gade Mowoni 8:9–22).

Tout lòt moun dwe batize. Nou dwe resevwa òdonans batèm nan epi rete fidèl nan alyans nou te fè yo nan moman sa a.

- Kisa w ka di yon zanmi ki panse ke timoun piti yo bezwen batize?

### **Nou fè alyans lè nou batize**

Anpil ekriti anseye sou batèm. Nan youn nan ekriti sa yo, Pwofèt Alma te anseye ke lafwa ak repantans se etap ki prepare nou pou

---

batèm. Li te anseye ke lè nou batize nou fè yon alyans avèk Senyè a. Nou pwomèt pou n fè kèk bagay, epi Bondye pwomèt pou beni nou an retou.

Alma te eksplike ke nou dwe gen dezi pou yo rele nou pèp Bondye a. Nou dwe dispoze pou youn ede ak rekonfòte lòt. Nou dwe kanpe kòm temwen Bondye tout tan epi nan tout bagay ak nan tout kote. Si nou fè bagay sa yo epi nou batize, Bondye ap padone nou peche nou yo. Alma te di moun ki te kwè nan ansèyman l yo sou levanjil la:

“Gade, men dlo Mòmmon yo. . . Kounyeya etandone nou vle antre nan twoupo Bondye a, pou nou pote non pèp li a, . . . kisa ki anpeche nou batize nan non Senyè a, kòm yon temwayaj devan l pou nou montre l nou te fè alyans avèk li, n ap sèvi l e n ap respekte kòmandman l yo, pou l kapab vide Lespri l sou nou avèk plis abondans?” (Mozya 18:8, 10). Moun yo te bat bravo ak kontantman epi yo te di ke dezi yo sete pou yo te batize. Alma te batize yo nan Dlo Mòmmon yo. (Gade Mozya 18:7–17.)

Alma te anseye ke lè nou batize nou fè alyans avèk Senyè a pou:

1. Antre nan twoupo Bondye a.
2. Youn ede pote fado lòt.
3. Kanpe kòm temwen Bondye tout tan epi nan tout kote.
4. Sèvi Bondye epi respekte kòmandman l yo.

Lè nou batize epi nou kenbe alyans batèm nou yo, Senyè a pwomèt pou:

1. Padone peche nou yo (gade Travay 2:38; D&A 49:13).
  2. Devèse Lespri li sou nou avèk plis abondans (gade Mozya 18:10).
  3. Ba nou gidans ak èd Sentespri a chak jou (gade Travay 2:38; D&A 20:77).
  4. Fè nou leve nan Premye Rezirèksyon an (gade Mozya 18:9).
  5. Ba nou lavi etènèl (gade Mozya 18:9).
- Kisa ou panse sa vle di pou youn pote fado lòt? pou kanpe kòm yon temwen Bondye tout tan ak nan tout kote?



## **Batèm bay yon nouvo kòmansman**

Avèk batèm nou kòmanse yon lavi nouvèl. Se poutèt sa nou rele li yon renesans. Jezi te di si nou pa fèt ankò nan dlo ak nan Sentespri a, nou pa ka antre nan wayòm Bondye a (gade Jan 3:3–5). Yo te eksplike Adan prensip sa a klèman:

“Toutotan nou fèt nan mond lan avèk dlo, ak san, ak lespri a m te fè a, epi konsa pousyè a vin tounen yon nanm vivan, se konsa ou dwe fèt ankò nan wayòm Bondye a, avèk dlo, epi avèk Lespri a, epi pou nou lave avèk san, san Sèl Pitit Literal mwen an menm” (Moyiz 6:59).

Apot Pòl te di ke apre batèm nou nou dwe kòmanse yon nouvo lavi: “Se sa k fè, avèk batèm nou an nou te antere ansanm avèk li; . . . konsa tou nou menm nou dwe mennen yon lòt lavi” (Women 6:4). Youn nan pi gwo benediksyon batèm sèke li ba nou posiblite yon nouvo depa sou wout nou pou ale nan lavi etènèl la.

- Nan ki fason batèm ou sete yon nouvo depa?

## **Ekriti adisyonèl**

- 2 Nefi 31:4–7 (bi ak nesosite batèm)
- 3 Nefi 11:21–27; D&A 20:72–74 (kijan pou fè yon batèm)
- Travay 2:38–39 (vin batize pou remisyon peche yo)
- Mowoni 8:8–12; D&A 20:71–72 (timoun piti yo pa dwe batize; batèm se pou tout moun ki repanti)
- Alma 7:14–16 (batèm se netwayaj, se antre nan yon alyans lavi etènèl)

# Don Sentespri a

## Chapit 21

---

### Sentespri a

Nan chapit 7 la nou te aprann ke Sentespri a se yon manm Divinite a. Li se “yon pèsonaj Lespri” (D&A 130:22). Li pa gen yon kò lachè ak zo. Enfliyans li kapab tout kote alafwa. Misyon li se pou rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an ak tout verite. Epitou, Sentespri a pirifye nou, oubyen sanktifye nou, pou prepare nou pou n demere nan prezans Bondye. Sentespri a pirifye kè nou pou nou kapab pa gen dezi pou fè mal ankò.

Gen yon diferans ant Sentespri a ak *don* Sentespri a. Nan chapit sa a nou pral aprann sa don Sentespri a ye ak ki fason nou ka resevwa gwo don sa a nan men Bondye.

### Don Sentespri a

- Ki diferans ki genyen ant Sentespri a ak don Sentespri a?

Don Sentespri a se yon privilèj—yo fè moun ki mete lafwa yo nan Jezikri, ki batize, ki konfime kòm manm Legliz la—pou resevwa direksyon ak enspirasyon konstan nan men Sentespri a.

Joseph Smith te di ke nou kwè nou benefisye don Sentespri a kounyeya nan menm mezi avèk tan pa premye Apot yo. Nou kwè nan don sa a nan tout plenitud li, nan tou pisans li, grandè li, ak glwa li. (Gade *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* [2007], 97–98.)

Yon moun kapab gide tanporèman pa Sentespri a san l pa resevwa don Sentespri a (gade D&A 130:23). Sepandan, gidans sa a pa p

---

**Pou enstriktè yo:** Ou gen dwa envite manm klas yo oswa manm fanmi yo pou yo patisipe nan youn oubyen plis nan aktivite sa yo: (1) Li ekriti adisyonèl yo ki nan fen chapit la, epi pale sou ki fason Sentespri a ede nou atravè vwayaj nou nan mòtalite a. (2) Pale sou kèk nan benediksyon yo resevwa nan lavi yo paske yo gen don Sentespri a. (3) Di kisa paran yo kapab fè pou ede pitit yo konprann don Sentespri a ak fason Sentespri a kominike avèk nou.



kontinye si moun nan pa batize epi resevwa don Sentespri a pa enpozisyon men. Nou li nan Travay 10 ke Kònèy, sòlda Women an, te resevwa enspirasyon nan men Sentespri a pou l te ka konnen ke levanjil Jezikri a te vrè. Men Kònèy pa t resevwa don Sentespri a pazavan l te fin batize. Pwofèt Joseph Smith te anseye ke si Kònèy pa t resevwa batèm ak don Sentespri a, Sentespri a t ap kite li (gade *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith*, 97).

Jodi a, anpil moun ki pa manm Legliz la aprann pa pouvwa Sentespri a ke Liv Mòmmon an vrè (gade Mowoni 10:4–5). Men temwayaj sa a kite yo si yo pa resevwa don Sentespri a. Yo pa resevwa asirans kontinyèl ke moun ki gen don Sentespri a ap jwi yo.

### **Resevwa don Sentespri a**

- Kisa nou dwe fè pou resevwa konpayi konstan Sentespri a?

Lè moun yo fin batize, yo konfime kòm manm Legliz la epi yo resevwa don Sentespri a pa enpozisyon men. Senyè a te di: “Epi nenpòt moun ki gen lafwa, ou dwe konfime l nan legliz mwenn an, pa enpozisyon men, epi m ap mete don Sentespri a sou yo.” (D&A 33:15).

Chak ansyen ki diy nan legliz la, si l otorize, kapab bay yon lòt moun don Sentespri a. Sepandan, pa gen anyen ki garanti ke moun nan ap resevwa enspirasyon ak gidans nan men Sentespri a jis paske ansyen yo te mete men sou tèt li. Chak moun dwe “resevwa Sentespri a.” Ki vle di Sentespri a pral avèk nou sèlman si nou fidèl ak si nou gen dezi pou n jwenn èd nan men mesajè selès sa a.

Pou nou diy pou resevwa èd Sentespri a, nou dwe efòse nou pou n sensèman obeyi kòmandman Bondye yo. Nou dwe kenbe panse nou ak aksyon nou pwòp.

### **Rekonèt enfliyans Sentespri a**

Sentespri a abityèlman kominike avèk nou dousman. Yo souvan fè referans ak enfliyans li antanke yon “ti vwa dous” (gade 1 Wa 19:9–12; Elaman 5:30; D&A 85:6). Prezidan Boyd K. Packer te eksplike: “Sentespri a pale avèk yon ti vwa ke nou *santi* plis pade nou *tande*. . . . Pandan ke nou pale de ‘koute’ enspirasyon Lespri a, pi souvan moun dekri yon enspirasyon espiyityèl kote yo di, ‘M te

santi . . .” Li kontinye: “Vwa Lespri sa a pale dousman, pandan l ap enspire nou sa pou nou fè oswa sa pou nou di, oubyen li ka avèti nou oswa mete nou angad” (nan Conference Report, Okt. 1994, 77; oswa *Ensign*, Nov. 1994, 60).

### **Youn nan pi gwo don Bondye yo**

- Ki benediksyon nou ka resevwa atravè don Sentespri a?

Don Sentespri a se youn nan pi gwo don Bondye ba nou. Pa lentèmedyè Sentespri a nou kapab konnen ke Bondye vivan, ke Jezi se Kris la, epi Legliz li a te retabli sou tè a. Nou kapab benefisye enspirasyon Sentespri a pou montre nou tout sa nou dwe fè (gade 2 Nefi 32:5). Sentespri a sanktifye nou pou prepare nou pou prezans Bondye. Nou kapab benefisye don Lespri yo (gade chapit 22 nan liv sa a.) Gwo don sa a Papa nou ki nan Syèl la ba nou an pote lapè nan kè nou ak yon konpreyansyon sou bagay Bondye yo (gade 1 Korentyen 2:9–12).

- Poukisa don Sentespri a se youn nan pi gwo don Bondye ba nou?

### **Ekriti adisyonèl**

- 1 Korentyen 3:16–17; D&A 130:22–23 (Sentespri a demere avèk moun ki fidèl)
- Travat 19:1–7 (yo te konn bay don Sentespri a nan ansyen tan an)
- Mowoni 8:25–26
- Mowoni 10:5 (kijan pou resevwa Sentespri a)
- Mozya 5:2 (Sentespri a chanje kè)
- Alma 5:54 (Sentespri a sanktifye)

# Don Lespri yo

## Chapit 22

---

### Don Lespri yo

- Ki don espiyèl Senyè a ba nou?

Aprè batèm, yo te mete men sou tèt nou chak pou n te resevwa don Sentespri a. Si nou fidèl, nou ka genyen enfluyans li kontinyèlman avèk nou. Atravè li, nou chak kapab jwenn benediksyon kèk pou vwa espiyèl yo rele don Lespri yo. Don sa yo akòde a moun ki fidèl anvè Kris la. “Tout don sa yo soti nan Bondye, pou benefis pitit Bondye yo” (D&A 46:26). Yo ede nou konnen ak anseye verite levanjil yo. Yo ede nou beni lòt moun. Y ap gide nou retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Pou itilize don sa yo avèk sajès, nou bezwen konnen sa yo ye, kijan nou ka devlope yo, ak ki fason pou n rekonèt imitasyon Satan fè de yo.

Ekriti yo mansyone plizyè don Lespri a. Don sa yo bay a manm vrè Legliz la chak fwa l sou tè a (gade Mak 16:16–18). Don Lespri yo gen ladan yo:

#### *Don lang (D&A 46:24)*

Pafwa li nesesè pou prezante levanjil la nan yon lang ki pa lang pa nou. Lè sa rive, Senyè a kapab beni nou avèk kapasite pou pale lang sa a. Anpil misyonè resevwa don lang (gade imaj nan chapit sa a) Pa egzanp, Èldè Alonzo A. Hinckley sete yon misyonè nan Oland ki pa t twò konprann ni pale lang Olandè a malgre li te priye ak etidye anpil. Pandan l te retounen nan yon kay li te vizite deja anvan sa, yon madanm te louvri pòt la epi li te pale avèk li byen fache an Olandè. Li te sezi wè ke l te ka konprann chak mo. Li te santi yon gwo dezi pou rann madanm nan temwayaj li an Olandè. Li te

---

**Pou enstriktè yo:** Panse pou mande chak manm klas oswa chak manm fanmi repase lis don espiyèl yo nan chapit sa a epi chwazi de ke yo ta renmen aprann sou li. Kòm pati lesan an, ba yo tan pou yo etidye paragaf ak pasaj ekriti sou don yo chwazi yo. Lè yo fini, mande yo pou yo pataje sa yo aprann.



kòmanse pale, epi pawòl yo te sòti byen klè an Olandè. Men lè l te retounen al montre prezidan misyon li ke l te ka pale Olandè, sa te enposib. Anpil manm fidèl jwenn benediksyon don lang. (Gade Joseph Fielding Smith, *Answers to Gospel Questions*, comp. Joseph Fielding Smith Jr., 5 vols. [1957–66], 2:32–33.)

*Don entèpretasyon lang (D&A 46:25)*

Don sa a akòde pafwa a moun ki pa konprann yon lang epi ki bezwen resevwa yon mesaj enpòtan nan men Bondye. Pa egzanp, Prezidan David O. McKay te gen yon gwo dezi pou kominike avèk Sen nan Nouvèl Zelann yo san yon entèprèt. Li te di yo ke l te espere ke Senyè a beni yo pou yo te ka konprann ni. Li te pale an Anglè. Mesaj li a te dire 40 minit. Pandan l t ap pale a, lè l te wè ekspresyon ki te nan figi yo ak dlo ki te nan je yo, li te konprann ke yo t ap resevwa mesaj li a. (Gade *Answers to Gospel Questions*, 2:30–31.)

*Don tradiksyon (D&A 5:4)*

Si dirijan Legliz yo aple nou pou tradui pawòl Senyè a, nou ka resevwa yon don pou tradui ki depase kapasite natirèl nou. Menmjan ak tout don yo, nou dwe viv diy, etidye anpil, epi priye pou n resevwa li. Lè nou fè bagay sa yo, Senyè a ap fè nou santi yon chalè andedan pou nou ka konnen tradiksyon an kòrèk (gade D&A 9:8–9). Joseph Smith te gen don tradiksyon lè l te tradui Liv Mòmmon an. Li te ka jwenn don sa a sèlman lè l te an akò avèk Lespri a.

*Don Sajès (D&A 46:17)*

Kè nan nou resevwa kapasite pou konprann moun ak prensip levanjil yo jan yo aplike nan lavi nou. Yo di nou:

“Si nenpòt nan pami nou manke lasajès, se pou l mande Bondye, ki bay tout moun liberalman, epi san repwòch; epi l ap ba li l.

“Men se pou l mande ak lafwa, san doute. Paske moun ki doute li tankou vag lanmè van an ap boulvèse.

“Paske yon moun konsa pap resevwa anyen nan men Senyè a” (Jak 1:5–7).

Senyè a te di: “Pa chèche richès, men chèche lasajès, epi gade, mistè Bondye yo ap louvri devan nou” (D&A 6:7).



*Don konesans (D&A 46:18)*

Tout moun ki vin menmjan avèk Papa nou ki nan Syèl la ap finalman konnen tout bagay. Se Sentespri a ki revele nou konesans Bondye ak lwa l yo (gade D&A 121:26). Li enposib pou yon moun sove nan inyorans (gade D&A 131:6).

“Si yon moun jwenn plis konesans ak entelijans nan lavi sa a nan dilijans ak obeyisans pase yon lòt moun, l ap gen pi gwo avantaj nan mond k ap vini an” (D&A 130:19). Senyè a kòmande nou pou nou aprann otan nou kapab sou travay li a. Li vle nou aprann konsènan bagay ki nan syèl la ak sou tè a, bagay ki te egziste oswa ki dwe rive pwochènman, bagay ki lakay nou ak nan peyi etranje (gade D&A 88:78–79). Men, gen moun ki eseye akeri konesans pa pwòp mwayen pa yo sèlman. Yo pa mande èd Sentespri a. Yo se moun ki toujou ap chèche konnen men yo pa janm ka rive konnen verite a (gade 2 Timote 3:7). Lè nou resevwa konesans pa revelasyon nan men Sentespri a, Lespri li pale avèk entelijans nou epi ak kè nou (gade D&A 6:15, 22–24; 8:2; 9:7–9).

*Don pou anseye sajès ak konesans (Mowoni 10:9–10)*

Gen moun ki gen don espesyal pou eksplike ak temwaye verite levanjil yo. Don sa a kapab itilize lè n ap anseye nan yon klas. Li ka itilize pa paran pou anseye pitit yo. Don sa a ede nou enstwi lòt moun tou pou yo kapab konprann levanjil la.

*Don pou konnen ke Jezikri se Pitit Gason Bondye (D&A 46:13)*

Sa sete don yo te bay pwofèt yo ak apot yo ki te aple kòm temwen espesyal Jezikri yo. Sepandan, lòt moun ka resevwa don sa a tou. Chak moun ka resevwa yon temwayaj pa enspirasyon Sentespri a. Prezidan David O. McKay te anseye: “Senyè a di nan Doktrin ak Alyans yo ke, Sentespri a bay kèk moun don pou yo konnen Jezikri se Pitit Gason Bondye a, epi yo te krisifye li pou peche mond lan [gade D&A 46:13]. Mwen fè referans ak moun ki kanpe fèm sou wòch revelasyon yo nan temwayaj ke yo rann bay mond lan” (*Enseignements des présidents de l’église: David O. McKay* [2003], 166).

*Don pou kwè nan temwayaj lòt moun (D&A 46:14)*

Pa pouvwa Sentespri a nou kapab konnen tout bagay se verite. Si nou bezwen konnen si yon lòt moun ap di laverite, nou dwe mande Bondye avèk lafwa. Si bagay n ap priye pou li a se verite, Senyè a ap pote lapè nan panse nou (gade D&A 6:22–23). Nan fason sa a nou kapab konnen lè yon lòt moun, menm pwofèt la, resevwa yon revelasyon. Nefi te mande Senyè a pou fè l wè, tandè, ak konnen si rèv papa l la sete verite (gade 1 Nefi 10:17–19).

*Don pwofesi (D&A 46:22)*

Moun ki resevwa vrè revelasyon konsènan lepase, leprezan, ak lefiti yo gen don pwofesi. Pwofèt yo gen don sa a, men nou menm tou nou kapab genyen li pou ede nou dirije pwòp lavi nou (gade 1 Korentyen 14:39). Nou ka resevwa revelasyon nan men Bondye pou tèt nou ak pou apèl nou, men jamè pou Legliz la ak dirijan l yo. Sa kontrè ak lòd syèl la pou yon moun resevwa revelasyon pou yon moun ki gen plis otorite. Si nou vrèman gen don pwofesi, nou pap resevwa okenn revelasyon ki pa ann akò avèk sa Senyè a di nan ekriti yo.

*Don gerizon (D&A 46:19–20)*

Gen moun ki gen lafwa pou geri e gen lòt moun ki gen lafwa pou moun geri yo. Nou tout kapab egzèse lafwa pou n jwenn gerizon lè nou malad (gade D&A 42:48). Anpil moun ki detni prèttriz la gen don pou geri malad. Gen lòt ki resevwa konesans sou fason pou geri maladi.

*Don pou fè mirak (D&A 46:21)*

Senyè a beni anpil moun plizyè fwa nan fason mirakile. Lè pyonye Utah yo te plante premye semans yo, yon pil sotrèl te prèske detwi rekòt yo a. Pyonye yo te priye pou Senyè a te ka sove rekòt yo a, epi li te voye mwèt ki te devore tout sotrèl yo. Lè nou bezwen èd epi nou mande ak lafwa, si se pou byen nou, Senyè a fè mirak pou nou (gade Matye 17:20; D&A 24:13–14).

*Don lafwa (Mowoni 10:11)*

Frè Jarèd la te gen gwo lafwa. Poutèt lafwa li, li te resevwa lòt don. Lafwa li te si gran ke Sovè a te parèt devan li (gade Etè 3:9–15). San lafwa, nou pa ka resevwa okenn lòt don. Mowoni pwomèt: “Nenpòt moun ki kwè nan Kris la, ki pa doute anyen, nenpòt sa li mande Papa a nan non Kris la, l ap resevwa l” (Mòmmon 9:21). Nou dwe chèche ogmante lafwa nou, dekouvri don nou yo, epi itilize yo.

Gen moun ki manke lafwa epi yo nye egzistans don Lespri sa yo. Mowoni di yo:

“Yon fwa ankò, m ap pale avèk nou menm ki nye revelasyon Bondye yo, e ki di yo pase, pa gen revelasyon, ni pwofesi, ni don, ni gerizon, ni don lang, ni entèpretasyon lang;

“Gade, m ap di nou, moun ki nye bagay sa yo, pa konnen levanjil Kris la; wi, li pa t li ekriti yo; si l te li yo, li pa konprann yo” (Mòmmon 9:7–8).

- Poukisa Senyè a ba nou don esprityèl?

**Nou ka devlope don nou yo**

- Kijan nou ka “chèche . . . pi bon do yo sensèman”? (D&A 46:8).

Senyè a te di: “Paske, tout moun pa resevwa tout don; paske, gen anpil don, epi Lespri Bondye bay chak moun yon don. Kèk moun resevwa youn, epi kèk lòt moun resevwa yon lòt, pou tout moun kapab pwogrese.” (D&A 46:11–12).

Pou devlope don nou yo, nou dwe konnen ki don nou genyen. Nou rive fè sa pa lapriyè ak jèn. Nou dwe chèche pi bon don yo (gade D&A 46:8). Pafwa benediksyon patriyakal nou ap ede nou konnen ki don nou genyen.

Nou dwe obeyisan epi fidèl pou nou resevwa don nou yo. Epi apre nou dwe itilize don sa yo pou fè travay Senyè a. Yo pa ba nou yo pou satisfè kiryozyite nou ni pou pwouve nou yon bagay paske nou manke lafwa. Apwopo don esprityèl yo, Senyè a di: “Nou resevwa yo pou benefis moun ki renmen m epi ki respekte kòmandman m yo, ak pou moun k ap chèche fè sa” (D&A 46:9).

- Panse ak kèk don espiyèl ki ta kapab fòtifye ou pèsònèlman oubyen ki ta ka ede w sèvi Senyè a ak lòt moun. Kisa w pral fè pou chèche don sa yo?

### **Satan imite don Lespri yo**

- Kijan nou ka disène ant vrè don Lespri yo ak imitasyon Satan yo? Satan kapab imite don lang, pwofesi, vizyon, gerizon, ak lòt mirak. Moyiz te oblije lite avèk imitasyon Satan nan lakou Farawon an (gade Egzòd 7:8–22). Satan ta renmen nou kwè nan fo pwofèt, fo gerisè, ak moun k ap fè fo mirak. Yo gen dwa parèt sitèlman vrè ke sèl mwayen pou konnen se mande Bondye don disènan. Dyab la li menm kapab parèt kòm yon zanj limyè (gade 2 Nefi 9:9).

Satan vle anpeche nou wè laverite ak anpeche nou chèche vrè don Lespri yo. Medyòm yo, astwològ yo, vwayan yo, ak chòche yo enspire pa Satan menmsi yo pretann ke y ap suiv Bondye. Zèv yo abominab nan je Senyè a (gade Ezayi 47:12–14; Detewonòm 18:9–10). Nou dwe evite tout asosyasyon avèk pouvwa Satan.

### **Nou dwe pridan avèk don Lespri nou yo**

- Kijan nou ka respekte karaktè sakre don espiyèl yo?

Senyè a di: “Men, m ba yo yon kòmandman, pou yo pa fè lwanj pou tèt pa yo nan bagay sa yo, ni tou pou yo pa pale yo devan mond lan; paske nou resevwa bagay sa yo pou pwofi nou ak sali.” (D&A 84:73). Nou dwe sonje ke don espiyèl yo sakre (gade D&A 6:10).

Senyè a mande nou an retou, paske li ba nou don sa yo, nou dwe “bay Bondye remèsiman nan Lespri a pou nenpòt benediksyon li ba nou” (D&A 46:32).

### **Ekriti adisyonèl**

- 3 Nefi 29:6–7 (sò moun ki nye don yo)
- Mowoni 10:7–19 (don yo depann de lafwa)
- 3 Nefi 26:17; 27:20; D&A 84:64 (yo ba nou don an nan batèm)
- 1 Korentyen 12 (don Lespri yo nan ansyen Legliz Jezikri a)
- D&A 46:9–26 (don Lespri yo nan legliz la jodi a)



*Simon Dowdy*

# Sentsèn nan

## Chapit 23

---

### **Kris la entwodui Sentsèn nan**

- Kisa anblèm Sentsèn yo anseye sou Ekspyasyon Jezikri a?

Sovè nou an vle nou sonje gwo sakrifis ekspyatwa l la ak respekte kòmandman l yo. Pou ede nou fè sa, li kòmande nou pou nou reyini souvan pou n pran Sentsèn nan.

Sentsèn nan se yon òdonans prèttriz sen an ki ede nou sonje Ekspyasyon Sovè a. Pandan Sentsèn nan, nou pran pen ak dlo. Nou fè sa an souvni chè li ak san li, ke l te bay kòm sakrifis pou nou. Lè nou pran Sentsèn nan, nou renouvle alyans sakre nou avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Yon ti tan anvan Krisifiksyon l lan, Jezikri te rasanble Apot li yo bò kote li nan yon sal anwo. Li te konnen li ta pral mouri sou kwa a. Sete dènye fwa li t ap reyini avèk mesye byeneme sa yo anvan l te mouri. Li te vle pou yo toujou sonje li pou yo te kapab rete solid ak fidèl.

Pou ede yo sonje li, li te etabli Sentsèn nan. Li te kase pen an an mòso epi li te beni li. Apresa li te di: “Pran, manje, sa se an souvni kò mwen ke m bay an ranson pou nou” (Joseph Smith Tradiksyon, Matye 26:22). Apresa li te pran yon gode diven, li te beni li, li te bay Apot li yo bwè li, epi l te di: “Sa se an souvni san mwen . . . , ki koule pou tout moun ki kwè nan non mwen, pou remisyon peche yo” (Joseph Smith Tradiksyon, Matye 26:24; gade tou Matye 26:26–28; Mak 14:22–24; Lik 22:15–20).

Aprè rezirèksyon l la, Sovè a te vini nan Kontinan Amerik la epi li te anseye Nefit yo menm òdonans lan (gade 3 Nefi 18:1–11; 20:1–9). Lè Legliz la te fin retabli nan dènye jou yo, Jezi te kòmande pèp li

---

a yon fwa ankò pou yo pran Sentsèn nan an souvni li, li te di: “Epi li nesèsè pou legliz la reyini ansanm souvan pou yo pataje pen ak bwè diven nan memwa Senyè a Jezi” (D&A 20:75).

### **Kijan pou administre Sentsèn nan**

Ekriti yo eksplike egzakteman kijan yo dwe administre Sentsèn nan. Manm Legliz yo reyini chak jou Saba pou adore ak pran Sentsèn (gade D&A 20:75). Sentsèn nan administre pa moun ki gen otorite Prètriz nesèsè a. Yon prèt oswa yon detantè Prètriz Mèlkisedèk kase pen an an moso, li mete ajenou, epi li beni li (gade D&A 20:76). Apresa, yon dyak oswa yon lòt detantè prètriz distribye Sentsèn nan bay kongregasyon an. Apresa prèt la oswa detantè Prètriz Mèlkisedèk la beni dlo a, epi li distribye l bay manm yo tou. Jezi te bay disip li yo diven lè l te etabli Sentsèn nan. Sepandan, nan yon revelasyon modèn li te di ke se pa sa nou manje oubyen sa nou bwè ki enpòtan lè n ap pran Sentsèn nan, si nou fè l nan sèl entansyon pou nou sonje li (gade D&A 27:2–3). Jodi a, Sen Dènye Jou yo bwè dlo olye diven.

Jezi te revele pawòl egzak yo pou toulède priyè Sentsèn yo. Nou dwe byen koute bèl priyè sa yo epi eseye konprann sa n ap pwomèt ak sa yo pwomèt nou. Men priyè pou beni pen an:

“O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye pen sa a pou nanm tout moun ki pran ladan l, pou yo kapab manje nan memwa kò Pitit Gason w lan, epi pou yo rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo vle pote non Pitit Gason w lan sou yo, pou yo toujou sonje l, epi pou yo respekte kòmandman l yo ke li te ba yo, pou yo kapab toujou gen Lespri l avèk yo. Amèn” (D&A 20:77).

Men priyè pou beni dlo a:

“O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye diven [dlo] sa a pou nanm tout moun ki bwè ladan l, pou yo kapab fè sa nan memwa san Pitit Gason w lan, ki te koule pou yo; pou yo kapab rann ou temwayaj,

O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo toujou sonje l, pou yo kapab gen Lespri l avèk yo. Amèn” (D&A 20:79).

Òdonans Sentsèn nan fèt nan anpil senplisite ak k reverans.

- Repase priyè Sentsèn nan avèk atansyon. Panse sou siyifikasyon chak fraz.

### **Alyans nou renouvle pandan Sentsèn nan**

- Ki alyans nou renouvle pandan Sentsèn nan? Ki benediksyon Senyè a pwomèt nou si nou respekte alyans sa yo?

Chak fwa nou pran Sentsèn nan, nou renouvle alyans nou avèk Senyè a. Yon alyans se yon pwomès sakre ant Senyè a ak pitit li yo. Alyans nou fè yo endike klèman nan priyè sentsèn yo. Li enpòtan pou nou konnen kisa alyans sa yo ye ak sa yo vle di.

Nou fè alyans ke nou dispoze pou nou pran non Jezikri sou tè nou. Pa alyans sa a nou montre nou dispoze pou yo idantifye nou avèk li menm ak legliz li a. Nou pran angajman pou n sèvi li menm ak pwochen nou. Nou pwomèt ke nou pap pote ni lawont ni repwòch sou non sa a.

Nou fè alyans pou nou toujou sonje Jezikri. Tout panse nou, santi-man nou, ak aksyon nou ap enfliyanse pa li menm ak misyon li.

Nou pwomèt pou n respekte kòmandman l yo.

Nou pran obligasyon sa yo sou tèt nou lè nou batize (gade D&A 20:37; Mozya 18:6–10). Konsa, lè nou pran Sentsèn nan, nou renouvle alyans nou te fè lè nou te batize yo. Jezi te ba nou modèl pou pran Sentsèn nan (gade 3 Nefi 18:1–12) epi li te di ke lè nou suiv modèl sa a, nou repanti pou peche nou yo, epi nou kwè nan non li, n ap jwenn remisyon peche nou yo (gade Joseph Smith Translation, Matye 26:24).

Senyè a pwomèt ke si nou respekte alyans nou yo, n ap toujou gen Lespri l avèk nou. Yon moun ki gide pa Lespri a ap gen konesans, lafwa, pouvwa, ak entegrite nesèsè pou jwenn lavi etènèl.

- Kisa nou ka fè pou n sonje pwomès sa yo pandan semèn nan?



## Atitid nou lè n ap pran Sentsèn nan

- Kijan nou ka prepare tèt nou pou n pran Sentsèn nan? Ak kisa nou ka panse pandan Sentsèn nan pou ede nou sonje Ekspyasyon Sovè a?

Anvan nou pran Sentsèn nan, nou bezwen prepare tèt nou espi-ryèlman. Senyè a klèman endike ke nou pa dwe pran Sentsèn nan san nou pa diy. Sa vle di nou dwe repanti pou peche nou yo anvan nou pran Sentsèn nan. Ekriti yo di: Si nenpòt moun transgrese, pa kite l pran sentsèn jistan li fè rekonsilyasyon” (D&A 46:4). Senyè a te enstwi douz disip Nefit yo: “Pa kite okenn moun manje kò m ak san m si nou konnen li pa diy, lè n ap ofri l; paske nenpòt moun ki manje, e ki bwè kò m ak san m san l pa diy, li manje e li bwè kon-danasyon pou nanm li; se poutèt sa, si nou konnen yon moun pa diy pou l manje e pou l bwè kò m ak san m nou dwe anpeche l” (3 Nefi 18:28–29).

Pandan sèvis sentsèn nan nou dwe ekate panse mond lan yo nan lespri nou. Nou dwe priye epi montre reverans. Nou dwe panse ak Ekspyasyon Sovè nou an epi rekonesan pou li. Nou dwe egzamine lavi nou epi chèche mwayen pou n amelyore. Nou dwe renouvle detèminasyon pou respekte kòmandman yo tou.

Nou pa bezwen pafè pou nou pran Sentsèn nan, men nou dwe gen espri repantans nan kè nou.

Atitid nou genyen lè nou pataje sentsèn nan enfliyanse eksperyans nou avèk li. Si nou pran sentsèn nan avèk yon kè pi, nou resevwa benediksyon Senyè a pwomèt yo.

- Poukisa ou panse pran sentèn nan diyman ogmante fòs espi-ryèl nou?

## Ekriti adisyonèl

- 1 Korentyen 11:27–29 (pran sentsèn nan diyman)
- Jan 4:5–14 (Jezi se Dlo Vivan)
- Jan 6:30–35 (Jezi se Pen lavi a)

---

**Pou enstriktè yo:** Si anpil nan moun w ap aseye yo se paran, ou gen dwa mande yo pou yo pataje ide sou fason yo kapab ede pitit yo prepare pou pran Sentsèn nan avèk reverans.

# Jou Saba a

## Chapit 24

---

### **Siyifikasyon Jou Saba a**

- Kisa Jou Saba a ye?

“Sonje jou saba a, pou sanktifye li” (Egzòd 20:8; gade tou D&A 68:29).

Mo *Saba a* soti nan yon mo ebre ki siyifi *repo*. Anvan Rezirèksyon Jezikri a, jou Saba a te komemore jou repo Bondye apre l te fini Kreyasyon an. Sete yon siy alyans ant Bondye ak pèp li a. Nou li nan liv Jenèz la ke Bondye te kreye syèl yo ak tè a an sis tan, ke l te rele jou: “Setyèm jou a Bondye te fini tout sa l t ap fè; epi li te repoze nan setyèm jou a, paske se jou sa a li te sispann travay apre l te fin kreye tout sa l t ap kreye a. Epi Bondye te beni setyèm jou a, epi l te sanktifye li” (Jenèz 2:2–3). Kounyeya, Saba a komemore Rezirèksyon Jezikri tou.

Jou Saba a se setyèm jou a menm. Se yon jou sen Bondye òdone pou nou repoze anba travay kotidyen nou pou nou kapab adore li.

### **Objektif Jou Saba a**

- Kijan w ka eksplike objektif jou Saba a pou yon moun ki pa konn anyen osijè Saba a?

Jezi te anseye ke jou Saba a te fèt pou benefis nou (gade Mak 2:27). Objektif Saba a se pou ba nou yon jou pa semèn kote panse nou ak aksyon nou dirije vè Bondye. Se pa yon jou pou nou senpleman repoze nan travay nou. Se yon jou sakre pou nou pase nan adorasyon ak reverans. Pandan n ap repoze nan aktivite chak jou nou yo, lespri nou libere pou n medite sou zafè espiritiyèl yo. Jou sa a, nou dwe renouvle alyans nou avèk Senyè a epi nourri nanm nou ak bagay Lespri yo.

---



- Panse sou sa nou kapab fè pou kenbe objektif Saba a nan lespri nou pandan n ap prepare pou jou a chak semèn.

### **Istwa Saba a**

Setyèm jou a te konsakre pa Bondye kòm yon Saba nan kòmansman tè a (gade Jenèz 2:2–3). Depi nan premye tan yo, tradisyon yon setyèm jou sakre te prezève nan pami anpil kalite pèp sou tè a. Bondye te renouvle yon kòmandman konsènan jou sa a pou Izrayelit yo, li te di: “Sonje jou saba a, pou nou sanktifye li” (Egzòd 20:8). Respè jou Saba a sete yon siy ki te montre ke Izrayelit yo sete pèp alyans li tou (gade Egzòd 31:12–13, 16; Ezayi 56:1–8; Jeremi 17:19–27).

Sepandan, kèk dirijan Jwif te etabli anpil lwa inital pou jere Saba a. Yo te dekrete sou ki distans yon moun te dwe mache, ki kalite ne pou l te mare kravati li, elatriye. Lè kèk dirijan Jwif te kritike Jezikri paske l te geri moun malad jou Saba a, Jezi te raple yo ke Saba a te fèt pou benefis lòm.

Nefit yo te obsève jou Saba a tou selon kòmandman Bondye yo (gade Jawòm 1:5).

Nan epòk pa nou an, Senyè a repete kòmandman l lan pou nou sonje jou Saba a epi sanktifye li (gade D&A 68:29).

### **Jou Senyè a**

- Poukisa Saba a te chanje soti setyèm jou a rive premye jou a?

Jiska Rezirèksyon l lan, Jezikri ak disip li yo te onore setyèm jou an antanke Saba. Apre Rezirèksyon l lan, Dimanch te sanktifye kòm jou Senyè a an souvni Rezirèksyon l lan jou sa a (gade Travay 20:7; 1 Korentyen 16:2). Apati moman sa a, disip li yo te suiv premye jou semèn nan kòm Saba yo. Nan toulède ka yo te gen sis jou travay ak youn pou repo ak devosyon.

Senyè a ba nou yon kòmandman dirèk nan epòk sa yo pou nou menm tou nou onore Dimanch, jou Senyè a, kòm jou Saba nou (gade D&A 59:12).

- Nan ki fason souvni Rezirèksyon an ka enfliyanse adorasyon nou nan jou Saba a?

### **Sanktifye jou Saba a**

- Kisa sa vle di sanktifye jou Saba a?

Senyè a mande nou toudabò pou n sanktifye jou Saba a. Nan yon revelasyon li te bay Joseph Smith an 1831, Senyè a te kòmande Sen yo pou yo te ale nan kay priyè a pou nou ofri sakreman nou, pou nou repoze nou apre travay nou yo, ak pou nou bay Bondye ki Pi Wo a devosyon nou (gade D&A 59:9–12).

Dezyèmman, li mande nou pou nou repoze nan travay kotidyen nou an. Sa vle di nou pa dwe fè okenn travay ki ap anpeche nou konsantre nou sou bagay espartyèl yo. “Jou sa a, nou pa p fè okenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit fi nou, ni moun k ap travay lakay nou, ni bèt nou” (Egzòd 20:10). Pwofèt nou yo te di nou ke nou pa dwe al achte nan magazen, ni al lachas, ni peche, ni ale nan aktivite spòtif oswa patisipe nan aktivite konsa jou sa a.

Sepandan, Prezidan Spencer W. Kimball te avèti nou ke, si nou senpleman rete san fè anyen pou jounen an nan Jou Saba a, nou pa sanktifye li. Saba a mande panse ak aksyon konstriktif. (Gade *Enseignements des présidents de l'église: Spencer W. Kimball* [2006], 170.)

Ki kalite bagay nou *ka* fè jou Saba a? Pwofèt Ezayi te sigjere ke nou nou ta dwe evite fè bagay k ap fè nou plezi epi nou dwe “fè Saba a yon plezi, pou sanktifye Letènèl” (Ezayi 58:13).

Nou dwe panse fè bagay ki jis nan jou Saba a. Pa egzanp, nou ka sanktifye jou Saba a lè nou ale nan reyinyon Legliz yo; li ekriti yo ak pawòl dirijan Legliz nou yo; vizite moun malad, moun ki granmoun, ak fanmi nou; koute mizik ki edifyan epi chante kantik; priye Papa nou ki nan Syèl la avèk lwanj ak remèsiman; akonpli sèvis Legliz; prepare rejis jeneyaloji ak istwa pèsonèl nou; rakonte istwa sou lafwa epi rann temwayaj nou bay manm fanmi nou epi pataje eksperyans espartyèl avèk yo; ekri lèt voye bay misyonè yo

---

**Pou enstriktè yo:** Ou kapab mande manm klas ou yo oswa manj fanmi yo pou panse anpil sou yon kesyon ke w ap ba yo tan pou yo medite. Lè yo fin gen ase tan, mande yo repons yo.

ak fanmi nou; jene nan yon bi presi; epi pase tan avèk pitit nou ak lòt moun nan fwaye nou.

Lè n ap deside ki lòt aktivite nou ka antreprann nan jou Saba a, nou gen dwa mande tèt nou: Èske l ap edifye mwen ak enspire mwen? Èske l montre respè pou Senyè a? Èske l dirije panse m vè li?

Nan kèk okazyon, nou gen dwa oblije travay jou Saba a. Nou dwe evite sa toutotan nou kapab, men lè l absoliman nesèsè, nou dwe kenbe espri Saba a nan kè nou otan nou kapab.

- Panse sou yon bagay nou kapab fè pou nou amelyore nan efò nou pou sanktifye jou Saba a. Si nou gen yon paran oswa yon gran paran, panse sou yon bagay nou kapab fè pou ede pitit nou yo oswa pitit pitit nou yo konprann siyifikasyon Saba a.

### **Benediksyon nan obsève Jou Saba a**

- Ki kèk benediksyon nou resevwa lè nou sanktifye jou Saba a?

Si nou onore jou Saba a, nou ka resevwa gwo benediksyon espirityèl ak tanporèl. Senyè a te di ke si nou sankfitye jou Saba a avèk kè kontan ak gratitud, n ap resevwa lajwa total. Li pwomèt:

“Tout tè a pou nou, . . . kit se pou manje oubyen pou rad, oubyen pou kay, oubyen pou pak, pou rak pyebwa, oubyen pou jaden, oubyen pou pye rezen yo;

“Wi, tout bagay ki soti nan tè a, nan sezon yo, fèt pou benefis ak itilize lòm, pou fè je moun plezi ak pou fè kè moun kontan;

“Wi, pou manje ak rad, pou gou ak lodè, pou fòtifye kò a epi pou bay nanm nan lavi” (D&A 59:16–19).

### **Ekriti adisyonèl**

- Egzòd 31:16–17 (Saba a se yon alyans pèpetyèl ant Senyè a ak pèp li)
- Mozya 13:16–19; 18:23; Egzòd 35:1–3; Levitik 26:2–4, 6, 12 (obsève Saba a kòm yon jou sen)
- Lik 6:1–11 (li pèmèt pou fè byen nan jou Saba a)
- Lik 13:11–17; John 5:1–18 (egzanp Jezi nan fè bon bagay jou Saba a)



# Jèn

## Chapit 25

---

### **Kijan pou jene kòrèkteman**

- Kisa nou ka fè pou rann jèn nou yon eksperyans plen lajwa?

Depi nan epòk Adan an, pèp Bondye a toujou jene pou ede yo rapwoche bò kote li ak pou adore li. Jezi te montre enpòtans jèn pa pwòp egzanp li (gade Lik 4:1–4). Atravè revelasyon modèn yo nou aprann ke Senyè a toujou atann pou pèp li a jene ak priye souvan (gade D&A 88:76).

Jene vle di rete san manje ni bwè. Jene tanzantan se yon bon bagay pou kò nou epi sa ede lespri nou vin pi atantif.

Sovè a te anseye nou ke yon jèn reyisi se plis pase rete san manje ak bwè. Nou dwe konsantre sou zafè espiyèl yo tou.

### *Nou dwe priye lè n ap jene*

Lapriyè se yon pati nesèsè nan jèn. Atravè ekriti yo, lapriyè ak jèn mansyone ansanm. Jèn nou dwe akonpaye pa priyè sensè, epi nou dwe kòmanse epi fini jèn nou yo pa yon priyè.

### *Nou dwe jene nan yon bi presi*

Jene kapab gen plizyè rezon. Nou ka simonte feblès nou yo oswa pwoblèm nou yo nan jene ak priye. Pafwa nou ka jene ak priye pou n jwenn èd ak gidans pou lòt moun, tankou yon manm fanmi ki malad epi ki bezwen yon benediksyon (gade Mozya 27:22–23). Atravè jèn nou kapab vin konnen verite bagay yo menmjan ak pwofèt Alma nan Liv Mòmmon an. Li te di: “M te jene epi m te priye pou anpil jou, pou m te konnen pou tèt pa m. Epi kounyeya, m

---

**Pou enstriktè yo:** Ou gen dwa divize manm klas yo oswa manm fanmi yo an gwoup de ak kat moun epi bay chak gwoup yon opòtinite pou diskite sou fason pou fè jèn nan yon eksperyans plen lajwa. Apresa travay ansanm pou fè yon lis ide chak moun—petèt sou tablo a oubyen sou yon gwo moso papyè.



konnen pou tèt pa m bagay sa yo se verite; paske Senyè Bondye te manifeste yo ban mwen pa mwayen Lespri Sen li a” (Alma 5:46).

Nou ka jene pou ede lòt moun anbrase laverite. Jèn ka ede rekonfòte nou nan moman soufrans ak tristès (gade Alma 28:4–6). Jèn kapab ede nou vin enb ak santi nou pi pre Papa nou ki nan Syèl la (gade Elaman 3:35).

Nou pa dwe jene pou enpresyone lòt moun. Senyè a te konseye:

“Lè n ap fè jèn, pa pran pòz kagou nou tankou ipokrit yo. Y ap mache ak figi yo rale pou tout moun ka wè y ap fè jèn.

“An verite, m ap di nou, yo tou jwenn rekonpans yo.

“Men ou menm, lè w ap fè jèn, penyen tèt ou byen penyen, lave figi ou byen lave; konsa moun pap wè si w ap fè jèn” (Matye 6:16–18).

Lè n ap fè jèn, nou dwe gen kè kontan e nou pa dwe montre lòt moun ke n ap fè jèn.

- Nan ki fason atitid nou enfliyanse eksperyans nou lè n ap jene?

## **Jou jèn nan**

Sen Dènnye Jou yo obsève yon jou jèn chak mwa. Nan jou sa a nou pa ni manje ni bwè pandan de repa youn apre lòt. Si nou te manje Samdi swa, nou pa dwe manje ni bwè jiska Dimanch swa.

Tout manm ki fizikman kapab fè sa dwe jene. Nou dwe ankouraje pitit nou yo pou yo jene lè yo fin batize, men nou pa dwe janm fòse yo. Jou jèn nan se yon jou espesyal pou nou imilye nou devan Senyè a nan jèn ak lapriyè. Se yon jou pou nou priye pou mande padon pou peche nou yo ak pouvwa pou nou korije fot nou yo ak pou padone lòt moun.

Jou Dimanch jèn nan, manm Legliz yo reyini ansanm pou pran Sentsèn. Yo fòtifye tèt yo epi youn fòtifye lòt nan rann temwayaj nan reyinyon jèn ak temwayaj la.

- Nan ki fason ou te benefisye nan pataje temwayaj ou nan reyinyon jèn ak temwayaj la? Èske ou te benefisye nan tande lòt moun ap pataje temwayaj yo?

## Ofrann jèn

- Poukisa nou bay ofrann jèn?

Lè nou jene chak mwa, Senyè a mande nou pou nou ede moun ki nan bezwen yo. Yon fason nou fè sa se lè nou remèt otorite prèttriz ki konsène a lajan nou t ap depanse pou manje pandan de repa yo. Nou dwe bay avèk otan jenewozite nou kapab. Atravè ofrann jèn nou nou vin asosye avèk Senyè a nan satisfè bezwen frè ak sè nou yo ki pa genyen yo.

## Nou beni lè nou jene

- Ki benediksyon nou ka resevwa lè nou jene kòrèkteman?

Ezayi, yon pwofèt Ansyen Testaman an, te ekri bèl pwomès Senyè a te fè moun ki jene ak ede moun ki nan bezwen yo. Yo pwomèt nou lapè, yon pi bon sante, ak gidans espiritiyèl. Ezayi pale nou de benediksyon ki vini lè nou jene: “Lè sa a, limyè nou va klere tankou solèy k ap leve, gerizon nou ap jèmen; epi jistis mwen va mache devan nou” glwa Senyè a va rekonpans nou. Lè sa a si nou lapriyè nan pye m, ma reponn nou; si nou rele, m a di men mwen” (Ezayi 58:8–9)

Jèn amelyore lavi nou epi li fòtifye nou. Li ede nou viv lòt prensip levanjil yo paske li mennen nou pi pre Senyè a.

### *Jèn anseye nou metriz*

Jèn ede nou jwenn fòs karaktè. Lè nou jene kòrèkteman, n ap aprann kontwòle apeti nou ak pasyon nou yon ti jan pi solid paske nou pwouve tèt nou ke nou ka gen metriz. Si nou anseye pitit nou yo pou yo jene, y ap vin devlope fòs espiritiyèl pou simonte gwo tantasyon yo ki gen pou vini nan lavi nou yo.

### *Jèn ba nou pouvwa espiritiyèl*

Lè nou jene sajman ak nan lapriyè, nou devlope lafwa nou. Avèk lafwa sa a n ap gen plis pouvwa espiritiyèl. Pa egzanp, Alma (yon pwofèt Liv Mòmmon an) rakonte istwa reyinyon ni avèk pitit gason Mozya yo anpil ane apre konvèsyon mirakile yo a. Li te santi gwo lajwa lè l te aprann ke yo te fòtifye lafwa yo e yo te akeri gwo

kapasite espiyèl. Yo te akéri pouvw sa a paske “yo te lage kò yo nan anpil priyè ak jèn; se poutèt sa, yo te gen lespri pwofesi ak lespri revelasyon” (Alma 17:3).

Pitit gason Mozya yo te preche Lamanit yo pandan 14 ane. Paske pitit gason Mozya yo te jene ak priye, Lespri Senyè a te ogmante puisans pawòl yo. Sa te ba yo gwo siksè nan travay misyonè yo. (Gade Alma 17:4.)

Sovè a te di moun ki jene kòrèkteman yo, “Papa ou, ki la pou kont li avèk ou, se li ase k konn sa” (Matye 6:18).

- Nan ki fason jèn ogmante kapasite espiyèl nou pou reziste anba tantasyon? pou resevwa revelasyon? pou fè aksyon ki jis?

### **Ekriti adisyonèl**

- Lik 2:37; Alma 45:1 (adore Bondye atravè jèn)
- Ezayi 58:3–11 (jèn kòrèk la)
- Mozya 27:19, 23 (jene pou malad yo)
- 3 Nefi 27:1–3; Egzòd 34:27–28 (jene pou revelasyon ak temwayaj)
- Alma 6:6; 17:9 (jene pou moun ki pa konn Bondye yo)
- Travay 13:2–3 (jene pou chwazi ofisye nan Legliz la)
- Mozya 4:26 (jwenn remisyon peche nou yo pandan n ap ede moun ki nan bezwen)

# Sakrifis

## Chapit 26

---

### **Siyifikasyon sakrifis**

Sakrifis vle di bay Senyè a kèlkeswa sa l mande nan tan nou, byen terès nou, ak enèji nou pou fè avanse travay li a. Senyè a te kòmande: “Chèche premyèman wayòm Bondye a, ak jistis li” (Matye 6:33). Dispozisyon nou pou fè sakrifis se yon endikasyon devosyon nou pou Bondye. Yo te toujou pase moun yo anba eprèw ak tès pou wè si y ap mete bagay Bondye yo an premye nan lavi yo.

- Poukisa li enpòtan pou fè sakrifis jan Senyè a mande a san atann anyen an retou a?

### **Yo te konn pratike lwa sakrifis la depi nan tan ansyen yo**

- Ki siyifikasyon sakrifis pèp alyans Senyè a te akonpli yo nan tan ansyen an?

Soti nan tan Adan ak Èv la rive nan tan Jezikri a, pèp Senyè a te toujou pratike lwa sakrifis la. Yo te kòmande yo pou yo ofri premye bèt twoupo yo an sakrifis. Bèt sa yo te oblije pafè, san tach. Yo te bay moun yo òdonans lan pou raple yo ke Jezikri, Premye Ne Papa a, t ap vin nan mond lan. Li t ap pafè nan tout fason, epi li t ap ofri tèt li kòm sakrifis pou peche nou yo. (Gade Moyiz 5:5–8.)

Jezi te vini epi li te ofri tèt li an sakrifis, jan yo te anseye moun yo sa t ap fèt la. Gras ak sakrifis li a, tout moun ap sove anba lanmò fizik pa Rezirèksyon an epi tout moun kapab sove anba peche yo atravè lafwa nan Jezikri (gade chapit 12 nan liv sa a.)

Sakrifis ekspyatwa a te mete fen ak sakrifis bèt yo nan vèsè san li. Sakrifis sa a te ranplase pa òdonans Sentsèn nan. Yo te ba nou òdonans sentsèn nan pou raple nou gwo sakrifis Sovè a. Nou dwe

---

**Pou enstriktè yo:** Ou pa bezwen anseye tout bagay ki gen nan chak chapit. Pandan w ap prepare w pou anseye nan lapriyè, chèche gidans Lespri a pou konnen ki pati nan chapit la ou dwe kouvri ak ki kesyon ou dwe poze.



pran Sentsèn nan souvan. Anblèm pen an ak dlo a raple nou kò Sovè a ak san li, ke l te vèse pou nou (gade chapit 23 nan liv sa a).

- Poukisa Ekspyasyon an konsidere kòm gran ak dènye sakrifis la?

### **Nou toujou bezwen sakrifis**

- Nan ki fason nou obsève lwa sakrifis la jodi a?

Menmsi sakrifis vèse san an te fini, Senyè a toujou mande nou pou n fè sakrifis. Men kounyeya li mande yon lòt kalite ofrann. Li te di: “Pa ofri m pou san koule ankò, . . . m p ap aksepte okenn nan sakrifis ak olokòs nou yo. . . . Ofri m yon kè brize ak yon lespri kontri kòm sakrifis” (3 Nefi 9:19–20). Yon “kè brize ak yon lespri kontri” vle di ke nou santi yon pwofon tristès pou peche nou yo, pandan n ap imilye tèt nou ak repanti pou peche nou yo.

### **Nou dwe dispoze pou sakrifye tout sa nou genyen pou Senyè a**

- Poukisa moun yo dispoze pou fè sakrifis?

Apot Pòl te ekri ke nou dwe vin sakrifis vivan, sen epi akseptab devan Bondye (gade Women 12:1).

Si nou dwe yon sakrifis vivan, nou dwe dispoze pou bay tout sa nou genyen pou Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo—pou bati wayòm Bondye a sou tè a ak travay pou tabli Siyon (gade 1 Nefi 13:37).

Yon jèn dirijan rich te mande Sovè a: “Kisa pou m fè pou m ka eritye lavi etènèl?” Jezi te reponn: “Ou konn kòmandman yo. Piga ou fè adiltè, pigas ou touye moun, pigas ou vòlò, pigas ou fè manti sou moun, respekte papa ou ak manman ou.” Epi mesye rich la te di: “M suiv tout bagay sa yo depi m te piti.” Lè Jezi te tande sa, li te di: “Ou manke yon bagay toujou: vann tout sa ou genyen, separe lajan an bay pòv yo. Apre sa, wa gen yon richès nan syèl la. Epi vini, suiv mwen.” Lè jèn chèf la te tande sa, li te vin tris. Li te rich anpil epi kè li te atache avèk richès li yo. (Gade Lik 18:18–23; gade foto a nan chapit sa a tou.)

Jèn dirijan an sete yon bon moun. Men lè yo te mete l aleprèv la, li pa t prè pou sakrifye byen materyèl li yo. Yon lòt bò, disip Senyè a yo, Pyè ak Andre te dispoze pou sakrifye tout bagay pou wayòm

Bondye a. Lè Jezi te di yo: Suiv mwen, . . . yo te kite nas yo tout suit epi yo te suiv li” (Matye 4:19–20).

Menmjan ak disip yo, nou kapab ofri aktivite chak jou nou yo kòm sakrifis pou Senyè a. Nou ka di: “Se pou volonte ou fèt.” Abraram te fè sa. Li te viv sou tè a anvan Kris la, nan epòk kote yo te mande sakrifis ak olokos. Kòm tès lafwa Abraram, Senyè a te kòmande li pou ofri pitit gason li Izaak an sakrifis. Izaak sete sèl pitit gason Abraram ak Sara. Kòmandman pou ofri li an sakrifis la te ekstrèmman penib pou Abraram.

Men, li menm ak Izaak te fè yon vwayaj byen long ale sou Montay Morija, kote pou l te fè sakrifis la. Yo te vwayaje pandan twa jou. Imanjine panse Abraram ak doulè li. Li te dwe sakrifye pitit gason l lan bay Senyè a. Lè yo te rive sou Mòn Morija a, Izaak te pote bwa a epi Abraram te pote dife a ak kouto a nan plas kote yo ta pral bati otèl la. Izaak te di: “Papa . . . mwen wè ou gen dife a ak bwa a, men kote mouton pou boule a?” Abraram te reponn: “Pitit mwen, se sou kont Bondye sa ye.” Apresa Abraram te bati yon lotèl epi li te ranje bwa yo sou li. Li te mare Izaak, epi li te mete l kouche sou bwa yo. Apresa li te pran kouto li pou touye Izaak. Nan moman sa a yon zanj Senyè a te rete li, li te di: “Abraram . . . pa leve men sou ti gason an, pa fè l anyen. Koulyeya mwen konnen ou gen krentif pou Bondye vre, paske ou pa t derefize touye sèl pitit gason ou lan pou mwen.” (Gade Jenèz 22:1–14.)

Abraram siman te anvayi ak lajwa lè li pa t oblije sakrifye pitit gason l lan. Men li te renmen Senyè a tèlman ke li te dispoze pou fè tout sa Senyè a te mande.

- Ki egzanp sakrifis ou obsève nan lavi moun ou konnen? Ki egzanp sakrifis ou konn wè nan lavi zansèt ou yo? nan lavi premye manm Legliz yo? nan lavi moun nan ekriti yo? Kisa ou te aprann apati egzanp sa yo?

### **Sakrifis ede nou prepare n pou n viv nan prezans Bondye**

Se sèlman atravè sakrifis nou kapab vin diy pou viv nan prezans Bondye. Se sèlman atravè sakrifis nou kapab jwi lavi etènèl. Anpil moun ki te viv anvan nou te sakrifye tout sa yo te genyen. Nou

dwe dispoze pou fè menm bagay la si nou vle genyen gwo rekonsans yo resevwa a.

Yo gen dwa mande pou n sakrifye tout bagay. Men, menmjan ak Abraram, nou dwe dispoze pou sakrifye tout bagay pou nou vin diy pou viv nan prezans Senyè a.

Pèp Senyè a te toujou sakrifye anpil bagay nan plizyè fason diferan. Kèk moun te pase tribilasyon epi yo te pase yo nan betiz pou levanjil la. Gen kèk nouvo konvèti Legliz la fanmi yo te rejte yo. Zanmi danfans te vire do ba yo. Gen manm ki te pèdi travay yo; genyen ki te pèdi lavi yo. Men Senyè a note sakrifis nou yo; li pwomèt: “Nenpòt moun ki va kite kay li, osinon frè l, osinon sè l, osinon manman l, osinon madanm ni, osinon pitit li, osinon peyi li, poutèt mwen, gen pou l resevwa san fwa plis pase sa, ansanm ak lavi etènèl” (Matye 19:29).

Lè temwayaj nou konsènan levanjil la grandi, nou vin kapab fè pi gwo sakrifis pou Senyè a. Note sakrifis ki te fèt nan egzanp vrè sa yo:

Yon manm Legliz la nan Almay te mete dim ni akote pandan dèzane jiskaske yon detantè prèttriz te ka vini pou pran li.

Yon enstriktris vizit nan fwaye nan Sosyete Sekou te sèvi pandan 30 ane san l pa t rate yon vizit.

Yon gwoup Sen nan Afrik disid te vwayaje pandan twa jou, tou kanpe, pou yo te kapab tande ak wè pwofèt Senyè a.

Nan yon zòn konferans zòn nan Meksik, manm Legliz yo te dòmi atè epi yo te jene pandan jou konferans yo. Yo te itilize tout lajan yo te genyen pou ale nan konferans lan e yo pa t gen anyen k te rete pou manje ak lojman.

Yon fanmi te vann machin ni pou l te jwenn lajan pou patisipe nan fon pou bati tanp lan.

Yon lòt fanmi te vann kay li pou l te jwenn kòb pou ale nan tanp.

Anpil Sen fidèl pa gen anpil mwayen pou yo viv, men, yo peye dim yo ak ofrann yo.

Yon frè te sakrifye travay li paske li te refize al travay jou Dimanch.



Nan yon branch, jèn yo te bay tan yo san yo pa t mande yo, pou pran swen timoun yo pandan paran yo t ap ede bati chapèl la.

Anpil jènjan ak jènfi refize oubyen ranvwaye bon opòtinite travay, lekòl, oswa espò pou y al sèvi misyon.

Nou ta ka bay anpil anpil lòt egzanp moun ki fè sakrifis pou Senyè a. Men, yon plas nan wayòm Papa nou ki nan Syèl la vo nenpòt sakrifis nou fè pou bay tan nou, talan nou, enèji nou, lajan nou, ak lavi nou. Lè nou fè sakrifis, n ap jwenn konesans nan men Senyè a ke li aksepte nou (gade D&A 97:8).

- Poukisa ou panse dispozisyon ou pou fè sakrifis anrapò avèk dispozisyon ou pou viv nan prezans Bondye?

### **Ekriti adisyonèl**

- Lik 12:16–34 (kote trezò ou ye, se la kè ou ye)
- Lik 9:57–62 (sakrifis pou antre nan wayòm nan)
- D&A 64:23; 97:12 (jodi a se yon jou sakrifis)
- D&A 98:13–15 (moun ki pèdi lavi yo pou Senyè a ap jwenn ni)
- Alma 24 (pèp Amon an sakrifye lavi yo olye yo kraze sèman yo te fè Senyè a)

# Travay ak responsablite endividyèl

## Chapit 27

---

### Travay se yon prensip etènèl

- Ki eksperyans ou te fè ki montre ou enpòtans travay?

Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri montre nou pa egzanp yo ak ansèyman yo ke travay enpòtan nan syèl la ak sou tè a. Bondye te travay pou kreye syèl yo ak tè a. Li te rasanble lanmè yo nan yon sèl kote epi tè sèch la te parèt. Li te fè gazon, zèb, ak pyebwa pouse sou tè a. Li te kreye solèy la, lalin nan, ak zetwal yo. Li te kreye tout kreyati vivan nan lanmè a ak sou tè a. Epi li te mete Adan ak Èv sou tè a pou pran swen li ak pou gen dominasyon sou tout lòt kreyati vivan yo. (Gade Jenèz 1:1–28.)

Jezi te di: “Se tout tan Papa m ap travay, mwen menm tou, m ap travay” (Jan 5:17). Li te di tou: “Se pou m fè travay moun ki voye m nan ban m fè a” (Jan 9:4).

### Yo kòmande pou pou nou travay

Yo te mete travay kòm fason pou viv sou tè a depi Adan ak Èv te kite Jaden Edenn nan. Senyè a te di Adan: “Se kouraj ou ki pou fè ou mete yon moso pen nan bouch ou” (Jenèz 3:19). Adan ak Èv te travay nan jaden pou reponn ak bezwen yo ak bezwen pitit yo (gade Moyiz 5:1).

Senyè a te di pèp Izrayèl la: “Na travay sis jou” (Egzòd 20:9).

---

**Pou enstriktè yo:** Eseye ede chak manm klas oswa chak manm fanmi patisipe nan leson an. Moun yo kapab ede nan ranje chèz, ofri pou fè priyè ouvèti ak kloti, ekri sou tablo, li ekriti, reponn kesyon, pataje temwayaj, oubyen rezime leson an.



Nan premye jou retablisman Legliz yo, Senyè a te di Sen Dènnye Jou yo: “Kounyeya, mwen menm Senyè a, m pa kontan avèk abitan Siyon yo, paske gen parese pami yo” (D&A 68:31).

Yon pwofèt Bondye te di: “Nou dwe releve travay kòm prensip k ap dirije lavi manm Legliz nou yo” (Heber J. Grant, *Enseignements des présidents de l'église: Heber J. Grant* [2002], 115).

### **Responsablite familyal**

- Ki responsablite papa yo, manman yo, ak timoun yo genyen pou kenbe yon fwaye? Kisa manm fanmi yo ka fè pou pataje travay la?

Paran yo travay ansanm pou reponn ak byennèt fizik, espirityèl, ak emosyonèl fanmi yo. Yo pa dwe janm tann pou yon lòt moun pran responsablite sa a pou yo. Apot Pòl te ekri: “Si yon moun pa pran swen fanmi l, sitou moun k ap viv lakay li, li niye lafwa li” (1 Timote 5:8).

Koup yo dwe chèche enspirasyon nan men Senyè a epi suiv konsèy pwofèt yo lè y ap etabli responsablite endividyèl. Kreye yon fwaye kote yo anseye prensip levanjil yo chak jou epi kote lanmou al lòd demere osi enpòtan ke founi nesosite debaz tankou manje ak rad yo.

Timoun yo dwe fè pati pa yo nan travay fanmi an. Li nesèsè pou timoun yo gen tach pou fè travay yo kapab fè. Nou dwe fè yo konpliman lè yo reyisi. Nou aprann bon atitud, abitud, ak konpetans pou travay nan fè eksperyans travay nan fwaye a.

Pafwa moun konn rankontre difikilte lè y ap eseye travay pou pran swen fanmi yo. Maladi kwonik, pèdi yon konjwen, oswa yon paran ki granmoun ki vini kapab ajoute sou responsablite yo nan yon fwaye. Papa nou ki nan Syèl la sonje fanmi ki nan sitiasyon sa yo epi li ba yo fòs pou yo ka ranpli devwa yo. Li toujou beni yo si yo mande li nan lafwa.

### **Nou kapab apresye travay nou**

- Nan ki fason atitud nou afekte travay nou?

Pou kèk moun travay se yon kòve. Pou kèk lòt moun se yon pati eksitan nan lavi yo. Yon fason pou n jwi tout benefis lavi yo se aprann renmen travay.

Se pa nou tout ki kapab chwazi ki kalite travay pou nou fè. Gen kèk nan nou ki travay pandan anpil èdtan pou reponn ak bezwen elemantè yo. Li difisil pou apresye kalite travay konsa. Men, moun ki gen plis kè kontan yo aprann renmen travay yo, kèlkeswa sa li yo.

Nou youn kapab ede lòt nan travay nou. Fado ki pi lou a vin lejè lè yon moun pataje li.

Atitid nou anvè travay enpòtan anpil. Istwa sa a montre kijan yon mesye te wè odela travay jounalye li. Yon vwayajè t ap travèse yon karyann epi li te wè twa mesye ki t ap travay. Li te mande yo chak kisa yo t ap fè. Repons chak mesye yo te revele yon atitid diferan anvè menm travay la. Premye mesye a te reponn: “M ap kase wòch.” Dezyèm nan te reponn: “M ap fè twa pyès lò pa jou.” Twazyèm nan te souri epi l te di: “M ap ede bati yon kay Bondye.”

Nou sèvi Bondye nan nenpòt ki travay onèt. Wa Benjamen, yon pwofèt Nefit, te di: “Lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvi Bondye nou ye” (Mozya 2:17). Si travay nou pèmèt nou peye sèlman sa ki nesèsè pou tèt nou ak fanmi nou, nou ede kèk pitit Bondye kanmèm.

- Nan ki fason nou ka amelyore atitid nou anvè travay?

### **Bondye kondane laparès**

Senyè a pa kontan avèk moun ki parese oswa fenyan. Li te di: “Parese p ap gen plas yo nan legliz la, eksepte si yo repanti epi repare tèt yo” (D&A 75:29). Li te kòmande tou: “Nou pa dwe gen parès; paske yon moun ki parese pa dwe manje pen ni mete rad moun k ap travay” (D&A 42:42).

Depi nan premye jou yo nan Legliz la, pwofèt yo te toujou anseye Sen Dènnye Jou yo pou yo endepandan, pou yo reponn ak pwòp bezwen yo epi pou yo evite parès. Vrè Sen Dènnye Jou yo p ap janm volontèman renonse a asire tach pran swen byennèt yo. Osi lontan yo kapab, y ap sipòte tèt yo ak fanmi yo nan nesèsite lavi yo.

Otan yo kapab, tout manm Legliz yo dwe aksepte responsablite pou pran swen fanmi yo ki pa kapab pran swen tèt pa yo.

- Nan ki fason parès afekte yon moun? yon fanmi? yon kominote?

### **Travay, detant, ak repo**

- Poukisa li enpòtan pou nou kenbe yon balans nan lavi nou ant travay, detant, ak repo?

Nou chak dwe jwenn yon ekilib ant travay, repo, ak detant. Gen yon ansyen pwovèb ki di: “Rete san fè anyen se travay ki pi difisil la, paske ou pa p ka janm sispann pran repo.” San travay, repo ak relaksasyon pa gen sans.

Repoze nou se yon bagay ki non sèlman plezan ak nesesè, men, se yon kòmandman yo ba nou pou nou pran repo jou Saba a tou (gade Egzòd 20:10; D&A 59:9–12). Jou repo sa a, apre sis jou travay, rafrech nou pou jou k ap vini apre yo. Senyè a pwomèt tou “tout bagay sou tè” se pou moun ki obsève jou Saba a (gade D&A 59:16–20; gade chapit 24 nan liv sa a tou).

Nan lòt jou yo nan semèn nan, anplis travay, nou ka pran tan pou amelyore talan nou ak amize nou ak pastan nou pi renmen, distre nou, oswa fè lòt aktivite ki ap rafrech nou.

- Kisa nou kapab fè pou kenbe yon bon balans ant travay, repo, ak detant? Nan ki fason paran yo kapab ede pitit yo kenbe balans sa a?

### **Benediksyon travay**

- Ki kèk benediksyon ki soti nan travay onèt?

Bondye te revele bay Adan: “Se kouraj ou ki pou fè ou mete yon moso pen nan bouch ou” (Jenèz 3:19). Anplis ke l te yon lwa tanporèl, lwa sa a sete yon lwa pou sali nanm Adan tou. Pa gen fwontyè reyèl ant travay espiritiyèl, mantal, ak fizik. Travay esansyèl pou nou chak epanouwi, ranfòse karaktè nou, ak pou anpil satisfaksyon ke moun ki parese pa p janm konnen.

Prezidan David O. McKay te di: “Annou konprann ke privilèj pou travay se yon don, kapasite pou travay se yon benediksyon, lanmou pou travay se yon siksè” (*Pathways to Happiness* [1957], 381).

“Lèzòm te fèt pou yo kapab gen lafwa” (2 Nefi 2:25). Travay se yon kle pou lajwa total nan plan Bondye a. Si nou jis, n ap retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la, e nou pral gen travay pou nou fè. Pandan ke n ap vin menmjan avèk li, travay nou ap vin menmjan ak travay li. Travay li se pou “reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

### **Ekriti adisyonèl**

- Moyiz 4:23–25 (Yo di Adam li pral travay pandan tout lavi li pou l jwenn manje li)
- D&A 56:16–17 (Bondye mete rich yo ak pòv yo angad kont lanvi, konvwatiz, ak parès)
- D&A 58:26–29 (lèzòm dwe travay avèk zèl pou yon bon koz)
- Matye 25:14–30 (parabòl talan yo)
- Efezyen 4:28 (pa vole, men travay)
- 1 Tesalonisyen 4:11–12 (travay avèk pwòp men nou)
- 2 Nefi 5:17 (Nefi te anseye pèp li a pou yo travay epi bay randman)

# Sèvis

## Chapit 28

---

### **Kijan nou ka sèvi**

- Panse sou fason moun te sèvi ou menm ak manm fanmi ou.

Jezi te di: “Mwen menm mwen nan mitan nou antanke moun k ap sèvi nou” (Luke 22:27). Antanke vrè disip Jezi, nou menm tou nou dwe sèvi lòt moun.

Sèvis se ede lòt moun ki bezwen èd. Nou sèvi kretyènman lè nou devlope amou sensè pou Sovè a ak lanmou ak sousi pou moun li ba nou opòtinite ak direksyon pou sèvi yo. Lanmou plis pase yon santiman; lè nou renmen lòt moun, nou anvi ede yo.

Nou tout dwe dispoze pou sèvi, kèlkeswa revni nou, laj nou, oswa pozisyon sosyal nou. Gen moun ki panse ke se sèlman moun pòv ak moun ki pa genyen nou dwe rann sèvis. Gen lòt moun ki panse ke yo dwe rann sèlman moun rich sèvis. Men Jezi te anseye yon lòt fason. Lè manman de disip li yo te mande li pou onore pitit gason yo nan wayòm ni an, Jezi te reponn: “Si youn nan nou ta vle gran, se pou l sèvi nou; e tout moun ki ta renmen chèf nan pami nou, se pou l sèvitè nou” (Matye 20:26–27).

Gen anpil fason pou sèvi. Nou ka ede lòt moun ekonomikman, sosyalman, fizikman, ak espirityèlman. Pa egzanp, nou ka pataje manje oswa lòt bagay bay moun ki bezwen yo. Nou ka ede moun ki nan bezwen nan fè yon ofrann jèn jenere. Nou ka vin zanmi yon moun ki fèk vini. Nou ka plante yon jaden pou yon granmoun oubyen pran swen yon moun ki malad. Nou ka anseye levanjil la bay yon moun ki bezwen laverite ak rekonfòte yon moun ki nan lapenn.

Nou ka fè ti aksyon sèvis ak gwo sèvis. Nou pa dwe janm manke ede yon moun sou pretèks ke nou pa kapab fè gran choz. Yon vè te rakonte istwa de timoun ki te vin frape nan pòt li yon ti tan apre l te vin abite nan yon nouvo vil. Timoun yo te pote yon panyè

---





manje avèk yon nòt ki te ekri: “Si w bezwen nou pou al achte nen-pòt bagay, rele nou.” Vèv la te kontan pa ti zak jantiyès sa a e li p at janm bliye li.

Men, pafwa nou dwe sakrifye anpil pou sèvi yon moun. Sovè a te bay lavi li nan sèvi nou.

- Panse avèk moun nan fanmi nou oswa nan kominote nou ki nan bezwen ekonomikman, sosyalman, fizikman, oswa espiritiyèlman. Medite sou sa nou kapab fè pou sèvi yo.

### **Poukisa Sovè a vle nou sèvi lòt moun**

- Poukisa Senyè a vle nou sèvi lòt moun?

Se nan sèvi gason ak fi ak ti gason ak tifi ke nou fè travay Bondye a. Prezidan Spencer W. Kimball te eksplike: “Bondye remake nou, epi l ap veye sou nou. Men li abityèlman fè sa atravè yon lòt moun ki reponn bezwen nou” (*Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball* [2006], 82).

Pandan tout lavi nou, nou tout bezwen èd lòt moun. Lè nou te piti, paran nou te nourri nou, abiye nou, ak pran swen nou. San swen sa a nou t ap mouri. Lè nou te grandi, lòt moun te anseye nou talan ak aptitud. Anpil nan nou te bezwen swen nan yon maladi oswa lajan nan yon moman kriz finansye. Gen nan nou ki mande Bondye pou beni moun k ap souffri epi apresya yo pa fè anyen pou yo. Nou dwe sonje ke Bondye travay pa lentèmedyè nou.

Lè nou youn ede lòt, n ap sèvi Bondye. Wa Benjamen, yon gwo wa nan epòk Liv Mòmmon an, te anseye pèp li a prensip sa a pa fason li te viv. Li te sèvi yo pandan tout lavi li, epi li te chèche jwenn pwòp fason pou l te viv olye li te kite pèp la okipe li. Nan yon diskou enspire, li te eksplike poukisa li te renmen sèvi, li te di:

“Lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvi Bondye nou ye . . .

“E si mwen menm nou te rele wa nou, m travay pou m sèvi nou, èske nou menm, nou pa ta dwe travay pou youn ede lòt?” (Mozya 2:17–18).

- Kisa nou ka fè pou nou pare pou reponn ak bezwen lòt moun?

## Nou resevwa benediksyon atravè sèvis

- Ki benediksyon nou resevwa atravè sèvi lòt moun?

Lè nou sèvi lòt moun nou jwenn benediksyon enpòtan. Atravè sèvis nou ogmante kapasite nou pou renmen. Nou vin mwens ego-yis. Lè nou panse avèk pwoblèm lòt moun, pwòp pwoblèm pa nou yo parèt diminye. Nou dwe sèvi lòt moun pou n ka gen lavi etènèl. Bondye te di ke moun ki viv avèk li dwe renmen ak sèvi pitit li yo (gade Matye 25:34–40).

Lè nou egzamine lavi moun k ap sèvi pwochen yo avèk jenewozite yo, nou ka wè ke yo jwenn plis pase yo bay. Yon moun konsa sete yon Sen Dènnye Jou ki te rele Pòl ki te pèdi de janm ni nan yon aksidan. Gen kèk moun ki te ka vin plen amètim ak dezevre, men Pòl te chwazi pou l te panse ak lòt moun olye sa. Li te aprann yon metye epi li te fè ase lajan pou l te achte yon kay. Nan kay sa a, li menm ak madanm ni te fè plas pou timoun abandone epi ki pa t gen kay pou yo rete. Gen kèk ki te andikape anpil. Jiskaske l te mouri 20 an apre, li te sèvi timoun sa yo ak lòt. Anretou yo te renmen l anpil, epi panse li te detounen de janm enfim li yo. Li te rapwoche de Senyè a.

Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Nou vin pi enpòtan lè nou sèvi lòt moun—anfèt, li pi fasil pou n ‘trouve’ tèt nou paske gen sitèlman anpil plis bagay pou nou jwenn!” (*Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball*, 85–86).

## Opòtinite pou sèvi

Kèk nan nou sèvi sèlman moun yo renmen konpayi yo e yo evite tout lòt moun. Men, Jezi kòmande nou pou nou renmen ak sèvi tout moun. Gen anpil opòtinite pou sèvi (gade Mozya 4:15–19).

Nou ka sèvi manm fanmi nou. Mari nou ak madanm nou dwe konsyan youn pou bezwen lòt. Paran yo dwe sèvi pitit yo non sèlman nan nouri yo ak abiye yo men nan anseye yo ak jwe avèk yo ak travay avèk yo tou. Timoun yo kapab sèvi nan ede nan travay nan kay la ak ede frè yo ak sè yo.

Mari ak madanm dwe youn sèvi ak ede lòt. Yo chak ka ede lòt pran swen pitit yo, e youn ka sipòte lòt nan enterè ak pousuit endividyèl yo. Yon manman ak yon papa ka fè sakrifis pou voye yon timoun nan misyon. Yon pi gran tigason ka rekonfòte yon ti sè ki pè fènwa oubyen ede l aprann li. Pwofèt nou yo di nou ke yon fanmi se inite ki pi enpòtan nan sosyete a. Nou dwe sèvi fanmi nou byen (gade Mozya 4:14–15).

Nou gen anpil opòtinite pou sèvi pwochen nou, zanmi nou, ak menm etranje. Si yon pwochen gen difikilte pou fè rekòt anvan yon loraj, nou ka ede l. Si yon manman malad, nou ka veye pitit li yo pou li oubyen ede l nan travay nan kay la. Si yon jènjan chite ale lwen legliz la, nou ka mennen l retounen. Si y ap ridikilize yon timoun, nou ka vin zanmi li epi pèsyade lòt timoun yo pou yo vin janti. Nou pa bezwen konnen moun n ap sèvi yo. Nou dwe chèche mwayen pou sèvi otan pitit Papa nou ki nan Syèl la nou kapab.

Si nou gen talan espesyal, nou dwe itilize yo pou sèvi lòt moun. Bondye ba nou talan ak kapasite pou ede amelyore lavi lòt moun.

Nou gen opòtinite pou sèvi nan Legliz la. Objektif òganizasyon Legliz la se pou ba nou opòtinite pou nou youn ede lòt. Manm Legliz yo sèvi nan fè travay misyonè, aksepte tach pou dirije, vizite lòt manm, anseye klas, ak fè lòt travay legliz la. Nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo pa gen klèje pwofesyonèl, konsa manm layik yo dwe fè tout aktivite yo nan Legliz la.

- Kijan nou ka bay ase tan pou fanmi nou, menm avèk pil opòtinite pou rann sèvis nan Legliz la ak nan kominote a?

### **Jezikri se egzanp pafè a nan sèvis**

- Ki kèk nan istwa ou pi remen nan ekriti yo kote Sovè a tabli yon egzanp sèvis?

Sovè a banou egzanp sèvis pafè a. Li te eksplike ke li pa t vini sou tè a pou yo sèvi li men pou l sèvi epi pou bay lavi li pou nou (gade Matye 20:28).

---

**Pou enstriktè yo:** Lè nou pataje temwayaj nou konsènan Jezikri, nou envite enfliyans Sentespri a. Lè w ap prepare epi anseye, toujou chèche rann temwayaj ou sou Sovè a epi envite moun w ap anseye yo pou yo fè menm bagay la.

Jezikri renmen nou tout plis pase nou ka konprann. Lè l te sou tè a li te sèvi pòv yo, inyoran an, pechè a, moun ki rejte a. Li te anseye levanjil la bay tout moun ki te koute, li te nourri foul moun grangou ki te vin pou koute li, li te geri malad, leve moun mouri.

Li se Kreyatè tè a epi l se Sovè nou, poutan li te fè anpil aksyon sèvis avèk imilite. Jis anvan Krisifiksyon l lan li te reyini avèk disip li yo. Apre l te fin anseye yo, li te pran yon kivèt dlo ak yon sèvyèt epi li te lave pye yo (gade Jan 13:4–10; gade foto a nan chapit sa a tou). Nan epòk sa yo lave pye yon vizitè sete yon siy onè e sa te abityèlman fèt pa yon sèvant. Jezi te fè li kòm egzanp lanmou ak sèvis. Lè nou dispoze pou sèvi lòt moun nan espri lanmou, nou vin plis menmjan ak Kris la.

- Kisa nou ka aprann nan egzanp sèvis Sovè a?

### **Ekriti adisyonèl**

- Mozya 2 (diskou wa Benjamen sou sèvis)
- D&A 81:5 (sekouri, relve, fòtifye)
- Kolosyen 3:23–24 (sèvi lòt moun jan w t ap sèvi Senyè a)
- Alma 17–18 (Amon te sèvi wa a)
- Galat 5:13 (youn sèvi lòt nan lanmou)

# Lwa sante Senyè a

## Chapit 29

---

### **Kò nou se tanp Bondye**

Youn nan pi gwo benediksyon nou te resevwa lè nou te vin sou tè a sete yon kò fizik. Nou bezwen yon kò fizik pou n vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la. Kò nou si enpòtan ke Senyè a rele yo tanp Bondye (gade 1 Korentyen 3:16–17; 6:19–20). Kò nou sakre.

Paske kò nou enpòtan, Papa nou ki nan Syèl la vle nou byen pran swen yo. Li konnen ke nou ka gen plis kontantman, nou ka vin pi bon moun si nou an sante. Sentespri a kapab avèk nou si kò nou ak lespri nou pwòp. Papa nou konnen ke nou gen tantasyon pou maltrete kò nou oubyen pran bagay ki danjere pou kò nou. Pou rezon sa a li di nou ki bagay ki bon pou sante nou ak kisa ki pa bon. Anpil nan enfòmasyon Bondye ba nou konsènan sante nou yo nan Doktrin ak Alyans 89. Revelasyon sa a rele Pawòl Sajès.

Nou dwe obeyi Pawòl Sajès la pou nou ka diy pou antre nan tanp. Si nou pa obeyi Pawòl Sajès la, Lespri Senyè a p ap rete nan nou. Si nou pwofane “tanp Bondye” a, ki se kò nou, nou n ap fè tèt nou mal fizikman ak esprityèlman.

### **Yo kòmande nou pou nou pa mete kèk sibstans nan kò nou**

- Kisa Senyè a te kòmande nou pou n pa mete nan kò nou?

Senyè a kòmande nou pou nou pa itilize diven ak bwason fòt, ki vle di, bwason ki gen alkòl. Premye Prezidans lan te anseye nou ke bwason fòt yo souvan mennen kriyote, pòvrete, maladi, ak fleyo andedan lakay nou. Yo souvan koz malonètete, pèt chastete, ak pèt bon jijman. Se yon malediksyon pou tout moun ki bwè yo. (Gade “Message of the First Presidency,” *Improvement Era*, Nov. 1942, 686.) Manman ki ansent ki bwè kapab lakoz domaj fizik ak

---



mantal kay pitit yo. Anpil aksidan otomobil fèt chak ane pa moun ki bwè alkòl.

Senyè a di nou ke “tabak pa bon pou kò moun” (D&A 89:8). Li danjere pou kò nou ak lespri nou. Nou pa dwe fimen sigarèt ni siga ni itilize tchike tabak. Moun lasyans yo montre ke tabak lakoz anpil maladi e li ka andomaje timoun ki poko fèt.

Senyè a ba nou konsèy kont “bwason cho” tou (D&A 89:9). Dirijan Legliz yo di ke sa vle di kafe ak te, ki gen sibstans ki danjere. Nou dwe evite tout bwason ki gen sibstans nuizib.

Nou pa dwe itilize dwòg sof si yo preskri nou yo kòm medikaman. Gen dwòg ki menm pi danjere pase alkòl ak tabak (ki se dwòg tou). Moun ki mal itilize dwòg yo nan move bi yo dwe chèche èd, priye pou jwenn fòs epi pale avèk evèk yo pou yo ka totalman repanti epi vin pwòp.

Nou dwe evite tout bagay nou konnen ki nuizib pou kò nou. Nou pa dwe itilize sibstans ki mennen depandans. Nou dwe evite manje twòp tou. Pawòl Sajès la pa di nou tout bagay nou dwe evite konsome, men li ba nou direksyon. Se yon lwa tanporèl ki gen anpil valè. Se yon gwo lwa espiyèl tou. Lè nou viv Pawòl Sajès la, nou vin pi solid espiyèlman. Nou pirifye kò nou pou Lespri Senyè a kapab demere nan nou.

- Ki kèk bagay yo pa espesifikman mansyone nan Pawòl Sajès la nou dwe evite?

### **Yo anseye nou ke gen kèk bagay ki bon pou kò nou**

- Selon Pawòl Sajès la, ki kèk bagay Senyè a di ki bon pou nou?

Fwi, legim, ak plant ki bay sante yo bon pou nou. Nou dwe itilize yo avèk sajès ak rekonesans.

Yo ba nou chè zwazo yo ak bèt yo pou nouriti nou tou. Men, nou dwe manje vyann avèk moderasyon (gade D&A 49:18; 89:12). Pwason bon pou nou manje tou.

---

**Pou enstriktè yo:** Ekri lis ka souleve enterè epi ede moun yo foki atansyon yo. Pandan manm klas yo oswa manm fanmi yo ap diskite sou sibstans Senyè a kòmande nou pou nou pa antre nan kò nou yo, ou gen dwa mande yon moun pou ekri repons yo sou tablo a oswa sou yon gwo moso pape. Ou ka fè menm bagay la tou lè y ap pale sou sa ki bon pou kò nou yo.



Gren bon pou nou. Ble patikilyèman bon pou nou.

- Nan ki fason itilize bagay sa yo te beni ou?

### **Travay, repo, ak egzèsis enpòtan**

- Kisa travay, repo, ak egzèsis gen pou wè avèk lwa sante Senyè a?

Anplis Doktrin ak Alyans 89 la, lòt ekriti di nou kijan pou nou an sante. Yo di nou ke nou dwe “sispann fè parès; sispann pa pwòp; . . . sispann dòmi plis pase sa ki nesèsè; kouche nan kabann nou bonè, pou nou kapab pa fatige; leve bonè, pou kò nou ak panse nou kapab rafrechi” (D&A 88:124). Yo di nou tou: “Na travay sis jou, lè sa a na va fè tout travay nou” (Egzòd 20:9). Senyè a konseye nou pou nou pa travay plis pase nou gen fòs (gade D&A 10:4).

Yon pwofèt modèn te di nou ke nou dwe kenbe kò nou an sante. Li te konseye: “Manje bon manje, fè egzèsis regilyèman, ak dòmi ase se bagay ki nesèsè pou yon kò solid, menmjan etid ekriti konstan ak priyè konstan fòtifye panse nou ak lespri nou” (Thomas S. Monson, nan Conference Report, Okt. 1990, 60; oswa *Ensign*, Nov. 1990, 46).

### **Benediksyon yo pwomèt moun ki viv lwa sante Senyè a**

- Ki benediksyon nou resevwa lè nou obeyi Pawòl Sajès la?

Papa nou ki nan Syèl la ba nou lwa sante yo pou anseye nou kijan pou pran swen kò nou. Ekriti yo pale nou de lwa Bondye yo: “M pa t ba li kòmandman tanporèl, . . . , paske kòmandman m yo espirityèl” (D&A 29:35). Sa vle di ke kòmandman konsènan eta fizik nou yo se pou byen espirityèl nou.

Lè nou respekte lwa sante Senyè a epi nou obeyi lòt kòmandman l yo, Senyè a pwomèt pou beni nou fizikman ak espirityèlman.

Yo pwomèt nou bon sante fizikman. Kòm rezilta bon sante sa a, nou “ap kouri epi nou pap fatige, n ap mache epi nou p ap fayi” (D&A 89:20). Sa se yon gwo benediksyon, men benediksyon espirityèl li pwomèt nou yo pi gran toujou pase sa fizik yo.

Senyè a pwomèt nou ke “n ap jwenn lasajès ak gwo trezò kone-sans, trezò ki kache menm” (D&A 89:19). Sentespri a ap anseye nou verite enpòtan yo atravè revelasyon. Prezidan Boyd K. Packer te anseye: “Kò fizik nou se enstriman lespri nou. Nan revelasyon mèveye sa a ki se Pawòl Sajès la, yo di nou pou nou kenbe kò nou anba enpite ki kapab febli, menm detwi, sans delika yo ki gen rapò ak kominikasyon esprityèl yo. Pawòl Sajès la se yon kle pou revelasyon pèsònèl” (nan Conference Report, Oct. 1989, 16; oswa *Ensign*, Nov. 1989, 14).

Senyè a pwomèt ke zanj destriktè a ap pase bò kote nou. Prezidan Heber J. Grant te di: “Si ou menm avèk mwèn nou vle benediksyon lavi, sante, vigè nan kò ak lespri; si nou vle zanj destriktè a epaye nou, jan l te fè a nan epòk pitit Izrayèl yo, nou dwe obeyi Pawòl Sajès la; lè sa a Bondye liye avèk nou, epi n ap resevwa benediksyon an” (*Enseignements des présidents de l’église: Heber J. Grant* [2002], 192).

- Nan ki fason nou ka ede timoun yo ak jèn yo konprann siyifikasyon etènèl Pawòl Sajès la?
- Kisa nou ka fè pou ede manm fanmi nou oswa zanmi nou ki gen difikilte pou obeyi Pawòl Sajès la?

### **Ekriti adisyonèl**

- Jij 13:13–14; Pwovèb 20:1; Ezayi 5:11–12; Danyèl 1 (evite bwason fòt)
- D&A 59:16–20 (bagay ki sou tè a se pou benefis lòm)
- Pwovèb 23:20–21 (avètisman kont bwè, gloutonri, parès)
- D&A 136:24 (sispann bwè)



# Charite

## Chapit 30

---

### **Kisa charite ye?**

- Kijan ou ta ka defini charite?

Lavi Sovè a reflete amou pi li pou tout limanite. Li te menm bay lavi li pou nou. Charite se amou pi Sovè Jezikri te posede. Li kòmande nou pou nou youn renmen lòt menmjan li renmen nou an. Ekriti yo di nou ke charite soti nan yon kè ki pi (gadee 1 Timote 1:5). Nou gen amou pi lè, soti nan fon kè nou, nou montre enterè ak konpasyon sensè pou tout frè nou ak sè nou yo.

### **Charite se pi gran nan tout vèti yo**

Pwofèt Mòmmon di nou: “Se poutèt sa, apiye sou charite, ki se pi gwo don pase tout lòt, paske tout bagay gen pou peri—men charite se lanmou pi Kris la, e li dire pou tout tan” (Mowoni 7:46–47; gade tou 1 Korentyen 13; 2 Nefi 26:30; Mowoni 7:44–45, 48).

Sovè a te ba nou egzanp lavi li pou nou suiv. Li sete Pitit Gason Bondye. Li te gen amou pafè, e li te montre nou kijan li renmen nou. Pa egzanp li, li te montre nou ke bezwen espiyèl ak fizik pwochen nou yo pi enpòtan pase pwòp pa nou. Anvan l te bay lavi l pou nou an, li te di:

“Men kòmandman m ap ba nou: se pou nou youn renmen lòt, menmjan m te renmen nou an.

“Pa gen pi bon jan pou ou montre jan ou renmen zanmi ou pase lè ou bay lavi ou pou yo” (Jan 15:12–13).

Pandan l t ap pale avèk Senyè a, Mowoni te di:

“M sonje w te di konsa w te tèlman renmen mond lan, ou te bay lavi w pou mond lan. . . .

“Epi kounyeya, m konnen amou sa a w te genyen pou pitit lèzòm yo se charite; se poutèt sa, si lèzòm pa gen charite yo pa p kapab eritye plas sa a w te pare nan kay papa w la” (Etè 12:33–34).

Li gen dwa pa nesèsè pou nou bay lavi nou jan Sovè a te fè a. Men nou ka gen charite si nou mete l nan sant lavi nou epi nou suiv egzanp li ak ansèyman l yo. Menmjan ak Sovè a, nou menm tou nou ka beni lavi frè nou ak sè nou yo isit la sou tè a.

- Poukisa charite se pi gwo nan tout vèti yo?

### **Charite enkli pran swen malad yo, aflije yo, ak pòv**

Sovè a te ba nou anpil ansèyman sou fòm istwa ak parabol. Parabol bon Samariten an anseye nou ke nou dwe bay moun ki nan bezwen yo, san konsidere si yo se zanmi nou ou pa (gade Lik 10:30–37; gade tou James E. Talmage, *Jésus le Christ*, 3rd ed. [1916], 430–32). Nan parabol la, Sovè a te di ke yon mesye t ap vwayaje al nan yon lòt vil. Sou wout li, bandi te atake li. Yo te vòlè rad li ak lajan li epi yo te bat li, yo te kite l prèske mouri. Yon prèt te vin ap pase, li te wè li, epi li te kontiye wout li. Apresa yon moun ki te travay nan tanp te vin pase, li te gade li, epi li te pase. Sepandan, yon Samariten, ke Jwif yo te meprize, te vin ap pase, epi lè l te wè mesye a li te santi konpasyon (gade foto a nan chapit sa a). Bon Samariten an te mete ajenou bò kote mesye a, li te bande blese l yo epi li te pran l mete sou cheval li pou mennen l nan yon otèl. Li te peye mèt otèl la pou pran swen mesye a jiskaske l refè.

Jezi te anseye ke nou dwe bay moun ki grangou manje, abrite moun ki pa gen kay, epi mete rad sou moun ki pòv. Lè n al vizite malad yo ak moun ki nan prizon yo, se kòm si n ap fè bagay sa yo pou li. Li pwomèt ke si nou fè bagay sa yo, n ap eritye wayòm syèl li a. (Gade Matye 25:34–46.)

Nou pa dwe eseye deside si yon moun reyèlman merite èd nou ou pa (gade Mozya 4:16–24). Si nou fin satisfè bezwen fanmi nou dabò, nou bezwen ede tout moun ki bezwen èd. Nan fason sa a n ap menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la, ki fè lapli tonbe sou jis yo ak sou moun ki pa jis yo tou (gade Matye 5:44–45).

Prezidan Thomas S. Monson te raple nou ke gen moun ki bezwen plis pase byen materyèl:

“Annou poze tèt nou kesyon: ‘Èske m fè yon byen nan mond lan jodi a? Èske m te ede yon moun ki nan bezwen?’ [*Hymns*, no. 223]. Ala yon fòmil pou bonè! Ala yon preskripsyon pou kontantman, pou lapè enteryè—pou fè gratitud enspire nan yon lòt kretyen vivan.

“Opòtinite nou pou bay tèt nou yo anfèt san limit, men yo pasaje tou. Gen kè pou nou fè kontan. Gen pawòl janti pou nou di. Gen kado pou nou bay. Gen aksyon ki pou fèt. Gen nanm pou nou sove” (nan Conference Report, Okt. 2001, 72; oubyen *Ensign*, Nov. 2001, 60).

- Nan parabòl Bon Samariten an, kijan ou ta dekri moun ki te pase yo ki pa t okipe mesye ki te blese a? Kijan ou ta dekri Samariten an? Nan ki fason nou aplike mesaj parabòl sa a nan lavi nou?

### **Charite soti nan kè**

- Kijan nou ka renmen moun malgre peche yo ak fot yo?

Menm lè nou bay moun ki nan bezwen, si nou pa santi konpasyon pou yo, nou pa gen charite (gade 1 Jan 3:16–17). Apot Pòl te anseye ke lè nou gen charite nou ranpli ak bon santiman pou tout moun. Nou pasyan epi nou janti. Nou pa vanta ni ògeye, ni egoyis, ni malelve. Lè nou gen charite nou pa sonje mechanste lòt moun ap fè ni ni nou pa rejwi nan yo. Nou pa aji byen senpleman paske sa nan avantaj nou. Men, nou pataje lajwa moun ki viv pa laverite yo. Lè nou gen charite nou lwayal, nou panse byen de lòt moun, e nou janti avèk yo. Ekriti yo anseye ke “charite pa janm peri.” (Gade 1 Korentyan 13:4–8.)

Sovè a sete egzannp nou sou fason pou nou santi pou lòt moun ak jan pou n trete lòt moun. Li te meprize mechanste, men li te renmen pechè yo malgre peche yo. Li te gen konpasyon pou timoun yo, granmoun yo, pòv yo, ak moun ki nan bezwen yo. Li te gen sitèlman lanmou ke l te mande Papa nou ki nan syèl la pou padone sòlda yo ki te pèse men l ak pye l yo (gade Lik 23:34). Li te anseye nou ke si nou pa padone lòt moun, Papa nou ki nan Syèl la pap padone nou (gade Matye 18:33–35). Li te di: “M ap di nou, renmen

enmi nou yo, beni moun ki modi nou, fè byen ak moun ki rayi nou, epi lapriyè pou moun ki pèsekite nou. . . . Paske si nou renmen moun ki renmen nou, ki rekonpans nou merite?” (Matye 5:44, 46). Nou dwe aprann santi pou lòt moun sa Jezi te santi pou yo yo.

### Devlope vèti charite

- Kijan nou ka vin pi charitab?

Yon fason nou ka vin charitab se nan etidye lavi Jezikri ak respekte kòmandman l yo. Nou ka etidye sa l te fè nan kèk sitiyasyon epi nou fè menm bagay la lè nou nan menm kalite sitiyasyon yo.

Dezyèmman, lè nou gen santiman ki pa charitab, nou ka priye pou n gen pi plis charite. Mòmou priye nou: “Priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou nou kapab chaje avèk lanmou [charite] l, li te devèse sou tout moun ki se vrè disip Pitit Gason l lan, Jezikri” (Mowoni 7:48).

Twazyèmman, nou ka aprann renmen tèt nou, ki vle di nou konprann vrè valè nou antanke pitit Papa nou ki nan Syèl la. Sovè a te anseye ke nou dwe renmen lòt moun *menmjan nou renmen tèt nou* (gade Matye 22:39). Pou renmen tèt nou, nou dwe respekte lòt moun ak fè yo konfyans. Sa vle di ke nou dwe obeyi prensip levanjil yo. Nou dwe repanti pou tout fot nou yo. Nou dwe padone tèt nou lè nou fin repanti. N ap vin renmen tèt nou pi byen lè nou ka santi asirans pwofon ak rekonfòtan ke Sovè a vrèman renmen nou.

Katriyèmman, nou ka evite panse ke nou pi bon pase lòt moun. Nou ka gen pasyans avèk fot yo. Joseph Smith te di: “Plis nou rapwoche de Papa nou ki nan Syèl la, se plis nou dispoze pou konsidere nanm k ap peri yo avèk konpasyon; nou santi dezi pou nou pran yo sou zepòl nou, epi rejte peche yo dèyè nou” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* [2007], 428–29).

---

**Pou enstriktè yo:** Anba tit “Devlope vèti charite a”, chak nan premye kat paragaf yo anseye yon fason nou ka vin pi charitab. Si lajè sal la pèmèt ti gwoup diskisyon, panse pou divize manm klas yo oswa manm fanmi yo an kat gwoup. Bay chak manm nan chak gwoup yon paragaf. Envite patisipan yo pou etidye paragaf yo bayo yo pèsonèlman. Mande yo pou panse avèk egzanp, nan lavi moun yo konnen oubyen moun nan ekriti yo, ki reprezante fason pou vin charitab sa a. Apresa mande yo pou pataje egzanp yo avèk chak lòt moun nan gwoup yo a.

Nan Liv Mòmmon an nou li konsènan Enòs, yon jènjan ki te vle konnen si peche l yo te padone. Li di nou:

“Nanm mwen te grangou; e m te ajenou devan Kreyatè m nan, e m te kriye nan pye l nan gwo priyè ak siplikasyon pou nanm mwen; e m te kriye nan pye l tout lajounen; wi, lè l te nan nwit m te toujou leve vwa m wo jistan l te touche syèl la.

“Epi yon vwa te vin jwenn mwen, li di: Enòs, peche w yo padone, e w pral beni” (Enòs 1:4–5).

Senyè a te eksplike Enòs ke poutèt lafwa li nan Kris la, peche l yo te padone. Lè Enòs te tandè pawòl sa yo li pa t enkyè pou tèt li ankò. Li te konnen Senyè a te renmen li e l te beni li. Olyesa li te kòmanse vle byennèt zanmi l yo ak paran l yo, Nefit yo. Li te degaje tout nanm ni devan Bondye pou yo. Senyè a te reponn epi l te di li t ap beni yo selon fidelite yo nan respekte kòmandman l yo li te deja ba yo. Lanmou Enòs te grandi vin pi plis apre pawòl sa yo, epi li te priye, avèk anpil lit, pou Lamanit yo, ki sete enmi Nefit yo. Senyè a te akòde l dezi l yo, epi li te pase rès lavi li ap eseye sove nanm Nefit yo ak Lamanit yo. (Gade Enòs 1:6–26.)

Enòs te sitèlman rekonesan pou amou ak padon Senyè a ke l te dispoze pou pase rès lavi li ap ede lòt moun resevwa menm kado sa a. Enòs te vin vrèman charitab. Nou menm tou nou ka fè sa. Anfèt, nou dwe fè sa pou eritye plas ki te prepare pou nou nan wayòm Papa a.

### **Ekriti adisyonèl**

- Kolosyen 3:12–14 (charite se lyen pèfeksyon)
- Alma 34:28–29 (priyè nou yo initil si nou pa aji avèk charite)
- 1 Korentyen 12:29–13:3 (definisyon charite)
- D&A 121:45–46 (annou ranpli ak charite anvè tout moun)





# Onètete

## Chapit 31

---

### Onètete se yon prensip sali

- Ak kisa sosyete a t ap sanble si tout moun te totalman onèt?

Trèzyèm atik lafwa a di: “Nou kwè nou dwe onèt.” Liv Mòmmon an pale nou de yon gwoup moun ke “yo te distenge pou devouman yo devan Bondye, ak devan lèzòm, paske yo te pafètman onèt e yo te dwat nan tout bagay; epi yo te fèm nan lafwa nan Kris la jiska lafen” (Alma 27:27). Akoz onètete yo, moun sa yo te remake pa pwochen yo ak pa Bondye. Li enpòtan pou nou konnen kisa onètete ye, kijan nou ka tante vin malonèt, ak kijan nou ka simonte tantasyon sa a.

Onètete total nesèsè pou sali nou. Prezidan Brigham Young te di: “Si nou aksepte sali nan tèm yo ofri nou li a, nou dwe onèt nan chak panse, nan refleksyon nou, nan meditasyon nou, nan sèk prive nou, nan rapò nou, nan deklarasyon nou, ak nan chak aksyon nan lavi nou” (*Enseignements des présidents de l’église: Brigham Young* [1997], 293).

Bondye onèt epi jis nan tout bagay (gade Alma 7:20). Nou menm tou nou dwe onèt nan tout bagay pou nou ka vin menmjan avèk li. Frè Jarèd la te temwaye: “Wi, Senyè, m konnen . . . w se Bondye verite a, epi w pa kapab bay manti” (Etè 3:12). Yon lòtbò, dyab la se yon mantè. Anfèt, li se papa tout manti (gade 2 Nefi 9:9). “Moun ki chwazi pout riche ak bay manti ak twonpe ak falsifye yo vin esklava li” (Mark E. Petersen, nan Conference Report, Okt. 1971, 65; or *Ensign*, Dec. 1971, 73).

Moun onèt yo renmen laverite ak jistis. Yo onèt nan pawòl yo ak aksyon yo. Yo pa bay manti, yo pa vòlè, ni triche.

---

## **Bay manti se bagay ki malonèt**

Bay manti se twonpe lòt moun volontèman. Rann fo temwayaj se yon lòt fòm bay manti. Senyè a te bay pitit Izrayèl yo kòmandman sa a: “Piga nou bay manti sou frè parèy nou” (Egzòd 20:16). Jezi te anseye sa lè l te sou tè a tou (gade Matye 19:18). Gen anpil fòm bay manti. Lè nou di bagay ki pa vrè, nou koupab bay manti tou. Nou ka twonpe lòt moun volontèman tou pa yon jès, pa silans, oubyen di yon pati laverite. Kèlkeswa lè nou fè yon moun kwè yon bagay ki pa vre, nan kèlkeswa fason an, nou pa onèt.

Senyè a pa kontan avèk kalite malonètete konsa, e nou pral gen pou n rann kont sou manti nou yo. Satan ta renmen fè nou kwè ke sa pa gen pwoblèm pou n bay manti. Li di: “Wi, fè yon ti manti; . . . pa gen anyen mal nan sa” (2 Nefi 28:8). Satan ankouraje nou pou n jistifye manti nou yo bay tèt nou. Moun ki onèt ap rekonèt tanta-syon Satan yo e l ap di tout laverite, menmsi sa pa nan avantaj li.

## **Vòlè se bagay ki malonèt**

Jezi te anseye: “Piga ou vòlè” (Matye 19:18). Vòlè se pran yon bagay ki pa pou nou. Lè nou pran sa ki pou yon lòt moun oubyen nan yon magazen oubyen nan kominote a san pèmisyon, nou vòlè. Pran machandiz oswa founiti yon patwon se vòlè. Fè kopi mizik, fim, foto, oswa tèks ekri san pèmisyon pwopriyetè dwa otè a se bagay malonèt e se yon fòm vòlè. Aksepte yo remèt ou plis monnen oswa machandiz ou ta dwe resevwa se malonèt. Pran plis pase kantite yo ba ou nan tout bagay se vòlè.

## **Triche se bagay ki malonèt**

Nou triche lè nou bay mwens pase nou dwe, oubyen lè nou resevwa yon bagay nou pa merite. Gen anplwaye ki twonpe anplwayè yo kote yo pa travay tout tan yo dwe travay la; men yo aksepte salè antye a. Gen kèk patwon ki pa jis avèk anplwaye yo; yo peye yo

---

**Pou enstriktè yo:** Chapit sa a gen twa seksyon ki dekri fòm malonètete yo: bay manti, vole, triche. Ou gen dwa divize manm klas yo oswa manm fanmi yo an twa gwoup. Bay chak gwoup youn nan twa seksyon sa yo. Mande moun yo nan chak gwoup pou yo li seksyon ou te ba yo a an silans epi konsidere fòm malonètete yo dekri nan seksyon sa a. Epi pale sou seksyon antanke yon klas oswa yon fanmi. Mande kijan nou kapab onèt nan chak nan sityasyon yo dekri yo.

mwens pase yo ta dwe. Satan di: “Pran avantaj sou yon moun pou sa li di, pare pèlen pou vwazen nou” (2 Nefi 28:8). Tire pwofi de yon moun se yon fòm malonètete. Founi sèvis oswa machandiz ki pa siperyè se triche.

### **Nou pa dwe eskize malonètete nou**

- Kisa k rive nou espiryèlman lè nou ekskize malonètete nou?

Moun itilize plizyè kalite eskiz lè yo pa onèt. Yo bay manti pou pwoteje tèt yo ak pou fè moun panse byen de yo. Genyen ki eskize tèt yo lè yo vòlè yon bagay, an pansan ke yo merite sa yo pran an, yo gen entansyon pou remèt li, oswa yo bezwen l plis pase moun ki posede l la. Genyen ki triche pou yo ka gen pi bon nòt lekòl oubyen paske “tout lòt moun ap fè sa” oubyen pou yo vanje yo.

Eskiz sa yo ak anpil lòt toujou, se sa yo bay kòm rezon pou malonètete yo. Devan Senyè a, yo pa rezon akseptab. Lè nou eskize tèt nou, nou twonpe tèt nou epi Lespri Bondye sispann avèk nou. Nou vin plis an plis enjis.

### **Nou ka totalman onèt**

- Kisa sa vle di pou yon moun totalman onèt?

Pou nou totalman onèt, nou dwe byen egzamine lavi nou. Si gen sikonstans kote nou fè menm yon ti kras malonètete, nou dwe repanti pou yo imedyatman.

Lè nou totalman onèt, moun pa ka kowonp nou. Nou fidèl ak konfyans yo fè nou, ak akò nou, oswa alyans nou, menmsi sa koute nou lajan, zanmi oswa lavi nou. Lè sa a, nou ka fè fas avèk Senyè a, avèk tèt nou, ak lòt moun san nou pa wont. Prezidan Joseph F. Smith te konseye: “Se pou lavi chak moun yon fason ke karaktè li sipòte enspeksyon ki pi sevè a, epi pou l sanble ak yon liv ouvè, pou nou pa gen okenn remò ni okenn wont” (*Gospel Doctrine*, 5th ed. [1939], 252).

- Nan ki fason onètete nou oswa malonètete nou afekte fason nou santi n avèk tèt nou?

### **Ekriti adisyonèl**

- D&A 50:17 (pale sèlman pa lespri verite a)
- D&A 76:103–6 (destinasyon mantè yo)
- D&A 42:27 (kòmandman pou pa pale pwochen nou mal)
- Egzòd 20:15–16 (kòmandman pou pa vòlè ni rann fo temwayaj)
- D&A 42:20, 84–85; 59:6 (entèdiksyon pou vòlè)
- D&A 3:2 (Bondye onèt)
- D&A 10:25–28 (Satan twonpe)

# Dim ak Ofrann

## Chapit 32

---

### **Peye dim ak ofrann**

- Kijan dispozisyon nou pou peye dim ak ofrann montre gratitud nou pou Papa nou ki nan Syèl la pou tout benediksyon li ba nou yo?

Nou resevwa kòmandman yo pou ede nou prepare nou nan tout sans pou n al viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Li ba nou yon mwayen pou remèsye l pou benediksyon nou yo. Peye dim ak ofrann volontèman se yon fason pou remèsye li. Lè nou peye ofrann sa yo, nou montre ke nou renmen li epi n ap obeyi konsèy li yo.

- Nan ki fason peman dim ak ofrann ede nou remèsye Papa nou ki nan Syèl la?

### **Obeyi lwa dim nan**

- Kisa ki yon dim onèt?

Nan tan lontan an, Abraram ak Jakòb te obeyi kòmandman pou peye yon dizyèm revni li kòm dim (gade Ebre 7:1–10; Jenèz 14:19–20; 28:20–22).

Nan tan modèn yo, Pwofèt Joseph Smith te priye: “O Senyè! Montre sèvitè w la konbyen ou rekòmande nan byen pèp ou a pou ladim” (D&A 119, seksyon entwodiksyon an). Senyè a te reponn: “Epi se pral kòmansman ladim pèp mwenn an. Epi Senyè a di, apre sa, moun ki te peye ladim sa yo pral peye yon dizyèm nan tout enterè yo chak ane; epi sa pral yon lalwa regilye pou yo pou toutt tan” (D&A 119:3–4). Premye Prezidans lan te eksplike ke “yon dizyèm nan tout enterè nou chak ane” vle di revni nou (gade lèt Premye Prezidans, 19 Mas 1970).

---

**Pou enstriktè yo:** Itilize kesyon ki nan kòmansman seksyon yo pou kòmanse yon diskisyon ak pou voye manm klas yo oswa manm fanmi yo nan tèks la pou jwenn plis enfòmasyon. Itilize kesyon ki nan fen seksyon an pou ede manm klas yo oswa manm fanmi yo medite ak diskite sou siyifikasyon sa yo te li a ak aplike li nan lavi yo.



Lè nou peye dim nou montre fidelite nou anvè Senyè a. Nou anseye pitit nou yo valè lwa sa a tou. Y ap anvi suiv egzanp nou epi peye dim tou sou nenpòt lajan yo resevwa.

- Nan ki fason dim se yon prensip lafwa plis pase yon prensip finans?
- Kisa paran yo kapab fè pou anseye pitit yo pou peye dim ak konprann enpòtans li?

### **Nou dwe bay volontèman**

- Poukisa atitid nou enpòtan lè n ap peye dim?

Li enpòtan pou nou bay volontèman. “Lè yon moun peye dim ni san plezi, li prive tèt li de yon pati benediksyon an. Li dwe aprann bay ak kè kontan, volontèman epi ak lajwa, epi don l la ap beni” (Stephen L. Richards, *The Law of Tithing* [bwochi, 1983], 8).

Apot Pòl te anseye ke fason nou bay la osi enpòtan ke sa nou bay la. Li te di: “Se pou chak moun bay; san yo pa regrèt anyen, san moun pa bezwen fòse yo; paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan” (2 Korentyen 9:7).

- Kisa sa vle di pou ou yon moun ki “bay ak kè kontan”?

### **Dim ak Ofrann**

- Nan ki fason Legliz la itilize fon dim ak lòt ofrann yo?

Antanke manm Legliz la, nou bay dim ak lòt ofrann pou Senyè a.

#### *Dim*

Dim nan itilize pa Legliz la pou anpil bi. Kèk nan yo se:

1. Bati, pran swen, ak opere tanp, chapèl, ak lòt bilding.
2. Founi fon pou pye yo, pawas yo, ak lòt inite yo nan Legliz la mache. (Inite sa yo itilize fon yo pou reyalize pwogram eklezyastik Legliz yo, ki gen ladan anseye levanjil la ak fè aktivite sosyal.)
3. Ede pwogram misyonè a.
4. Fòmè jèn yo nan lekòl, seminè, ak enstiti yo nan Legliz la.
5. Enprime ak distribye materyèl pou leson.
6. Ede nan jeneyaloji ak travay tanp.



### *Lòt ofrann*

*Ofrann jèn.* Manm Legliz yo jene chak mwa kote yo rete san manje ni bwè pandan de repa suivi. Yo bay kòm ofrann omwen montan lajan yo ta pral depanse pou repa sa yo. Yo ka bay ak otan jenewozite ke yo kapab. Ofrann sa a rele ofrann jèn. Evèk yo itilize ofrann jèn sa yo pou bay manje, kay, rad, ak swen medikal pou moun ki nan bezwen. (Gade chapit 25 nan liv sa a.)

Kòm pati jou jèn nan, manm yo ale nan yon reyinyon ki rele reyinyon jèn ak temwayaj, kote yo pataje temwayaj yo konsènan Kris la ak levanjil li a youn avèk lòt.

*Lòt don.* Manm Legliz yo gen dwa bay pou lòt travay nan Legliz la, tankou travay misyonè, Fon Edikasyon Pèpetyèl la, konstriksyon tanp, ak èd imanité.

*Sèvis.* Manm yo ofri tan yo, talan yo, ak byen yo pou ede lòt moun tou. Sèvis sa a pèmèt Legliz la ede manm ak non manm ki nan bezwen toupatou nan mond lan nan nivo kominotè, nasyonal, ak entènasyonal, espesyalman lè dezaz rive.

### **Nou beni lè nou peye dim ak ofrann**

Senyè a pwomèt pou beni nou si nou fidèlman peye dim nou ak ofrann nou. Li te di: “Pote tout ladim yo nan mezon trezò a, pou ka gen manje nan kay mwen an, epi mete m aleprèv pou nou wè . . . si m pap louvri fenèt syèl yo pou vide benediksyon sou nou, ke nou pap gen ase plas pou resevwa” (Malachi 3:10).

Revelasyon modèn yo pale nou de yon lòt benediksyon pou moun ki peye dim yo: “An verite, se yon jou pou sakrifis, epi yon jou pou ladim pèp mwen an; paske yon moun ki peye ladim li p ap boule lè l vini” (D&A 64:23).

Benediksyon sa yo yo pwomèt nou yo alafwa materyèl ak espirityèl. Si nou bay ak kè kontan, Papa nou ki nan Syèl la ap satisfè bezwen manje, rad, ak kay nou genyen. Pandan l t ap pale avèk Sen Dènye Jou nan Filipin yo, Prezidan Gordon B. Hinckley te di ke si moun yo “aksepte levanjil la epi yo viv li, si yo peye dim yo ak ofrann yo, menmsi yo piti, Senyè a ap kenbe ansyen pwomès li

te fè nan non yo a, epi y ap gen diri nan asyèt yo ak rad sou do yo ak kay pou yo rete. Mwen pa wè okenn lòt solisyon. Yo bezwen yon pouvwa ki pi gran pase tout pouvwa terès pou soulaje yo ak ede yo.” (“Inspirational Thoughts,” *Ensign*, Out 1997, 7). Senyè a ap ede nou grandi tou “nan yon konesans Bondye, ak nan temwayaj, ak nan kapasite pou viv levanjil la ak pou enspire fanmi nou pou nou fè menm bagay la” (*Enseignements des présidents de l’église: Heber J. Grant* [2002], 124).

Moun ki peye dim yo ak ofrann yo beni grandman. Yo gen yon santiman agreyab ke y ap ede bati wayòm Bondye a sou tè a.

- Ki kèk benediksyon ou menm, manm fanmi ou, oubyen zanmi ou te resevwa atravè peman dim ak lòt ofrann?

### **Ekriti adisyonèl**

- D&A 119:1–4 (lwa dim nan)
- Jenèz 14:18–20; Alma 13:13–16 (Abraram te peye dim)



# Travay misyonè

## Chapit 33

---

### **Legliz Senyè a se yon Legliz misyonè**

- Nan ki fason travay misyonè fè pati plan Bondye pou pitit li yo?

Senyè a te revele plan levanjil la bay Adan: “Epi se konsa, levanjil la te kòmanse preche, nan kòmansman an” (Moyiz 5:58). Nan apre, yo te voye desandan jis Adan yo al preche levanjil la: “Yo . . . te rele lèzòm tout kote pou yo repanti; epi yo te anseye pitit lèzòm lafwa” (Moyiz 6:23).

Tout pwofèt yo sete misyonè. Chak, nan epòk pa yo, te resevwa kòmmandman pou preche mesaj levanjil la. Kèlkeswa lè prèriz la te sou tè a, Senyè a te bezwen misyonè pou preche prensip levanjil etènèl la bay pitit li yo.

Legliz Senyè a te toujou yon legliz misyonè. Lè Sovè a t ap viv sou tè a, li te òdone Apot ak Swasanndis epi li te ba yo otorite ak responsablite pou preche levanjil la. Pifò nan predikasyon yo sete pou pwòp pèp yo a, Jwif yo (gade Matye 10:5–6). Lè Jezi te resisite, li te voye Apot yo al preche levanjil la kay Janti yo. Li te kòmmande Apot yo: “Ale nan tout mond lan, epi preche levanjil mwen an bay tout kreyati” (Mak 16:15).

Apot Pòl sete yon gwo misyonè yo te voye kay Janti yo. Apre l te fin konvèti nan Legliz la, li te pase rès lavi li ap preche yo levanjil la. Plizyè fwa pandan misyon li yo te fwete li, lapide li, epi mete l nan prizon. Men li te kontinye preche levanjil la (gade Travay 23:10–12; 26).

---

**Pou enstriktè yo:** Pataje eksperyans avèk prensip levanjil yo kapab envite Lespri a. Ou gen dwa vle kontakte kèk manm klas la oswa manm fanmi yo alavans, pou mande yo pou prepare pou pataje eksperyans ki siyifikan pou yo epi ki ka ede lòt moun.

Travay misyonè te rekòmanse ankò lè Legliz Senyè a te retabli pa lentèmedyè Pwofèt Joseph Smith la. Jodi a, Apot yo ak Swasannidis yo resevwa gwo responsablite pou preche levanjil la ak veye ke l preche nan tout mond lan. Senyè a te di Joseph Smith: “Pwoklame levanjil mwen an soti nan yon peyi al nan yon lòt, soti nan yon vil ale nan yon lòt. . . . Rann temwayaj nan chak kote, devan chak moun” (D&A 66:5, 7). An Jen 1830, Samuel Harrison Smith, frè Pwofèt la, te kòmanse premye vwayaj misyonè a pou Lelgiz la.

Depi epòk sa a, plis pase yon milyon misyonè te aple pou ale preche levanjil la. Mesaj yo te pote bay mond lan se Jezikri se Pitit Gason Bondye ak Sovè nou. Yo temwaye ke levanjil la te retabli sou tè a pa lentèmedyè yon pwofèt Bondye. Misyonè yo gen responsablite pou preche levanjil la bay tout moun, pou batize yo, epi anseye yo tout sa Senyè a kòmande pou yo fè (gade Matye 28:19–20). Misyonè Sen Dènnye Jou yo peye pwòp kòb yo pou ale toupatou nan mond lan pou preche levanjil la.

### **Levanjil la ap preche nan tout mond lan**

- Ki fason diferan Senyè a prepare pou nou pou n pataje levanjil la?

Nan revelasyon modèn yo yo di nou ke nou dwe pote levanjil retabli a bay chak nasyon ak chak pèp (gade D&A 133:37). Senyè a pa janm ba nou yon kòmandman san l pa prepare yon mwayen pou nou akonpli li (gade 1 Nefi 3:7). Senyè a prepare mwayen pou nou kapab anseye levanjil la nan nasyon ki yon fwa te entèdi pou nou. Si nou kontinye priye ak egzèsè lafwa, Senyè a ap louvri pòt lòt nasyon pou travay misyonè.

Epitou, Senyè a “enspire lespri anpil gwo moun pou kreye envansyon ki fè travay Senyè a avanse nan fason mond sa a pa t janm te konnen” (Russell M. Nelson, nan “Computerized Scriptures Now Available,” *Ensign*, Avr. 1988, 73). Jounal, revyi, televizyon, radyo, satelit, konpitè, entènèt, ak teknoloji anrapò avèk yo ede pote mesaj levanjil la bay dè milyon moun. Nou menm ki gen plenitid levanjil la, bezwen itilize envansyon sa yo pou akonpli kòmandman Senyè a: “Paske, an verite, son son an dwe soti nan kote sa a pou ale nan

tout mond lan, epi pou ale nan kote ki pi kache sou tè a—levanjil la dwe preche bay chak [moun]” (D&A 58:64).

- Nan ki fason ou wè teknoloji itilize efikasan pou pataje levanjil la?

### **Travay misyonè a enpòtan**

- Poukisa li enpòtan pou chak moun tande ak konprann levanjil la?

“Sa se premye devwa nou antanke yon Legliz—pou sove ak egzalte nanm pitit lèzòm yo” (Ezra Taft Benson, nan Conference Report, Avr. 1974, 151; or *Ensign*, Me 1974, 104). Travay misyonè a nesèsè pou bay tout moun nan mond lan yon opòtinite pou tande ak aksepte levanjil la. Yo bezwen aprann laverite, tounen vè Bondye, epi resevwa padon pou peche yo.

Anpil nan frè ak sè nou yo isit la avegle pa fo ansèyman epi “yo pa konnen verite a paske yo pa konnen ki kote pou yo jwenn ni” (D&A 123:12). Atravè travay misyonè a nou kapab pote verite a ba yo.

Senyè a kòmande: “Travay nan jaden m nan pou yon dènye fwa—pou yon dènye fwa, rele abitan yo ki sou tè a” (D&A 43:28). Lè nou anseye frè n ak sè n yo levanjil la, nou prepare chemen pou Dezyèm Vini Sovè a (gade D&CA 34:6).

### **Nou tout ta dwe misyonè**

- Nan ki fason nou kapab aktivman chèche opòtinite pou pataje levanjil la avèk lòt moun? Nan ki fason nou ka prepare tèt nou pou kalite opòtinite sa yo?

Chak manm legliz la se yon misyonè. Nou ta dwe misyonè menmsi nou pa ofisyèlman aple epi mete apa pou sa. Nou gen responsablite pou anseye levanjil la an pawòl ak an aksyon pou tout pitit Papa nou yo ki nan syèl la. Senyè a te di nou: “Se pou chak moun ki te resevwa avètisman avèti pwochen li” (D&A 88:81). Yon pwofèt te di nou ke nou dwe montre vwazen nou ke nou renmen yo anvan nou avèti yo (gade *Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball* [2006], 262). Yo bezwen konnen amitye nou ak solidarite nou.

Pitit gason Mozya yo te aksepte responsablite pou yo preche levanjil la ak tout kè yo. Lè yo te konvèti nan legliz la, kè yo te ranpli ak konpasyon pou pwochen yo. Yo te vle anseye enmi yo, Lamanit yo, levanjil la, “paske yo pa t ka sipòte pou nanm okenn moun ta peri; wi, nmenm sèlman imajine yon nanm ta kapab soufri touman etènèl, sa te souke yo, sa te fè yo tranble” (Mozya 28:3). Lè levanjil la ranpli lavi nou avèk lajwa, n ap santi kalite amou ak konpasyon sa a pou frè nou ak sè nou yo. N ap anvi pataje mesaj levanjil la avèk tout moun ki anvi koute li.

Gen plizyè fason nou ka pataje levanjil la. Men kèk sigjesyon:

1. Nou ka montre zanmi nou ak lòt moun lajwa nou santi nan viv verite levanjil yo. Nan fason sa a, n ap tounen yon limyè pou mond lan (gade Matye 5:16).
2. Nou ka simonte timidite natirèl nou pou nou rete amikal avèk lòt moun epi pou nou fè jès amitye anvè yo. Nou ka ede yo wè ke nou sensèman enterese nan yo epi nou p ap chèche avantaj pèsonèl.
3. Nou ka eksplike levanjil la pou zanmi nou ak lòt moun ki pa manm.
4. Nou ka envite zanmi ki enterese nan aprann plis sou levanjil la lakay nou pou misyonè yo ka anseye yo. Si zanmi nou yo ki pa manm yo ap viv twò lwen, nou ka mande misyonè ki nan zòn kote yo rete a pou al vizite yo.
5. Nou ka anseye pitit nou enpòtans pataje levanjil la, epi nou ka prepare yo espriorityèlman ak finansyèman pou yo ale nan misyon. Nou ka prepare tèt nou pou sèvi misyon apentan tou lè nou granmoun.
6. Nou ka peye dim nou epi kontribye nan fon misyonè a. Don sa yo itilize pou fè travay misyonè a avanse.
7. Nou ka kontribye nan fon misyonè pawas la, branch lan, oswa fon misyonè jeneral la pou bay sipò pou misyonè fanmi yo pa kapab peye misyon pou yo.

8. Nou ka fè rechèch jeneyalojik ak travay tanp pou ede zansèt nou yo resevwa tout benediksyon levanjil yo.
9. Nou ka envite moun ki pa manm nan aktivite tankou sware famiyal ak aktivite rekreyatif, konferans, ak reyinyon legliz la.
10. Nou ka bay moun revi legliz la genyen yo. Nou ka pataje mesaj levanjil yo nan itilize bagay ki disponib nan sit ofisyèl legliz yo sou entènèt la tou LDS.org ak Mormon.org.

Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou vin misyonè efikas lè nou gen dezi pou pataje levanjil la ak priye pou gidans. L ap ede nou jwenn fason pou pataje levanjil la avèk moun ki bò kote nou.

- Panse sou moun nou ka pataje levanjil la avèk yo. Deside kijan ou pral fè sa. Panse pou fikse yon bi pou pataje levanjil la avèk moun sa yo nan yon dat byen detèmine.

### **Senyè a pwomèt nou benediksyon lè nou fè travay misyonè**

Senyè a te di Pwofèt Joseph Smith ke misyonè yo t ap resevwa gwo benediksyon. Pandan l t ap pale avèk ansyen yo ki te retounen soti nan misyon yo, Senyè a te di: “Nou beni, paske temwayaj nou te rann nan anrejistre pou zanj yo wè yo; epi yo rejwi poutèt nou” (D&A 62:3). Li te di tou ke moun ki travay pou sali lòt moun yo peche yo ap padone epi y ap pote sali pou nanm yo (gade D&A 4:4; 31:5; 84:61).

Senyè a di nou:

“Epi si ou travay pandan tou vi ou pou ou kriye repantans nan mitan pèp sa a, epi ou sèlman mennen yon sèl nanm ban mwen, ala lajwa w ap anpil avèk li nan wayòm Papa m nan!

“Epi kounyeya, si lajwa w ap anpil avèk yon sèl nanm ou pote ban mwen nan wayòm Papa m nan, ala lajwa w ap anpil si ou ta mennen plis nanm ban mwen!” (D&A 18:15–16).

- Kilè ou te fè eksperyans lajwa ki genyen nan travay misyonè?



### **Ekriti adisyonèl**

- D&A 1:17–23 (Joseph Smith resevwa kòmandman pou preche)
- D&A 24:12 (Senyè a fòtifye moun ki toujou chèche deklare levanjil li a)
- D&A 38:41 (pataje levanjil la nan jantiyès ak dousè)
- D&A 34:4–6; Travay 5:42 (levanjil la dwe preche)
- D&A 60:1–2 (Senyè a avèti moun ki pè preche levanjil yo)
- D&A 75:2–5 (moun ki deklare levanjil la epi ki fidèl ap beni avèk lavi etènèl)
- D&A 88:81–82 (tout moun ki avèti dwe avèti pwochen yo)
- Matye 24:14 (levanjil la dwe preche anvan lafen an rive)
- Abraram 2:9–11 (levanjil la ak prèttriz la dwe al jwenn tout nasyon)

# Devlope talan nou

## Chapit 34

---

### **Nou tout gen talan ak aptitud diferan**

Nou tout gen don, talan, ak aptitud Papa nou ki nan syèl la ba nou. Lè nou te fèt, nou te pote don, talan, ak aptitud sa yo avèk nou (gade chapit 2 nan liv sa a).

Pwofèt Moyiz sete yon gran dirijan, men li te bezwen Aawon, frè li, pou ede l kòm pòtpawòl (gade Egzòd 4:14–16). Gen kèk nan nou ki se dirijan, menmjan ak Moyiz, oubyen bon oratè tankou Aawon. Gen nan nou ki ka chante byen oubyen jwe yon enstriman. Gen nan nou ki ka bon nan espò oubyen ki gen aptitud pou kapab travay byen avèk men nou. Nou ka wè gen talan tankou konprann lòt moun, pasyans, bon jan, oubyen kapasite pou anseye lòt moun.

- Èske ou benefisye de talan lòt moun?

### **Nou dwe itilize ak devlope talan nou**

- Kijan nou ka devlope talan nou?

Nou gen yon responsablite pou devlope talan yo ba nou yo. Pafwa nou panse nou pa gen anpil talan oubyen ke lòt moun gen plis aptitud pase nou. Pafwa nou pa itilize talan nou paske nou pè pou nou pa echwe oubyen pou yo pa kritike nou. Nou pa dwe kache talan nou yo. Nou dwe itilize yo. Lè sa a, lòt moun va wè bon zèv nou epi ya glorifye Papa nou ki nan Syèl la (gade Matye 5:16).

Gen kèk bagay nou dwe fè pou devlope talan nou. Premyèman, nou dwe dekouvri talan nou. Nou dwe egzamine tèt nou pou chèche konn fòs nou ak aptitud nou. Fanmi nou ak zanmi nou kapab ede nou fè sa. Nou dwe mande Papa nou ki nan Syèl la pou ede nou rekonèt talan nou tou.

---

**Pou enstriktè yo:** Yon fason pou montre manm klas yo ke ou sousye pou yo endividyèlman se rele yo pa non yo. Aprann non yo. Lè nouvo manm klas vini nan klas la, prezante yo bay lòt yo.



Dezyèmman, nou dwe dispoze pou pase tan ap fè efò pou devlope talan n ap chèche a.

Twazyèmman, nou dwe gen lafwa ke Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou, epi nou dwe gen lafwa nan tèt nou.

Katriyèmman, nou dwe aprann konpetans nesèsè yo pou nou devlope talan nou yo. Nou dwe fè sa nan pran yon klas, mande yon zanmi pou anseye nou, oubyen li yon liv.

Senkyèmman, nou dwe fè pratik itilize talan nou an. Chak talan mande efò ak travay pou l devlope. Metriz yon talan mande travay pou genyen li.

Sizyèmman, nou dwe pataje talan nou avèk lòt moun. Se lè nou itilize talan nou yo devlope (gade Matye 25:29).

Tout etap sa yo vin pi fasil si nou priye epi chèche èd Senyè a. Li vle nou devlope talan nou yo, e l ap ede nou.

### **Nou ka devlope talan nou malgre feblès nou yo**

- Nan ki fason nou ka devlope talan nou yo malgre feblès nou?

Paske nou mòtèl epi nan eta dechi, nou gen feblès. Avèk èd Senyè a, nou kapab simonte feblès nou ak nati dechi nou (gade Etè 12:27, 37). Beethoven te konpoze pi gwo mizik li yo pandan l te soud. Enòk te simonte lantè li te genyen nan pale epi l te vin yon gwo enstriktè (gade Moyiz 6:26–47).

Gen kèk gwo atlèt ki te oblije simonte andikap anvan yo te reyisi devlope talan yo. Shelly Mann sete yon egzanp konsa. “Nan laj senkan li te fè maladi polyo. . . . Paran li te mennen l nan pisin chak jou avèk espwa ke dlo a t ap ede l leve bra li pandan l t ap eseye pou itilize yo ankò. Lè l te reyisi leve yon bra soti nan dlo a pa pwòp fòs li, li te kriye ak lajwa. Apresa li te fikse bi pou naje nan tout lajè pisin nan, epi nan tout longè li, epi pou l te fè sa pli-zyè fwa. Li te kontinye eseye, naje, andire, jou apre jou, jiskaske li te pran meday lò [Olenpik] la pou naj papiyon—youn nan kategori naje ki pi difisil nan tout yo” (Marvin J. Ashton, nan Conference Report, Avr. 1975, 127; oswa *Ensign*, Me 1975).

Heber J. Grant te simonte anpil nan feblès li pou l te fè yo vin tou-nen talan. Li te gen pawòl sa yo kòm deviz: “Sa nou pèsiste fè vin pi fasil pou nou fè; non pa paske nati bagay la chanje, men paske pouvwa nou pou fè li ogmante” (nan *Enseignements des présidents de l’église: Heber J. Grant* [2002], 35).

### **Senyè a ap beni nou si nou itilize talan nou yo avèk sajès**

Prezidan Joseph F. Smith te di: “Chak pitit gason ak pitit fi Bondye te resevwa yon talan, epi yo chak ap estrikteman responsab pou bon oswa move itilizasyon yo fè avèk li” (*Gospel Doctrine*, 5th ed. [1939], 370). Yon talan se tankou yon entandans (responsablite nan wayòm Bondye a). Parabòl talan an di nou ke lè nou sèvi byen nan entandans nou, n ap resevwa pi gwo responsablite. Si nou pa sèvi byen, y ap finalman retire entandans la nan men nou. (Gade Matye 25:14–30.)

Yo di nou tou nan ekriti yo ke nou pral jije selon zèv nou (gade Matye 16:27). Lè nou devlope ak itilize talan nou pou lòt moun, nou akonpli bon zèv.

Senyè a kontan lè nou itilize talan nou avèk sajès. L ap beni nou si nou itilize talan nou pou benefis lòt moun ak pou bati wayòm ni an isit la sou tè a. Kèk nan benediksyon nou resevwa se lajwa ak lanmou lè nou sèvi frè n ak sè nou yo isit la sou tè a. Nou aprann metrize tèt nou tou. Tout bagay sa yo nesèsè si nou vle diy pou n al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò.

- Ki kèk egzanp moun ki gen talan ou konnen ki te manyifye paske yo te itilize yo avèk sajès? (Panse ak moun ou konnen oubyen moun nan ekriti yo oubyen nan istwa legliz la.)

### **Ekriti adisyonèl**

- Jak 1:17 (don yo soti nan Bondye)
- D&A 46:8–11; 1 Timote 4:14 (chèche ak devlope don)
- 2 Korentyen 12:9 (bagay fèb yo vin fò)
- Revelasyon 20:13; 1 Nefi 15:33; D&A 19:3 (jije pa zèv nou yo)
- Ebre 13:21 (fè bon zèv)

# Obeyisans

## Chapit 35

---

### Nou dwe obeyi volontèman

- Ki diferans sa fè lè nou obeyi volontèman olye nou obeyi nan fòse?

Lè Jezi te sou tè a, yon doktè lalwa te poze l yon kesyon?

“Mèt, ki kòmandman ki pi konsekan nan lalwa a?”

“Jezi te reponn ni, Se pou ou renmen Senyè a, Bondye ou, avèk tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tou lide ou.

“Se kòmandman sa a ki pi gwo.

“Men dezyèm nan ki gen menm enpòtans avèk li, Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.

“De kòmandman sa yo se fondasyon tout sa ki nan lalwa a ak sa pwofèt yo di” (Matye 22:36–40).

Apati ekriti sa yo nou aprann kijan li enpòtan pou nou renmen Senyè a ak pwochen nou. Men ki fason nou montre amou nou pou Senyè a?

Jezi te reponn kesyon sa a kote l te di: “Moun ki aksepte kòmandman m yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21).

Nou chak dwe mande tèt nou poukisa nou obeyi kòmandman Bondye yo. Èske se poutèt nou pè pinisyon? Èske se paske nou anvè rekonpanse paske nou viv yon bon lavi? Èske se paske nou renmen Bondye ak Jezikri epi nou vle sèvi yo?

Li pi bon pou n obeyi kòmandman yo paske nou pè pou yo pa pini nou olye nou pa obeyi yo ditou. Men, n ap gen plis kè kontan si nou obeyi Bondye paske nou renmen li e nou vle obeyi li. Lè nou obeyi an tout libète, li ka beni nou an tout libète. Li di: “Mwen menm

---

**Pou enstriktè yo:** Ou ka ede manm klas yo oswa manm fanmi yo pi plis avèk yon kesyon si ou ba yo tan pou yo medite. Lè yo fin gen ase tan, mande yo repons yo.



Senyè a, . . . m pran plezi pou onore moun ki sèvi m nan lajistis ak verite jiska lafen” (D&A 76:5). Obeyisans ede nou pwogrese epi vin tankou Papa nou ki nan Syèl la tou. Men moun ki pa fè anyen san yo pa kòmande yo epi ki apre sa respekte kòmandman yo nan fòse ap pèdi rekonpans yo (gade D&A 58:26–29).

- Kijan nou ka ogmante dezi nou pou obeyi?

### **Nou ka obeyi san nou pa konprann pou ki rezon**

- Poukisa nou pa bezwen toujou konprann bi Senyè a pou nou obeyisan?

Lè nou respekte kòmandman Bondye yo, nou prepare tèt nou pou lavi etènèl ak egzaltasyon. Pafwa nou pa konn rezon yon kòmandman byen detèmine. Men, nou montre lafwa nou ak konfyans nou nan Bondye lè nou obeyi li san nou pa konn poukisa.

Yo te kòmande Adan ak Èv pou yo te ofri Bondye sakrifis. Yon jou yon zanj te parèt devan Adan epi l te mande l poukisa li te ofri sakrifis. Adan te reponn ke li pa t konn pou ki rezon. Li te fè sa paske Senyè a te kòmande l pou l fè l. (Gade Moyiz 5:5–6 ak foto a nan chapit sa a.)

Lè sa a, zanj lan te anseye Adan levanjil la epi li te pale l de Sovè a ki te gen pou vini an. Sentespri a te desann sou Adan, epi Adan te pwofetize konsènan abitan latè yo rive jiska dènye jenerasyon an. (Gade Moyiz 5:7–10; D&A 107:56.) Adan te jwenn konesans gwo benediksyon sa yo paske li te obeyisan.

### **Bondye ap prepare yon mwayen**

Liv Mòmmon an di nou ke Nefi ak gran frè l yo te resevwa yon tach vrèman difisil nan men Senyè a (gade 1 Nefi 3:1–6). Frè Nefi yo te plenyen, yo te di ke Senyè a te mande yo yon bagay ki twò difisil pou yo. Men Nefi te di: “M prale e m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo, paske m konnen Senyè a pa bay pitit lèzòm okenn kòmandman sa li pa prepare yon mwayen pou yo kapab akonpli bagay li kòmande yo.” (1 Nefi 3:7). Lè nou twouve l difisil pou obeyi yon kòmandman Senyè a, nou dwe sonje pawòl Nefi yo.

- Kilè Senyè a prepare yon fason pou nou pou n obeyi li?



### **Okenn kòmandman pa twò piti ni twò gran pou obeyi**

Pafwa nou panse ke yon kòmandman pa twò enpòtan. Ekriti yo pale nou de yon moun ki te rele Naaman ki te panse konsa. Naaman te gen yon move maladi epi li te vwayaje soti Siri pou ale Izrayèl pou l te mande pwofèt Elize pou geri li. Naaman sete yon mesye enpòtan nan peyi li, konsa li te ofanse lè Elize pa t vin akeyi li an pèsòn men li te voye sèvitè li pito. Naaman te pi ofanse toujou lè l te resevwa mesaj Elize a: lave kò li sèt fwa nan rivyè Jouden an. Li te mande: “Èske dlo nan rivyè Damas yo pa pi bon pase nenpòt dlo nan rivyè Izrayèl yo? Mwen ta benyen ladan yo tou, mwen ta geri?” Li te vire do l ale byen move. Men sèvitè l la te mande li: “Si pwofèt la te mande ou yon bagay pi difisil, èske ou pa t ap fè l? poukisa koulyeya ou pa al lave kò ou pou ou ka geri jan li di ou la?” Nanaman te ase saj pou l te konprann ke li te enpòtan pou obeyi pwofèt Bondye a, menmsi sa te parèt yon bagay tou piti. Konsa li t al lave kò li nan Jouden an epi li te geri. (Gade 2 Wa 5:1–14.)

Pafwa nou ka panse ke yon kòmandman twò difisil pou nou obeyi. Menmjan ak frè Nefi yo, nou ka di: “Se yon bagay difisil Bondye mande nou an.” Men, tankou Nefi, nou ka sèten ke Bondye pap ba nou okenn kòmandman san li pa prepare yon mwayen pou nou pou n obeyi li.

Sa te “yon bagay difisil” lè Senyè a te kòmande Abraram pou l te ofri pitit gason li Izaak kòm sakrifis la (gade Jenèz 22:1–13; gade chapit 26 nan liv sa a tou). Pandan anpil ane byen long, Abraram te tann nesans Izaak, pitit gason Bondye te pwomèt li a. Kòman pou l ta fè pèdi pitit gason l nan yon fason konsa? Kòmandman sa a dwe te ekstrèman difisil pou Abraram. Men, li te chwazi pou obeyi Bondye.

Nou menm tou nou dwe dispoze pou fè tout sa Bondye mande nou. Pwofèt Joseph Smith te di: “M fè bagay sa a vin yon règ pou mwen: *Lè Senyè a kòmande, fè li*” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* [2007], 160). Sa kapab règ pa nou tou.

- Kilè ou te resevwa benediksyon pou obeyisans ou pou kòmandman ki te parèt piti?

## Jezi ki te obeyi Papa li

- Ki egzanp ki vini nan lespri ou lè w panse ak Jezi ki te obeyi Papa li?

Jezi sete egzanp siblim obeyisans an vè Papa nou ki nan Syèl la. Li te di: “Se pa pou fè volonte pa m mwen desann sot nan syèl la, men se pou fè volonte moun ki voye m nan” (Jan 6:38). Li pase tout lavi li ap obeyi Papa li; poutan, sa pa t toujou fasil pou li. Li te jwenn tantasyon nan tout sans, menmjan ak tout moun mòtèl (gade Ebre 4:15). Nan Jaden Jetsemane a, li te priye, li te di: “O Papa mwen, si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen; men, se volonte pa ou ki pou fèt, pa sa mwen vle a” (Matye 26:39).

Paske Jezi te fè volonte Papa li nan tout bagay, li te rann sali posib pou nou tou.

- Nan ki fason sonje egzanp Sovè a ede nou rete obeyisan?

## Rezilta obeyisans ak dezobeyisans

- Ki konsekans ki genyen nan obeyi oubyen dezobeyi kòmmandman Senyè a yo?

Wayòm syèl la gouvène pa lwa, e lè nou resevwa nenpòt benediksyon nan men Bondye se nan obeyisans lalwa sa a kote benediksyon an tabli a (gade D&A 130:20–21; 132:5). Senyè a di nou ke pa obeyisans nou ak dilijans nou nou ka akteri konsepsyon ak entèlijans (gade D&A 130:18–19). Nou ka grandi espiyèlman tou (gade Jeremi 7:23–24). Yon lòtbò, dezobeyisans pote dezagreman epi li fè nou pèdi benediksyon. “Senyè a di konsa: Kisa m ta ye, si m pa ta kenbe pwomès m te fè? M kòmmande epi lèzòm pa obeyi; m revoke epi yo pa resevwa benediksyon an. Epi yo di nan kè yo: Se pa travay Senyè a, paske pwomès li yo pa akonpli” (D&A 58:31–33).

Lè nou respekte kòmmandman Bondye yo, li akonpli pwomès li, jan Wa Benjamen te di pèp li a: “Li mande pou nou fè sa li kòmmande nou; e si nou fè sa, li beni nou imedyatman” (Mozya 2:24).

### **Moun ki obeyi jwenn lavi etènèl**

Senyè a konseye nou: “Si ou respekte kòmandman m yo epi si ou pèsevere jiska lafen, w ap gen lavi etènèl, ki se pi gwo nan tout kado Bondye yo” (D&A 14:7).

Senyè a dekri lòt benediksyon y ap akòde moun ki obeyi li nan lajistis ak laverite jiska lafen:

“Paske Senyè a di—Mwen menm, Senyè a, m gen mizèrikòd epi m fè lagras pou moun ki krenn mwen epi m pran plezi pou onore moun ki sèvi m nan lajistis ak verite jiska lafen

“Rekonpans yo pral gran epi laglwa yo pral etènèl.

“Epi m ap revele yo tout mistè, wi tout mistè kache yo ki nan wayòm mwen an depi nan tan lontan, ak nan tan k ap vini yo, m ap fè yo konnen bon plezi m ak volonte m konsènan tout bagay ki gen rapò avèk wayòm mwen an.

“Wi, y ap konnen menm mèvèy letènite yo, epi m ap montre yo bagay ki pral vini, menm bagay anpil jenerasyon.

“Epi lasajès yo pral gwo, epi konpreyansyon yo pral touche syèl la. . . .

“Paske Lespri m pral klere yo, epi avèk pouvwa m, m ap fè yo konnen sekre volonte m—wi, bagay sa yo menm je moun pa wè, ni zòrèy pa tande, ni tou ki pa t ko antre nan kè lòm” (D&A 76:5–10).

- Kisa fraz “pèsevere jiska lafen” an vle di pou ou?
- Kisa nou ka fè pou n rete vrè nan prensip levanjil yo menm lè sa pa popilè pou nou fè? Kijan nou ka ede timoun yo ak jèn yo rete vrè nan levanjil la?

### **Ektiti adisyonèl**

- Abraram 3:25 (nou vin sou tè a pou pwouve obeyisans nou)
- 1 Samyèl 15:22 (obeyisans pi bon pase sakrifis)
- Eklezyas 12:13; Jan 14:15; Women 6:16; D&A 78:7; 132:36; Detewonòm 4:1–40 (nou dwe obeyi Bondye)
- 2 Nefi 31:7 (Jezikri te obeyisan)
- Pwovèb 3:1–4; 6:20–22; 7:1–3; Efezyen 6:1–3; Kolosyen 3:20 (timoun yo dwe obeyi paran yo)
- D&A 21:4–6 (obeyi pwofèt la)
- Jan 8:29–32; Mozya 2:22, 41; D&A 82:10; 1 Nefi 2:20 (benediksyon pou obeyisans)
- D&A 58:21–22; 98:4–6; 134:5–7 (obeyi lwa peyi yo)
- Ezayi 60:12; D&A 1:14; 93:39; 132:6, 39 (konsekans dezobeyisans)
- 2 Nefi 31:16; D&A 53:7; Matye 24:13; Lik 9:62 (pèsevere jiska lafen)



# Fanmi kapab etènèl

## Chapit 36

---

### Enpòtans fanmi

- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la te voye nou sou tè a antanke manm nan yon fanmi?

“Maryaj ant yon gason ak yon fi se yon bagay Bondye òdone. . . . Fanmi se pwèn santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit li yo” (“Fanmi: yon pwoklamasyon pou mond lan,” *Ensign*, Nov. 1995, 102).

Lè Papa nou ki nan Syèl la te ini Adan ak Èv an maryaj, li te kòmande yo pou yo te fè pitit (gade Jenèz 1:28). Li te revele ke youn nan bi maryaj se pou founi kò mòtèl pou pitit lespri l yo. Paran yo se asosye Papa nou ki nan Syèl la. Li vle pou chak pitit lespri l yo resevwa yon kò fizik epi pou yo fè eksperyans viv sou tè a. Lè yon gason ak yon fi mennen timoun nan mond sa a, yo ede Papa nou ki nan Syèl la reyalize plan li a.

Nou dwe akeyi chak nouvo timoun nan fanmi nou avèk lajwa. Chak se yon pitit Bondye. Nou dwe pran tan pou jwi pitit nou yo, pou jwe avèk yo, pou anseye yo.

Prezidan David O. McKay te di: “Avèk tout kè mwen, mwen kwè ke fwaye a se meyè kote pou prepare pou . . . lavi etènèl” (“Blueprint for Family Living,” *Improvement Era*, Avr. 1963, 252). Nan fwaye nou, avèk fanmi nou, nou ka aprann metrize tèt nou, sakrifis, lwayote, ak valè travay. Nou ka aprann renmen, pataje, ak youn sèvi lòt.

Papa yo ak manman yo gen responsablite pou anseye pitit yo apwopo Papa nou ki nan Syèl la. Yo dwe montre pa legzanp ke yo renmen li paske yo respekte kòmandman l yo. Paran yo

---

**Pou enstriktè yo:** Pandan w ap anseye chapit sa a ak de chapit apre yo osijè fanmi yo, panse ak santiman moun ki pa gen sitiasyon famiyal ideyal yo nan fwaye yo.

dwe anseye pitit yo pou yo priye ak obeyi kòmandman yo (gade Pwovèb 22:6).

- Poukisa fwaye a se pi bon kote pou prepare pou lavi etènèl?
- Kijan nou ka ede jèn yo nan Legliz la konprann sentete fanmi an ak alyans maryaj la?

### **Fanmi etènèl**

Fanmi kapab ansanm pou tout tan. Pou resevwa benediksyon sa a nou dwe marye nan tanp. Lè moun yo pa marye nan tanp, maryaj la fini lè youn nan konjwen yo mouri. Lè nou marye nan tanp pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la, nou marye pou letan ak pou letènite. Si nou respekte alyans nou fè avèk Senyè a, fanmi nou ap ini etènèlman antanke mari, madanm, ak pitit. Lanmò pa ka separe nou.

### **Relasyon familyal eman**

- Kijan nou ka devlope pi gwo amoni nan fwaye nou?

Mari ak madanm dwe plen atansyon ak jantiyès youn pou lòt. Yo pa dwe janm di oubyen fè anyen pou youn blese santiman lòt. Yo dwe toujou eseye fè tout sa ki posib pou youn fè lòt kontan.

Pandan ke paran yo ap vin konnen Bondye epi ap efòse pou vin menmjan avèk li, ya va anseye pitit yo pou youn renmen lòt. Nan Liv Mòmmon an, Wa Benjamen eksplike:

“Nou p ap kite pitit nou yo . . . goumen, e pou youn fè lobo avèk lòt. . . .

“Men nou va anseye yo pou yo mache nan chemen verite ak sajès; anseye yo pou youn renmen lòt, epi pou youn sèvi lòt” (Mozya 4:14–15).

Antanke manm fanmi, nou youn ka ede lòt santi konfyans nan bay ankourajman ak felisitasyon sensè. Chak timoun dwe santi l enpòtan. Paran yo bezwen montre yo enterese nan sa timoun yo ap fè epi eksprime lanmou ak enterè pou pitit yo. Timoun yo dwe montre amou yo pou paran yo tou. Yo dwe obeyisan epi eseye viv kalite lavi ki ap pote onè pou paran yo ak pou non fanmi yo.

- Kisa paran yo ka fè pou ankouraje pitit gason yo ak pitit fi yo rete bon zanmi youn ak lòt? Kisa frè ak sè kapab fè pou nourri amitye yo youn pou lòt?
- Kisa mari ak madanm kapab fè pou youn ede lòt gen kè kontan?

### **Kijan pou gen yon fanmi ki reyisi**

- Kisa w ap fè pou ede fòtifye fanmi ou epi fè l reyisi?

Prezidan Harold B. Lee te anseye: “Pati ki pi enpòtan nan travay Senyè a ke n ap janm gen pou n akonpli se andedan mi lakay nou” (*Enseignements des présidents de l’église: Harold B. Lee* [2000], 134).

Satan konnen kijan fanmi yo enpòtan nan plan Papa nou ki nan Syèl la. Li deside pou detwi nou nan anpeche nou rapwoche bò kot Senyè a. L ap tante nou pou n fè kalite bagay ki ap separe fanmi nou.

Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo deklare: “Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp” (*Ensign*, Nov. 1995, 102).

Nou tout vle gen fanmi ki gen kè kontan epi ki reyisi. Bagay sa yo ap ede nou atenn bi sa a:

1. Fè priyè famiyal chak maten ak chak swa (gade 3 Nefi 18:21). Priye ansanm antanke mari ak madanm.
2. Anseye timoun yo levanjil la chak semèn nan sware famiyal.
3. Etidye ekriti yo regilyèman an fanmi.
4. Fè aktivite ansanm an fanmi, tankou pwojè travay pou n fè, sòti, ak pran desizyon.
5. Aprann pou nou emab, pasyan, sipòtan, ak charitab (gade Moroni 7:45–48)
6. Ale nan reyinyon legliz yo regilyèman (gade D&A 59:9–10).



7. Suiv konsèy Senyè a ki nan D&A 88:119: “Òganize tèt nou; prepare tout bagay ki nesèsè; epi etabli yon kay, men yon kay priyè, yon kay jèn, yon kay lafwa, yon kay pou aprann, yon kay laglwa, yon kay lòd; yon kay pou Bondye”
8. Ekri yon istwa familyal, akonpli travay tanp ansanm, epi resevwa òdonans tanp yo.

Fanmi an se inite ki pi enpòtan nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Legliz la egziste pou ede fanmi yo jwenn lavi etènèl ak egzaltasyon. Òganizasyon ak pwogram yo andedan legliz la pou fòtifye nou endividyèlman epi ede nou viv antanke fanmi pou tout tan.

- Kisa fanmi kapab fè pou travèse moman difisil?
- Ki prèv ou konn wè ki montre ke efò tankou priyè familyal, etid ekriti an fanmi, konsèy familyal, repa an fanmi, ak sware familyal fè yon diferans?

### **Ekriti adisyonèl ak lòt sous**

- Moyiz 2:27–28 (gason ak fi te kreye epi yo te beni)
- Jenèz 2:24 (gason dwe atache ak madanm ni)
- D&A 49:15–16 (se Bondye ki òdone maryaj)
- Efezyen 6:4 (elve timoun yo nan lajistis)
- D&A 132:15–21 (maryaj etènèl)
- D&A 88:119–26 (enstriksyon pou yon fanmi reyisi)
- D&A 93:40–50 (Senyè a kòmande paran yo pou elve pitit yo nan limyè ak verite)
- “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan” (disponib sou LDS.org ak nan plizyè piblikasyon Legliz la, enkli *Ensign*, Nov. 1995, paj 102; *Pou fòs jèn yo: Ranpli devwa nou anwè Bondye* [atik nimewo 36550], paj 44; ak *Ankre nan lafwa: yon referans levanjil la* [atik nimewo 36863], paj 59–61)

# Responsablite familyal

## Chapit 37

---

### Responsablite paran yo

- Ki responsablite mari ak madanm yo pataje nan elve pitit yo?

Chak moun gen yon plas enpòtan nan fanmi li. Pa lentèmedyè pwofèt yo, Senyè a te eksplike kijan pou papa, manman, ak pitit konpòte yo ak kisa pou yo santi youn pou lòt. Antanke mari, madanm, ak pitit, nou bezwen aprann sa Senyè a vle nou fè pou atenn bi nou antanke fanmi. Si nou tout fè pati pa nou an, n ap ini etènèlman.

Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal (“fanmi: yon pwoklamasyon pou mond lan,” *Ensign*, Nov. 1995, 102). Yo dwe travay ansanm pou founi fanmi yo bezwen espirityèl, emosyonèl, entelektyèl, ak fizik yo.

Gen kèk responsablite ki dwe pataje ant mari a ak madanm nan. Paran yo dwe anseye pitit yo levanjil la. Senyè a te avèti ke si paran yo pa anseye pitit yo lafwa, repantans, batèm, ak don Sentespri a, peche a ap tonbe sou tèt paran yo. Paran yo dwe anseye pitit yo pou yo priye ak obeyi kòmandman Senyè a tou. (Gade D&A 68:25, 28.)

Youn nan pi bon fason paran kapab anseye pitit yo se pa legzanp. Mari ak madanm dwe montre lanmou ak respè youn pou lòt ak pou pitit yo pa aksyon ak an pawòl. Li enpòtan pou nou sonje ke chak manm fanmi an se yon pitit Bondye. Paran yo dwe trete pitit yo avèk lanmou ak respè, yo dwe fèm men janti avèk yo.

Paran yo dwe konprann ke timoun yo fè move chwa pafwa, menm apre yo fin anseye yo la verite. Lè sa rive, paran yo pa dwe abandone. Yo dwe priye anseye pitit yo, eksprime lanmou pou yo, rete bon egzanp pou yo, epi jene ak priye pou yo.

---

**Pou enstriktè:** Menmjan pou chapit 36 la, panse ak santiman moun ki pa gen sitiyaasyon familyal ideyal yo nan fwaye yo. Eksplike ke avèk gidans Senyè a ak èd manm fanmi ak Legliz la, paran selibatè yo kapab reyisi nan elve pitit yo.



Liv Mòmmon an di nou kijan priyè yon papa te ede yon pitit ki te an rebelyon retounen nan chemen Senyè a. Alma, pitit la, te renye ansèyman papa entèg li, Alma, epi li t ap mache chèche detwi legliz la. Papa te priye avèk lafwa pou pitit gason l lan. Yon zanj te vizite Alma, pitit la, epi li te repanti pou move lavi li t ap mennen an. Li te vin tounen yon gwo dirijan nan Legliz la. (Gade Mozya 27:8–32.)

Paran yo ka tabli yon atmosfè reverans ak respè nan fwaye yo si yo anseye ak gide pitit yo avèk lanmou. Paran yo dwe veve pou timoun yo fè eksperyans kè kontan tou.

- Nan ki fason mari ak madanm youn bay lòt sipò nan wòl yo? Ki kote paran selibatè yo ka vire pou chèche sipò?

### **Responsablite papa a**

- Ki egzanp pozitif ou konn wè sou papa k ap elve pitit?

“Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi you tout sa yo bezwen lavi a ak pwoteksyon” (*Ensign*, Nov. 1995, 102). Yon papa diy ki se yon manm Legliz la gen opòtinite pou detni prèttriz la, sa ki fè li vin dirijan prèttriz la nan fanmi li. Li dwe gide fanmi li avèk imilite ak jantiyès olye avèk fòs ak kriyote. Ekriti yo anseye ke moun ki detni prèttriz yo dwe dirije lòt moun pou pèsyade, avèk jantiyès, amou, ak bonte (gade D&A 121:41–44; Efezyen 6:4).

Papa a pataje benediksyon prèttriz yo avèk manm fanmi li. Lè yon gason detni Prèttriz Mèlkisedèk la, li ka pataje benediksyon sa yo nan administre malad, ak bay benediksyon prèttriz espesyal. Sou direksyon yon dirijan prèttriz k ap prezide, li ka beni tibebe, batize, konfime, ak akonpli òdonans prèttriz yo. Li dwe tabli yon bon egzanp pou fanmi li nan respekte kòmandman yo. Li dwe asire l tou ke fanmi an priye ansanm defwa pa jou epi yo fè sware famiyal.

Papa a dwe pase tan avèk chak timoun endividyèlman. Li dwe anseye pitit li prensip kòrèk, pale avèk yo sou pwoblèm yo ak

sousi yo, epi ba yo konsèy avèk amou. N ap jwenn kèk bon egzanp nan Liv Mòmou an (gade 2 Neri 1:14–3:25; Alma 36–42).

Devwa papa a se pou founi bezwen fizik yo pou fanmi li, asire li ke yo gen manje, kay, rad, ak edikasyon. Menmsi li pa kapab bay tout sipò a li menm, li pa dwe abandone responsablite pou pran swen fanmi l la.

### **Responsablite manman an**

- Ki egzanp pozitif ou konn wè nan manman k ap elve pitit.

Prezidan David O. McKay te di ke apèl manman se apèl ki pi nòb pase tout lòt (gade *Enseignements des présidents de l'église: David O. McKay* [2003], 156). Se yon apèl sakre, yon asosyasyon avèk Bondye nan mennen pitit lespri l yo nan mond lan. Elve pitit se youn nan pi gwo benediksyon ki egziste. Si pa gen papa nan fwaye a, manman an prezide sou fanmi an.

Prezidan Boyd K. Packer te fè elòj fi ki pa t kapab gen pititi pa yo men ki te chèche pran swen lòt timoun yo. Li te di: “Lè m pale de manman yo, mwen pale non sèlman de sa ki gen pitit yo, men tou de sa ki pran swen pitit lòt moun fè tou, ak anpil lòt fi ki, san yo pa gen pitit poukont pa yo, sèvi kòm manman pou pitit lòt moun” (*Mothers* [1977], 8).

Pwofèt modèn yo anseye: “Manman yo responsab prensipalman pou nourri pitit yo” (*Ensign*, Nov. 1995, 102). Yon manman bezwen pase tan avèk pitit li epi anseye yo levenjil la. Li dwe jwe avèk yo epi travay avèk yo pou yo ka dekouvri mond lan ki antoure yo a. Li bezwen ede fanmi li konnen kijan pou fè kay la yon kote plezan tou. Si li plen chalè epi li eman, l ap ede pitit li santi yo byen avèk tèt yo.

Liv Mòmou an dekri yon gwoup 2.000 jènjan ki te rive atenn grandè gras ak ansèyman manman yo (gade Alma 53:16–23). Dirije pa pwofèt Elaman, yo te al nan batay kont enmi yo. Yo te aprann pou yo onèt, brav, ak diy pou konfyans nan men manman yo. Manman yo te anseye yo tou ke si yo pa t doute, Bondye t ap delivre yo (gade Alma 56:47). Yo tout te chape anba lanmò nan batay la. Yo te

eksprime lafwa nan ansèyman manman yo, yo te di: “Nou pa doute, manman nou te konn sa” (Alma 56:48). Chak manman ki gen yon temwayaj kapab gen yon efè pwofon sou pitit li.

### **Responsablite timoun yo**

- Ki fason timoun yo ede paran yo bati yon kay ki gen kè kontan?

Timoun yo pataje avèk paran yo responsablite pou bati yon kay ki gen kè kontan. Yo dwe obeyi kòmandman yo epi kolabore avèk lòt manm fanmi yo. Senyè a pa kontan lè timoun ap goumen (gade Mozya 4:14).

Senyè a kòmande timoun yo pou yo onore paran yo. Li te di: “Respekte manman nou ak papa nou pou nou ka viv lontan nan peyi Senyè a, Bondye nou an, ba nou an” (Egzòd 20:12). Onore paran nou vle di renmen yo ak respekte yo. Sa vle di obeyi yo tou. Ekriti yo di nou pou n “obeyi papa nou ak manman nou, paske sa se yon bagay ki dwat devan Senyè a” (Efezyen 6:1).

Prezidan Spencer W. Kimball te di ke timoun yo dwe aprann travay ak pataje responsablite yo nan fwaye a ak nan lakou a. Yo dwe ba yo tach pou yo kenbe kay la pwòp tou. (Gade *Enseignements des présidents de l'église: Spencer W. Kimball* [2006], 120.)

- Kisa timoun yo dwe fè pou onore ak respekte paran yo?
- Kisa paran ou te fè ki te mennen w onore yo ak respekte yo?

### **Aksepte responsablite pote benediksyon**

- Kisa chak manm fanmi kapab fè pou rann fwaye a yon kote ki gen lajwa?

Yon fanmi ki eman epi ki gen kè kontan se pa yon bagay ki fèt pa aksidan. Chak moun nan fanmi an dwe fè pati pa l la. Senyè a bay ni paran yo ni timoun yo responsablite sa yo. Ekriti yo anseye ke nou dwe atansyone, ge, ak plen prevwayans pou lòt moun. Lè nou pale, priye, chante, oswa travay ansanm, nou kapab jwi benediksyon amoni nan fanmi nou. (Gade Kolosyen 3.)

- Ki tradisyon ak pratik ki ka fè yon fwaye yon kote ki gen kè kontan?

**Ekriti adisyonèl ak lòt sous**

- Pwovèb 22:6 (elve yon timoun)
- Efezyen 6:1–3 (timoun yo dwe obeyi paran yo)
- D&A 68:25–28; Efezyen 6:4 (responsablite paran)
- “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan,” (disponib nan LDS.org ak nan plizyè piblikasyon legliz la, enkli *Ensign*, Nov. 1995, paj 102; *Pou fòs jèn yo* [atik nimewo 36550], paj 44; ak *Ankre nan lafwa* [atik nimewo 36863], paj 59–61)
- *Gid familyal* (atik nimewo 31180)

# Maryaj etènèl

## Chapit 38

---

### **Maryaj se yon bagay Bondye òdone**

Maryaj ant yon gason ak yon fi se pwen santral nan plan Bondye a. Senyè a te di: “Nenpòt moun ki defann moun marye, se pa Bondye ki òdone l, paske se Bondye ki òdone maryaj pou lòm” (D&A 49:15). Depi nan kòmansman, maryaj te yon lwa levanjil la. Maryaj kreye pou dire pou tout tan, non pa sèlman pou lavi mòtèl nou.

Bondye te marye Adan ak Èv anvan te gen lanmò antre nan mond lan. Sete yon maryaj etènèl. Yo te anseye pitit yo ak pitit pitit yo lwa maryaj etènèl la. Ane te pase, mechanste te antre nan kè moun yo epi yo te retire otorite pou akonpli òdonans sakre sa a sou tè a. Atravè Retablisman levanjil la, maryaj etènèl vin retabli sou tè a.

- Poukisa li enpòtan pou konnen ke se Bondye ki òdone maryaj ant yon gason ak yon fi?

### **Maryaj etènèl esansyèl pou egzaltasyon**

- Ki doktrin Senyè a konsènan maryaj, epi kijan li diferan avèk pwendvi mond lan?

Anpil moun nan mond lan konsidere maryaj kòm senpleman yon koutim sosyal, yon akò legal ant yon gason ak yon fi pou yo viv ansanm. Men pou Sen Dènnye Jou yo, maryaj se plis pase sa. Egzaltasyon nou depann sou maryaj, ansanm avèk lòt prensip ak òdonans yo, tankou lafwa, repantans, batèm, ak resevwa don Sentespri a. Nou kwè ke maryaj se relasyon ki pi sakre ki ka egziste ant yon gason ak yon fi. Relasyon sakre sa a afekte bonè nou kounyeya ak nan letènite yo.

Papa nou ki nan Syèl la ba nou lwa maryaj etènèl la pou nou ka vin menmjan avèk li. Senyè a te di:

---





“Nan laglwa selès la gen twa syèl oubyen degre;

“Pou jwenn pi wo degre a, yon nonm dwe antre nan lòd sa a ki nan prèttriz la [ki vle di nouvo alyans etènèl maryaj la];

“San sa li pa kapab jwenn ni” (D&A 131:1–3).

### **Maryaj etènèl dwe akonpli pa bon otorite a nan tanp lan**

- Poukisa yon maryaj dwe akonpli pa bon otorite a nan tanp lan pou l ka etènèl?

Yon maryaj etènèl dwe akonpli pa yon moun ki gen pouvwa sèlman. Senyè a te pwomèt: “Si yon gason marye . . . nan nouvo alyans etènèl la . . . pa lantremiz moun ki chwazi . . . epi si [yo] rete nan alyans [Senyè] a, . . . sa . . . ap totalman valab lè yo pa nan mond lan” (D&A 132:19).

Non sèlman maryaj etènèl la dwe akonpli pa bon otorite prèttriz la, men li dwe fèt nan youn nan tanp sen Senyè a tou. Tanp lan se sèl plas òdonans sakre sa a kapab akonpli.

Nan tanp lan, koup Sen Dènye Jou yo mete ajenou sou youn nan otèl sakre yo nan prezans fanmi yo ak zanmi yo ki deja resevwa dotasyon yo nan tanp. Yo fè alyans maryaj yo devan Bondye. Yo pwononse yo mari ak madanm pou letan ak letènite. Sa fèt pa yon moun ki gen prèttriz sen Bondye a epi ki resevwa otorite pou akonpli òdonans sakre sa a. Li aji sou direksyon Senyè a epi li pwomèt koup la benediksyon egzaltasyon yo. Li ba yo enstriksyon sou sa yo dwe fè pou resevwa benediksyon sa yo. Li raple yo ke tout benediksyon yo depann de obeyisans yo nan lwa Bondye yo.

Si nou marye pa yon lòt otorite ki pa otorite prèttriz la nan youn tanp, maryaj la se pou lavi sèlman. Apre lanmò, konjwen yo pa gen okenn dwa pou youn reklame lòt ni pou yo reklame pitit yo. Yon maryaj etènèl ba nou opòtinite pou kontinye antanke fanmi apre lavi sa a.

---

**Pou enstriktè yo:** Tout manm, keseswa yo marye oubyen selibatè, bezwen konprann doktrin maryaj etènèl la. Sepandan, ou dwe toujou panse ak santiman adilt ki pa marye yo. Si sa nesesè, ede manm klas yo oswa manm fanmi yo konnen ke tout pitit Papa nou ki nan Syèl la ki fidèl anvè alyans yo nan lavi sa a ap gen opòtinite pou resevwa tout benediksyon levanjil yo nan letènite yo, enkli opòtinite pou gen youn fanmi etènèl.

## **Benefis yon maryaj etènèl**

- Ki benediksyon yon maryaj etènèl genyen nan lavi sa a ak nan letènite?

Antanke Sen Dènye Jou, n ap viv avèk yon pèspektiv etènèl, non pa pou moman sa a sèlman. Men, nou ka resevwa benediksyon nan lavi sa a kòm rezilta maryaj nou pou letènite a. Kèk nan benediksyon sa yo se:

1. Nou konnen ke maryaj nou kapab dire pou tout tan. Lanmò kapab separe nou youn avèk lòt tanporèman sèlman. Anyen pa ka separe nou ajamè sof dezobeyisans nou. Konesans sa a ede nou travay pi plis toujou pou n ka gen yon maryaj ki gen kè kontan ak siksè.
2. Nou konnen ke relasyon famiyal nou kapab kontinye pandan tout letènite. Konesans sa a ede nou pi atantif nan anseye ak elve pitit nou yo. Li ede nou montre pi plis montre pasyans ak lanmou pou yo tou. Kòm rezilta, nou gen yon fwaye ki gen lajwa.
3. Paske nou marye nan fason Bondye òdone a, nou gen dwa ak devèsman Lespri li sou maryaj nou si nou rete fidèl.

Kèk nan benediksyon nou kapab jwi pou letènite yo se sa yo:

1. Nou ka viv nan pi wo degre nan wayòm selès Bondye a.
  2. Nou ka egzalte jan Bondye ye a epi resevwa yon plenitud lajwa.
- Nan ki fason yon pèspektiv etènèl enfliyanse fason nou santi nou osijè maryaj ak fanmi?

## **Nou dwe prepare pou yon maryaj etènèl**

- Kisa nou ka fè pou ede jèn yo prepare pou maryaj etènèl?

Prezidan Spencer W. Kimball te anseye: “Maryaj se petèt desizyon ki pi vital nan tout desizyon epi efè li se efè ki dire pi lontan, paske li gen rapò non sèlman avèk bonè imedyat, men avèk jwa etènèl. Li afekte non sèlman de moun ki konsène yo, men fanmi yo ak patikilyèman pitit yo ak pitit pitit yo tou rive nan plizyè jenerasyon. Nan chwa yon konjwen pou lavi ak pou letènite, pi bon planifikasyon an ak pi bon panse a ak pi bon priye a ak pi bon

jèn nan dwe fèt pou n asire ke nan pami tout desizyon yo, sa a se youn ki pa dwe pa bon” (*Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball* [2006], 193).

Yon maryaj etènèl dwe objektif chak Sen Dènye Jou. Sa se verite menm pou moun ki deja marya sivil yo. Prepare pou yon maryaj etènèl pran anpil tan ak priyè. Se sèl manm Legliz la ki viv diy k ap gen pèmision pou antre nan tanp (gade D&A 97:15–17). Nou pa toudenkou deside yon jou ke nou vle marye nan tanp, epi nou antre nan tanp jou sa a pou nou marye. Toudabò nou dwe ranpli kèk kondisyon.

Anvan nou ka ale nan tanp, nou dwe manm diy ki aktif nan Legliz la pandan omwen ennan. Mesye yo dwe detantè Prètriz Mèlkisedèk. Nou dwe fè yon entèvyou avèk prezidan branch lan oswa evèk la. Si l twouve nou diy, l ap ba nou yon rekòmandasyon tanp. Si nou pa diy, l ap pale avèk nou epi ede nou fikse bi pou vin diy pou ale nan tanp.

Lè nou fin resevwa rekòmandasyon nan men evèk nou ak prezidan branch nou, nou dwe pase yon entèvyou avèk prezidan pye a oswa prezidan misyon an. Nan entèvyou a yo poze nou kesyon tankou sa yo pou yon rekòmandasyon pou tanp:

1. Èske ou gen lafwa nan Bondye, Papa Etènèl la, ak Pitit Gason l lan, Jezikri, ak Sentespri a; epi èske ou gen yon temwayaj konsènan yo? Èske ou gen yon temwayaj fèm konsènan levanjil retabli a?
2. Èske ou soutni Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè? Èske ou rekonèt li kòm sèl moun sou tè a ki otorize pou egzèse tout kle prètriz yo?
3. Èske ou viv lwa chastete a?
4. Èske ou se yon peyè dim total?
5. Èske ou respekte Pawòl Sajès la?
6. Èske ou onèt nan rapò ou avèk lòt moun?
7. Èske ou eseye respekte alyans ou te fè yo, pou ale nan Sentsèn ak reyinyon prètriz yo, ak pou kenbe lavi ou an amoni avèk lwa yo ak kòmandman yo nan levanjil la?

Lè w al mande yon rekòmasyon tanp, ou dwe sonje ke antre nan tanp se yon privilèj sakre. Se yon bagay serye, non pa yon bagay pou nou pran alalejè.

Nou dwe chèche onètman pou n obeyi chak alyans nou fè nan tanp lan. Senyè a te di ke si nou vrè ak fidèl, n ap antre nan egzaltasyon nou. N ap vin menmjan avèk Papa nou ki nan Syèl la. (Gade D&A 132:19–20.) Maryaj nan tanp vo tout sakrifis. se yon fason pou n jwenn benediksyon etènèl inestimab.

- Kisa nou ka fè pou ankouraje jèn yo pou yo fikse bi pou yo marye nan tanp? Nan ki fason nou ka ede yo prepare yo pou sa?

### **Ekriti adisyonèl**

- Jenèz 1:26–28 (nou dwe multipliye ak ranpli tè a)
- Jenèz 2:21–24 (premye maryaj la te akonpli pa Bondye)
- Matye 19:3–8 (sa Bondye ini)
- D&A 132 (nati etènèl lwa maryaj la)
- D&A 42:22–26 (nou dwe respekte pwomès maryaj yo)
- Jakòb 3:5–7 (mari ak madanm dwe gen lwayote youn anvè lòt)

# Lwa chastete a

## Chapit 39

---

### **Yon nòt pou paran yo**

Chapit sa a gen kèk pati ki depase matirite jèn timoun. Li ta pi bon pou nou tann jiskaske timoun yo gran ase pou yo konprann relasyon seksyèl ak pwokreyasyon anvan nou anseye yo pati sa yo nan chapit la. Dirijan Legliz nou yo deklare ke paran yo gen responsablite pou anseye pitit yo sou pwokreyasyon (fason moun ansent ak pote pitit ak fè pitit). Paran yo dwe anseye yo lwa chastete a tou, ke yo eksplike nan chapit sa a.

Paran yo ka kòmanse anseye pitit yo pou yo gen bon atitid anvèk kò yo lè timoun yo ankò jèn. Pale avèk timoun yo sensèman men avèk reverans pandan n ap itilize tèm kòrèk yo pou site pati kò yo ak fonksyon yo ap ede yo grandi san yo pa anbarase initalman osijè kò yo.

Timoun yo plen kiryozi tou natirèlman. Yo anvi konnen kijan kò yo travay. Yo vle konnen ki kote tibebe yo soti. Si paran yo reponn tout kesyon sa yo imedyatman epi klèman pou timoun yo ka konprann, timoun yo ap kontinye vin poze paran yo kesyon. Men, si paran yo reponn kesyon yo yon fason ki fè timoun yo santi yo anbarase, oswa rejte, oswa pa satisfè, se sèten ke yo pral jwenn yon lòt moun pou poze kesyon yo e petèt yo ka jwenn ide ki pa kòrèk ak atitid ki pa bon.

Sepandan, li pa saj ni nesèsè pou n di timoun yo tout bagay yon sèl kou. Paran yo bezwen ba yo sèlman enfòmasyon yo mande epi sa yo ka konprann. Pandan y ap reponn kesyon sa yo, paran yo kapab anseye timoun yo enpòtans ki genyen pou respekte kò yo ak kò lòt moun. Paran yo dwe anseye timoun yo pou yo abiye avèk modesti. Yo dwe korije ide fo ak langaj vilgè timoun yo aprann nan men lòt moun.

---



Rive nan tan pou timoun yo atenn matirite, paran yo dwe deja pale avèk yo sou pwokreyasyon avèk franchiz. Timoun yo dwe konprann ke pouvwa sa yo bon e se Senyè a ki ba nou yo. Li atann pou nou itilize yo andedan limit ke li ba nou.

Timoun piti yo vin sou tè a pi ak inosan soti kot Papa nou ki nan Syèl la. Si paran yo priye pou yo jwenn gidans, Senyè a ap enspire yo pou yo anseye pitit yo nan moman konv nab la nan fason konv nab la.

### **Pouvwa pwokreyasyon an**

- Poukisa paran yo dwe anseye pitit yo sou pwokreyasyon ak chastete? Kijan yo ka fè sa nan fason apwopriye?

Bondye te kòmande pou chak kreyati vivan repwodui selon pwòp espès li (gade Jenèz 1:22). Repwodiksyon an sete yon pati nan plan an pou ke tout fòm lavi te kapab kontinye egziste sou tè a.

Après li te mete Adan ak Èv sou tè a. Yo te diferan avèk lòt kreyasyon l yo paske yo sete pitit lespri li. Nan Jaden Edenn nan, li te ini Adan ak Èv ansanm nan maryaj epi li te kòmande yo pou yo te multipliyè ak ranpli tè a (gade Jenèz 1:28). Sepandan, yo te gen pou gouvènè lavi yo pa lwa moral olye de enstenk.

Bondye te vle pou pitit lespri l yo fèt nan fanmi pou yo te ka byen pran swen yo ak byen anseye yo. Menmjan ak Adan ak Èv, nou dwe bay pitit lespri sa yo kò fizik. Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo deklare: “Nou deklare mwayen pou kreye lavi mòtèl sou latè a se yon bagay Bondye tabli” (“Fanmi: Yon deklarasyon pou mond lan,” *Ensign*, Nov. 1995, 102). Bondye kòmande nou pou gen relasyon seksyèl sèlman nan lyen maryaj ant yon gason ak yon fi. Kòmandman sa a rele lwa chastete.

### **Lwa chastete a**

- Kisa lwa chastete a ye?

Nou dwe gen relasyon seksyèl sèlman avèk konjwen nou avèk ki nou marye legalman. Okenn moun, gason ou fi, pa dwe gen relasyon seksyèl anvan maryaj. Apre maryaj, relasyon seksyèl otorize sèlman avèk konjwen nou.



Senyè a te di Izrayelit yo: “Nou pa dwe fè adiltè” (Egzòd 20:14). Izrayelit ki te kraze kòmandman sa yo te pini sevèman. Senyè a repete kòmandman sa a nan dènye jou yo (gade D&A 42:24).

Yo anseye nou ke lwa chastete a ale pi lwen pase rapò seksyèl. Premye Prezidans lan te mete jèn yo angad kont lòt peche seksyèl yo:

“Anvan maryaj, pa fè anyen pou eksite emosyon pisan yo ki dwe eksprime sèlman nan maryaj yo. Pa patisipe nan bo pasyone, nan kouche youn sou lòt, oubyen touche pati prive, sakre kò yon lòt moun, avèk ou san rad. Pa kite okenn moun fè bagay sa yo avèk ou. Pa souleve emosyon nan pwòp kò ou” (*Pou fòs jèn yo* [bwochi, 2001], 27).

Menmjan ak lòt vyolasyon kont lwa chastete yo, konpòtman omo-seksyèl se yon peche grav. Pwofèt dènye jou yo pale sou danje konpòtman omo-seksyèl ak sou sousi Legliz la genyen pou moun ki ka gen kalite tandans sa yo. Prezidan Gordon B. Hinckley te di:

“Toudabò, maryaj ant yon gason ak yon fi se yon bagay Bondye òdone. Nou kwè ke maryaj kapab etènèl atravè egzèsis pouvwa prètèriz etènèl la nan kay Senyè a.

“Moun toujou ap mande pozisyon nou sou moun sa yo ki konsidere tèt yo swadizan pede ak lesbyèn yo. Repons mwen sèke nou renmen yo antanke pitit gason ak pitit fi Bondye. Yo gen dwa gen kèk tandans ki fò epi ki ka difisil pou kontwole. Anpil moun konn gen panchan yon kalite oswa yon lòt tanzantan. Si yo pa aji selon panchan sa yo, lè sa a, yo kapab avanse menmjan avèk tout lòt manm Legliz yo. Si yo vyole lwa chastete a ak prensip moral Legliz yo, enben, yo oblije pase pa disiplin Legliz la, menmjan ak tout lòt moun.

“Nou vle ede moun sa yo, pou fòtifye yo, pou ba yo asistans avèk pwoblèm yo epi pou ede yo avèk difikilte yo genyen yo. Men, nou pa kapab kanpe konsa ap gade yo si yo enplike nan aktivite ki imoral, si yo eseye soutni ak defann ak viv yon sityasyon ke yo swadizan rele maryaj menm sèks. Pèmèt yon bagay konsa se t ap pran alalejè fondansyon trè serye ak trè sakre a ki se maryaj ki òdone pa Bondye a ak vrè objektif li, ki se elve fanmi” (nan Conference Report, Oct. 1998, 91; oswa *Ensign*, Nov. 1998, 71).

---

## Satan vle nou kraze lwa chastete a

- Ki kèk fason Satan tante moun pou yo kraze lwa chastete a?

Plan Satan se twonpe otan moun nan pami nou ke l kapab pou anpeche nou retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Youn nan bagay ki pi nuizib li ka fè se pouse nou pou n kraze lwa chastete a. Li rize epi l puisan. Li ta renmen nou kwè ke sa pa yon peche si nou kraze lwa sa a. Li deja twonpe anpil moun. Nou dwe pwoteje tèt nou kot move enfliyans li yo.

Satan atake prensip modesti yo. Li vle nou kwè ke paske kò imen an bèl, se yon bagay pou nou montre ak ekspoze. Papa nou ki nan Syèl la vle nou kouvri kò nou pou nou pa ankouraje panse ki pa pwòp nan lespri lòt moun.

Satan non sèlman ankouraje nou pou nou abiye yon fason endesan, men li ankouraje nou pou nou gen panse imoral ak enkòrèk tou. Li fè sa avèk foto, fim, istwa, blag, mizik, ak dans ki sigjere aksyon imoral. Lwa chastete a mande ke panse nou osibyen aksyon nou dwe rete pi. Alma te anseye ke lè Bondye pral jije nou, “panse nou yo ap kondane nou; e nan eta terib sa a, nou p ap pèmèt nou leve tèt nou devan Bondye nou an” (Alma 12:14).

Jezi te anseye: “Nou tandè kijan nan tan lontan yo te di: Piga ou janm fè adiltè:

“Men mwenn menm, men sa m ap di nou: Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè l nan kè l” (Matye 5:27–28).

Prezidan Gordon B. Hinckley te avèti: “N ap viv nan yon mond ki gen tantasyon terib. Pònografi, avèk pil salte l yo, vide sou tè a tankou yon vag orib, k ap anglouti. Li se pwazon. Pa gade li ni li l. L ap detwi nou si nou fè sa. L ap retire respè tèt nou nan men nou. L ap retire kapasite nou pou apresye bote lavi yo. L ap rale nou desann mennen nan yon labou move panse ak posibman move aksyon. Rete lwen bagay sa a. Kouri pou li tankou yon maladi degoutan, paske li osi mòtèl. Rete vètye nan pase ak nan aksyon. Bondye plante nan nou, pou yon bi, yon bezwen divin ki ka fasilman konvèti vin mal ak rezilta destriktif. Lè nou jèn, nou pa dwe gen mennaj. Lè nou rive nan laj kote n ap panse ak maryaj, lè sa a,

li tan pou nou vin gen mennaj. Men nou menm tigason yo ki nan segondè nou pa bezwen sa, ni tifi yo tou” (nan Conference Report, Okt. 1997, 71–72; oubyen *Ensign*, Nov. 1997, 51).

Satan tante nou pafwa atravè emosyon nou. Li konnen lè nou santi nou poukont nou, lè nou gen konfizyon, oubyen deprime. Li chwazi moman feblès sa a pou tante nou pou kraze lwa chastete a. Papa nou ki nan Syèl la ka ba nou fòs pou travèse eprèv sa yo san yo pa blese nou.

Ekriti yo pale nou de yon jenòm trè jis ki te rele Joseph ke mèt li, Pwotifa, te gen gwo konfyans nan li. Pwotifa te bay Joseph kòmande tout sa l te genyen. Madanm Pwotifa te anvi genyen Joseph epi li te tante l pou komèt adiltè avèk li. Men Joseph te reziste anba li epi li te kouri pou li. (Gade Jenèz 39:1–18.)

Pòl te anseye: “Tout tantasyon nou jwenn sou chemen nou, se menm kalite tantasyon tout moun jwenn sou chemen yo tou. Men, Bondye li menm toujou kenbe pawòl li; li p ap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou va anba tantasyon an, la ba nou fòs pou nou ka sipòte l, pou nou ka soti anba li” (1 Korentyen 10:13). Alma te eksplike ke nou pap janm “tante plis pase [nou] kapab sipòte” si nou “imilye [tèt nou] devan Senyè a, pou nou rele non li, pou nou veye e pou nou priye tout tan” (Alma 13:28).

- Nan ki fason modesti ak chastete gen rapò youn ak lòt? Kijan paran yo ka anseye pitit yo pou yo gen modesti nan abiye, nan langaj, ak konpòtman?
- Kijan nou ka goumen kont etandi ak enfliyans pònografri?
- Ki pwomès Senyè a ba nou pou ede nou simonte tantasyon Satan yo?

---

**Pou enstriktè yo:** Pou ede avèk kesyon sa yo sou modesti ak chastete a, ou gen dwa fè referans ak bwochi ki rele *Pou fòs jèn yo* (atik nimewo 36550), ki disponib nan sant distribisyon yo ak nan LDS.org epi ki ka disponib nan libreri chapèl ou a.

**Kraze lwa chastete a se yon bagay ekstrèmman grav**

Pwofèt Alma te aflije paske youn nan pitit gason l yo te kraze lwa chastete a. Alma te di pitit gason li Koryanton: “Èske w pa konnen, pitit gason m nan, bagay sa yo se abominasyon devan je Senyè a; wi, se peche ki pi abominab pase tout lòt peche, eksepte koule san inosan, oubyen nye Sentespri a?” (Alma 39:5). Mank chastete vini apre touye moun nan pami peche grav yo.

Si yon gason ak yon fi kraze lwa chastete epi yo fè yon pitit, yo gen dwa tante komèt yon lòt peche abominab ki rele: avòtman. Pa gen rezon ki jistifye avòtman. Dirijan legliz yo di ke gen kèk sikonstans eksepsyonèl ki ka jistifye yon avòtman, tankou lè gwo-sès la se rezilta ensès oswa vyòl, lè otorite medikal konpetan jije ke lavi oubyen sante manman an andanje grav, oubyen lè otorite medikal rekonèt ke fetus la gen domaj grav ki pap pèmèt timoun nan siviv apre nesans. Men menm sikonstans sa yo pa otomatikman jistifye yon avòtman. Moun k ap fè fas ak sikonstans sa yo dwe konsidere avòtman sèlman apre yo fin konsilte dirijan Legliz lokal yo epi resevwa yon konfimasyon atravè priyè sensè.

“Lè yon gason ak yon fi fè yon pitit san yo pa marye, yo dwe fè tout efò posib pou ankouraje yo pou yo marye. Lè li pwobab ke yon maryaj pa ka reyisi poutèt koz laj oswa lòt sikonstans, yo dwe konseye paran ki pa marye yo pou yo bay timoun nan pou adopsyon pa lentèmedyè LDS Family Services (Sèvis Familyal Sen Dènye Jou yo) pou asire ke timoun nan sele nan tanp avèk paran ki diy” (lèt Premye Prezidans, 26 Jen, 2002, ak 19 Jiyè 2002).

Pou Papa nou ki nan Syèl la, li ekstrèmman enpòtan pou pitit li yo obeyi lwa chastete a. Manm legliz ki kraze lwa chastete yo oubyen ki enfliyanse lòt moun pou yo fè sa dwe pase pa konsèy disiplinè Legliz la.

### **Moun ki kraze lwa chastete yo kapab jwenn padon**

Moun ki kraze lwa chastete yo kapab jwenn lapè. Senyè a di nou: “Si mechan an sispann fè peche li te konn fè yo pou li mache dapre lòd mwen yo, . . . tout tout peche li te komèt yo, yo pap mansyone yo ankò, y ap bliye yo” (Ezekyèl 18:21–22). Lapè vini sèlman atravè padon.

Prezidan Kimball te di: “Pou tout padon gen yon kondisyon. . . . Jèn nan, priyè yo, imilite a dwe egal oubyen pi gran pase peche a. Dwe gen yon kè brize ak yon lespri kontri. . . . Dwe gen kriye ak yon chanjman sensè nan kè. Fòk gen konviksyon peche a, abandone mal la, konfese erè a bay otorite ofisyèlman konstitiye pa Senyè a” (*Le miracle du pardon* [1969], 353).

Pou anpil moun, konfesyon se pati ki pi difil nan repantans lan. Nou dwe konfese non sèlman bay Senyè a men tou bay moun nou ofanse a, tankou mari oubyen madanm, epi bay otorite konsène a nan prèttriz la. Dirijan prèttriz la (evèk la oubyen prezidan pye a) apral jije sitistasyon nou nan legliz la. Senyè a te di Alma: “Nenpòt moun ki transgrese kont mwen . . . si l konfese peche l devan w ak devan m, epi repanti avèk yon kè sensè, ou dwe padone l e m ap padone l tou.” (Mozya 26:29).

Men Prezidan Kimball te avèti: “Menmsi yo pwomèt nou padon anpil konsa, pa gen okenn pwomès ni endikasyon padon pou yon moun ki pa totalman repanti. . . . Nou pap ka twò ensiste lè nou raple moun yo ke yo pa ka peche epi jwenn padon epi peche ankò epi atann ke y ap jwenn yon padon repete” (*Le miracle du pardon*, 353, 360). Moun ki resevwa padon yo epi ki repete menm peche a ankò yo responsab ansyen peche yo (gade D&A 82:7; Etè 2:15).

### **Moun ki kenbe lwa chastete yo beni grandman**

- Ki benediksyon nou resevwa lè nou kenbe lwa chastete a?

Lè nou obeyi lwa chastete a, nou ka viv san kilpablite ak lawont. Lavi nou ak lavi pitit nou beni lè nou kenbe tèt nou pi ak san tach devan Senyè a. Timoun yo ka gade egzanp nou epi suiv tras nou.

### **Ekriti adisyonèl**

- Matye 19:5–9; Jenèz 2:24 (relasyon maryaj sakre)
- Tit 2:4–12 (enstriksyon pou chastete)
- 1 Korentyen 7:2–5; Efezyen 5:28 (lwayote anvè konjwen yo)
- Revelasyon 14:4–5 (benediksyon pou obeyisans nan lwa chastete a)
- Pwovèb 31:10 (louwe vèti)
- Alma 39:9 (pa al chèche konvwatiz je nou ka wè yo)
- D&A 121:45 (kite vèti gani panse nou san rete)
- Alma 42:16 (repantans pa vini san pinisyon)
- Alma 42:30 (pa eskize tèt nou pake nou peche)
- D&A 58:42–43 (moun ki repanti a konfese epi li bliye peche yo)



# Travay tanp ak istwa familyal

## Chapit 40

---

### **Papa nou ki nan Syèl la vle pitit li retounen al jwenn ni**

Ekspyasyon Jezikri a asire nou chak ke n ap resisite epi n ap viv pou tout tan. Men si nou dwe viv pou tout tan avèk fanmi nou nan prezans Papa nou ki nan Syèl la, nou dwe fè tout sa Sovè a kòmande nou pou nou fè. Sa enkli batize ak konfime ak resevwa òdonans tanp yo.

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, nou chak te batize epi konfime pa yon moun ki gen otorite prèttriz la. Nou chak dwe ale nan tanp pou resevwa òdonans sali prèttriz yo yo akonpli nan kote sa a. Men anpil pitit Bondye pa t gen menm opòtinite sa yo. Yo te viv nan yon epòk oswa yon kote levanjil la pa t ko disponib pou yo.

Papa nou ki nan Syèl la vle tout pitit li yo retounen al viv avèk li. Pou moun ki te mouri san batèm oswa òdonans tanp yo, li bay yon mwayen pou sa ka fèt. Li mande nou pou akonpli òdonans pou zansèt nou yo nan tanp yo.

### **Tanp Senyè a**

- Poukisa tanp enpòtan nan lavi nou?

Tanp Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se bilding espesyal ki dedikase pou Senyè a. Manm Legliz ki diy yo kapab ale nan kote sa yo pou resevwa òdonans ak fè alyans avèk Bondye. Menmjan ak batèm, òdonans ak alyans sa yo nesèsè pou sali nou. Yo dwe akonpli nan tanp Senyè yo.

---

**Pou enstriktè yo:** Foto yo ka soulve enterè epi ede moun yo ogmante konpreyansyon yo. Panse pou mande manm klas yo oswa manm fanmi yo pou yo medite sou santiman yo sou travay tanp pandan y ap gade fofò yon tanp ki nan chapit sa a.



Nou ale nan tanp pou n aprann plis osijè Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan, Jezikri tou. Nou akeri yon pi bon konpreyansyon sou bi nou nan lavi a ak sou relasyon nou avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Yo anseye nou sou egzistans premòtèl nou, sou sans lavi terès la, ak sou lavi apre lanmò.

### **Òdonans tanp yo sele fanmi yo ansanm pou tout tan**

- Kisa sele vle di?

Tout òdonans tanp yo akonpli pa pouvwa Prètriz la. Atravè pouvwa sa a, òdonans ki akonpli sou tè a sele, oubyen liye nan syèl la. Sovè a te anseye Apot li yo: “Kèlkeswa sa nou sele sou tè a ap sele nan syèl la” (Matye 16:19; gade tou D&A 132:7).

Se sèl nan tanp nou kapab sele ansanm an fanmi pou tout tan. Maryaj nan tanp lan ini yon gason ak yon fi kòm mari ak madanm etènèlman si yo onore alyans yo. Batèm ak tout lòt òdonans yo prepare nou pou evenman sakre sa a.

Lè yon gason ak yon fi marye nan tanp, pitit ki fèt apre sa yo vin fè pati fanmi etènèl yo tou. Koup ki marye sivil yo kapab resevwa benediksyon sa yo kote y ap prepare tèt yo ak pitit yo pou ale nan tanp pou sele youn ak lòt. Paran ki adopte timoun legalman yo gen dwa sele timoun sa yo avèk yo.

- Kisa yon koup dwe fè pou rann pouvwa sèlman an efikas nan maryaj yo?

### **Zansèt nou yo bezwen èd nou**

- Ki responsablite nou genyen anvè zansèt nou yo ki deja mouri san yo pa t resevwa òdonans prètriz yo?

Mario Cannamela te marye avèk Maria Vitta an 1882. Yo te viv nan vil Tripani, an Itali, kote yo te elve yon fanmi epi yo te pase plizyè ane mèveye ansanm. Mario ak Maria pa t tande mesaj levanjil retabli Jezikri a pandan lavi yo. Yo pa t batize. Yo pa t gen opòtinite pou ale nan tanp pou sele ansanm antanke yon fanmi etènèl. Lè yo te mouri, maryaj yo a te fini.

Plis pase yon syèk apre, yon gwo reyinyon te fèt. Desandan Mario ak Maria yo te ale nan Tanp Los Angeles la, kote yon pitit pitit gason li ak madanm ni te mete ajenou sou yon lotèl epi te sèvi pa pwokirasyon pou sèlman Mario ak Maria. Dlo te ranpli je yo pandan yo t ap patisipe nan lajwa Mario ak Maria.

Anpil nan zansèt nou yo pami moun ki te mouri san yo pa t tande levanjil la pandan yo te sou tè a. Kounyeya y ap viv nan mond lespri a (gade chapit 41 nan liv sa a). Yo anseye yo levanjil Jezikri a. Sa ki aksepte levanjil yo ap tann pou yo akonpli òdonans tanp yo pou yo. Lè n ap akonpli òdonans sa yo nan tanp pou zansèt nou yo, nou ka pataje lajwa yo.

- Nan ki fason doktrin sali pou mò yo montre jistis, konpasyon, ak mizèrikòd Bondye?
- Ki eksperyans ou te fè nan fè travay tanp pou zansèt ou yo?

### **Istwa familyal—Kijan pou nou kòmanse ede zansèt nou yo**

- Ki etap debaz ki genyen nan fè travay jeneyaloji?

Yo ankouraje Sen Dènye Jou yo pou yo patisipe nan aktivite istwa familyal. Atravè aktivite sa yo nou aprann sou zansèt nou yo pou nou kapab akonpli òdonans pou yo. Istwa familyal gen twa etap debaz:

1. Idantifye zansèt nou yo.
2. Chèche ki zansèt nou bezwen akonpli òdonans pou yo nan tanp.
3. Asire nou ke òdonans yo akonpli pou yo.

Pifò pawas ak branch gen konsiltan istwa familyal (jeneyaloji) ki ka reponn kesyon yo epi dirije nou nan resous nou bezwen yo. Si yon pawas oubyen yon branch pa gen konsiltan jeneyaloji, evèk la oswa prezidan branch lan kapab bay direksyon.

#### *Idantifye zansèt nou yo*

Pou akonpli òdonans tanp pou zansèt nou yo, nou bezwen konnen non yo. Anpil bèl resous disponib jodi a pou ede nou idantifye non zansèt nou yo.

Yon bon fason pou kòmanse rasanble enfòmasyon sou zansèt nou yo se chèche sa nou genyen nan pwòp lakay nou. Nou gen dwa gen batistè, ak maryaj, oubyen sètifika desè. Nou ka jwenn Bib fanmi an, istwa familyal yo, istwa lanmò yo, oubyen jounal yo. Epi tou, nou ka mande fanmi nou ki enfòmasyon yo genyen. Lè nou fin rasanble enfòmasyon ki lakay nou yo ak sa nou pran nan men zansèt nou yo, nou ka fouye lòt resous, tankou FamilySearch.org. Nou ka vizite youn nan sant jeneyaliji legliz yo tou nan kote nou abite a.

Kantite sa nou aprann ap depann sou ki enfòmasyon ki disponib pou nou. Nou gen dwa gen yon ti kras enfòmasyon sèlman sou fanmi an epi nou pa kapab fè anyen anplis pase idantifye paran nou ak gran paran nou yo. Si nou deja gen yon gwo koleksyon rejis familyal, nou ka gen posiblite idantifye zansèt nou yo rive sou plizyè jenerasyon.

Nou gen dwa kenbe enfòmasyon nou rasanble yo sou rejis gwoup fanmi an ak fich jeneyalojik yo.

### *Chèche ki zansèt nou bezwen fè òdonans tanp pou yo*

Òdonans tanp te konn akonpli pou mò yo depi nan premye jou legliz la. Pa konsekan, gen kèk òdonans ki gen dwa deja fèt pou zansèt nou yo. Pou nou jwenn ki zansèt ki bezwen òdonans tanp, nou ka gade nan de kote. Pwòp rejis familyal nou gen dwa gen enfòmasyon sou sa k te fèt. Si non, Legliz la gen yon rejis tout òdonans ki te fèt nan tanp yo. Konsiltan jeneyaloji pawas ou oswa branch ou kapab ede ou nan travay sa a.

### *Asire ou ke òdonans yo akonpli*

Anpil nan zansèt nou yo nan mond lespri a kapab ap tann pou yo resevwa òdonans tanp yo. Osito ke nou idantifye zansèt sa yo, nou dwe fè aranjman pou travay sa a fèt pou yo.

Youn nan benediksyon travay jeneyaloji vini nan ale nan tanp pou akonpli òdonans pa pwokirasyon pou zansèt nou yo. Nou dwe prepare tèt nou pou n resevwa yon rekòmandasyon pou tanp pou nou kapab, lè sa posib, fè travay sa a. Si pitit nou yo gen laj 12 an oswa plis, yo ka pataje benediksyon sa yo kote y ap batize ak konfime pou zansèt yo.

Si l pa posib pou nou ale nan tanp pou patisipe nan òdonans yo, tanp lan ap fè aranjman pou fè òdonans yo akonpli pa lòt manm Legliz la.

- Nan ki fason Senyè a te ede ou menm oswa manm fanmi ou jwenn enfòmasyon sou zansèt ou yo?

### **Opòtinite adisyonèl pou istwa familyal**

- Ki fason senp pou yon moun ki gen anpil lòt responsablite patisipe nan travay istwa familyal?

Anplis bay fè òdonans tanp pou zansèt nou konnen yo, nou kapab ede espri ki nan mond lespri sa yo nan plizyè lòt fason. Nou dwe chèche gidans Lespri a pandan na p panse ak sa pou nou fè, nan yon espri lapriyè. Depandan de sitiyasyon nou, nou ka fè bagay sa yo:

1. Ale nan tanp osi souvan sa posib. Lè nou fin ale nan tanp pou tèt pa nou, nou ka akonpli òdonans sali pou lòt moun k ap tann nan mond lespri yo.
  2. Fè rechèch pou idantifye zansèt ki pi difisil pou jwenn yo. Konsiltan jeneyaloji a kapab gide nou al nan resous ki itil.
  3. Ede avèk pwogram endèks legliz la atravè pwogram sa a, manm yo prepare enfòmasyon jeneyalojik pou utilize nan pwogram istwa familyal sou konpitè Legliz la. Pwogram sa yo rann pi fasil pou nou idantifye zansèt nou yo.
  4. Kontribye nan enfòmasyon istwa familyal pou pwogram konpitè Legliz la genyen pou istwa familyal la. Pwogram sa yo gen jeneyaloji ki se kontribisyon moun toupatou nan mond lan. Yo pèmèt moun pataje enfòmasyon familyal yo. Konsiltan istwa familyal la kapab bay enfòmasyon sou pwogram konpitè Legliz yo.
  5. Patisipe nan òganizasyon familyal. Nou ka akonpli plis pou zansèt nou yo si nou travay ansanm avèk lòt manm fanmi.
- Panse sou sa ou kapab fè pou ogmante patisipasyon ou nan travay tanp ak jeneyaloji.

**Ekriti adisyonèl**

- 1 Pyè 4:6 (levanjil la te preche pou mò yo)
- Malachi 4:5–6; D&A 2:2; 3 Nefi 25:5–6 (misyon Eli a)
- 1 Korentyen 15:29; D&A 128:15–18 (travay pou mò yo)
- D&A 138 (redanmsyon pou mò yo)

# Mond lespri apre lanmò a

## Chapit 41

---

### Lavi apre lanmò

- Kisa k rive nou lè nou mouri?

Papa nou ki nan syèl la te prepare yon plan pou sali nou. Kòm pati plan sa a, li te voye nou soti nan prezans li pou n vin viv sou tè a pou n resevwa kò lachè ak san. Finalman kò nou ap mouri, epi lespri nou aprale nan mond lespri yo. Mond lespri a se yon kote pou n tann, travay, aprann, epi, pou moun ki jis yo, repoze anba sousi ak chagren. Lespri nou pral viv nan kote sa a jiskaske nou pare pou rezirèksyon nou. Lè sa a, yon fwa ankò, kò mòtèl nou an pral reyini avèk lespri nou ankò, epi n ap resevwa degre lagwa nou te travay pou n genyen an (gade chapit 46 nan liv sa a).

Anpil moun ap mande tèt yo ak kisa mond lespri a sanble. Ekriti yo ak pwofèt dènye jou yo ba nou enfòmasyon sou mond lespri a.

- Ki rekonfò ou resevwa apati konesans ke gen yon lavi apre lanmò a? Nan ki fason itilize konpreyansyon nou sou mond espri apre lanmò a rekonfòte lòt moun?

### Ki kote mond lespri apre lanmò a ye?

Pwofèt dènye jou yo di ke lespri moun ki mouri yo pa lwen nou. Prezidan Ezra Taft Benson te di: “Pafwa vwal ant lavi sa a ak lavi nan odela a vin mens anpil. Byenemen nou yo ki deja ale yo pa lwen nou” (nan Conference Report, Avr. 1971, 18; oswa *Ensign*, Jen 1971, 33). Prezidan Brigham Young te anseye ke mond lespri apre lanmò a sou tè a, bò kote nou (gade *Enseignements des présidents de l'église: Brigham Young* [1997], 279).

---



### **Ki nati lespri nou?**

Kò lespri a gen menm fòm avèk kò mòtèl la sof ke kò lespri a nan yon fòm ki pafè (gade Etè 3:16). Lespri yo mennen avèk yo soti sou tè a atitud devosyon yo oswa opozisyon yo nan bagay lajistis yo (gade Alma 34:34). Yo gen menm apeti ak menm dezi yo te genyen lè yo t ap viv sou tè a. Tout espri yo gen yon fòm adilt. Yo te adilt anvan egzistans mòtèl yo, epi yo pran fòm adilt apre lanmò, menmsi yo mouri tibebe oswa timoun (gade *Enseignements des présidents de l'église: Joseph F. Smith* [1998], 131–32).

- Poukisa li enpòtan pou n konnen ke lespri nou ap gen menm atitud yo gen kounyeya nan mond lespri a ?

### **Ki kondisyon ki egziste nan mond lespri apre lanmò a?**

Pwofèt Alma nan Liv Mòmmon an te anseye konsènan de divizyon oswa eta ki egziste nan mond lespri a:

“Lespri moun ki jis yo antre nan yon lavi byenere ki rele paradi, yon lavi repo, yon lavi lapè, pou yo repoze apre tout pwoblèm yo, epi apre tout sousi ak lapenn yo.

“Epi lè sa a, se pral konsa, lespri mechan yo, wi, moun ki mechan yo—paske yo pa gen okenn pati ni pòsyon nan Lespri Senyè a; paske, yo te chwazi move zèv tanpou yo ta chwazi byen; se poutèt sa, lespri dyab la te antre nan yo epi li pran posesyon lakay yo—epi moun sa yo pral deyò nan fènwa; pral gen kriye, rele ak sere dan, poutèt inikite pa yo, paske volonte dyab la te mennen yo kaptif.

“Kounyeya, se sityasyon nanm mechan yo, wi, fènwa, epi yon eta terib, ak lakrent pou yo rete tann move endikasyon ak kòlè Bondye tonbe sou yo; konsa, yo rete nan eta sa a, menm jan moun ki jis yo rete nan paradi a jistan lè rezirèksyon yo a rive.” (Alma 40:12–14).

Lespri yo klase selon pite lavi yo ak fason yo te obeyi volonte Senyè a sou tè a. Lespri jis yo separe ak lespri mechan yo (gade 1 Nefi 15:28–30), men lespri yo kapab pwogrese pandan y ap aprann



prensip levanjil yo epi viv lavi yo ann akò avèk yo. Lespri ki nan paradi yo kapab anseye lespri ki nan prizon yo (gade D&A 138).

### *Paradi*

Selon pwofèt Alma, lespri jis yo repoze anba sousi ak chagren terès. Men, yo okipe nan fè travay Senyè a. Prezidan Joseph F. Smith te wè nan yon vizyon ke imedyatman lè Jezikri te fin krisifye, Li te chwazi mesajè, ki te abiye avèk pouvwa epi avèk otorite, epi li te otorize yo pou y ale epi pou yo “pote limyè levanjil la pou moun ki te nan tenèb yo, menm pou tout lespri lèzòm” (D&A 138:30).

Legliz la òganize nan mond lespri a, epi detantè prèttriz yo kontinye responsablite yo nan kote sa a (gade D&A 138:30). Prezidan Wilford Woodruff te anseye: “Menm Prèttriz la egziste nan lòtbò vwal la. . . . Chak Apot, chak Swasanndis, chak Ansyen, elatriye, ki te mouri nan lafwa, osito ke li pase nan lòtbò vwal la, antre nan travay ministè a” (*Deseret News*, Jan. 25, 1882, 818).

Relasyon famiyal yo enpòtan tou. Prezidan Jedediah M. Grant, yon konseye Brigham Young, te wè mond lespri a epi li te dekri pou Heber C. Kimball òganizasyon ki egziste kote sa a: “Li te di ke moun yo li te wè yo te òganize an fanmi. . . . Li te di, ‘Lè m te gade fanmi yo, te gen kèk moun manke nan kèk ladan yo, . . . paske mwen te wè fanmi ke yo pa t pèmèt yo vin rete ansanm, paske yo pa t onore apèl yo isit la’” (*Deseret News*, Dec. 10, 1856, 316–17).

### *Prizon lespri a*

Apot Pyè te fè referans ak mond lespri apre lanmò a kòm yon prizon, e se sa l ye pou kèk moun (gade 1 Pyè 3:18–20). Nan prizon lespri a gen lespri moun ki pa t resevwa levanjil Jezikri yo. Lespri sa yo gen libabit e yo enspire pa ni byen ni mal. Si yo aksepte levanjil la ak òdonans yo akonpli pou yo nan tanp yo, yo ka kite prizon lespri a pou ale nan paradi.

---

**Pou enstriktè yo:** Pou ede manm klas yo oswa manm fanmi yo konprann diferans ant paradi ak prizon lespri a, panse pou desine yon liy vètikal nan mitan tablo a oswa sou yon gwo moso papyè, pou fè de kolòn. Anlè yon kolòn, ekri *Eta jis yo*. Anlè lòt kolòn nan, ekri *Eta mechan yo*. Mande manm klas yo pou dekri chak eta nan mond lespri a, baze sou lekti seksyon sa a. Fè rezime kòmantè yo nan kolòn apwopriye a.

Nan prizon lespri a, genyen moun ki te rejte levanjil yo tou, lè yo te fin preche yo li oubyen sou tè a oubyen nan prizon lespri a. Lespri sa yo soufri nan yon kondisyon nou konnen ki rele lanfè. Yo retire tèt yo nan mizèrikòd Jezikri, ki te di: “Paske gade, mwen menm, Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti; men si yo pa vle repanti yo dwe soufri tankou m; soufrans sa a ki te fè, mwen menm Bondye, ki pi gran pase tout moun, tranble anba doulè, epi ki te fè m soufri nan ki kò ni nan lespri m” (D&A 19:16–18). Lè yo fin soufri pou peche yo, yo pral pèmèt yo, gras avèk Ekspyasyon Jezikri a, vin eritye degre lafwa ki pi piti a, ki se wayòm telès la.

- Nan ki sans kondisyon nan mond lespri yo sanble ak kondisyon nan lavi sa yo?

### **Ekriti adisyonèl**

- 1 Pyè 4:6 (levanjil la preche pou mò yo)
- Moyiz 7:37–39 (prizon lespri a prepare pou mechan yo)
- D&A 76 (revelasyon sou twa wayòm laglwa yo)
- Lik 16:19–31 (sò mandyan ak rich nan mond lespri a)



# Rasanbleman Kay Izrayèl la

## Chapit 42

---

### **Kay Izrayèl la se pèp alyans Bondye a**

- Ki responsablite pèp alyans Bondye a genyen anvè nasyon yo nan mond lan?

Jakòb sete yon gwo pwofèt ki te viv dè santèn ane anvan epòk Kris la. Paske Jakòb te fidèl, Senyè a te ba li non espesyal Izrayèl, ki vle di: “yon moun ki triyonfe” oswa “kite Bondye triyonfe” (Bible Dictionary, “Israel,” 708). Jakòb te gen douz pitit gason. Pitit gason sa yo ak fanmi yo te vin koni kòm douz tribi Izrayèl, oswa Izrayelit (gade Jenèz 49:28).

Jakòb sete yon pitit pitit Abraram. Senyè a te fè yon alyans etènèl avèk Abraram ke l te renouvle avèk Izaak ak Jakòb ak pitit yo (gade chapti 15 nan liv sa a; gade èd vizyèl nan chapit sa a ki dekri Jakòb k ap beni pitit gason l yo tou.) Bondye te pwomèt Izrayelit yo ke yo t ap pèp alyans li osi lontan yo te obeyi kòmandman l yo (gade Detewonòm 28:9–10). Yo t ap yon bendiksyon pou tout nasyon nan mond lan nan pote levanjil la ak prèttriz la ba yo (gade Abraram 2:9–11). Konsa, yo t ap kenbe alyans yo te fè avèk Senyè a epi li menm li t ap kenbe pa l la avèk yo.

### **Kay Izrayèl la te dispèse**

Ankò epi ankò pwofèt Senyè yo te avèti Kay Izrayèl la sou sa k t ap rive si yo te fè mechanste. Moyiz te pwofetize: Epi Senyè a pral dispèse ou pami tout pèp, soti nan yon kwen latè a al nan yon lòt” (Detewonòm 28:64).

---

Malgre avètisman sa a, Izrayelit yo te toujou ap kraze kòmandman Bondye yo. Yo te goumen antre yo epi yo te divize an de wayòm: Wayòm Nò a, ke yo te rele wayòm Izrayèl, ak Wayòm Sid la ke yo te rele wayòm Jida. Dis tribi Izrayèl yo te viv nan Wayòm Nò a. Pandan yon gè yo te konkeri pa enmi yo epi yo te mennen yo an kaptivite. Nan apre gen kèk ki te retounen nan peyi Nò yo epi yo te vin pèdi pou rès mond lan.

Apre 100 ane apre yo te kaptire Wayòm Nò a, yo te konkeri Wayòm Sid la. Kapital la, Jerizalèm, te detwi an 586 A.K., epi anpil nan de tribi Izrayèl yo k te rete yo te tonbe nan kaptivite. Nan apre, kèk manm nan lòt tribi sa yo te retounen epi yo te rebati jerizalèm Jis anvan Jerizalèm te detwi a, Leyi ak fanmi li, ki te manm kay Izrayèl la, te kite vil la epi yo te vini nan kontinan ameriken an.

Apre tan Kris la, Jerizalèm te detwi ankò, fwa sa a pa sòlda Women yo. Juif yo te dispèse sou tout mond lan. Jodi a Izrayelit yo nan tout peyi nan mond lan. Anpil nan moun sa yo pa konnen ke yo se desandan ansyen Kay Izrayèl la.

- Ki benefis ki vin jwenn pitti Bondye yo paske pèp alyans li a te dispèse sou tout tè a?

### **Kay Izrayèl la dwe rasanble**

- Poukisa Senyè a vle pèp li a rasanble?
- Kijan kay Izrayèl la pral rasanble?

Senyè a te pwomèt ke pèp alyans li a t ap fini pa rasanble yon jou: “Mwen pral rasanble rès twoupo m nan soti nan tout peyi kote m te dispèse yo” (Jeremi 23:3).

Bondye rasanble pitit li atravè travay misyonè. Antanke moun ki gen yon konesans Jezikri, ki resevwa òdonans sali yo epi ki respekte alyans asosye avèk yo, yo vin “pitit alyans lan” (3 Nefi 20:26). Li gen rezon enpòtan k fè l ap rasanble pitit li yo. Li rasanble yo pou yo kapab aprann ansèyman levanjil yo epi prepare yo pou rankontre Sovè a lè l vini ankò. Li rasanble yo pou yo ka bati tanp epi akonpli òdonans sakre pou zansèt yo ki deja mouri san yo pa t jwenn opòtinite sa a. Li rasanble yo pou youn ka fòtifye lòt epi pou

yo ini nan levanjil la, pou yo jwenn pwoteksyon kont enfliyans mal yo nan mond lan. Li rasanble yo tou pou yo ka prepare tèt yo pou pataje levanjil la avèk lòt moun.

Pwofèt Moyiz, ki te parèt nan Tanp Kirtland nan, te bay Joseph Smith pouvwa ak otorite pou dirije travay rasanbleman Izrayèl la (gade D&A 110:11). Soti nan moman sa a, chak pwofèt detni kle pou rasanble kay Izrayèl la, epi rasanbleman sa a se yon pati enpòtan nan travay Legliz la. Pèp alyans lan ap rasanble kounyeya amezi y ap aksepte levanjil retabli a epi sèvi Bondye Abraam, Izaak, ak Jakòb la (gade Detewonòm 30:1–5).

Izrayelit yo rasanble espiyityèlman toudabò epi fizikman apre. Yo rasanble espiyityèlman lè yo antre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènèy Jou yo epi fè ak kenbe alyans sakre. Rasanbleman espiyityèl sa a te kòmanse pandan tan Pwofèt Joseph Smith la epi li kontinye jodi a nan tout mond lan. Konvèti yo nan Legliz la se Izrayelit oubyen pa san oubyen pa adopsyon. Yo apatni ak fanmi Abraram ak Jakòb (gade Abraham 2:9–11; Galat 3:26–29).

Preaidan Joseph Fielding Smith te di: “Gen anpil nasyon ki reprezante nan . . . Legliz la. Yo vini paske Lespri Senyè a repoze sou yo; . . . paske yo resevwa *espri rasanbleman an*, yo kite tout bagay pou levanjil la” (*Doctrines of Salvation*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vols. [1954–56], 3:256; italik nan orijinal la)

Rasanbleman fizik Izrayèl la vle di pèp alyans lan pral “rasanble nan peyi eritaj yo, epi yo pral etabli nan pwòp tè pwomiz yo” (2 Nefi 9:2).

Tribi Efrayim ak Manase yo pral rasanble nan kontinan ameriken an. Tribi Jida a ap retounen nan vil Jerizalèm ak zòn alantou yo. Dis tribi pèdi yo ap resevwa benediksyon pwomiz yo nan men tribi Efrayim nan (gade D&A 133:26–34).

Lè legliz la te premye fwa etabli a, yo te mande Sen yo pou yo te rasanble Ohio, apresa Missouri, apresa nan Vale Salt Lake la. Men, jodia, pwofèt modèn yo anseye nou ke manm Legliz yo dwe bati wayòm Bondye a nan pwòp peyi yo. Èldè Russell M. Nelson te di: “Chwa pou vin jwenn Kris la se pa yon zafè lokasyon fizik; se yon zafè angajman endividyèl. Moun yo kapab ‘vin konnen Senyè a’

[3 Nefi 20:13] san yo pa kite peyi yo. Se vre ke, nan premye jou legliz la, konvèsyon te souvan vle di imigrasyon tou. Men kounyeya rasanbleman an fèt nan chak nasyon. . . . Lye rasanbleman pou Sen Brezilyen yo se nan Brezil; lye rasanbleman pou Sen Nijeryen yo se nan Nijerya; lye rasanbleman Sen Koreyen yo se nan Kore; elatriye. Siyon se ‘moun ki gen kè pi.’ [D&A 97:21.] Siyon se kèlkeswa kote Sen yo ye” (nan Conference Report, Oct. 2006, 85; oubyen *Ensign*, Nov. 2006, 81).

Rasanbleman fizik Izrayèl la pap fini anvan Dezyèm Vini Sovè a ak nan tout Milenyòm nan (gade Joseph Smith—Matye 1:37). Apresa pwomès Senyè a ap akonpli:

“Se poutèt sa, yon jou va rive, kote yo pa pral di ankò: Senyè a vivan, li menm ki te fè pitit Izrayèl yo soti nan peyi Lejip;

“Men, yo va di: Senyè a vivan, li menm ki te fè pitit Izrayèl yo soti kite peyi nan Nò yo ak tout lòt peyi kote li te gaye yo; wi, m ap mennen yo tounen nan peyi mwen te bay zansèt yo a” (Jeremi 16:14–15).

- Nan ki fason ou te rasanble esprityèlman antanke youn nan pèp alyans Senyè a?
- Nan ki fason ou te patisipe nan rasanbleman pou lòt moun?

### **Ekriti adisyonèl**

- Jenèz 17:1–8 (alyans Bondye avèk Abraham)
- Women 9:4–8; Galat 3:29 (moun ki suiv Jezikri yo ak pawòl li yo se pitit alyans yo ye)
- 2 Nefi 30:2; Mozya 5:10–11 (moun ki repanti, ki suiv pwofèt yo, epi ki gen lafwa nan Jezikri vin pèp alyans Senyè a)
- 2 Wa 17 (Wayòm Nò yo ale an kaptivite)
- 2 Kwonik 36:11–20 (Wayòm Sid yo ale an kaptivite)

---

**Pou enstriktè yo:** Lè moun yo pataje istwa konvèsyon yo nan levanjil retabli Jezikri a, y ap pataje istwa sou kijan yo te rasanble esprityèlman. Panse pou mande kèk moun alavans pou yo pale sou fason yo te konvèti nan levanjil la.

- Jak 1:1 (douz tribi yo dispèse)
- 1 Nefi 10:12–13 (migrasyon Nefit la sete yon pati nan dispèsyon an)
- Jeremi 3:14–18 (youn soti nan yon vil, yon nan yon fanmi)
- Ezekeyèl 20:33–36 (Izrayèl ap rasanble soti nan tout peyi)
- 3 Nefi 20:29–46 (Jwif yo ap rasanble nan Jerizalèm)
- 1 Nefi 15:13–18; 3 Nefi 21:26–29 (rasanbleman an kòmanse avèk Retablisman levanjil la)
- D&A 38:31–33 (pèp alyans Senyè a ap sove)
- Ezayi 11:11–13 (Senyè a ap retwouve pèp li a)
- Revelasyon 18:4–8 (yon vwa pral pwoklame rasanbleman an)
- D&A 133:6–15 (Janti yo nan Siyon, Jwif yo nan Jerizalèm)





# Siy Dezyèm Vini yo

## Chapit 43

---

### **Jezikri ap retounen sou tè a**

- Ki kèk nan siy Dezyèm Vini yo?

Sovè a te di Joseph Smith, “M pral revele tèt mwen depi nan syèl la avèk pouvwa epi gwo laglwa, avèk tout lame syèl yo, pou m rete nan lajistis avèk lèzòm sou tè a pandan mil ane, epi mechan yo p ap kapab kanpe” (D&A 29:11; gade chapit 44 ak 45 nan liv sa a tou Jezi di nou ke gen kèk siy ak evenman ka pral avèti nou lè moman Dezyèm Vini an pwòch.

Pandan dè milye ane, disip Jezikri yo t ap tann dezyèm vini an kòm yon peryòd lapè ak lajwa. Men anvan Sovè a vini, moun sou tè a ap gen pou sibi gwo eprèv ak kalamite. Papa nou ki nan Syèl la vle nou prepare pou twoub sa yo. Li vle pou nou prepare espiri-tyèlman tou lè Sovè a ap vini nan glwa li a. Se poutèt sa, li ba nou siy, ki se evenman ki pral di nou lè Dezyèm Vini Sovè a pwòch. Atravè tout syèk yo, Bondye te revele siy sa yo bay pwofèt li yo. Li te di ke disip fidèl Kris yo ap rekonèt siy yo epi y ap veye lè y ap fèt (gade D&A 45:39). Si nou obeyisan epi fidèl, n ap etidye ekriti yo epi n ap konnen siy yo.

Anpil nan siy ki anonse Dezyèm Vini Jezikri yo deja la oubyen y ap akonpli kounyeya. Gen lòt ki gen pou akonpli nan lefitye.

### *Mechanste, lagè ak twoub*

Anpil nan siy yo terifyan ak redoutab. Pwofèt yo avèti ke tè a pral sibi gwo twoub, mechanste, lagè ak soufrans. Pwofèt Danyèl te di ke tan anvan Dezyèm Vini an se pral yon tan detrès ke tè a pa t

---

**Pou enstriktè yo:** Panse bay chak manm klas la oswa chak manm fanmi an youn oubyen de siy yo dekri nan chapit sa a (nan gwo klas yo, nou gen dwa bay plis moun siy yo) Kòm pati lesou an, ba yo tan pou yo etidye enfòmasyon sou siy sa yo epi panse sou prèv yo wè ke siy sa yo ap akonpli jodia. Apreza fè yo pataje ide yo youn avèk lòt.

janm konnen (gade Danyèl 12:1). Senyè a te di: “Epi lanmou lèzòm pral refwadi, epi inikite pral fè mikalaw” (D&A 45:27). “Epi tout bagay pral toumante; epi . . . lakrent pral anvayi tout moun” (D&A 88:91). Nou ka atann tranblemandtè, maladi, grangou, gwo tanpèt, ak zeklè, ak loraj (gade Matye 24:7; D&A 88:90). Tanpèt lagrèl pral detwi rekòt latè yo (gade D&A 29:16).

Jezi te di disip li yo ke lagè pral ranpli tè a : “Nou pral tandè lagè ak bri lagè. . . . Paske nasyon pral leve kont nasyon, epi wayòm kont wayòm” (Matye 24:6–7). Pwofèt Joseph Smith te di: “Pa dekouraje lè yo pale nou de tan detrès, paske yo dwe vini, paske epe, grangou, ak pestilans lan ap apwoche. Pral gen gwo destriksyon sou fas tè a, paske ou pa dwe panse ke pwofesi tout pwofèt sen yo ap p ap akonpli, epi gen anpil ki rete pou akonpli toujou” (*Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* [2007], 252).

Anpil nan siy sa yo deja akonpli. Mechanste toupatou. Nasyon yo toujou nan lagè. Tranblemandtè ak lòt kalamite ap rive. Anpil moun ap soufri gwo tanpèt, sechrès, grangou, ak maladi devastan kounyeya. Nou mèt sèten ke kalamite sa yo ap vin pi plis anvan Senyè a vini.

Sepandan, se pa tout evenman ki presede Dezyèm Vini yo ki redoutab. Anpil nan yo pote lajwa pou mond lan.

### *Retablisman levanjil la*

Senyè a te di: “Limyè pral jayi pami moun ki chita nan tenèb yo, epi se va plenitid levanjil mwèn an” (D&A 45:28). Ansyen pwofèt yo te predi Retablisman levanjil la. Apot Jan te wè ke levanjil la t ap retabli pa yon zanj (gade Revelasyon 14:6–7). Pou akonpli pwofesi sa a, zanj Mowoni ak lòt vizitè selès te pote levanjil Jezikri a bay Joseph Smith.

### *Aparisyon Liv Mòmmon an*

Senyè a te di Nefit yo yon lòt siy tou: desandan yo t ap gen pou resevwa Liv Mòmmon an (gade 3 Nefi 21). Nan epòk Ansyen Testaman an Pwofèt Ezayi ak Ezekyèl te predi aparisyon Liv Mòmmon an (gade Ezayi 29:4–18; Ezekyèl 37:16–20). Pwofesi sa yo ap akonpli kounyeya. Liv Mòmmon an parèt epi l ap mache al nan tout mond lan.

---

*Levanjil la preche nan tout mond lan*

Yon lòt siy dènye jou ankò sèke “levanjil wayòm nan pral preche nan tout mond lan pou l sèvi kòm temwayaj pou tout nasyon” (Matye 24:14; gade tou Joseph Smith—Matye 1:31). Tout moun ap gen pou tande plenitid levanjil la nan pwòp lang yo (gade D&A 90:11). Depi Retablisman Legliz la, misyonè yo ap mache preche levanjil la. Travay misyonè a ogmante kounyeya rive jodi a a dè milye misyonè k ap preche nan plizyè peyi nan mond lan nan plizyè lang. Anvan Dezyèm Vini an ak pandan Milenyòm nan, Senyè a ap bay mwayen pou pote levanjil la bay tout nasyon.

*Vini Eli a*

Pwofèt Malachi te pwofetize ke anvan Dezyèm Vini Sovè a, yo t ap voye pwofèt Eli sou tè a. Eli t ap gen pou retabli pouvwa sèlman yo pou fanmi yo te kapab sele ansanm. Li t ap gen pou enspire moun yo pou yo entere ak zansèt yo ansanm avèk desandan yo. (See Malachi 4:5–6; D&A 2.) Pwofèt Eli te parèt devan Joseph Smith an Avril 1836. Depi moman sa a, enterè nan jeneyaloji ak istwa famiyal ogmante. Nou kapab akonpli òdonans sali nan tanp pou vivan yo ak mò yo tou.

*Desandan Leyi yo t ap vin yon gwo pèp*

Senyè a te di ke lè vini l lan pwòch, Lamanit yo t ap vin yon pèp dwat epi jis. Li te di: “Anvan gran jou Senyè a vini, . . . Lamanit yo pral fleri tankou yon flè woz” (D&A 49:24). Anpil desandan Leyi ap resevwa benediksyon levanjil yo kounyeya.

*Konstriksyon Nouvèl Jerizalèm nan*

Prèske nan moman vini Jezikri a, Sen fidèl yo pral bati yon bèl vil jis, yon vil Bondye, ki rele Nouvèl Jerizalèm. Jezikri li menm apral gouvène ladan l. (Gade 3 Nefi 21:23–25; Moyiz 7:62–64; Atik Lafwa 1:10.) Senyè a te di ke vil la ap bati nan eta Missouri nan Etazini (gade D&A 84:2–3).

Sa yo se sèlman kèk nan siy Senyè a banou. Ekriti yo dekri anpil plis ankò.

- Ki prèv ou wè kimontre ke siy sa yo ap akonpli?

### **Konnen siy tan yo kapab ede nou**

- Kijan nou ka rete kalm ak anpè lè kèk nan siy yo si terifyan ak redoutab konsa?

An palen de Dezyèm Vini l la, Senyè a te di: “Pèsonn pa konnen lè a ak jou a, ni zanj yo ki nan syèl la” (D&A 49:7). Li te anseye sa avèk parabòl pye fig la. Li te di ke lè nou wè yon pye fig pouse fèy sou pyebwa a, nou ka di ke ete prèske rive. Menmjan tou, lè nou wè siy yo dekri nan ekriti yo, nou ka konnen ke vini li pwòch. (Gade Matye 24:32–33.)

Senyè a bay siy sa yo pou ede nou. Nou ka mete lavi nou annòd epi prepare tèt nou avèk fanmi nou pou bagay sa yo ki gen pou vini yo.

Yo prevni nou sou kalamite yo epi yo mande nou pou nou prepare pou yo, men, nou ka tann vini Sovè a avèk lajwa tou. Senyè a te di: “Pa enkyete, paske lè tout bagay sa yo [siy yo] pral rive, nou kapab konnen pwomès m te fè nou yo pral akonpli” (D&A 45:35). Li te di ke moun ki jis yo pap detwi lè l vini “men y ap sipòte jou a. Epi y ap resevwa tè a kòm eritaj; . . . epi pitit yo pral grandi san peche nan sali. . . . Paske Senyè a pral nan mitan yo, epi laglwa li pral sou yo, epi se li k ap wa yo epi k ap ba yo lalwa” (D&A 45:57–59).

### **Ekriti adisyonèl**

- 1 Korentyen 15:22–28 (fen an rive; lanmò detwi)
- Matye 16:1–4 (disène siy tan yo)
- Matye 24; D&A 29:14–23; 45:17–57; 88:87–94; Joseph Smith—Matye 1 (siy Dezyèm Vini yo)
- 1 Tesalonisyen 5:1–6 (veye siy yo epi prepare nou)
- D&A 38:30 (prepare pou nou pa bezwen pè)
- D&A 68:11 (nou ka konnen siy yo)

# Dezyèm Vini Jezikri a

## Chapit 44

---

### N ap tann Dezyèm Vini Sovè a

Pandan karant jou apre Rezirèksyon l lan, Jezi ak Apot li yo te reyini ansanm sou Montay Olivye a. Tan te rive pou Jezi te kite tè a. Li te akonpli tout travay li te gen pou l te fè nan epòk la. Li te dwe retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la jiskaske lè Dezyèm Vini an te rive.

Lè l te fin bay Apot li yo enstriksyon, Jezi te monte nan syèl la. Pandan Apot yo t ap gade syèl la, de zanj te parèt bò kote yo epi yo te di : “Moun Galile yo, poukisa nou kanpe ap gade syèl la konsa? menm Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou monte nan syèl la, li gen pou l retounen menm jan nou wè l monte nan syèl la” (Travay 1:11).

Apati moman sa a jiska jou jodi a, disip Jezikri yo ap tann Dezyèm Vini an.

### Kisa Jezi pral fè lè l vini ankò?

Lè Jezikri vini sou tè a ankò, la pral fè bagay sa yo:

1. *Li pral pirifye tè a.* Lè Jezi vini ankò, li pral vini avèk puisans ak gwo laglwa. Nan moman sa a mechan yo pral detwi. Tout bagay ki kowonpi pral brile, epi tè a pral pirifye pa dife (gade D&A 101:24–25).
2. *Li pral jije pèp li a.* Lè Jezi vini ankò, li pral jije nasyon yo epi li pral separe moun jis yo avèk mechan yo (gade Matye 25:31–46; gade chapit 46 nan liv sa a tou). Jan, Revelatè a, te ekri sou jijman sa a: “Mwen te wè yon bann fotèy, moun ki te chita sou

---

**Pou enstriktè yo:** Panse pou bay chak manm klas la oswa chak manm fanmi an youn nan senk bagay yo ki nan chapit sa a. Mande chak moun pou travay endividyèlman, pandan y ap etidye sa yo ba yo a, enkli pasaj ekriti a. Apresa envite chak moun pou di sa yo aprann.



fotèy yo te resevwa pouvwa pou rann jijman. An menm tan tou mwen te wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t ap bay temwayaj Jezi, ak pawòl Bondye a, . . . epi yo te viv epi gouvènè avèk Kris la pandan mil ane.” Li te wè mechan yo tou “yo pa t leve soti vivan jiskaske mil ane a te fini” (Revelasyon 20:4–5; gade tou D&A 88:95–98).

3. *Li pral entwodui Milenyòm nan.* Milenyòm nan se peryòd mil an an kote Jezi pral reye sou tè a. Moun jis yo pral anlve pou al rankontre Jezi lè l ap vini an (gade D&A 88:96). Vini l la ap kòmanse rèy milènè a. (Gade chapit 45 nan liv sa a.)

Prezidan Brigham Youn te di:

“Nan Milenyòm nan, lè wayòm Bondye a etabli sou tè a an puisans ak glwa ak pèfeksyon an, epi rèy mechanste ki te dire si lontan an kraze, Sen Bondye yo pral gen privilèj pou bati tanp yo, epi pou yo antre ladan yo, pou yo vin tounen, jan sa te ye, pilye tanp Bondye yo [gade Revelasyon 3:12], epi yo pral ofisye pou mò yo. Apresa nou pral wè zanmi nou yo leve, epi petèt kèk nan moun nou konnen. . . . Epi nou pral gen revelasyon pou konnen zansèt nou yo rive jis nan Papa nou Adan ak Manman nou Èv, epi na pral antre nan tanp Bondye yo pou n al ofisye pou yo. Epi apre [timoun] pral sele avèk [paran] yo jiskaske chenn nan vin yon chenn Prètriz pafè soti nan Adan rive nan sèn final la” (*Enseignements des présidents de l’église: Brigham Young* [1997], 333–34).

4. *La pral konplete Premye Rezirèksyon an* Moun ki gen dwa pou leve nan rezirèksyon jis yo ap leve soti nan tonm yo. Yo pral anlve pou y al rankontre Sovè a lè l ap desann soti nan syèl la. (Gade D&A 88:97–98.)

Lè Jezikri te leve soti nan lanmò a, gen lòt moun jis ki te mouri ki te resisite tou. Yo te parèt nan Jerizalèm ak nan kontinan Ameriken an tou. (Gade Matye 27:52–53; 3 Nefi 23:9–10.) Sa sete kòmansman Premye Rezirèksyon an. Gen moun ki te resisite depi lè sa a. Moun ki te deja resisite yo ak sa ki ap resisite yo nan moman l ap vini an apral eritye laglwa wayòm selès la (gade D&A 76:50–70).



Aprè rezirèksyon moun ki pral eritye laglwa selès yo, yon lòt gwoup pral resisite: moun ki pral resevwa laglwa terès yo. Lè tout moun sa yo fin resisite, Premye Rezirèksyon an ap total.

Mechan ki ap viv nan tan Dezyèm Vini Senyè a pral detwi nan lachè yo. Yo menm tou, ansanm avèk mechan yo ki te deja mouri yo, yo pral gen pou tann jiska dènye rezirèksyon an. Tout rès mò yo ap leve pou rankontre Bondye. Yo pral eritye wayòm telès la oubyen yo pral chase al nan tenèb avèk Satan (gade D&A 76:32–33, 81–112).

5. *Li pral pran plas ki revni li antanke Wa syèl la ak tè a.* Lè Jezi vini, li pral etabli gouvènman li sou tè a. Legliz la pral vin fè pati wayòm sa a. Li pral gouvène tout pèp sou tè a anpè pandan 1.000 ane.

Lè Jezikri te vini sou tè a premye fwa a, li pa t vini an glwa. Li te fèt nan yon enb etab epi li te kouche nan yon ganmèl. Li pa t vini avèk gwo lame jan Jwif yo t ap tann Sovè yo a vini an. Men olyesa, li te vin di: “Renmen enmi nou, . . . fè byen pou moun ki rayi nou, epi priye pou moun k ap maltrete nou” (Matye 5:44). Yo te rejte li epi krisifye li. Men yo pap ka rejte li nan Dezyèm Vini l la: “paske tout zòrèy pral tandè l, epi tout jenou pral pliye, epi tout lang pral konfese” ke Jezi se Kris la (D&A 88:104). Yo pral akeyi li antanke “Senyè tout Senyè, ak Wa tou wa” (Revelasyon 17:14). Li pral rele “Mèveye, Konseye, Bondye Puisan an, Papa etènèl la, Prens lapè a” (Ezayi 9:6).

- Ki panse ak santiman ou genyen pandan w ap panse ak evenman Dezyèm Vini yo?

### **Kijan nou pral konnen lè vini Sovè a pwòch ?**

Lè Jezikri te fèt, pa t gen anpil moun ki te konnen Sovè mond lan te vini. Lè l vini ankò, pap gen okenn dout sou kiyès li ye. Okenn moun pa konnen moman egzat Sovè a ap vini ankò a. “Pèsonn pa konnen lè a ni jou a, ni zanj yo ki nan syèl la, men Papa m sèlman” (Matye 24:36; gade tou D&A 49:7).

Senyè a te itilize yon parabòl pou l te bay yon ide sou lè l ap vini an: “Kounyeya pran lesonsou pye fig la; Lè branch li kòmanse boujonnen, kou l pouse fèy, nou konnen lete sou nou:

“Se konsa tou, lè na wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen mwen nan pa pòt la” (Mak 13:28–29).

Senyè a ba nou kèk siy pou fè nou konnen kilè vini l lan pwòch tou. Lè l te fin revele siy yo, li te avèti:

“Se poutèt sa, veye, paske nou pa konn kilè Senyè nou an ap vini. . . .

“. . . Se pou nou toujou pare, paske Pitit Gason an ap vini lè nou pa ta kwè” (Matye 24:42, 44).

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou nou konnen Dezyèm Vini an pwòch, gade chapit 43 nan liv sa a.

### **Kijan nou ka pare lè Sovè a vini?**

Pi bon fason nou ka prepare pou vini Sovè a se aksepte ansèyman levanjil yo epi enkli yo nan lavi nou. Nou dwe viv chak jou pi byen nou kapab, jan Jezi te anseye lè l te sou tè a. Nou ka koute direksyon pwofèt la epi suiv konsèy li. Nou ka viv diy pou resevwa Sentespri a kòm gid nou. Apresa n ap tann vini Sovè a avèk lajwa non pa avèk krent. Senyè a te di: “Pa pè, ti twoupo, wayòm nan pouou jistan m vini. Gade, m ap vini rapid rapid. Se sa menm. Amèn” (D&A 35:27).

- Poukisa nou dwe sousye plis sou preparasyon nou olye sou tan egzat Dezyèm Vini an?

### **Ekriti adisyonèl**

- Jan 14:2–3; Matye 26:64 (Jezi ap prepare yon plas epi l ap vini ankò)
- Malachi 3:2–3; 4:1; D&A 64:23–24 (tè a ap boule)
- D&A 133:41–51 (mechan yo ap detwi)
- Matye 13:40–43 (Jijman an predi)
- 1 Korentyen 15:40–42; D&A 76; 88:17–35 (wayòm glwa yo)
- D&A 43:29–30; 29:11 (vini Sovè a ap kòmanse Milenyòm nan)
- Atik Lafwa 1:10 (Jezi ap reye)
- Alma 11:43–44; 40:23 (yo eksplike Rezirèksyon an)
- D&A 88:96–98 (mò yo ap leve)
- Zakari 14:9; Revelasyon 11:15; 1 Nefi 22:24–26 (Jezi ap reye antanke Wa)

# Milenyòm nan

## Chapit 45

---

### **Moun yo sou tè a pandan Milenyòm nan**

- Kiyès ki pral sou tè a pandan Milenyòm nan?

Mil ane lapè, lanmou, ak lajwa ap kòmanse sou tè a lè Dezyèm Vini Jezikri a. Peryòd sa a rele Milenyòm. Ekriti yo ak pwofèt yo ede nou konprann kisa k pral pase sou tè a pandan Milenyòm nan.

Akoz destriksyon mechan yo nan Dezyèm Vini Sovè a, sèl jis yo apral viv sou tè a nan kòmansman Milenyòm nan. Se pral moun ki te mennen lavi onèt ak vètèye. Moun sa yo ap eritye wayòm terès oswa selès la.

Pandan Milenyòm nan, ap toujou gen mòtèl k ap viv sou tè a, e y ap kontinye fè pitit menmjan n ap fè kounyeya (gade D&A 45:58). Joseph Smith te di ke èt imòtèl yo ap vizite tè a souvan. Èt resisite sa yo pral ede avèk gouvènman an ak lòt travay. (Gade *Enseignements su prophète Joseph Smith*, sel. Joseph Fielding Smith [1976], 268.)

Moun yo ap kontinye gen libabit yo, epi pandan yon tan, anpil ap kontinye kwè nan relijyon pa yo ak ide pa yo. Men alafen tout moun apral aksepte ke Jezikri se Sovè a.

Pandan Milenyòm nan, Jezi “pral reye an pèsonn sou tè a” (Atik Lafwa 1:10). Josph Smith te eksplike ke Jezi pral “reye sou Sen yo epi l ap desann pou enstwi yo” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* [2007], 258).

### **Travay Legliz la pandan Milenyòm nan**

- Ki de gwo travay ki ap gen pou fèt pandan Milenyòm nan?

---

**Pou enstriktè yo:** Sijè Milenyòm nan pafwa mennen moun ap fè sipozisyon sou ide ki pa nan ekriti yo oswa ansèyman pwofèt dènye jou yo. Pandan w ap gide leson sa a, veye pou evite kalite sipozisyon sa yo.



Ap gen de gwo travay pou manm Legliz yo fè pandan Milenyòm nan: travay tanp ak travay misyonè. Travay tanp enplike òdonans nesèsè pou egzaltasyon yo. Yo enkli batèm, enpozisyon men pou don Sentespri a, ak òdonans tanp—dotasyon, maryaj nan tanp, ak sèlman fanmi yo ansanm.

Anpil moun deja mouri san yo pa t resevwa òdonans sa yo. Moun yo sou tè a dwe akonpli òdonans sa yo pou yo. Travay sa a ap fèt kounyeya nan tanp Senyè a yo. Gen twòp pou fini anvan Milenyòm nan kòmanse, konsa, l ap fini pandan tan sa a. Moun resisite yo pral ede korije erè nou te fè yo lè nou t ap fè rechèch pou zansèt nou yo. Ya pral ede jwenn enfòmasyon n ap bezwen pou konplete rejis nou yo tou. (Gade Joseph Fielding Smith, *Doctrines of Salvation*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vols. [1954–56], 2:167, 251–52.)

Lòt gwo travay k ap fèt pandan Milenyòm nan se pral travay misyonè. Yo pral anseye levanjil la avèk puisans bay tout moun. Finalman yo pa pral bezwen anseye lòt moun yo prensip levanjil yo paske “Senyè a di, yo tout pral konnen mwenn, depi nan sa k pi piti rive nan sa k pi gran an” (Jeremi 31:34).

- Kijan nou ka prepare pou n travay nan Milenyòm nan?

### **Kondisyon pandan Milenyòm nan**

- Nan ki fason lavi nan Milenyòm nan pral diferan avèk lavi isit la sou tè a kounyeya ?

Pwofèt Joseph Smith te anseye ke pandan Milenyòm nan, “Tè a pral renouvle epi l pral resevwa laglwa paradizyak li” (Atik lafwa 1:10).

#### *Satan mare*

Pandan Milenyòm nan, Satan pral mare. Sa vle di li pap gen pouvwa pou tante moun k ap viv nan epòk sa yo (gade D&A 101:28). “Pitit yo pral grandi san peche nan sali” (D&A 45:58) “Akoz lajistis pèp [Senyè a], Satan pa gen pouvwa; se poutèt sa, li pa kapab lage pou anpil ane; paske li pa gen pouvwa sou kè pèp la, poutèt yo viv nan lajistis, e se Sen Izrayèl la ki pral gouvène.” (1 Nefi 22:26).

*Lapè sou tè a*

Pandan Milenyòm nan p ap gen lagè. Moun pral viv nan lapè ak amoni ansanm. Tout sa yo te konn sèvi pou fè lagè yo pral vin sèvi pou bagay itil. “Yo pral fè epe ya fè l tounen kouto digo, epi yap ran mato ya fè l tounen zouti pou travay tè: nasyon yo pap leve kont yon lòt ankò, ni pap janm fè lagè ankò” (Ezayi 2:4; gade tou Ezayi 11:6–7; D&A 101:26).

*Gouvènman jis*

Prezidan John Taylor te anseye: “Senyè a pral wa sou tout tè a, epi tout limanite literalman sou rèy ni, epi tout nasyon anba syèl la pral gen pou rekonèt otorite li epi soumèt ak twòn ni” Moun ki sèvi li nan jistis yo ap gen kominikasyon avèk Bondye, epi avèk Jezi, y ap gen ministè zanj, epi y ap konnen lepase, leprezan, ak lavni; epi lòt moun, ki gen dwa pa konnen obeyisans total sou lwa l yo, ni totalman enstwi nan alyans li yo, pral oblije gen obeyisans total pou gouvènman l lan. Paske se pral rèy Bondye sou tè a, epi l ap bay lwa li, epi l ap kòmande ke tout nasyon nan mond lan obeyi sa ki se dwa li legalman” (*Enseignements des présidents de l’église*: [2001], 225).

*P ap gan lanmò*

Pandan Milenyòm nan p ap gen lanmò ankò jan l ye kounyeya. Lè moun yo viv rive nan yon laj granmoun, yo pa pral mouri ni antere. Olyesa, yo pral chanje soti nan kondisyon mòtèl yo a pou vin nan kondisyon imòtèl nan “yon bat je” (Gade D&A 63:51; 101:29–31.)

*Tout bagay pral revele*

Gen kèk verite ke yo pa revele nou. Tout bagay pral revele pandan Milenyòm nan. Senyè a di li pral “revele tout bagay—bagay ki deja pase, ak bagay ki kache pèsonn pa konnen, bagay ki konsène tè a, ki te itilize pou kreye l, ak objektif li ak destine l—bagay ki pi presye, bagay ki anlè, ak bagay ki anba, bagay ki nan tè a, ak sou tè a, ak nan syèl la” (D&A 101:32–34).

*Lòt aktivite nan Milenyòm nan*

Nan plizyè fason, lavi pral apeprè jan l ye kounyeya, sof ke tout bagay pral fèt nan lajistis. Moun yo apral manje ak bwè ak mete rad. (Gade *Enseignements des présidents de l'église: Brigham Young* [1997], 333.) Moun yo pral kontinye plante ak rekòlte ak bati kay (gade Ezayi 65:21)

- Ki panse ak santiman ou genyen sou kondisyon ki pral egziste yo pandan milenyòm nan?

**Yon dènye batay apre Milenyòm nan**

- Kisa k pral destine final tè a?

Nan fen 1.000 an an, Satan pral libere pou yon ti bout tan. Gen kèk moun k ap detounen de Papa nou ki nan Syèl la. Satan pral rasanble lame li, epi Michel (Adan) pral rasanble lame syèl yo. Nan gwo lit sa a, Satan ak disip li yo pral chase pou tout tan. Tè a pral chanje vin tounen yon wayòm selès. (Gade D&A 29:22–29; 88:17–20, 110–15.)

**Ekriti adisyonèl**

- Zakari 14:4–9; 1 Nefi 22:24–25 (Jezi ap reye sou tè a)
- Danyèl 7:27 (Yo bay sen yo wayòm nan)
- D&A 88:87–110 (kondisyon pandan Milenyòm nan)
- Revelasyon 20:1–3; 1 Nefi 22:26 (Satan pral mare)
- D&A 101:22–31 (chire pit sispann; pa gen lanmò, Satan pa gen pouvwa pou tante)
- Ezayi 11:1–9 (anyo ak lyon pral abite ansanm)
- D&A 43:31; Revelasyon 20:7–10 (Satan ap lage pou yon ti tan)





# Jijman Final la

## Chapit 46

---

### **Jijman Bondye**

- Ki jijman diferan ki vini anvan Jijman Final la? Nan ki fason tout jijman sa yo anrapò youn ak lòt?

Yo souvan di nou nan ekriti yo ke jou a gen pou vini kote nou pral kanpe devan Bondye pou yo jije nou. Nou bezwen konprann kijan jijman an fèt pou nou kapab prepare nou pou evenman enpòtan sa a.

Ekriti yo di nou pral jije selon zèv nou: “Epi mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fotèy la; liv yo te louvri. Apresa yon lòt liv te louvri, ki se liv lavi a, epi yo te jije moun mouri yo dapre zèv yo dapre sa ki te ekri nan liv yo” (Revelasyon 20:12; gade tou D&A 76:111; 1 Nefi 15:32; Abraram 3:25–28). Nou pral jije “dapre santiman ki nan kè [nou]” (D&A 137:9; gade Alma 41:3

Isit la sou tè a yo souvan jije nou dapre diyite nou pou resevwa opòtinite andedan wayòm Bondye a. Lè nou batize yo jije nou diy pou resevwa òdonans sa a. Lè nou aple pou sèvi nan legliz la oubyen yo entèvyouve nou pou yon avansman nan prètriz la oswa pou yon rekòmandasyon tanp, yo jije nou.

Alma te anseye ke lè nou mouri espri nou pral gen resevwa yon eta bonè oubyen mizè (gade Alma 40:11–15). Sa a se yon jijman.

### **Pawòl nou, aksyon nou, ak panse nou ap itilize pou jije nou**

- Imajine y ap jije nou pou tout panse nou pawòl nou, ak aksyon nou.

---

**Pou enstriktè yo:** Nou pa bezwen anseye tout bagay ki nan chapit la. Lè w ap priye pou prepare pou w anseye, chèche gidans Lespri a pou konnen ki pòsyon nan chapit la ou dwe kouvri.

Pwofèt Alma te temwaye, “Pawòl nou yo ap kondane nou, wi tout zèv nou yo ap kondane nou; . . . epi panse nou yo ap kondane nou” (Alma 12:14).

Senyè a di: “Nan jou jijman an, lèzòm pral rann kont pou tout pawòl inital yo pale. Paske pa pawòl ou ou pral jistifye, epi pa pawòl ou ou pral kondane” (Matye 12:36–37).

Lafwa nan Jezikri ede nou prepare pou Jijman Final la. Atravè fidelite nou anvè li antanke disip ak repantans pou tout peche nou yo, nou ka jwenn padon pou peche nou yo epi vin pi ak sen pou nou kapab demere nan prezans li. Si nou repanti pou peche nou yo, si nou detounen de tout panse ak aksyon pa pwòp nou yo, Sentespri a ap chanje kè nou pou nou pa janm gen dezi pou peche ankò (gade Mozya 5:2). Lè sa a, lè n ap jije, y ap twouve nou diy pou antre nan prezans Bondye.

- Panse sou sa ou kapab fè pou amelyore panse ou, pawòl ou ak aksyon ou.

### **Nou pral jije dapre liv yo**

- Apati ki liv yo pral jije nou? Kimoun ki pral jije nou?

Pwofèt Joseph Smith te di ke mò yo pral jije selon liv yo te kenbe sou tè a. Nou pral jije dapre “liv lavi a” ke yo kenbe nan syèl la tou (gade D&A 128:6–8).

“Tout moun . . . dwe prezante devan ‘fotèy jijman Sen Ezrayèl la . . . epi yo dwe . . . jije dapre jijman sen Bondye a.’ (II Nefi 9:15.) Epi selon vizyon Jan an, ‘Liv yo te louvri, epi yon yo te louvri yon lòt liv, ki se liv lavi a, epi mò yo te jije selon sa ki te ekri nan liv yo, selon zèv yo.’ (Rev. 20:12.) ‘Liv’ yo yo pale la yo fè referans ak ‘rejis [travay nou] ke nou kenbe sou tè a. . . . Liv lavi a se rejis yo kenbe nan syèl la.’ (Dok. ak Al. 128:7.)” (*Enseignements des présidents de l’église: Harold B. Lee* [2000], 226–27).

Gen yon lòt rejis yo pral itilize pou jije nou tou. Apot Pòl te anseye ke nou menm poukont nou nou se rejis lavi nou (gade Women 2:15). Kò nou ak espri nou gen istwa total chak bagay nou te fè. Prezidan John Taylor te anseye verite sa a: [Endividi] a rakonte

istwa tèt li, epi li rann temwayaj kont tèt li. . . . Rejis sa a ekri pa lòm li menm nan tablèt pwòp konsyans li, dokiman sa a pa ka bay manti nan jou yo pral dewoule li devan Bondye ak zanj yo, ak moun ki pral chita kòm jij yo” (*Deseret News*, Mas. 8, 1865, 179).

Apot Jan te anseye ke “Papa a pa jije pèsonn, men li remèt tou jijman nan men Pitit Gason an” (Jan 5:22). Pitit Gason an li menm, pral rele lòt moun pou ede li nan Jijman an. Douz ki te avèk li yo nan ministè l la pral jije douz tribi Izrayèl yo (gade Matye 19:28; Luke 22:30). Douz disip Nefit yo pral jije Nefit yo ak Lamanit yo (gade 1 Nefi 12:9–10; Mòmmon 3:18–19).

### **Eritye yon plas nan yon wayòm glwa**

- Nan ki fason fidelite nou pandan lavi nou sou tè a pral enfluyans lavi nou nan letènite yo ?

Nan Jijman Final la nou pral afekte nan yon kote nan wayòm nou merite a. Ekriti yo anseye sou twa wayòm laglwa—wayòm selès la, wayòm terès la, ak wayòm telès la (gade D&A 88:20–32).

Nan Doktrin ak Alyans 76, Senyè a dekri fason nou ka chwazi pou viv lavi mòtèl nou. Li te eksplike ke chwa nou yo apral detèmine ki wayòm nou prale. Nan revelasyon sa a, nou aprann ke menm manm Legliz yo ap eritye diferan wayòm paske yo p ap fidèl ak vanyan egalman nan obeyi Kris la.

Men kalite lavi nou ka chwazi pou nou viv ak ki wayòm chwa nou yo pral fè nou jwenn.

#### *Selès*

“Se moun ki te resevwa temwayaj Jezi, epi ki kwè nan non li epi te batize, . . . pou ke nan respekte kòmandman yo yo ka lave ak piri-fye anba peche yo, epi resevwa Sentespri a.” Moun sa yo se moun ki venk mond lan pa lafwa yo. Yo se moun jis epi vrè ke Sentespri a kapab sele benediksyon sou yo. (Gade D&A 76:51–53.) Tout moun ki eritye pi wo degre laglwa nan wayòm selès yo, ki vin bondye, dwe marye nan tanp pou letan ak letènite tou (gade D&A 131:1–4). Tout moun ki eritye wayòm selès yo pral viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ansanm ak Jezikri pou tout tan (gade D&A 76:62).

Atravè travay nou fè nan tanp yo, tout moun ki te viv sou tè a kapab gen menm opòtinite egal pou resevwa plenitud levanjil la ak òdonans sali yo pou yo ka eritye yon plas nan degre ki pi wo a nan wayòm selès la.

### *Terès*

Moun ki rejte levanjil la sou tè a men ki resevwa li apres a nan mond lespri a. Moun sa yo se moun onorab latè yo ki te viv avegle epi pa t jwenn levanjil Jezikri a akòz riz lèzòm. Se moun ki te resevwa levanjil la ak yon temwayaj sou Jezi tou men ki pa t vanyan. Y ap resevwa vizit Jezikri men pa Papa nou ki nan Syèl la. (Gade D&A 76:73–79.)

### *Telès*

Moun sa yo pa aksepte levanjil la ni temwayaj konsènan Jezi ni sou tè a ni nan mond lespri a. Yo pral soufri pou peche yo nan lanfè jiska apre Milenyòm nan, kote yo pral resisite. “Moun sa yo se mantè yo, chòche yo, adiltè yo, fònikatè yo, ak tout moun ki renmen manti epi ki pratike bay manti.” Moun sa yo osi anpil ke zetwal yo nan syèl la ak sab bò lanmè. Y ap resevwa vizit Sentespri a men pa Papa a ni Pitit Gason an. (Gade D&A 76:81–88, 103–6, 109.)

### *Tenèb deyò a*

Sa yo se moun ki te gen temwayaj konsènan Jezi pa mwayen Sentespri a epi ki te konnen pouvwa Senyè a men ki pèmèt Satan venk yo. Yo renye laverite epi yo defye pouvwa Senyè a. Pa gen padon pou yo, paske yo renye Sentespri a apre ke yo fin resevwa li. Yo pap gen yon wayòm glwa. Yo pral viv nan tenèb, touman, ak mizè etènèl avèk Satan ak zanj li yo pou jamè. (Gade D&A 76:28–35, 44–48.)

- Selon Doktrin ak Alyans 76:50–53, 62–70, ki karakteristik yon moun ki venk mond lan pa lafwa epi ki vanyan nan temwayaj konsènan Jezi a?

## **Nou dwe prepare nou kounyeya pou Jijman an**

- Kisa nou dwe fè pou nou pare pou Jijman Final la?

An reyalite, chak jou se yon jou jijman. Pawòl nou, panse nou, ak aksyon nou an akò avèk lwa selès, terès, oswa telès. Lafwa nou nan Jezikri, jan nou montre sa nan aksyon chak jou nou yo, pral detèmine ki wayòm nou pral eritye.

Nou gen levanjil retabli Jezikri a nan plenitud li. Levanjil la se lwa wayòm selès la. Tout òdonans prèttriz nesèsè pou pwogresyon nou yo te revele. Nou te antre nan dlo batèm yo epi nou te fè alyans pou n viv lavi tankou Kris. Si nou fidèl epi nou kenbe alyans nou te fè yo, Senyè a di nou kisa jijman nou pral ye. Li pral di nou: “Vini, ou menm ki resevwa benediksyon Papa m, vin pran pose-syon wayòm ki prepare pou ou depi nan fondasyon mond lan” (Matye 25:34).

## **Ekriti adisyonèl**

- Wonmen 2:6–9; Revelasyon 20:12–13 (Jijman an)
- Alma 11:41, 45; Mòmmon 7:6; 9:13–14 (nou jije nan yon eta resisite)
- 2 Nefi 29:11; 3 Nefi 27:23–26 (liv yo itilize pou Jijman an)
- Alma 41:2–7 (jijman nou detèmine pa zèv nou, dezi kè nou, repantans, pèsevere jiskalafen)
- Mòmmon 3:22 (repanti epi prepare pou kanpe devan ba jijman an)
- Lik12:47–48; D&A 82:3 (moun yo bay anpil, y ap mande l anpil)
- D&A 88:16–33 (nou chak resevwa sa nou diy pou li)



# Egzaltasyon

## Chapit 47

---

### **Plan pou pwogresyon nou**

Lè nou t ap viv avèk Papa nou ki nan Syèl la, li te eksplike yon plan pou pwogresyon nou. Nou te ka vin menm jan avèk li, èt egzalte. Plan an te mande pou nou te separe avèk li pou nou vin sou tè a. Separasyon sa a te nesesè pou pwouve si nou t ap obeyi kòmandman Papa nou yo menm si nou pa t nan prezans li ankò. Plan an te prevwa ke lè lavi nou sou tè a te fini, nou ta pral jije epi rekonpanse selon degre lafwa nou ak obeyisans nou.

Nan ekriti yo nou aprann ke gen twa wayòm laglwa nan syèl la. Apot pòl te mansyone ke l te konnen yon moun ki te ‘transpòte jis nan twazyèm syèl la’ (2 Korentyen 12:2). Pòl te site de wayòm nan syèl la: wayòm selès ak terès (gade 1 Korentyen 15:40–42). Selès la se pi wo a, epi terès la se dezyèm nan. Atravè revelasyon modèn yo nou aprann ke twazyèm wayòm laglwa a se wayòm telès la (gade D&A 76:81 Nou aprann ke gen twa syèl oswa degre tou andedan wayòm selès la (gade D&A 131:1).

### **Egzaltasyon**

- Kisa egzaltasyon ye?

Egzaltasyon se lavi etènèl, kalite lavi Bondye ap viv la. Li ap viv nan gwo laglwa. Li pafè. Li posede tout konesans ak tout sa jès. Li se Papa pitit lespri yo. Li se yon kreyatè. Nou ka vin menmjan avèk Papa nou ki nan Syèl la. Sa se egzaltasyon.

Si nou montre nou fidèl anvè Senyè a, nou pral viv nan degre ki pi wo a nan wayòm selès la. Nou pral vin egzalte, pou n viv avèk Papa nou ki nan Syèl la nan fanmi etènèl. Egzaltasyon se pi gran don Papa nou ki nan Syèl la ka bay Pitit li (gade D&A 14:7).

---



## Benediksiyon egzaltasyon yo

- Ki benediksyon yo pral bay moun ki egzalte yo?

Papa nou ki nan Syèl la pafè, epi li glorifye l nan lefèt ke li posibil pou pitit li yo vin menmjan avèk li. Travay li ak glwa li se “reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

Moun ki resevwa egzaltasyon nan wayòm selès yo atravè lafwa nan Jezikri yo pral resevwa benediksyon espesyal. Senyè a pwomèt ke “Tout bagay pral pou yo” (D&A 76:59). Men kèk benediksyon y ap bay moun ki egzalte yo:

1. Yo pral viv etènèlman nan prezans Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri (gade D&A 76:62).
2. Yo pral vin bondye (gade D&A 132:20–23).
3. Yo pral ini etènèlman avèk manm fanmi jis yo epi y ap kapab gen kwasans etènèl.
4. Yo pral resevwa yon plenitud lajwa.
5. Yo pral gen tout sa Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri genyen—tout pouvwa, glwa, dominasyon, ak konesans (gade D&A 132:19–20). Prezidan Joseph Fielding Smith te ekri: “Papa a pwomèt parentèmedyè Pitit Gason an ke tout sa l genyen li pral bay moun ki obeyi kòmandman yo li. *Yo pral grandi nan konesans, sajès, ak pouvwa, yo prale gras an gras, jiskaske plenitud jou pafè a eblouyi yo*” (*Doctrines of Salvation*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vols. [1954–56], 2:36; italik nan orijinal la)

## Kondisyon pou egzaltasyon

Moman pou nou prepare pou egzaltasyon an se jodi a (gade Alma 34:32–34). Prezidan Joseph Fielding Smith te di: “Pou nou jwenn egzaltasyon an nou dwe aksepte levanjil la ak tout alyans li yo; epi asime obligasyon Senyè a pwopoze yo; epi mache nan limyè ak konpryansyon verite a epi ‘viv pa tout pawòl ki soti nan bouch Bondye’” (*Doctrines of Salvation*, 2:43).

Pou nou egzalte, nou dwe toudabò plase lafwa nou nan Jezikri epi apresa andire nan lafwa sa a jiskalafen lavi nou. Lafwa nou nan li dwe fè nou repanti pou peche nou yo epi obeyi kòmandman l yo.

---

Li kòmmande nou pou nou tout resevwa kèk òdonans:

1. Nou dwe batize.
2. Nou dwe resevwa enpozisyon men pou yo konfime nou kòm manm Legliz Jezikri a epi pou n resevwa Sentespri a.
3. Frè yo dwe resevwa prèttriz Mèlkisedèk la epi mayifye apèl yo nan prèttriz la.
4. Nou dwe resevwa dotasyon nan tanp.
5. Nou dwe marye pou letènite, ni nan lavi sa a ni nan lavi apre a.

Anplis resevwa òdonans yo mande yo, Senyè a kòmmande nou pou nou:

1. Renmen Bondye ak pwochen nou.
2. Respekte kòmmandman yo.
3. Repanti pou move aksyon nou yo
4. Chèche zansèt nou yo ki mouri yo epi resevwa òdonans sali levanjil yo pou yo.
5. Ale nan reyinyon Legliz yo osi regilyèman nou kapap pou renouvle alyans batèm nou nan pran Sentsèn.
6. Renmen manm fanmi nou epi fòtifye yo nan fason Senyè a.
7. Fè priyè famiyal ak pèsònèl chak jou.
8. Anseye lòt moun levanjil la an pawòl ak pa legzanp.
9. Etidye ekriti yo.
10. Koute ak obeyi pawòl enspire pwofèt Senyè yo.

Finalman, nou chak bezwen resevwa Senrespri a epi aprann suiv direksyon li nan lavi pèsònèl nou.

- Nan ki fason òdonans ak alyans yo prepare nou pou egzaltasyon?
- Nan ki fason lafwa nan Jezikri ede nou obeyi kòmmandman yo?
- Poukisa nou dwe aprann suiv direksyon Sentespri a pou vin egzalte?

## Apres nou fin rete fidèl ak pèsèvere jiskalafen

- Sa k rive lè nou pèsèvere jiskalafen antanke disip Kris la?

Senyè a di: “Si ou respektè kòmandman m yo epi ou pèsèvere jiska lafen, w ap gen lavi etènèl, ki se pi gwo nan tout kado Bondye yo” (D&A 14:7). Prezidan Joseph Fielding Smith te di: “Si nou kontinye nan Bondye; ki se respektè kòmandman l yo, adore li epi viv verite l yo; tan an ap vini kote nou pral benyen nan plenitud verite li, ki ap vin plis an plis briyan jiska jou pafè a” (*Doctrines of Salvation*, 2:36).

Pwofèt Joseph Smith te anseye; “Lè n ap grenpe nan yon echèl, nou dwe kòmanse pa anba, epi monte mach pa mach, jiskaske nou rive anlè; epi se menm bagay avèk prensip levanjil yo—nou dwe kòmanse pa premye a, epi kontinye jiskaske nou aprann tout prensip egzaltasyon yo. Men sa ap pran anpil tan apre nou fin pase atravè vwal la [mouri] anvan nou vin aprann yo. Se pa tout bagay n ap konprann nan mond sa a; sa pral yon gwo travay pou n aprann sali nou ak egzaltasyon nou odela tonbo a” (*Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* [2007], 268).

Joseph Smith te anseye: “Se premye prensip Levanjil la, pou konnen nati Bondye avèk sètitud. . . . Li te yon fwa yon moun tankou nou; . . . Bondye li menm, Papa nou tout la, te bite sou yon tè, menmjan Jezikri li menm te fè a” (*Teachings of the Prophet Joseph Smith*, sel. Joseph Fielding Smith [1976], 345–46).

Papa nou ki nan Syèl la konnen eprèv nou yo, feblès nou, ak peche nou. Li gen konpasyon ak mizèrikòd pou nou. Li vle nou reyisi menmjan ak li.

Imajine lajwa nou chak pral genyen lè nou retounen al jwenn papa nou ki nan Syèl la si nou kapab di: “Papa, m te viv selon volonte ou. M te rete fidèl e m te respektè kòmandman w yo. Mwen kontan retounen lakay.” Epi lè sa an apral tande l di: “Se byen . . . ; ou te fidèl nan ti travay ou, mwen pral konfye w anpil bagay; antre nan lajwa mèt ou” (Matye 25:23).

- Repase Matye 25:23. Panse sou kijan ou t ap santi ou si w ta tande Senyè a di w pawòl sa yo.

### **Ekriti adisyonèl**

- D&A 132:3–4, 16–26, 37 (ki anrapò ak egzaltasyon)
- D&A 131:1–4 (maryaj etènèl se kle pou egzaltasyon)
- D&A 76:59–70 (benediksyon glwa selès yo eksplike)
- D&A 84:20–21 (pouvwa divinite a manifeste atravè òdonans prèttriz yo)

---

**Pou enstriktè yo:** Lè w bay manm klas yo oswa manm fanmi yo tan pou medite sou verite levanjil yo, pou reflechi sou lavi yo, oubyen panse sou amou yo pou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri, ou ba yo opòtinite pou yo anseye pa Sentespri a.



# Lis vizyèl

---

**Kouvèti:** *Living Water*, pa Simon Dewey, © Simon Dewey.

Nan fon an © Artbeats

**Paj 4:** Foto © NASA and STScI

**Paj 8:** Foto © NASA and STScI

**Paj 14:** Detay soti nan *Christ at Emmaus*, pa Carl Heinrich Bloch  
Itilize pa pèmasyon Mize Istorik Nasyonal la nan Frederiksborg  
nan Hillerød, Dànmak

**Paj 18:** Foto pa Dimitri Vervitsiotis/Digital Vision/Getty Images

**Paj 22:** Foto © Corbis

**Paj 26:** *Kite Jaden Edenn nan*, pa Joseph Brickey

© 1998 Joseph Brickey

**Paj 40:** *Joseph Smith*, pa atis enkon, koutwazi Achiv Kominote  
Kris. *Brigham Young*, pa Danquart Anthon Weggeland, koutwazi  
Mize Istorik Legliz la. *John Taylor*, pa atis enkon, koutwazi Achiv  
ak Bibliyotèk Istorik Legliz la. *Wilford Woodruff*, pa H. E. Peterson.  
*Lorenzo Snow*, pa Lewis Ramsey, koutwazi Mize Istorik Legliz  
la. *Joseph F. Smith*, pa A. Salzbrenner, © IRI. *Heber J. Grant*, pa  
C. J. Fox, © IRI. *George Albert Smith*, pa Lee Greene Richards,  
© IRI. *David O. McKay*, pa Everett Clark Thorpe, © Everett Clark  
Thorpe. *Joseph Fielding Smith*, pa Shauna Cook Clinger, © 1983  
IRI. *Harold B. Lee*, pa Grant Romney Clawson, © IRI. Foto Ezra  
Taft Benson © Busath Photography. Foto Thomas S. Monson  
© Busath Photography

**Paj 50:** *Kris k ap leve pitit fi Jayiris la*, pa Greg K. Olsen. © 1990 IRI

**Paj 60:** *Not My Will, But Thine, Be Done*, pa Harry Anderson.

© Legliz Advantis Setyèm Jou yo. Pa dwe kopye

---

- Paj 82:** Detay soti nan *Abraham on the Plains of Mamre*, pa Harry Anderson. © IRI
- Paj 88:** Detay soti nan *Kris k ap òdone Douz Apot yo*, pa Harry Anderson. © IRI
- Paj 94:** Detay soti nan *The Desires of My Heart*, pa Walter Rane. Koutwazi Mize Istorik Legliz la
- Paj 102:** Detay soti nan *Jezikri*, pa Harry Anderson. © IRI
- Paj 134:** *Dènye Soupe a*, pa Simon Dewey. © Simon Dewey
- Paj 150:** Detay soti nan *Kris ak jenòm rich la*, pa Heinrich Hofmann. Koutwazi C. Harrison Conroy Co., Inc.
- 162:** Detay soti nan *Jezi k ap lave pye Apot yo*, pa Del Parson. © 1983 IRI
- Paj 168:** Foto © Getty Images
- Paj 174:** Detay soti nan *Bon Samariten an*, pa Joseph Brickey. © 2001 Joseph Brickey
- Paj 180:** Foto pa George Doyle/Stockbyte/Getty Images
- Paj 190:** Detay soti nan *Go Ye Therefore, and Teach All Nations*, pa Harry Anderson © IRI
- Paj 200:** *Adan ak Èv k ap ofri sakrifis*, pa Keith Larson © 1996 Keith Larson
- Paj 218:** Foto pa Robert Casey. © 2004 Robert Casey
- Paj 224:** Foto pa Robert Casey. © 2004 Robert Casey
- Paj 246:** Detay soti nan *Jakòb k ap beni Joseph*, pa Harry Anderson. © IRI
- Paj 252:** *Dezyèm Vini an*, pa Harry Anderson © IRI
- Paj 258:** Detay soti nan *Dezyèm Vini an*, pa Harry Anderson. © IRI
- Paj 264:** Detay soti nan *Without Any Ire*, pa Nancy Glazier-Koehler. © 1984 Nancy Glazier-Koehler
- Paj 268:** Detay soti nan *Dènye Jijman an*, pa John Scott. © 1974 IRI
- Paj 276:** Detay soti nan tablo pa Dan Baxter
-

# Endèks

---

## A a

Abraram, alyans Bondye avèk, 83  
Adan ak Èv  
    Chit, 28–29  
    espri vyan, 27  
    kòmande pou fè pitit, 28  
    maryaj, 27  
    premye ki vin sou tè a, 27  
    Sentespri a te vini, 31–32  
    separasyon, avèk Bondye, 28–29  
alkòl, 167, 169  
Alyans  
    Abraramik, 83–84  
    batèm, 117–18  
    definisyon, 81, 83  
    nouvel ak etènèl, 85  
    renouvle atravè Sentsèn, 136  
Ansèyman  
    don, 128  
    nan liv sa a, 1–3  
Ansyen, ofis ak devwa, 76–77  
Apostazi, Gran, 91–92  
Apot, ofis ak devwa, 77, 98  
    *Gade tou* Douz Apot

## B

Batèm, 115–19  
    alyans, 117–18  
    bezwen pou, 115–16  
    ki dwe batize, 117  
    mòd, 116–17  
    nouvo kòmansman atravè, 119

Bay, 186  
    deklarasyon sou, pa  
        Stephen L Richards, 186  
Bay manti, 181–82  
Benediksyon patriyakal, 10, 77, 130  
    deklarasyon sou, pa  
        Thomas S. Monson, 10  
Bib, 45–46  
Ble, 170  
Bliye peche, pati repantans, 110  
Bondye. *Gade* Papa nou ki  
    nan Syèl la  
Bwason cho, 169  
Bwason fò, 167, 169

## C

Charite, 173–78  
    deklarasyon sou, pa  
        Joseph Smith, 177–78  
    deklarasyon sou, pa  
        Thomas S. Monson, 176  
Charite, 225–32  
Chit,, 28–30  
    rezilta, 29–30

## D

Dezobeyisans, rezilta, 204–5  
Dezyèm Vini Jezikri, 257–62  
    siy, 251–56, 261  
Dim, 185–88  
    deklarasyon sou, pa  
        Gordon B. Hinckley, 188

---



deklarasyon sou, pa  
Heber J. Grant, 188  
deklarasyon sou, pa  
Stephen L Richards, 186  
Dimanch, Saba, 140–41  
Diven, 167, 169  
Doktrin ak Alyans, 47  
Don espiyèl, 125–32  
deskripsyon, 125–30  
devlope, 130–31  
karakteristik vrè Legliz la, 91  
Satan imite, 131  
swen nan itilize, 131–32  
Don Lespri yo. *Gade* Don  
espiyèl  
Don Sentespri a, 121–24  
definisyon, 121–22  
rekonèt enfluyans Sentespri a,  
123  
resevwa, 122–23  
youn nan pi gwo don Bondye,  
123  
Douz Apot, jijman pa, 271  
*Gade tou* Apot  
Dwòg, mal itilize, 169  
Dyab. *Gade* Satan  
Dyak, ofis ak devwa, 75

## **E È**

---

Egzaltasyon, 275–80  
deklarasyon sou, pa  
Joseph Fielding Smith, 277  
maryaj etènèl esansyèl pou,  
219–20  
vin diy pou, 16  
Ekriti, 45–49  
etidye, 48–49  
kat liv, 45–48

Ekspyasyon, 59–66  
deklarasyon sou, pa  
Joseph Fielding Smith, 109  
istwa pa Boyd K. Packer ki  
ilistre, 63–65  
Kris a te soufri ak mouri pou fè,  
55–57, 61  
Kris la sèlman kapab akonpli, 61  
nesesè pou sali, 59  
Rezirèksyon yon rezilta, 62  
Sali soti nan peche yon rezilta,  
62–65  
*Gade tou* Jezikri  
Eli, vini, 254  
Enstriktè, ofis ak responsablite, 75  
Entèpretasyon lang, don, 127  
Eprè, nesèsè pou pwogresyon, 11  
Èv. *Gade* Adan ak Èv  
Evèk, ofis ak responsablite, 76

## **F**

---

Fanmi  
deklarasyon sou, Harold B. Lee,  
210  
deklarasyon sou, pa  
David O. McKay, 207  
enpòtans, 207, 209  
etènèl, 207–11  
ki gen siksè, 210–11  
pran swen, 157  
relasyon, 209–10  
responsablite, 213–17  
Fanmi: Yon pwoklamasyon pou  
mond lan, 10, 207, 210, 211,  
213, 214, 215, 217, 226  
Fwi, 170

**G**

Gerizon, don, 129  
 Glwa, wayòm, 271–72  
 Glwa telès, 272  
 Glwa telès, 272  
 Gran Konsèy, 11  
 Gran prèt, ofis ak devwa, 77  
 Gren, 170

**I**

Istwa familyal, 233–39  
 Izrayèl  
     deklarasyon Joseph Fielding  
         Smith sou rasanbleman, 248  
     deklarasyon Russell M. Nelson  
         sou rasanbleman, 249  
     dispèsyon kay, 245, 247  
     non Jakòb chanje an, 245  
     rasanbleman kay, 245–50  
 Izrayelit, 245

**J**

Jaden Edenn, 28  
 Jakòb  
     Alyans Bondye avèk, 245  
     non chanje an Izrayèl, 245  
 Jèn, 145–48  
     benediksyon pou, 147–48  
     kòrèk, 145–46  
 Jezikri  
     ansèyman, 54–55  
     egzanp charite, 176–77  
     egzanp sèvis, 165–66  
     etabli Sentsèn, 133, 135  
     fè benediksyon disponib pou  
         nou atravè Ekspyasyon an, 57  
     Kreyatè, 23–24  
     lanmou, 54–55  
     lavi, 51–58

lavi pafè, 53–54  
 Legliz òganize, 55  
 nesans ak misyon l te predi,  
     51–52  
 obeyi Papa a, 204  
 preòdone nan premòtalite, 9  
 redanmsyon pa, 55–57  
 sakrifis, 57, 149, 151  
 Sèl Pitit Literal Papa a, 52–53  
 Sovè ak dirijan nan lavi sou tè a,  
     15  
 Vizyon Orson F. Whitney sou  
     soufrans, 56  
 vle nou sèvi lòt moun, 163  
*Gade tou* Dezyèm Vini Jezikri;  
     Ekspyasyon; Lafwa nan  
     Jezikri  
 Jijman  
     Final, 269–74  
     pa Jezikri, 271  
     pawòl, zèv, ak panse ap  
         itilize nan, 269–70  
     prepare pou, 273  
     rejis yo pral itilize nan, 270–71  
 Jijman Bondye, 269  
 Jou jèn, 146–47  
 Jou Senyè a, 140–41  
     *Gade tou* Saba

**K**

Kafe, 169  
 Kòmandman, respekte, pati  
     repantans, 111–12  
 Konesans, don, 128  
 Konfesyon, pati repantans, 110–11  
 Konfimasyon. *Gade* Don  
     Sentespri a  
 Konnen ke Jezikri se Pitit Gason  
     Bondye, don pou, 128–29

Konsèy nan Syèl la, 11

Kreyasyon

montre amou Bondye, 24–25

pa Jezikri, 23–24

reyalize, 23–24

Kris. *Gade* Jezikri

Kwè temwayaj lòt, don, 129

---

## L

Lafwa nan Jezikri, 101–6

benediksyon ki suiv, 105–6

definisyon, 101, 103

deklarasyon sou bezwen

pou n travay avèk, pa

Spencer W. Kimball, 105

deklarasyon sou efè, soti nan

*Lectures on Faith*, 105–6

kijan nou ka grandi, 103–5

poukisa nou bezwen, 103

yon don esprityèl, 101, 130

Lagè nan syèl la, 15–16

Lajwa, plenitud, 11

Lang, don, 125, 27

Legliz Jezikri a

apostazi, 91–92

jodi a, 95–100

karakteristik ki idantifye, 87–91

nan ansyen tan yo, 87–93

nan Kontinan Amerik la, 91

òganizasyon, 89–90, 97–98

òganize atravè Joseph Smith,

97–98

otorite nan, 89, 97

retabli, pap janm detwi, 99–100

retabli, predi, 92–93, 95–96

revelasyon nan, 87, 89

vin manm, pa batèm, 115

Lespri, don. *Gade* Don esprityèl

Lespri, fòm kò, 242

Libabit

egzèsè, san souvni lavi premòtèl,

11

mande chwa, 19–20

nesesè nan plan Sali a, 17, 19

Satan te chèche retire, 17

yon prensip etènèl, 17

Libète pou chwazi. *Gade* Libabit

Lisifè. *Gade* Satan

Liv Mòmmon, 46–47

Lòm

deklarasyon pa Joseph F. Smith

sou parante divin, 9

kreye dapre imaj Bondye, 6

pitit Bondye, 9

pou gen dominasyon sou

kreyasyon Bondye yo, 5

---

## M

Manman

deklarasyon sou, pa

Boyd K. Packer, 215

responsablite, 215–16

Manti, 181

Maryaj

deklarasyon sou, pa

Spencer W. Kimball, 222

etènèl, 219–23

Milenyòm, 263–67

deklarasyon sou, pa

Brigham Young, 259

deklarasyon sou, pa

John Taylor, 266

Mirak, don pou travay, 129–30

Mò, òdonans pou, yon

karakteristik vrè Legliz la, 90–91

Mond lespri, 241–44  
 ansèyman Brigham Young  
 konsènan, 241–42  
 deklarasyon sou, pa  
 Ezra Taft Benson, 241

## N

Nesans, tan ak plas nesans nou,  
 chwazi pa Papa nou ki nan  
 Syèl la, 10  
 Nouvèl alyans etènèl, 85

## O Ò

Obeisans, 201–6  
 batèm montre, 116  
 deklarasyon sou, pa  
 Joseph Smith, 203  
 Òdonans  
 retabli, 98–99  
 yon karakteristik vrè Legliz la,  
 90–91  
 Ofrann, 185–88  
 deklarasyon sou, pa  
 Gordon B. Hinckley, 188  
 deklarasyon sou, pa  
 Heber J. Grant, 188  
 deklarasyon sou, pa  
 Stephen L Richards, 186  
 Ofrann jèn, 147, 187  
 Onètete, 179–83  
 deklarasyon sou, pa  
 Brigham Young, 179  
 deklarasyon sou, pa  
 Joseph F. Smith, 182  
 deklarasyon sou, pa  
 Mark E. Petersen, 179  
 Otorite  
 retabli, 97  
 yon karakteristik vrè Legliz la, 89

## P p

Padon  
 deklarasyon sou, pa  
 Spencer W. Kimball, 231  
 lajwa gras ak, 112  
 pou kraze lwa chastete, 231  
 Padone lòt moun, pati repantans,  
 111  
 Panse, nou pral jije pa, 269–70  
 Papa, responsablite, 214–15  
 Papa nou ki nan syèl la  
 deklarasyon sou relasyon nou  
 avèk, pa Joseph F. Smith, 9  
 deklarasyon sou wòl nou an-  
 tanke Papa, pa Joseph Smith,  
 5–6  
 dezi, pou nou devlope kalite li  
 genyen yo, 10–12  
 Gouvènè tout bagay, 5  
 karakteristik, 6  
 kò, 6  
 konnen, 6–7  
 Kreyatè tout bagay, 5  
 moun fèt nan imaj, 6  
 patènite, 9  
 potansyèl nou pou vin  
 menmjan avèk, 9  
 reyalite, 5–6  
 travay ak glwa, 6  
 Papa nou ki nan Syèl la. *Gade*  
 Papa nou ki nan Syèl la  
 Paradi  
 deklarasyon sou, pa  
 Jediaiah M. Grant, 243  
 deklarasyon sou, pa  
 Wilford Woodruff, 243  
 nan mond lespri, 243  
 Paran, responsablite, 157, 213–16  
 parès, 158–59

Patriyach, ofis ak responsablite, 77  
Pawas, 98  
Pawòl, nou pral jije pa, 269–70  
Pawòl Sajès, 167–72  
    deklarasyon sou, pa  
    Heber J. Grant, 171  
Peche  
    definisyon, 107  
    nou tout koupab, 107  
Pèl Gran Pri, 48  
pèp alyans, 81–86  
Pèsevere jiska lafen, benediksyon  
    nou resevwa pou, 279–80  
Pèsonalite, devlope nan lavi  
    premòtèl, 9–10  
Plan sali, 10–12, 23  
Premye prensip ak òdonans, 90  
    retounen nan plenitid yo  
    palentèmedyè Retablisman  
    an, 98–99  
Premye Prezidans, 97–98  
Preòdinasyon, 9–10  
    deklarasyon sou, pa  
    Joseph Smith, 10  
Prèt, ofis ak devwa, 76  
Prèttriz, 67–71  
    benediksyon pou byen itilize, 71  
    bezwen, 67, 69  
    definisyon, 67  
    deklarasyon sou, pa  
    Joseph F. Smith, 74–75  
    divizyon, 73–74  
    kijan gason yo resevwa, 69–70  
    kijan pou byen itilize, 70  
    kle, 74–75  
    òganizasyon, 73–80

*Gade tou* Prèttriz Aawon;  
    Prèttriz Mèlkisedèk  
Prèttriz Aawon  
    kowòm, 78  
    ofis ak devwa, 75–76  
*Gade tou* Prèttriz;  
    Prèttriz Mèlkisedèk  
Prèttriz Mèlkisedèk  
    kowòm, 78–79  
    ofis ak responsablite, 76–77  
*Gade tou* Prèttriz; Prèttriz Aawon  
Prezidan Legliz la, 39  
    benediksyon pou obeisans  
    nan, 43  
    deklarasyon sou, pa  
    Wilford Woodruff, 41–42  
    dirije Legliz, 98  
    pwofèt vivan jodi a, 41–42  
    soutni, 42  
    *Gade tou* Pwofèt  
Priyè, 35–38  
    kijan pou priye, 37  
    kijan priyè reponn, 37–38  
    kilè pou priye, 36–37  
    poukisa nou priye, 35–36  
prizon lespri, 244  
Pwofesi, don, 129  
Pwofèt, 39–43  
    Bondye rele atravè tout epòk, 41  
    pawòl pwofèt yo, se ekriti, 48  
    preòdone, 9–10  
    reprizantan Bondye sou tè a, 39  
Pwogrè, lavi terès nesèsè pou,  
    10–11  
Pwokreyasyon, pouvwa, 226  
Pye, 98

**R**

- Regrè pou peche, pati repantans, 110
- Rejis, nou pral jije dapre, 270–71
- Rekonèt peche, pati repantans, 110
- Rekreyasyon, 159
- Remisyon peche, batèm pou, 115
- Repantans  
 benediksyon k soti nan, 112  
 bezwen, 107  
 definisyon, 109  
 deklarasyon sou, pa Spencer W. Kimball, 109, 111–12, 231  
 kounyeya se lè pou, 113  
 prensip, 109–12
- Repo, 159, 170
- Restitasyon, pati repantans, 111
- Retablisman Legliz  
 atravè Joseph Smith, 96–99  
 predi, 92–93, 95–96
- Revelasyon, yon karakteristik vrè Legliz la, 87, 89

**S**

- Saba, 139–43  
 benediksyon pou obsève, 142  
 definisyon, 139  
 Dimanch, 140  
 istwa, 140–41  
 objektif, 139–40  
 sanktifye, 141–42
- Sajès, don, 127–28
- Sakrifis, 149–54
- Sante, lwa sante Senyè a. *Gade* Pawòl Sajès

Satan

- chase soti nan syèl la, 15–16  
 chèche pran libète pou chwazi, 13, 15  
 goumen avèk Jezi nan syèl la, 15  
 imite don Lespri yo, 131  
 libere brèfman nan fen Milenyòm nan, 267  
 lye pandan Milenyòm, 265–66  
 opoze ak byen, 19–20  
 tante Èv, 28  
 tante nou, 16  
 vle nou pou kraze lwa chastete, 228–30
- Sèlman, pouvwa, retabli pa Eli, 254
- Sentespri, 31–33  
 batèm nesese pou resevwa don, 116  
 deklarasyon sou, pa Joseph Fielding Smith, 33  
 karakteristik, 32  
 misyon, 32–33  
 vin jwenn Adan ak Èv, 31–32  
*Gade tou* Don Sentespri a
- Sentsèn, 133–37  
 administrasyon, 135–36  
 alyans renouvle atravè, 136  
 atitud lè n ap pran, 137  
 Kris te etabli, 133, 135
- Sèvis, 161–66, 187  
 deklarasyon sou, pa Spencer W. Kimball, 163
- Siy tan yo. *Gade* Dezyèm Vini Jezikri
- Smith, Joseph  
 Legliz retabli atravè, 96–99  
 verite retabli atravè, 98–99
- Sovè. *Gade* Jezikri
- Swasanndis, ofis ak responsablite, 77

**T**

- Tabak, 169
- Talan
- deklarasyon sou devlope, pa Heber J. Grant, 199
  - deklarasyon sou devlope, pa Marvin J. Ashton, 198
  - deklarasyon sou responsablite pou, pa Joseph F. Smith, 199
  - devlope, 197–99
  - devlope nan lavi premòtèl, 9–10
- Tanp
- maryaj etènèl akonpli nan, 220–21
  - travay akonpli nan, 233–39
  - travay akonpli nan, pandan Milenyòm nan, 259, 265
- Tantasyon, simonte, deklarasyon sou, pa Gordon B. Hinckley, 229
- Te, 169
- Temwayaj, deklarasyon sou, pa David O. McKay, 128–29
- Tenèb deyò, 273
- Tès, lavi terès se yon, 10–11
- Timoun
- Adan ak Èv te kòmande pou gen, 28
  - responsablite, 216
- Tradiksyon, don, 127
- Travay, 155–60, 170
- deklarasyon sou, pa David O. McKay, 160
  - deklarasyon sou, pa Heber J. Grant, 157
- Travay misyonè, 189–95
- deklarasyon sou, pa Ezra Taft Benson, 192

**V**

- Vejetab, 170
- Verite Levanjil retabli, 98–99
- Vòlè, 181
- Vwal kouvri memwa kay selès, 11
- Vyann, 170

**W**

- Wayòm selès
- batèm nesèsè pou antre, 116
  - egzaltasyon nan, 272, 275–80

**Z**

- Zansèt, ede, 235–38
- Zèb, 170
- Zèv, nou pral jija dapre, 269–70
-

LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÈNYE JOU YG

